

# MATYE

## 1 Jeneyaloji Yéhoshoua Mashiah (Jezikri) : prezantasyon Wa a

Liv Jeneyaloji Yéhoshoua Mashiah (Jezikri), ptit gason David, ptit Abraram.<sup>2</sup> Abraram te fè Yitzhak (Izarak), epi Yitzhak (Izarak) te fè Yaacov (Jakòb), epi Yaacov (Jakòb) te fè Yéhouda (Jida) ak frè l' yo,<sup>3</sup> epi Yéhouda (Jida) te fè Pérets ak Zérach, avèk Tama, epi Pérets te fè Hetsron, e Hetsron te fè Aram,<sup>4</sup> epi Aram te fè Amminadab,<sup>5</sup> epi Amminadab te fè Nahshôn, epi Nahshôn te fè Salmon,<sup>6</sup> epi Salmon te fè Boaz avèk Rahab (Raab), epi Boaz te fè Obèd avèk Routh (Rit), epi Obèd te fè Isaï,<sup>7</sup> epi Isaï

te fè wa David. Wa David te fè Shelomoh (Salomon) avèk madan Ouriyah.<sup>7</sup> Epi Shelomoh (Salomon) te fè Rehabam epi Rehabam te fè Abiya, epi Abiya te fè Asa,<sup>8</sup> epi Asa te fè Yehoshaphat (Jozafa), epi Yehoshaphat (Jozafa) te fè Yehoram (Joram), epi Yehoram (Joram) te fè Ouzyah (Ozyas),<sup>9</sup> epi Ouzyah (Ozyas) te fè Yotham (Joatam), epi Yotham (Joatam) te fè Akaz, epi Akaz te fè Hizkiyah (Ezekyas),<sup>10</sup> epi Hizkiyah (Ezekyas) te fè Manase, epi Manase te fè Amon, epi Amon te fè Yoshiyah (Jozyas),<sup>11</sup> epi Yoshiyah (Jozyas) te fè Jekonyah ak frè l' yo, nan tan depòtasyon nan Babilòn.<sup>12</sup>

## Matye

Aprè depòtasyon nan Babilòn, Jekonyah te fè Schealthiel, epi Schealthiel te fè Zorobabel,<sup>13</sup> epi Zorobabel te fè Abioud, epi Abioud te fè Élyakim, epi Élyakim te fè Azor,<sup>14</sup> epi Azor te fè Sadok, epi Sadok te fè Achim, epi Achim te fè Élioud,<sup>15</sup> epi Élioud te fè Èl'azar (Eleaza), epi Èl'azar (Eleaza) te fè Mattan, epi Mattan te fè Yaacov (Jakòb),<sup>16</sup> epi Yaacov (Jakòb) te fè Yossef (Jozèf), ki te marye ak Myriam, ki te fè Yéhoshoua ke yo rele Mashiah a.<sup>17</sup> Konsa, tout jenerasyon yo depi Abraram jouk sou David te antou, 14 jenerasyon e depi David jouk depòtasyon an nan Babilòn, 14 jenerasyon,

epi depi depòtasyon nan Babilòn jouk sou Mashiah a, 14 jenerasyon.

## Nesans mirakile

### Yéhoshoua Mashiah (Jezikri)

<sup>18</sup> Men ki jan nesann Yéhoshoua Mashiah (Jezikri) te rive. Myriam, manman l' te fiyanse avèk Yossef (Jozèf), te vin twouve l' ansent pa Sentespri a anvan yo te abite ansanm.<sup>19</sup> Men Yossef (Jozèf), mari l' la, ki te yon nonm jis e ki pa t' vle ekspoze l' nan yon wont piblik, te deside kase avèk li an sekrè.<sup>20</sup> Men pendan li t'ap panse sa, men zanj Senyè a te parèt devan l' nan yon sonje e li di l' : « Yossef (Jozèf), pitit

## Matye

David, pa pè pran avèk ou Myriam, madanm ou, paske sa ki te fèt nan li a sòti nan Sentespri a.<sup>21</sup> L'ap fè yon pitit gason, w'ap rele l' Yéhoshoua, paske se li menm k'ap sove pèp li a anba peche l' yo. »<sup>22</sup> Men tout sa rive konsa sa te akonpli sa Senyè a te anonse pa pwofèt la, lè l' te di :<sup>23</sup> « Men, vyèj la pral ansent, l'ap fè yon pitit gason, e y'ap rele Non l' Emannwèl », ki vle di, Bondye avèk nou.<sup>24</sup> Lè Jozef leve nan somèy li, li fè sa zanj Senyè a te bay li lòd fè, e li pran madanm li.<sup>25</sup> Men li pa te konnen l' jouk lè li te akouche premye pitit gason li a, e li te rele li Yéhoshoua.

## 2 Maj yo adore

### Yéhoshoua

Yéhoshoua te fèt nan Bètleyèm nan Jide, sou tan wa Ewòd, kèk maj ki sòti kote oryan te rive Yeroushalaim (Jerizalèm),<sup>2</sup> yo t'ap di : « Kote wa Jwif yo ki fenk fet la ? Paske nou te wè zetwal li a depi kote oryan, epi nou vini adore l'. »<sup>3</sup> Men lè wa Ewòd te tandé sa, li te twouble, epi tout Yeroushalaim (Jerizalèm) avèk li.<sup>4</sup> Li te rasable tout chèf prêt yo ak skrib pèp la, li mande yo, ki kote Mashiah a te dwe fèt.<sup>5</sup> Epi yo di l' : « Se nan Bètleyèm nan Jide, paske men sa ki te ekri pa pwofèt la :<sup>6</sup> « E ou menm, tè Bètleyèm, tè

## Matye

Yéhouda (Jida), se pa ou ki pi piti nan mitan tout gouvènè nan Yéhouda (Jida), paske nan ou ap sòti chèf la ki pral kondwi pèp Izrayèl la. »<sup>7</sup> Lè sa a, Ewòd te rele maj yo an sekrè, li te infòme avèk atansyon bò kote yo sou depi kilè zetwal la te parèt.<sup>8</sup> Apre sa, li te voye yo Bètleyèm, li di yo : « Ale epi pran enfòmasyon presi sou timoun lan. Lè n'ap jwenn li, fè m' konnen sa, pou m' ale mwen menm tou pou adore l'. »<sup>9</sup> Apre yo te fin tandé wa a , yo pati. Men, zetwal yo te wè nan kote oryan, te ale devan yo jouk li vin rete sou anlè kote timoun lan te ye a.<sup>10</sup> Lè yo te wè zetwal la, yo te sezi ak gwo lajwa.<sup>11</sup> Lè yo

te antre nan kay la, yo te wè timoun lan avèk Myriam manman l', yo te pwostène, yo adore l'. Lè yo louvri trezò yo, yo te prezante l' kado : lò, lanson ak lami.<sup>12</sup> Yo te divinman avèti nan yon sonje pou yo pa retounen bò kote Ewòd, yo te wete kò yo nan peyi yo pa yon lòt chemen.

## Fuit nan peyi Lejip

<sup>13</sup> Men lè yo fin ale, konsa yon zanj Senyè a te parèt nan yon sonj devan Yossef (Jozèf) e li di l' : « Reveye, pran timoun lan ak manman l', sove ale nan peyi Lejip, epi rete la jouk lè m'ap di ou paske Ewòd ap chache timoun lan pou fè l' mouri ».<sup>14</sup> Li te reveye, li pran nan lannwit lan,

## Matye

timoun lan ak manman l', e li pati ale nan peyi Lejip.<sup>15</sup> Epi li rete jouk lanmò Ewòd, konsa sa te akonpli sa Senyè a te anonse pa pwofèt la, lè li te di : « Mwen rele ptit gason mwen an deyò peyi Lejip. »

### Timoun Betleyèm masakre

<sup>16</sup> Lè Ewòd wè maj yo te pase l' nan jwèt, li fè yon gwo kòlè, e li te voyè touye tout timoun yo ki te nan Betleyèm, epi nan tout teritwa li a, depi sa ki te gen laj dezan epi pi piti, dapre dat li te konnen pa maj yo.

<sup>17</sup> Se konsa, sa te akonpli sa ki te anonse pa Yirmeyah (Jeremi) pwotèt la, lè li te di :<sup>18</sup> « Yo te tandé yon vwa nan Rama, lamantasyon,

plent, ak gwo jemisman : Rachèl ap kriye ptit li yo e li pa vle yo konsole l', paske yo pa la ankò. »

### Yossef (Jozèf), Myriam ak Yéhoshoua Mashiah (Yéhoshouakri), retounen nan peyi Izrayèl

<sup>19</sup> Apre lanmò Ewòd, men, yon zanj Senyè a parèt nan yon sonje devan Yossef (Jozèf), nan Lejip,<sup>20</sup> li di l' : « Leve, pran timoun lan ak manman l', epi ale nan peyi Izrayèl, paske sa yo ki t'ap chache wete lavi timoun lan mouri. »<sup>21</sup> Lè li reveye, li pran timoun lan ak manman l' e li te ale nan peyi Izrayèl.  
<sup>22</sup> Men, lè li vin aprann ke Akelais te nan rèy nan peyi Jide nan plas Ewòd,

## Matye

papa l', li te pè ale. Li te divinman avèti nan yon sonje, li wete kò l' nan teritwa Galile,<sup>23</sup> e li vini rete nan lavil yo rele Nazarèt, se konsa sa te akonpli sa ki te di pa pwofèt yo : « Y'ap rele l'Nazareyen an.

### 3 Yohanan (Jan) Batis moun Bondye te voye a

Nan jou sa yo Yohanan (Jan) Batis rive, li t'ap preche nan dezè Jide,<sup>2</sup> li t'ap di : « Repanti, paske Wayòm syèl la apwoche. »<sup>3</sup> Paske se li menm Yesha'yah (Ezayi) pwofèt la t'ap pale lè l' te di : « Se isit la vwa moun k'ap krye nan dezè a : « Prepare chemen Senyè a, plani

santye l'. »<sup>4</sup> Yohanan (Jan) te gen yon rad ak pwal chamo sou li, ak yon sentiwon an kwi mare nan ren l'. Li t'ap manje krikèt ak myèl sovaj.<sup>5</sup> Lè sa a, Yeroushalaim (Jerizalèm) ak tout Jide, epi tout rejon Yarden (Jouden) an te vin jwenn li.<sup>6</sup> Yo t'ap konfese peche yo, yo te fè l' batize yo nan Yarden (Jouden) an.

<sup>7</sup> Men, lè l' te wè vini nan batèm li an anpil farizyen ak sadiseyen, li di yo : « Pitit vipè, ki moun ki apwann nou chape anba kòlè k'ap vin an ?<sup>8</sup> Se pou nou pwodwi fwi konvnab pou repantans<sup>9</sup> epi pa panse di nan nou mem : « Nou genyen Abraram pou papa ! » Paske, m'ap di

## Matye

nou Bondye kapab reveye nan wòch sa yo pitit pou Abraram.<sup>10</sup> Epi déjà rach la nan rasin pyebwa yo : tout pyebwa ki pa pwodwi bél fwi ap koupe jete nan dife.

<sup>11</sup> Mwen menm, vrèman vre m' batize nou nan dlo pou nou ka jwenn repantans, men moun k'ap vin apre mwen an pi pisans pase m', m' pa merite mete sapat li. Se li menm k'ap batize nou nan Sentespri a ak nan dife.

<sup>12</sup> Laye l' nan men l' e l'ap netwaye glasi li a, epi l'ap ranmase gress ble l' nan galata, men l'ap boule pay la nan yon dife ki pap janm etenn. »

**Yohanan (Jan) Batis  
Yéhoshoua Mashiah  
(Yéhoshouakri)**

<sup>13</sup> Lè sa a, Yéhoshoua rive nan Galile nan Yarden (Jouden) an kote Yohanan (Jan), pou li te batize l'.<sup>14</sup> Men Yohanan (Jan) te anpeche l' li te di l': « Se mwen menm ki bezwen ou batize m', epi ou vini jwenn ! »<sup>15</sup> Epi Yéhoshoua te reponn li di : « Lese sa fèt kounye a, paske se konsa li konvnb pou nou akonpli tout jistis. » Lè sa a li lese l' fè sa.<sup>16</sup> Depi Yéhoshoua te fin batize, li sòti dirèkteman nan dlo a. Konsa, syèl la louvri, e li wè Lespri Bondye a desann tankou yon kolonb epi li vini sou li.<sup>17</sup> Konsa, yon vwa sòti nan syèl la di : « Sa se pitit gason byenneme m', nan ki mwen pran plezi. »

## Matye

### 4 Tantasyon Yéhoshoua Mashiah (Jezikri)

Lè sa a Yéhoshoua te kondwi pa Lespri a nan dezè a pou l' te ka tante pa dyab la.<sup>2</sup> Apre li te fin fè jèn karant jou ak karant nwit, finalman li te vin grangou.<sup>3</sup> Epi tantatè a, te apwoche, li di : « Si ou se Ptit Bondye, bay lòd pou wòch sa yo tounen pen. »<sup>4</sup> Men li reponn, li di : « Li ekri : « Moun pap viv ak pen sèlman, men avèk tout pawòl ki sòti nan bouch Bondye. »<sup>5</sup> Lè sa a, dyab la transpòte l' nan lavil ki sen an, e li mete l' anlè tanp lan,<sup>6</sup> e li di l' : « Si ou se Ptit Bondye, lage kò ou anba ! Paske li ekri ke l'ap bay pou ou zanj li yo lòd, epi

sou men yo y'ap pote ou, pou pè pou ou pa frape ak pye ou yon wòch. »<sup>7</sup> Yéhoshoua di li : « Li ekri tou : « Ou pap tante Senyè a, Bondye ou. »<sup>8</sup> Dyab la transpòte ankò sou yon mòn byen wo epi li montre l' tout Wayòm mond lan ak laglwa yo.<sup>9</sup> Epi li di l' : « M'ap ba ou tout bagay sa yo, si ou pwostène ou epi ou adore m'. »<sup>10</sup> Men Yéhoshoua di l' : « Retire ou Satan ! Paske, li ekri : « W'ap adore Senyè a Bondye ou, epi w'ap rann kilt ou pou li menm sèl. »<sup>11</sup> Lè sa a dyab la lese l'. Epi, zanj yo te apwoche e yo sèvi l'.

### Yéhoshoua etabli Kapènawòm

<sup>12</sup> Men Yéhoshoua te

## Matye

aprann ke Yohanan (Jan) te apwoche. »

mete nan prizon, li te wete kò l' li ale nan Galile.<sup>13</sup> Lè li te kite Nazarèt, li te ale rete nan Kapènawòm, lavil ki toupre lanmè an, sou fwontyè tè Zabilon ak Neftali,<sup>14</sup> konsa sa te akonpli sa ki te anonse pa Yesha'yah (Ezayi) pwofèt la, lè li te di :<sup>15</sup> « Peyi Zabilon ak peyi Neftali, bò lanmè a, bò Yarden (Jouden) an, epi Galile nasyon yo,<sup>16</sup> pèp sa a ki te chita nan tenèb yo, te wè yon gwo limyè, epi sa yo ki te chita nan rejyon an epi nan lonbraj lanmò, limyè a li menm te leve. »<sup>17</sup> Depi lè sa a, Yéhoshoua te kòmanse ap preche e li di : « Repanti paske Wayòm syèl la

## Apèl Pyè, Andreas (Andre), Yaacov (Jak) ak Yohanan (Jan)

<sup>18</sup> kòm Yéhoshoua t'ap mache bò lanmè Galile a, li te wè de frè, Shim'ôn (Simon), yo rele Pyè a, ak Andreas (Andre), frè li, yo t'ap jete yon filè nan lanmè a, paske yo te pechè.<sup>19</sup> Epi li di yo : « Vini apre m' epi m'ap fè nou tounen pechè moun. »<sup>20</sup> Lamenm, yo kite filè yo, yo swiv li.<sup>21</sup> Lè li ale pi devan, li te wè de lòt frè, Yaacov (Jak), ptit Zabdi (Zebede) ak Yohanan (Jan), frè li, nan yon bato ak Zabdi (Zebede) papa yo, ki t'ap repare filè yo, epi li rele yo.<sup>22</sup> Lamenm, yo kite bato yo ak papa yo, yo swiv li.<sup>23</sup>

## Matye

Yéhoshoua te ale toupatou nan peyi Galile a, li t'ap anseye nan sinagòg yo a, li t'ap preche Levanjil Wayòm lan, li t'ap geri tout kalite maladi ak tout kalite enfimite nan mitan pèp la.<sup>24</sup> Non l' t'ap nonmen toupatou nan Siri. Epi yo te mennen ba li tout malad yo, oprese avèk maladi epi tout kalite touman, demoniak yo, moun ki pa stab nan tanperaman yo, paralize yo epi li te geri yo.<sup>25</sup> Epi gwo foul t'ap swiv li, depi Galile, dis Vil yo, Yeroushalaim (Jerizalèm), Jide ak lòt bò Yarden (Jouden) an.

## 5 Ansèyman Yéhoshoua sou mòn lan

Lè li wè foul yo, lo monte sou yon mòn lan. Lè li chita, disip li yo pwoche bò kote l'.<sup>2</sup> Apre sa, li louvri bouch li epi li t'ap anseye yo, li t'ap di :<sup>3</sup> « Benediksyon pou pòv yo nan lespri, paske Wayòm syèl la se pou yo !<sup>4</sup> Benediksyon pou moun k'ap kriye yo, paske y'ap konsole !<sup>5</sup> Benediksyon pou moun yo ki dous, paske y'ap eritye hè a !<sup>6</sup> Benediksyon pou moun yo ki grangou ak swaf jistis, paske y'ap rasazyé !<sup>7</sup> Benediksyon pou moun yo ki gen mizèrikòd, paske y'ap jwenn mizèrikòd !<sup>8</sup> Benediksyon pou moun yo ki gen kè pure, paske y'ap wè Bondye.<sup>9</sup> Benediksyon

## Matye

pou moun yo k'ap retabli lapè, paske y'ap rele yo pitit Bondye !<sup>10</sup> Benediksyon pou moun yo ki pèsekite pou lajistis, paske Wayòm syèl la se pou yo !<sup>11</sup> Benediksyon pou nou lè yo va joure nou, e lè y'ap pèsekite nou, e lè y'ap di tout kalite bagay ki fo sou nou poutèt mwen.<sup>12</sup> Rejwi, fè kè nou kontan, paske rekompans nou ap gran nan syèl la. Paske se konsa yo te pèsekite pwofèt yo ki te la anvan nou. »

## Sèl latè a ak limyè mond lan

<sup>13</sup> « Nou se sèl latè a. Men si sèl la pèdi fòs li ak gou l', avèk kisa l'ap sale ? Paske li pa gen fòs li ankò, men l' dwè jete deyò, epi pile anba

pye moun yo.<sup>14</sup> Nou se limyè mond lan. Yon lavil ki sou yon mòn pa ka kache.<sup>15</sup> Nou pa limen yon lanp pou mete l' anba yon mamit, men sou yon chandelye e li klere pou tout moun ki nan kay la.<sup>16</sup> Se pou limyè nou klere konsa devan moun yo, pou yo ka wè bon zèv nou yo epi pou yo glorifye Papa nou ki nan syèl la. »

## Mashiah a ak lalwa a

<sup>17</sup> « Pa kwè m' vini detwi lalwa oubyen pwofèt yo. M' pa vini pou m' detwi, men pou akonpli.<sup>18</sup> Amen, m'ap di nou tout bon, tout tan syèl la ak tè a pa pase, li pap disparèt nan lalwa a yon sèl detay, oswa yon sèl ti bout lèt, jouk tout bagay

## Matye

rive.<sup>19</sup> Moun ki va ranvèse yon nan pi piti kòmandman sa yo epi ki va anseye lòt yo konsa, l'ap rele pi piti nan Wayòm syèl la; men moun ki ap obsève yo e ki ap anseye lòt yo pou yo obsève l', moun sa a ap rele gran nan Wayòm syèl la.<sup>20</sup> Paske, m'ap di nou ke si jistis nou pa siperyè pase pa skrib yo ak farizyen yo, nou pap antre nan Wayòm syèl la. »

## Touye moun ak kòlè san lakòz

<sup>21</sup> « Nou te tandem yo di ansyen yo : « Ou pa dwe touye. Moun k'ap touye ap gen jijman. »<sup>22</sup> Men mwen, m'ap di nou nenpòt moun ki fè kòlè san kòz kont frè l', ap gen jijman. Moun ki

ap di frè l' : Raca<sup>1</sup> ! Ap gen jijman Sanedren an. E sa ki ap di l' : « Ensanse ! » ap gen jijman jeyèn dife a.<sup>23</sup> Si lè w'ap mete ofrann ou nan lotèl la, epi la ou chonje ke frè ou te gen kichòy kont ou,<sup>24</sup> kite ofrann ou an la devan lotèl la, epi ale rekonsilye avan ak frè ou, epi vini prezante ofrann ou an.<sup>25</sup> Mete ou dakò rapidman avèk pati advèse ou a pandan ou nan chemen avè l', pou pè pou pati advèse ou a pa livre ou nan men jij la, pou jij la pa livre ou nan men ofisyé jistis la,

---

<sup>1</sup> Raca : Espresyon mepri ki te itilize nan mitan jwif yo nan tan Yéhoshoua, li vle di : vid, vil oswa voryen.

## Matye

epi pou ou pa mete nan prizon.<sup>26</sup> Amen, m'ap di ou, ou pap sòti la jiskaske ou peye dènye ka lajan an. »

### Adiltè, konvwatiz ak divòs

<sup>27</sup> « Nou te tandé yo di ansyen yo: « Ou pa dwe komèt adiltè. <sup>28</sup> Mwen menm, m' di nou nenpòt moun ki gade yon fanm pou konvwate l'deja komèt nan kè l' yon adiltè avè l'. <sup>29</sup> Men si je dwat ou se yon okazyon pou ou chite, rache l' epi jete l' byen lwen ou, paske se yon avantaj pou ou ke yon sèl nan manm ou yo peri, epi tout kò ou nèt pa jete nan jeyèn nan. <sup>30</sup> Si men dwat ou se yon okazyon pou ou chite, koupe l' epi jete l' byen lwen ou, paske se yon

avantaj pou ou ke yon sèl nan manm ou yo peri, epi tout kò ou nèt pa jete nan jeyèn nan. <sup>31</sup> Men yo te di ankò : « Si yon nonm rejte madanm li, se pou li bay li yon let divòs. » <sup>32</sup> Men mwen menm, m'ap di nou ke moun ki rejte madanm li, eksepte pou kòz relasyon seksyèl illicite, l'ap fè l' komèt yon adiltè, epi nonm ki marye ak yon madanm rejte, komèt yon adiltè. »

### Fo temwayaj

<sup>33</sup> « Nou te tandé ke yo te di ansyen yo tou : « Ou pa dwe fè fo temwayaj, men w'ap bay Senyè a sa ou te pwomèt nan sèman. » <sup>34</sup> Men mwen menm, m' di nou pa fè sèman okenn jan, ni sou syèl la, paske se

## Matye

twòn Bondye,<sup>35</sup> ni sou tè a, paske se marchepye pye l'; ni sou Yeroushalaim (Jerizalèm), paske se lavil gran Wa a.<sup>36</sup> Pa fè sèman nonplis sou tèt pa ou, paske ou pa ka rann blan osinon nwa yon sèl gress cheve nan tèt ou.<sup>37</sup> Men se pou pawòl ou : « wi, wi », « non, non » : paske sa ki an plis sòti nan move a. »

## Konpòtman disip la devan sa ki mal

<sup>38</sup> « Nou te tandé yo di: « Je pou je, dan pou dan. »<sup>39</sup> Men mwen m' m'ap di nou pa reziste ak mechan an. Men nenpòt moun ki frape ou ak yon baton sou bò figi dwat ou, prezante li lòt la.<sup>40</sup> Si yon moun vle plede kont ou epi pran chemiz ou, kite

l' manto a ankò.<sup>41</sup> Nenpòt moun ki fòse ou fè yon mil, fè de avè l'.<sup>42</sup> Bay moun ki mande ou, pa detounen sou moun ki vle ou prete l'. »

## Renmen lènmi nou yo

<sup>43</sup> « Nou te tandé yo di : « Ou ap renmen pwochen ou, epi ou ap rayi lènmi ou. »<sup>44</sup> Men mwen m', m' di nou : Renmen lènmi nou yo, beni sa yo ki ap ban nou madichon, fè byen pou moun ki rayi nou yo, lapriyè pou sa yo ki ap akize nou ak fo bagay epi ki ap pèsekite nou,<sup>45</sup> pou nou ka pitit Papa nou ki nan syèl la. Paske li fè solèy li leve sou mechan yo epi sou moun ki bon yo, epi li voye lapli l' sou jis yo ak sou enjis yo.<sup>46</sup> Paske si nou

## Matye

renmen moun ki renmen nou, y'ap resevwa  
nou ase, ki rekompans n'ap genyen? Èske pibliko yo pa fè menm jan an tou ?<sup>47</sup> Si se frè nou ase nou akeyi, ki sa nou fè ki ekstraòdinè ? Èske pibliko yo pa fè menm jan an tou ?<sup>48</sup> Nou ap pafè menm jan Papa nou ki nan syèl la pafè. »

## 6 Yéhoshoua kondane ipokrizi

« Evite pratike jistis nou devan moun yo, pou yo ka wè nou ; otreman, nou pap resevwa rekompans Papa nou ki nan syèl la.<sup>2</sup> Konsa, lè w'ap fè kichòy, pa fè sone twonpèt devan ou, jan ipokrit yo fè nan sinagòg yo ak nan lari yo, pou moun ka glorifye yo. Amen, m'ap di

nou, y'ap resevwa rekompans yo.<sup>3</sup> Men, lè w'ap fè kichòy, ke men gòch ou pa konnen ki sa men dwat ou ap fè,<sup>4</sup> pou kichòy ou a fèt an sekrè, epi Papa ou ki wè nan kote ki sekrè a, ap rekompense ou piblikeman.<sup>5</sup> Lè w'ap lapriyè, pa fè tankou ipokrit yo, paske yo renmen fè lapriyé yo tout kanpe nan mitan sinagòg yo epi nan kwen lari yo, pou moun ka wè yo. Amen m'ap di nou y'ap resevwa rekompans yo.<sup>6</sup> Men ou menm, lè w'ap lapriyè, antre nan chanm ou epi fèmem pòt ou, priye Papa ou ki nan kote ki sekrè a. Epi Papa ou ki wè ou nan kote ki sekrè a ap ba ou rekompans ou piblikeman.<sup>7</sup>

## Matye

Men lè w'ap lapriyè, pa miltiplier anpil pawòl granmèsi jan payen yo fè, paske yo imajine plis yo pale y'ap egzose.<sup>8</sup> Pa sanble ak yo, paske Papa nou konnen sa nou bezwen anvan nou mande l'. »

## Ansèyman Yéhoshoua sou lapriyè

<sup>9</sup> « Men ki jan nou dwe priye : « Papa nou ki nan syèl la! Se pou Non ou sanktifye,<sup>10</sup> Se pou Wayòm ou vini; se pou volonte ou fèt tankou nan syèl la, sou tè a tout.<sup>11</sup> Ban nou jodi a pen kotidyen nou an ki sifi nou,<sup>12</sup> epi remèt nou dèt nou yo, menm jan nou remèt yo bay moun ki dwe nou,<sup>13</sup> pa mennen nou nan tantasyon, men delivre nou

anba sa ki mal. Paske se pou ou, nan tou laj yo, rèy la, pisans lan ak laglwa. Amen ! »<sup>14</sup> Paske si nou padonnen moun yo fòt yo, Papa nou nan syèl la va padonnen nou tou.<sup>15</sup> Men, si nou pa padonnen moun yo fòt yo, Papa nou pap padonnen nou fòt nou yo nonplis. »

## Konpòtman disip la pandan jèn lan

<sup>16</sup> « Lè n'ap fè jèn, pa pran yon lè tris tankou ipokrit yo. Paske y'ap defòme figi yo, pou yo montre moun ke y'ap fè jèn. Amen, m'ap di nou, y'ap jwenn rekonpans yo.<sup>17</sup> Men ou menm, lè w'ap fè jèn, wen tèt ou epi lave figi ou,<sup>18</sup> pou sa pa parèt devan moun ke w'ap

## Matye

fè jèn, men Papa ou ki prezan nan sekrè a, epi Papa ou ki wè nan sekrèt a ap rekonpanse ou piblikeman.

mare avèk yon, e l'ap meprize lòt la. Nou pa ka esklav Bondye ak Mamon.

## Trezò selon Bondye

<sup>19</sup> Pa ramase trezò sou latè, kote vè ak wouy detwi, ak kote vòlè ka pèse ak vòlè, <sup>20</sup> men ramase trezò nan syèl la, kote vè ak wouy pa ka detwi, ak kote vòlè pa ka pèse ak vòlè. <sup>21</sup> Paske kote trezò ou ye, se la kè ou va ye tou. <sup>22</sup> Je a se lanp kò a. Si je ou senp, tout kò ou ap klere. <sup>23</sup> Men, si je ou move, tout kò ou ap kouvri ak tenèb. Si limyè ki nan ou a se tenèb sèl, konbyen tenèb ou yo ap gran ! <sup>24</sup> Pesonn pa ka esklav de senyè, paske oswa l'ap rayi yon, e l'ap renmen lòt la, oubyen l'ap

## Chèche Wayòm lan

<sup>25</sup> Se poutèt sa m'ap di nou : « Pa enkyete pou lavi nou, pou sa n'ap manje ak pou sa n'ap bwè, ni pou kò nou, ak kisa n'ap abiye. Lavi a pa plis pase manje a, epi kò a plis pase rad la ? <sup>26</sup> Gade zwazo yo nan syèl la, paske yo pa simen ni rekòlte, ni ramase nan galata, poutan Papa nou nan syèl la nouri yo. Èske nou pa pi ekselan pase yo ? <sup>27</sup> Epi kilès nan nou ak enkyetid li yo kapab ajoute yon koude sou wotè l' ? <sup>28</sup> Epi poukisa n'ap enkyete sou sijè rad ? Egzamine ak atansyon kijan flè yo rele lis

## Matye

la nan jaden yo grandi.<sup>29</sup> Sepandan m'ap di nou ke menm Salomon, nan tout glwa li, pa te abiye tankou yon nan yo.<sup>30</sup> Si Bondye abiye konsa zèb nan jaden yo, ki egziste jodi a, e ki demen ap jete nan fou, alewè èske se pa pou nou menm li pap fè sa, moun ak tikras fwa ?<sup>31</sup> Pa enkyete epi di : « Kisa nou pral manje ? » Oswa : « Kisa nou pral bwè ? » Oswa : « Ak kisa nou pral abiye ? »<sup>32</sup> Paske, se payen yo k'ap chache seryezman tout bagay sa yo. Men, Papa nou ki nan syèl la konnen ke nou gen bezwen tout bagay sa yo.<sup>33</sup> Men chache premyèman Wayòm Bondye a ak jistis li; epi

tout bagay sa yo y'ap ba ou yo an plis.<sup>34</sup> Pa enkyete pou demen, paske demen ap enkyete pou li menm. Chak jou gen ase mal pa l'.

## 7 Jijman ipokrit

Pa jije pou ou pa jije.<sup>2</sup> Paske y'ap jije ou ak jijman w'ap jije a, y'ap mezire ou ak mezi w'ap mezire a.<sup>3</sup> Poukisa ou wè pay ki nan je frè ou, epi ou pa wè gwo bout bwa ki nan je pa ou la ?<sup>4</sup> Kouman ou ka di frè ou : « Pèmèt mwen wete nan je ou pay sa a », epi men gwo bout bwa nan je ou ?<sup>5</sup> Ipokrit, wete premyèman gwo bout bwa a ki nan je pa ou la ! Lè sa a, wa wè klè pou wete pay ki nan je frè

## Matye

ou la.<sup>6</sup> Piga nou bay sa ki sen pou chen yo epi piga nou jete pèl nou yo devan kochon yo, pou pè yo pa mete yo anba pye yo, epi pou yo pa vire pou vin dechire nou. »

syèl la, ap bay bon bagay pou moun ki mande l' ? »

## Lalwa ak pwofèt yo

<sup>12</sup> « Tout sa nou vle moun fè pou nou, fè menm jan an pou yo, paske se lalwa ak pwofèt yo. »

## Egzòtasyon lapriyè

<sup>7</sup> « Mande, y'a ban nou, chache, n'a jwenn, frape, y'a louvri pou nou. <sup>8</sup> Paske, nenpòt moun ki mande resevwa, moun ki chache jwenn, e yo louvri pou moun ki frape. <sup>9</sup> Kilès nan mitan nou ki si pitit li mande l' pen, l'ap ba li yon wòch ? <sup>10</sup> Oubyen si li mande l' yon pwason, la ba li yon sèpan ? <sup>11</sup> Si move jan nou ye a, nou konn bay don ki bon bay pitit nou yo, alewè pou Papa nou ki nan

## Chemen pèdisyon an ak chemen lavi a

<sup>13</sup> « Antre nan pòt etwat la. Paske se pòt ki laj la ak chemen ki gran ki mennen nan pèdisyon, e gen anpil ki antre la. <sup>14</sup> Men, etwat pòt la ak sere chemen an ki mennen nan lavi a, epi gen tikras ki jwenn li. »

## Fo pwofèt yo, yo rekonèt yo sou fwi yo

<sup>15</sup> « Pran prekosyon nou ak fo pwofèt yo, y'ap vin sou

## Matye

nou ak rad brebi, men  
andedan, yo se lou vòlè.<sup>16</sup>  
N'a rekonèt yo sou fwi yo.  
Èske nou keyi yon rezen  
sou pye pikan, oubyen fig  
sou pye chadwon ?<sup>17</sup>  
Konsa tout bon pyebwa  
pwodui bon fwi, men  
pyebwa ki pouri a bay  
move fwi.<sup>18</sup> Yon bon  
pyebwa pa ka pwodui move  
fwi, ni yon pyebwa pouri pa  
ka pwodui bon fwi.  
<sup>19</sup> Nenpòt pyebwa ki pa bay  
bon fwi koupe epi jete nan  
dife.<sup>20</sup> N'ap rekonèt yo sou  
fwi yo. »

## Fè volonté Papa a

<sup>21</sup> « Sa yo k'ap di m' :  
« Senyè, Senyè ! tout pap  
antre nan Wayòm syèl la,  
men sa ki fè volonté Papa  
m' ki nan syèl la.<sup>22</sup> Anpil

ap di m' jou sa a : « Senyè,  
Senyè, Èske se pa nan Non  
ou nou te pwofetize ? Nan  
Non ou nou te chase demon  
yo ? Nan Non ou nou te te  
fè anpil mirak ? »<sup>23</sup> Lè sa a  
m'ap di yo kareman :  
« Mwen pa te janm konnen  
nou. Wete kò nou sou  
mwen, nou menm k'ap  
komèt inikite ! »

## Parabòl de moun k'ap bati

<sup>24</sup> « Se poutèt sa nenpòt  
moun ki tandé pawòl sa yo  
mwen di a, epi ki mete yo  
an pratik, m'ap konpare l'  
ak yon nonm pridan ki bati  
kay li sou wòch la.<sup>25</sup> Lapli  
tonbe, toran dlo yo vini, van  
yo soufle epi yo presipite  
sou kay sa a : li pa tonbe,  
paske li te fonde sou wòch

## Matye

la. <sup>26</sup> Men, nenpòt moun ki tande pawòl sa yo mwen di a, epi ki pa mete yo an pratik ap sanble ak yon nonm ensanse ki bati kay li sou sab. <sup>27</sup> Lapli tonbe, toran dlo yo vini, van yo soufle kont kay sa a. Li tonbe, epi li kraze anpil. » <sup>28</sup> Li rive lè Yéhoshouafin di diskou sa a, foul yo te choke ak doktrin li a, <sup>29</sup> paske li te anseye ak otorite e non tankou skrib yo.

## 8 Gerizon yon lepre

Lè li desann sou ti mòn lan, yon gwo foul t'ap swiv li. <sup>2</sup> Lè sa a, yon lepre vini, li t'ap adore l', li t'ap di : « Senyè, si ou vle, ou kapab pirifye m'. » <sup>3</sup> Epi Yéhoshoua lonje men l', li

touche l', e li di : « Mwen vle sa, ou pure. » Menm lè a, lepre li a te pirifye. <sup>4</sup> Epi Yéhoshoua di l' : « Atansyon ! Piga ou di pesonn sa, men ale fè prêt yo wè ou epi ofri ofrann Moshè (Moyiz) te preskri a pou sa sèvi yo temwayaj. »

## Gerizon sèvitè yon kaptenn lame

<sup>5</sup> Lè Yéhoshoua te antre nan Kapènawòm, yon kaptenn lame te apwoche bò kote l', li te sipliye l'. <sup>6</sup> li di l': « Senyè, sèvitè m' nan kouche lakay li, li paralize e li toumante ak fòs. » <sup>7</sup> Yéhoshoua di l': « M' prale e m'ap geri l'. » <sup>8</sup> Men kaptenn lame an reponn e li di : « Senyè, m' pa merite pou ou antre lakay mwen ;

## Matye

men annik sèlman di yon pawòl, epi sèvitè m' nan ap geri.<sup>9</sup> Mwen menm ki se yon nonm soumèt anba otorite, mwen gen sòlda sou mwen, m' di yon : « Ale ! » epi li ale epi yon lòt : « Vini ! » epi li vini, epi esklav mwen an : « Fè sa ! » epi li fè l'. »<sup>10</sup> Lè li fin tandé l', Yéhoshoua te etone e li di moun yo ki t'ap swiv li : « Amen m'ap di nou, menm nan pèp Izrayèl la, mwen pa jwenn yon gwo fwa konsa.<sup>11</sup> Mwen di nou anpil moun ap sòti nan oryan ak oksidan, yo ap sou tab nan Wayòm sye la ansanm ak Abraram, Yitzhak (Izarak) ak Yaacov (Jakòb).<sup>12</sup> Epi timoun Wayòm lan ap jete nan

tenèb deyò, kote ki va gen rèl ak manje dan. »<sup>13</sup> Lè sa a Yéhoshoua di kaptenn lame an : « Ale, e se pou sa fèt dapre lafwa ou. » Menm lè a, sèvitè l' te geri.

## Gerizon bèlmè Pyè

<sup>14</sup> Apre sa, Yéhoshoua ale lakay Pyè, li wè bèlmè l' ki te kouche e ki te gen lafyèv.  
<sup>15</sup> Li manyen men l', epi lafyèv la kite l'. Lè sa a li leve e li sèvi l'.<sup>16</sup> Lè aswè rivé, yo mennen anpil moun ki te gen demon sou yo. E li chase lespri yo avek pawòl li e li geri tout moun yo ki te malad,<sup>17</sup> se konsa sa te akonpli sa ki te anonse pa Yesha'yah (Ezayi) pwofèt la, lè li te di : « Li menm li pran feblès nou yo, e li pote maladi nou yo. »

## Matye

### Pri konsekrasyon disip la

<sup>18</sup> Yéhoshoua te wè alantou l' gwo foul la, li te bay lòd pou yo janbe lòt bò rivaj la.  
<sup>19</sup> E, yon skrib te pwoche, li di l' : « Doktè, m'ap swiv ou tout kote ou prale. » <sup>20</sup> E Yéhoshoua di l' : « Rena yo gen twou yo, zwazo nan syèl la gen nich yo, men piti lèzòm nan pa gen kote pou l' poze tèt li. » <sup>21</sup> E yon lòt nan disip li yo di l' : « Senyè, pèmèt mwen al antere papa m' anvan. » <sup>22</sup> E Yéhoshoua di l' : « Swiv mwen epi kite mò yo antere mò yo. »

### Otorite Yéhoshoua sou van yo ak lanmè a

<sup>23</sup> Lè li te monte nan bato a la, disip li yo te swiv li. <sup>24</sup> Atò li te leve sou lanmè a

yon gwo tanpèt ke bato a te kouvri ak dlo. E li menm, li t'ap dòmi. <sup>25</sup> E Disip li yo apwoche, yo reveye l', yo di : « Senyè, sove nou, n'ap peri ! » <sup>26</sup> E li di yo : « Poukisa nou pè, moun ki gen tikras lafwa ? » Apre li reveye, li menase van yo ak lamè a, e te gen yon gwo kalm. <sup>27</sup> Mesye yo te nan admirasyon e yo di : « Kilès sa a pou menm van ak lanmè a obeyi l' ? »

### Gerizon de demonyak yo

<sup>28</sup> Lè li te pase lòt kote a, nan peyi Gadarenyen yo, de demonyak sòti nan tonm mò yo, yo vin rankontre l'. Yo te sitèlman danjere ke pesonn pa t' kapab pase nan chemen sa a. <sup>29</sup> Yo te pran

## Matye

rele, yo t'ap di : « Kisa ki te genyen ant nou menm avè ou, Yéhoshoua ptit Bondye ? Èske ou vin isit la pou toumante nou anvan tan an ? »<sup>30</sup> Te gen lwen yo yon gwo twoupo kochon ki t'ap manje.<sup>31</sup> E demon yo t'ap sipliye l', yo t'ap di l' : « Si ou chase nou deyò, pèmèt nou antre nan twoupo kochon sa yo. »<sup>32</sup> E li di yo : « Ale ! » E lè yo sòti, yo ale nan twoupo kochon yo. Epi, tout twoupo kochon yo te presipite sou pante ki apik la nan lamè a ; epi yo peri nan dlo a.<sup>33</sup> Moun yo ki t'ap fè yo manje te kouri e yo te ale rakonte nan lavil la tout bagay sa yo ak sa ki te rive demonyak yo.<sup>34</sup> Epi, tout

moun lavil la sòti rankontre Yéhoshoua e, lè yo wè l', yo prye l' kite tèritwa yo a.

## 9 Yéhoshoua padonnen epi geri yon paralitik

Se konsa li te monte nan yon bato, li te travèse lamè a e li vini nan lavil li a.<sup>2</sup> Lè sa a, yo te mennen pou li yon paralitik kouche sou yon kabann. Epi Yéhoshoua, wè fwa yo, di paralitik la : « Pran kouraj, ptit mwen, peche ou yo padonnen. »<sup>3</sup> Epi kèk skrib t'ap di nan yo menm : « Nonm sa a ap fè blasfèm. »<sup>4</sup> Men Yéhoshoua, te konnen panse yo, di : « Poukisa nou gen move panse nan kè nou ? »<sup>5</sup> Paske kisa ki pi fasil ?

## Matye

Di : « Peche ou yo padonnen », oubyen di :

« Leve kanpe epi mache » ?

<sup>6</sup> Pou nou ka konnen ke Pitit lèzòm nan gen otorite sou latè pou padonnen peche yo - lè sa a li di paralitik la : Leve, pran kabann ou epi ale lakay ou. » <sup>7</sup> Li te leve, li ale lakay li. <sup>8</sup> Lè foul yo te wè sa, yo te nan admirasyon epi yo te glorifye Bondye ki te bay imen yo yon otorite konsa.

**Yéhoshoua rele pechè yo  
nan repantans**

<sup>10</sup> Li rive kòm li te sou tab nan kay la, ke anpil piblikèn ak pechè vini epi yo te chita sou tab ak Yéhoshoua epi disip li yo. <sup>11</sup> Farizyen yo te wè sa, yo te di disip li yo : « Poukisa Doktè nou an ap manje ak piblikèn yo epi pechè yo ? » <sup>12</sup> Yéhoshoua te tande yo, li di yo : « Se pa sa yo ki gen bon sante ki bezwen doktè, men malad yo. <sup>13</sup> Men, ale epi aprann sa ki vle di : « Mwen pran plezi nan mizèrikòd e pa nan sakrifis. » Paske, mwen pa vin rele nan repantans jis yo, men pechè yo. <sup>14</sup> Lè sa a, disip Yohanàn (Jan) yo te vini bò kote l'e yo di l' :

« Poukisa nou menm ak

## Apèl Matye a

<sup>9</sup> Sòti la, li te ale pi lwen, Yéhoshoua wè yon nonm yo te rele Matye, ki te chita nan biwo kontribisyon an, e li di l' : « Swiv mwen ! » Epi li leve li swiv li.

## Matye

farizyen yo nou jene souvan, men disip ou yo pa jene ? »<sup>15</sup> Yéhoshoua di yo : « Èske zanmi mari a kapab aflije pandan mari a la avèk yo ? Men, jou yo ap vini kote yo prale anlve mari a, lè sa a y'ap jene. »

### Parabòl dra nèf la ak vesonèf yo

<sup>16</sup> « Konsa pesonn pa mete yon moso drap nèf sou yon vye rad, paske pyès la t'ap pati ak yon moso rad la epi kote ki chire a t'ap pi mal.

<sup>17</sup> Yo pa mete nonpli diven nouvo a nan vye vesonèf, paske yon vye vesonèf yo ap koule, epi diven an ap vide, epi vesonèf yo pèdi ; men yo mete diven nouvo a nan vesonèf ki nèf, epi yon tankou lòt konsève. »

### Rezirèksyon pitit fi Yaïr

(Jayiris) la ak gerizon

### fanm lan ki t'ap pèdi san

<sup>18</sup> Kòm Yéhoshoua t'ap di yo bagay sa yo, konsa yon chèf vini, li t'ap adore l' li t'ap di : « Pitit fi mwen an fèk mouri ; men vini epi mete men ou sou li e l'ap viv. »<sup>19</sup> E li leve, Yéhoshoua t'ap swiv li ak disip li yo.<sup>20</sup> Lè sa a, yon fanm ki te gen yon pèt de san depi douzan, apwoche pa dèyè epi li manyen rebò rad li.<sup>21</sup> Paske li t'ap di nan li menm : « Si sèlman m' touche rad li, m' t'ap sove. »<sup>22</sup> E Yéhoshoua tounen, li di, lè li wè l' :

« Pran kouraj, pitit fi m', fwa ou sove ou. » E fanm sa a te sove menm lè a.<sup>23</sup> Lè

## Matye

Yéhoshoua te rive nan kay chèf la, epi li wè jwè flit yo e yon foul ki t'ap fè bri,<sup>24</sup> li di yo : « Wete kò nou, paske jèn fi a pa mouri, men l'ap dòmi. », epi yo t'ap pase l' nan rizib.<sup>25</sup> Men lè yo te ranvwaye foul la, li antre, li pran men jèn fi a, e li te leve.<sup>26</sup> Bri a te gaye nan tout peyi sa a.

### De avèg ak yon demonyak

<sup>27</sup> Antan li te kite la, Yéhoshoua te swiv pa de avèg, yo t'ap krye, yo t'ap di : « Ptit David la, gen pitye pou nou! »<sup>28</sup> Lè li te rive nan kay la, avèg yo te apwoche bò kote l', e Yéhoshoua di yo : « Èske nou kwè m' kapab fè sa nou mande m' lan ? » Yo di l' : « Wi, Senyè ! »<sup>29</sup> Lè sa a, li

manyen je yo, li di : « Se pou sa fèt daprè fwa nou »,<sup>30</sup> epi je yo louvri. Yéhoshoua te bay yo yon serye avètisman, li t'ap di : « Atansyon, pinga pesonn konn sa ! »<sup>31</sup> Men yo men, lè yo fin sòti, yo t'ap nonmen Non l' toupatou nan peyi sa a.<sup>32</sup> Pandan li t'ap ale, yo prezante Yéhoshoua yon nonm bèbè epi demonyak.<sup>33</sup> Lè demon an te fin chase, bèbè a pale. E Foul yo te nan admirasyon yo t'ap di : « Nou pa te janm wè bagay konsa nan Izrayèl ! »<sup>34</sup> Men, farizyen yo t'ap di : « Li chase demon yo pa chèf demon yo. »<sup>35</sup> Yéhoshoua te ale nan tout lavil yo ak tout vilaj yo, li

## Matye

t'ap anseye nan sinagòg yo a, epi li t'ap preche Levanjil Wayòm lan, li t'ap geri tout kalite maladi ak tout kalite enfimite nan mitan pèp la.

### Yéhoshoua santi konpasyon pou foul la

<sup>36</sup> Lè l' wè foul yo li te santi konpasyon pou yo, paske yo te dispèse epi pèdi, tankou brebi yo ki pa gen pastè. <sup>37</sup> Nan moman sa a li di disip li yo : « Vrèman vre, rekòt la gran, men gen tikras ouvriye. <sup>38</sup> Priye mèt rekòt la pou li voye ouvriye yo nan rekòt li a. »

### 10 Misyon douz apòt yo

Epi li rele douz disip li yo, li ba yo otorite sou lespri enpi yo, pou chase yo epi pou geri tout kalite

maladi ak tout kalite enfimite. <sup>2</sup> Men non douz apòt yo : Premye a se Shim'ôn (Simon) yo rele Pyè, ak Andreas (Andre), frè l': Yaacov (Jak), ptit Zabdi (Zebede), ak Yohanan (Jan), frè l'. <sup>3</sup> Filip ak Batèlmi, Toma ak Matye, pèseptè kontribisyon an, Yaacov (Jak), ptit Alfe a, ak Lebbée yo rele Tade ; <sup>4</sup> Shim'ôn (Simon), Zelòt la ak Yéhouda (Jida) Iskariòt, nonm ki te livre li a. <sup>5</sup> Se te douz sa yo ke Yéhoshoua te voye. Li te ba yo lòd, li te di : « Piga nou ale sou wout nasyon yo epi pa antre nan okenn lavil Samariten yo ; <sup>6</sup> men, ale pito ka brebi yo ki pèdi nan kay pèp Izrayèl la.

## Matye

<sup>7</sup> Lè nou prale, preche epi di : « Wayòm syèl la apwoche ! » <sup>8</sup> Geri malad yo, pirifye lepre yo, resisite mò yo, chase demon yo. Nou resevwa gratis, nou dwe bay gratis. <sup>9</sup> Pa pran ni lò, ni lajan, ni kòb nan sentiron nou, <sup>10</sup> ni sak pou vwayaj la, ni de chemiz, ni sandal, ni baton, paske ouvriye a merite manje l'. <sup>11</sup> Nan nenpòt lavil osinon vilaj kote n'ap antre, enfòme nou sou ki moun ki merite epi rete lakay li jouk lè nou pati. <sup>12</sup> Epi lè n'ap antre nan kay la salye l': <sup>13</sup> epi, si kay sa a merite, se pou lapè nou vini sou li, men si l' pa merite, se pou lapè nou tounen vin jwenn nou. <sup>14</sup> Men lè yon moun

pap resevwa nou epi pap koute pawòl nou, souke lè n'ap pati nan kay sa a ou nan lavil sa a pousyè ki nan pye nou. <sup>15</sup> Amen, m'ap di nou : ka peyi Sòdòm ak Gomò ap ka pi sipòte jou jijman an ke pa lavil sa a. »

## Yéhoshoua anonse

### pèsekisyon disip li yo

<sup>16</sup> « Men m' voye nou tankou brebi nan mitan lou yo. Se pou nou pridan tankou sèpen, epi san melanj tankou pijon yo. <sup>17</sup> Pran prekosyon nou ak moun yo, paske y'ap livre nou bay sanedren yo, epi y'ap chatye nou ak fwèt nan sinagòg yo a. <sup>18</sup> Y'ap mennen nou akòz mwen, devan gouvènè yo ak devan wa yo ; se pral yon

## Matye

temwayaj pou yo tankou pou lòt nasyon yo.<sup>19</sup> Men, lè y'ap livre nou, pa enkyete sou sa n'ap gen pou nou di, ni ki jan n'ap pale, paske sa n'ap genyen pou nou di a, n'ap jwenn li nan menm lè a.<sup>20</sup> Paske se pa nou menm k'ap pale, men se Lespri Papa nou a k'ap pale nan nou.<sup>21</sup> Frè a ap livre frè l' pou fè l' mouri epi papa a pitit li. Epi pitit yo ap leve kont paran yo epi y'ap fè yo mouri.<sup>22</sup> Tout moun pral rayi nou akòz Non mwen, men moun k'ap pèsevere jouk la fen ap sove.<sup>23</sup> Lè y'ap pèsekite nou nan yon lavil, sove nan yon lòt. Amen, m'ap di nou, vrèman vre, nou pap gen tan fini nan lavil yo nan peyi

Izrayèl la, ke pitit lézòm nan ap vini.<sup>24</sup> Disip la pa pi wo pase doktè l', ni esklav la pi wo pase Senyè li a.<sup>25</sup> Se pou disip li a tounen tankou doktè l', epi èsklav la tankou Senyè li. Si yo rele mèt kay la Bèlzeboul, ki jan pi plis yo pap rele domestik li yo konsa?<sup>26</sup> Pa pè yo, paske pa gen anyen ki kache ki pap dekovri, ni anyen ki sekrè ki pap ka konnen.<sup>27</sup> Sa m'ap di nou nan tenèb yo, di l' nan limye a. Sa nou tandé nan zòrèy, preche l' sou tèt kay yo.<sup>28</sup> Epi pa pè sa ki kapab touye kò a e ki pap kapab touye nanm nan. Men pè pito sa ki kapab fè peri nanm nan epi kò a nan jeyèn nan.<sup>29</sup> Èske yo pa vann de ti

## Matye

zwazo pou yon kòb ?<sup>37</sup> Moun ki renmen papa l' osinon manman l' plis pase m', pa merite m', epi moun ki renmen pitit gason l' osinon pitit fi l' plis pase m', pa merite m'.<sup>38</sup> Nenpòt moun ki pa pran kwa l', epi ki pa vini apre m', pa merite m'.<sup>39</sup> Moun k'ap jwenn nanm li ap pèdi l', men moun k'ap pèdi nanm li akòz mwen ap jwenn li.<sup>40</sup> Moun ki resevwa ou, resevwa m', epi moun ki resevwa m', resevwa moun ki voye m' lan.<sup>41</sup> Moun ki resevwa yon pwofèt tankou yon pwofèt ap resevwa rekompans yon pwofèt, epi moun ki resevwa yon jis tankou yon jis ap resevwa rekompans yon jis.<sup>42</sup> Nenpòt moun k'ap bay

Poutan, pa gen yon sèl ki tonbe atè san volonté Papa nou.<sup>30</sup> E menm cheve yo nan tèt nou yo tout konte.<sup>31</sup> Pinga nou pè : Nou vo plis pase anpil ti zwazo.<sup>32</sup> Nenpòt moun ki va konfese m' devan moun yo, m'ap konfese l' tou devan Papa m' ki nan syèl la.<sup>33</sup> Men nenpòt moun ki ap renye m' devan moun yo, m'ap renye l' tou devan Papa m' ki nan syèl la.<sup>34</sup> Pa kwè m' vin mete lapè sou tè a ! M' pa vin mete lapè, men m' vin mete epe.<sup>35</sup> Paske m' vin separe nonm nan ak papa l', epi fi a ak manman l', epi bélifi ak bèlmè l',<sup>36</sup> epi nonm lan ap gen pou lènmi l', moun ki nan pwòp kay li.

## Matye

sèlman yon ti gode dlo frèt pou yon nan piti sa yo, paske li se disip mwen, amen, m'ap di nou li pap pèdi rekompans li. »

### 11 Yohanan (Jan) Batis, mesaje a ki te voye pou prepare wout Senyè a

Li rive lè Yéhoshoua te fin bay lòd pou douz disip li yo, li pati kote li te ye a, pou l' ale anseye ak preche nan lavil yo a.<sup>2</sup> Antan Yohanan (Jan), te tande pale nan prizon li a sou zèv Mashiah a, li te voye de nan disip li yo pou di l':<sup>3</sup> « Èske se ou menm ki te dwe pou vini an, oubyen èske nou dwe tann yon lòt ?<sup>4</sup> Yéhoshoua reponn li di : « Ale epi rakonte Yohanan

(Jan) sa nou tande ak sa nou wè :<sup>5</sup> « Je avèg yo wè, bwete yo mache, lepre yo purifye, epi soud yo tande, mò yo resisite, epi Levanjil la anonse bay pòv yo. »<sup>6</sup> Men beni moun pou ki m' pap yon okazyon chite !<sup>7</sup> Pendan li t'ap ale, Yéhoshoua pran di foul la sou Yohanan (Jan) : « Men kisa nou te ale wè nan dezè a ? Yon wozo van t'ap souke ?<sup>8</sup> Men, kisa nou te ale wè ? Yon nonm abiye ak rad presye ? Men moun yo ki mete rad presye yo nan kay wa yo.<sup>9</sup> Men, kisa nou te ale wè ? Yon pwofèt ? Wi, m' di nou e plis pase yon pwofèt.<sup>10</sup> Paske se sou li menm li ekri : « Men m'ap voye mesaje m' lan

## Matye

devan fas ou, pou prepare chemen an devan ou. »<sup>11</sup> Amen, m'ap di nou, nan tout sa yo ki fèt nan fanm yo pa gen okenn ki fèt ki pi gran pase Yohanan (Jan) Batis. Sepandan, sa ki pi piti nan Wayòm syel la, pi gran pase l'.<sup>12</sup> Depi sou tan Yohanan (Jan) Batis jouk kounye a, Wayòm syel la fòse, epi se sa yo ki vyolan ki pran l'.<sup>13</sup> Pake tout pwofèt yo ak lalwa a te pwofetize jouk Yohanan (Jan).<sup>14</sup> Si nou vle resevwa l', se li menm ki Eliyah (Eli) ki dwe vini an.<sup>15</sup> Se pou sa ki gen zòrèy pou tandemande !<sup>16</sup> Men ak ki moun m' ta konpare jenerasyon sa a ? Li sanble ak timoun yo ki chita sou

plas makèt, epi k'ap pale ak konpayon yo,<sup>17</sup> e y'ap di yo : « Nou te jwe flit epi nou pa danse. Nou te chante chante plent men nou pa frape pwatrin nou ak chagren. »<sup>18</sup> Paske Yohanan (Jan) vini, li pa manje, li pa bwè, e yo ap di : « Li gen yon demon. »<sup>19</sup> Piti lèzòm nan vini, li manje epi bwè, epi y'ap di : « Men yon nonm voras ak renmen bwè diven, yon zanmi piblik yo ak pechè yo. » Men, lasajès te jistifye nan pitit li yo. »

## **Yéhoshoua denonse enkredil yo**

<sup>20</sup> Lè sa a, li te repwoche lavil yo kote ki te gen fè pifò mirak yo, paske yo pa t' repanti.<sup>21</sup> Malè pou ou

## Matye

Korazen ! Malè pou ou Betsayda ! Paske si mirak sa yo ki fêt nan mitan nou te fêt nan Tir epi nan Sidon, gen lontan yo t'ap repanti, yo t'ap pran sak ak sann dife.<sup>22</sup> Se poutèt sa m'ap di nou sò Tir ak Sidon ap ka pi sipòte jou jijman an pase nou.<sup>23</sup> E ou menm, Kapènawòm, ki te leve jouk nan syèl la, y'ap fè ou desann jouk nan lanfè ! Paske si mirak ki te fêt nan mitan nou, te fêt nan Sodòm, li t'ap la jouk jòdi a !<sup>24</sup> Se poutèt sa m'ap di ke sò Sodòm ap ka pi sipòte jou jijman an pase ou. »<sup>25</sup> Lè sa a, Yéhoshoua pran lapawòl li di : « M' louwe ou, o Papa ! Senyè syèl la ak tè a, paske ou kache

bagay sa yo pou saj yo ak entelijan yo, epi ou revele yo bay timoun yo.<sup>26</sup> Wi, Papa paske sa se te bon volonté ou devan ou.<sup>27</sup> Tout bagay sa yo se te Papa m' ki bay mwen yo, pesonn pa konn pitit la, esepte Papa a, epi pesonn pa konn Papa a esepte Pitit la, epi moun pou ki Pitit la vle revele l'.<sup>28</sup> Vini jwenn mwen, nou tout ki bouke epi anba chay, epi m'ap ba nou repo.<sup>29</sup> Pran jouk mwen sou nou epi aprann sou mwen, paske mwen dous epi enb nan kè, epi n'ap jwenn repo pou nanm nou yo.<sup>30</sup> Paske jouk mwen dous epi fado m' lejè. »

## Matye

### 12 Yéhoshoua Senyè saba

a

Nan tan sa a, Yéhoshoua te pase nan yon jaden ki te gen semans yon jou saba. Epi disip li yo ki te grangou, yo pran rache grable yo epi yo manje yo.<sup>2</sup> Lè farizyen yo wè sa, yo di l' : « Men, disip ou yo ap fè sa ki pa pèmèt pou fè jou saba a. »<sup>3</sup> Men li di yo : « Èske nou pa li sa David te fè lè li te grangou, li menm ak sa yo ki te avek li ?<sup>4</sup> Kòman li antre nan kay Bondye epi li manje pen pwopozisyon yo, ke li pa t' gen dwa manje ni li menm ni sa yo ki te avè l', men prêt yo sèlman.<sup>5</sup> Osinon, èske nou pa li nan lalwa : jou saba yo, prêt yo vyole saba a nan tanp lan,

san yo pa koupab pou sa ?<sup>6</sup> Enben, m'ap di nou : Gen isit la, yon moun ki pi gran pase tanp lan.<sup>7</sup> Men si nou te konnen sa ki vle di : « Mwen vle mizèrikòd e non sakrifis, nou pa t'ap kondannen moun ki inonsan.<sup>8</sup> Paske, pitit lézòm nan, se Senyè menm saba a. »

### Gerizon nonm men chèch la

Lè li pati la, li antre nan sinagòg yo a.<sup>10</sup> Te gen yon nonm ki te gen yon men chèch. Epi pou yo te kapab akize l', yo mande l', yo di l' : « Èske li pèmèt pou geri jou saba yo ? »<sup>11</sup> Li reponn : « Ki moun nan mitan nou, ke si li gen yon sèl brebi ki vin tonbe nan yon twou

## Matye

byen fon jou saba a, èske li pap rale l' pou retire l' la ?<sup>12</sup> Èske yon moun pa vo pi plis pase yon brebi ! Konsa li pèmèt pou fè byen jou saba yo. »<sup>13</sup> Lè sa a li di nonm sa a : « Lonje men ou ! » Li lonje l', epi li retabli nan eta li te ye anvan, byen tou tankou lòt la.<sup>14</sup> Farizyen yo sòti, epi yo te konsilte tèt yo sou ki jan pou fè l' peri.

### **Yéhoshoua, Mesi a ki te anonse pa Yesha'yah (Ezayi)**

<sup>15</sup> Men, Yéhoshoua te konnen sa, li pati la, epi yon gwo foul moun t'ap swiv li. Li geri yo tout.<sup>16</sup> Li te defann yo ak menas pou yo pa t' fè konnen l',<sup>17</sup> konsa sa te akonpli sa ki te anonse

pa Yesha'yah (Ezayi) pwofèt la, li te di :<sup>18</sup> « Men sèvitè m' lan ke m' eli, byenneme m' nan ki nanm mwen pran plezi. M'ap mete Lespri m' nan li, e l'ap pwoklame jijman pou nasyon yo.<sup>19</sup> Li pap diskite, li pap krye pesonn pap tandé vwa l' nan lari yo.<sup>20</sup> Li pap kraze pye wozo ki kase a e li pap etenn ti bout mèch balen lan k'ap fimen an, jouk li fè jistis la triyonfe.<sup>21</sup> Epi nasyon yo ap mete espwa yo nan Non l'. »

### **Blasfèm kont Sentespri a**

<sup>22</sup> Lè sa a, yo mennen yon demonyak ki te avèg epi bèbè, epi li gueri l', konsa nonm sa a ki te avèg epi bèbè, t'ap pale ak wè.<sup>23</sup> Epi

## Matye

tout foul yo te etone e yo t'ap di : « Se pa li menm ptit David ? »<sup>24</sup> Men farizyen yo tandé sa, yo di : « Li menm li chase demon yo avek Bèlzeboul, chèf demon yo. »<sup>25</sup> Men, Yéhoshoua te konnen panse yo, li di yo : « Tout Wayòm ki divize kont li menm ap redwi kòm yon dezè, epi tout lavil oswa kay ki divize kont li menm pa ka kenbe.<sup>26</sup> Si Satan ap chase Satan, li divize kont li menn. Kouman Wayòm li ap ka fè pou kenbe ?<sup>27</sup> Epi si m' chase demon yo avèk Bèlzeboul, avèk ki moun ptit nou yo chase yo ? Se poutèt sa, se yo menm k'ap jij nou.<sup>28</sup> Men, si m' chase demon yo avek Lespri

Bondye, Wayòm Bondye a vini sou nou.<sup>29</sup> Kouman yon moun ka antre lakay yon nonm vanyan epi vòlò byen l' yo, si li pa te mare nonm vanyan sa a anvan ? Atò l'ap vòlò nan kay li.<sup>30</sup> Moun ki pa avèk mwen, li kont mwen, moun ki pa rasanble avèk mwen, l'ap dispèse.<sup>31</sup> Se poutèt sa, m'ap di nou ke tout peche ak tout blasfèm ap jwenn padon pou imen yo, men blasfèm kont Sentespri a, pap gen padon.<sup>32</sup> Nenpòt moun ki pale kont Ptit lèzòm nan, y'ap padonnen l' ; men nenpòt ki pale kont Sentespri a, li pap jwenn padon ni nan laj sa a, ni nan sa a k'ap vini an.<sup>33</sup> Pwodui yon bèl pyebwa ak bèl fwi

## Matye

li, oubyen yon pyebwa pouri ak fwi pouri li, paske nou rekonèt yon pyebwa sou fwi li.<sup>34</sup> Pitit vipè, kouman nou ta ka di bon bagay, mechan jan nou ye a ? Paske se nan abondans kè a ke bouch la pale.<sup>35</sup> Yon imen ki bon rale bon bagay nan bon trezò ki nan kè l' epi imen ki mechan an rale move bagay nan move trezò l'.<sup>36</sup> Men m'ap di nou jou jijman an, imen yo ap rann kont sou tout pawòl initil yo te di.<sup>37</sup> Paske w'ap jistifye ak pawòl ou yo epi w'ap kondannen ak pawòl ou yo. »

### Mirak Yonah (Jonas), pwofèt la

<sup>38</sup> Lè sa a, kèk skrib ak farizyen reponn li yo di :

« Doktè, nou vle wè ou fè yon siy. »<sup>39</sup> Men li reponn yo, li di : « Yon jenerasyon mechan ak adiltè ap mande yon siy, men li pap jwenn lòt siy ke sa Yonah (Jonas), pwofèt la.<sup>40</sup> Paske menm jan Yonah (Jonas) te twa jou ak twa nwit nan vant yon gwo pwason, menm jan an Pitit lèzòm nan ap twa jou ak twa nwit nan kè tè a.<sup>41</sup> Lèzòm Niniv yo ap leve lè jijman an kont jenerasyon sa a e y'ap kondannen l', paske yo te repanti lè predikasyon Yonah (Jonas) la, men gen isit plis pase Yonah (Jonas).<sup>42</sup> Rèn ki nan peyi sid la va leve kanpe lè jijman an kont jenerasyon sa a e l'ap kondannen l' paske li te sòti

## Matye

jouk nan dènye bout latè a pou l' te vin tande sajès Salomon, men gen isit la plis pase Salomon. »

### Lè lespri enpi an tounen

<sup>43</sup> « Lè yon lespri enpi sòti nan yon monm, li ale nan kote ki pa gen dlo, l'ap chache repo, men li pa jwenn. <sup>44</sup> Lè sa a, li di : « M'ap tounen lakay mwen, kote m' sòti a. » Epi lè l' rive, li jwenn li vid, bale epi ranje. <sup>45</sup> Lè konsa, li ale e li pran avèk li sèt lòt lespri ki pi mechan pase l', epi yo antre, yo rete la, se konsa dènye kondisyon monm sa a pi mal pase jan l' te ye anvan. Se pral menm bagay la pou jenerasyon pèvès sa a. »

### Fanmi espirityèl la

<sup>46</sup> Lè l' t'ap pale ak foul yo, men manman l' ak frè l' yo te rete deyò, yo t'ap chache pale avè l'. <sup>47</sup> Epi yon moun di l' : « Men manman ou ak frè ou yo deyò a, y'ap chache pale avè ou. <sup>48</sup> Men li reponn li di moun ki te di l' sa a : « Kilès ki manman m' epi kilès ki frè m' yo ? » <sup>49</sup> Li lonje men l' sou disip li yo, li di : « Men manman m' ak frè m' yo ! <sup>50</sup> Paske nenpòt moun ki fè volonte Papa m' ki nan syèl la, moun sa a se frè m', sè m', ak manman m'. »

### 13 Parabòl nonm k'ap simen an ak kat teren yo

Menm jou sa a, Yéhoshoua sòti nan kay la e

## Matye

li chita bò lanmè a.<sup>2</sup> Yon gwo foul te rasanble bò kote l', konsa lè li monte nan bato a, li chita. Tout foul la te kanpe sou rivaj la.

<sup>3</sup> Li t'ap pale yo nan parabòl sou anpil bagay, e li di : « Yon moun kap simen sòti pou l' simen.<sup>4</sup> Kòm li t'ap simen, semans lan tonbe bò kote chemen an : epi zwazo yo vini, yo manje l'.<sup>5</sup> Yon lòt tonbe nan kote ki gen wòch, kote ki pa t' gen anpil tè, epi li leve byen vit paske l' pa t' antre pwofondman nan tè a.<sup>6</sup> Men, lè solèy la parèt, li te boule pa chalè a epi li cheche paske li pa te gen rasin.<sup>7</sup> Men yon lòt tonbe nan mitan pikan yo, epi pikan yo monte e yo toufe

li.<sup>8</sup> Yon lòt pati tonbe nan yon bon tè : li te bay fwi, yon 100, yon lòt 60, yon lòt 30.<sup>9</sup> Sa ki gen zòrèy pou tandem, se pou l' tandem ! »

## Eksplikasyon parabòl moun k'ap simen an

<sup>10</sup> Lè sa a disip yo pwoche, yo di : « Poukisa ou ap pale yo an parabòl ? »<sup>11</sup> Li reponn yo, li di : « Paske nou jwenn pou nou konnen mistè Wayòm syèl la, men pou yo menm, yo pa jwenn sa.<sup>12</sup> Paske y'ap bay moun ki genyen, e li ap nan abondans, men moun ki pa genyen, y'ap wete menm ti sa l' genyen an.<sup>13</sup> Se poutèt sa m'ap pale yo an parabòl, paske lè yo wè, yo pa wè e lè yo tandem yo pa tandem e yo pa konprann.<sup>14</sup> Konsa sa

## Matye

akonpli pou yo pwofesi Yesha'yah (Ezayi) ki di : « N'ap tande nan zòrèy nou e nou pap konprann ; e lè n'ap gade, n'ap gade e nou pap wè ! <sup>15</sup> Paske kè pèp sa a gra, e yo fè zòrèy yo di, e yo fèmen je yo pou pè pou yo pa wè ak je yo, pou yo pa tande nan zòrèy yo, pou yo pa konprann nan kè yo, pou yo pa konvèti pou m'pa geri yo. » <sup>16</sup> Benediksyon pou je nou, paske yo wè ak zòrèy nou yo, paske yo tande ! <sup>17</sup> Amen m'ap di nou, vrèman vre, anpil pwofèt ak jis te dezire wè bagay sa yo n'ap wè la, e yo pa te wè yo ; tande bagay sa yo n'ap tande la, e yo pa te tande yo. <sup>18</sup> Nou men, koute

parabòl moun k'ap simen an. <sup>19</sup> Lè yon nonm koute pawòl Wayòm lan epi li pa konprann li, move an vini li e li rache sa ki simen nan kè l'. Nonm sa a se sa ki te resevwa semans lan bò chemen an. <sup>20</sup> Sa ki te jwenn semans nan kote ki genyen wòch, se sa ki tande pawòl la epi ki resevwa l' imedyatman ak jwa ; <sup>21</sup> men li pa gen rasin nan li menm e li kenbe pou yon tan epi, depi gen yon tribilasyon oubyen yon pèsekisyon akòz pawòl la, li imedyatman skandalize. <sup>22</sup> Epi sa ki resevwa semans lan nan mitan pikan yo, se sa ki tande pawòl Bondye a, men nan ki traka laj sa a ak seduksyon richès yo toufe

## Matye

pawòl la sa ki ki fè li esteril.

<sup>23</sup> Men sa ki resevwa semans lan nan yon bon tè, se sa ki tandé pawòl la epi ki konprann li. E li pwodui fwi, yon 100, lòt la 60, lòt la 30. »

## Parabòl ble a ak move zèb la

<sup>24</sup> Li te propoze yo yon lòt parabòl e li di : « Wayòm syèl la sanble ak yon nonm ki te simen yon bon semans nan tè l'. <sup>25</sup> Men, pandan moun yo t'ap dòmi, lènmi li vini e li simen move zèb nan mitan ble a, epi li ale. <sup>26</sup>

Lè zèb la pouse epi bay fwi, lè sa a move zèb la parèt tou. <sup>27</sup> Epi esklav mèt kay la vini wè l' yo di l' : « Senyè, se pa te bon semans ou te simen nan tè ou ? Kote

move zèb sa sòti ? » <sup>28</sup> Men li reponn yo : « Se yon lènmi, yon moun ki fè sa. » Epi esklav yo di l' : « Èske ou vle n'al keyi l' ? » <sup>29</sup> E li di yo : « Non, pou pè antan n'ap keyi move zèb la, pou nou pa derasinble a an menm tan. <sup>30</sup> Kite yo grandi ansanm tout de jouk lè rekòt la, nan tan rekòt la m'ap di travayè yo k'ap rekòlte : Rache premyèman move zèb la epi mare l' fè pakèt pou boule l', men ranmase ble a nan grenye mwen an. »

## Parabòl ti gress moutad la

<sup>31</sup> Li te propoze yo yon lòt parabòl e li di : « Wayòm syèl la, sanble ak yon gress moutad ke yon nonm pran e

## Matye

li simen li nan tè li.<sup>32</sup>  
Vrèman vre se pi piti nan  
tout semans yo, men lè l'  
pouse, li pi gran pase tout  
legim yo e li tounen yon  
pyebwa, konsa zwazo nan  
syèl la vin abite epi yo fè  
nich yo nan branch li yo. »

### Parabòl ledven an

<sup>33</sup> Li di yo yon lòt parabòl :  
« Wayòm syèl la, sanble ak  
yon ledven yon fanm pran e  
li kache nan twa mezi farin  
jouk tout leve. »<sup>34</sup>  
Yéhoshoua di foul yo tout  
bagay sa yo an parabòl,<sup>35</sup>  
konsa sa akonpli sa ki te  
anonse pa pwofèt la, lè li  
t'ap di : « M'ap louvri  
bouch mwen an parabòl,  
m'ap deklare bagay ki te  
kache depi fondasyon mond  
lan. »

### Eksplikasyon parabòl ble a ak move zèb la

<sup>36</sup> Epi Yéhoshoua fè foul la  
retounen e li antre nan kay  
la. E disip li yo pwoche bò  
kote l', yo di l' : « Esplike  
nou parabòl move zèb tè  
a. »<sup>37</sup> E li reponn yo e li  
di : « Sa ki simen bon  
semans lan, se Pitit lèzòm  
nan ;<sup>38</sup> e tè a se mond lan,  
bon semans lan se pitit  
Wayòm lan, move zèb la se  
pitit Move a ;<sup>39</sup> epi lènmi  
ki simen li an se dyab la ;  
rekòt la, se fen laj la,  
travayè yo nan rekòlte la se  
zanj yo.<sup>40</sup> Menm jan yo  
keyi move zèb la epi yo  
boule l' nan dife a, se konsa  
tou sa pral ye nan fen laj la.  
<sup>41</sup> Pitit lèzòm nan ap voye  
zanj li yo y'ap wete nan

## Matye

Wayòm lan tou eskandal yo ak sa yo k'ap komèt inikite,<sup>42</sup> e y'ap jete yo nan founèz ki chofe anpil la, kote ap gen rèl ak manje dan.<sup>43</sup> Lè sa a jis yo ap klere tankou solèy nan Wayòm Papa yo. Sa ki gen zòrèy pou tandé, se pou l' tandé ! »

## Parabòl trezò ki kache a

<sup>44</sup> « Wayòm syèl la sanble avèk yon trezò ki kache nan yon tè. Noum ki jwenn li an, kache l' ; epi nan jwa li, li ale li vann tou sa l' genyen, e li achte tè sa a. »

## Parabòl pèl la

<sup>45</sup> « Wayòm syèl la sanble ak yon machann k'ap chache bon pèl,<sup>46</sup> e lè li jwenn yon bon pèl ki vo yon gran pri, li ale e li vann

tout sa l' te genyen e li achte l'. »

## Parabòl filè a

<sup>47</sup> « Wayòm syèl la, sanble ak yon filè yo voye jete nan lanmè e ki ranmase bagay tout ras.<sup>48</sup> Lè li plen, yo rale l' anlè sou rivaj la ; epi yo chita, yo mete nan vesò yo sa ki bon e yo jete sa ki pouri.<sup>49</sup> Se pral menm bagay la lè fen laj la, zanj yo ap vini separe mechan yo avèk jis yo,<sup>50</sup> e y'ap jete yo nan founèz ki chofe anpi la, kote k'ap gen rèl ak manje dan. »<sup>51</sup> Yéhoshoua di yo : « Èske nou konprann tout bagay sa ? Yo reponn li : « Wi, Senyè. »

## Skrib ki enstwi

<sup>52</sup> E li di yo : « Se pouki,

## Matye

tout skrib ki enstwi sou Wayòm syel la sanble ak yon moun, yon mèt kay k'ap rale nan trezò li nouvo bagay ak bagay ansyen. »<sup>53</sup>

Lè Yéhoshoua fin di parabòl sa yo, li pati.

## Yéhoshoua nan Nazarèt

<sup>54</sup> Lè li ale nan patri li, li t'ap enseye nan sinagòg yo a, konsa yo te choke yo t'ap di : « Ki bò li jwenn sajès sa a ak mirak sa yo ? »<sup>55</sup> Se pa li menm ptit bòs chapant lan ? Manman li pa rele Myriam, ak frè li yo Yaacov (Jak), Yossef (Jozèf), Shim'ôn (Simon) ak Jid ?<sup>56</sup> Sè l' yo se pa yo tout ki la nan mitan nou ? Kote l' jwenn tout bagay sa yo ? »<sup>57</sup> Li te pou yo yon okazyon chite. Men

Yéhoshoua di yo : « Yon pwofèt dezonore ke nan patri l' epi nan kay li. »<sup>58</sup> Li te fè la ke tikras mirak, akòz enkredilite yo.

## 14 Lanmò Yohanan (Jan) Batis

Nan tan sa a Ewòd gouvènè a, tandé yo t'ap nonmen Non Yéhoshoua,<sup>2</sup> epi li di sèvitè li yo : « Se Yohanan (Jan) Batis ! Li resisite nan lanmò, se poussa pouvwa pou akonpli mirak yo, ap fè zèv nan li. »<sup>3</sup> Paske Ewòd te pran Yohanan (Jan), li te mare l' epi mete l' nan prizon akòz Ewodyad, madanm Filip, frè li.<sup>4</sup> Paske Yohanan (Jan) te di l' : « Li pa pèmèt pou ou genyen l'. »<sup>5</sup> Li te vle fè

## Matye

I' mouri men, li te pè foul la paske li te konsidere l' tankou yon pwofèt.<sup>6</sup> Jou kote yo t'ap selebwe nesans Ewòd, ptit fi Ewodyad la t'ap danse nan mitan yo, e li te fè Ewòd plezi ;<sup>7</sup> se pousa li te pwomèt li avèk sèman ke li t'ap ba li tou sa li t'ap mande.<sup>8</sup> Sou konsèy manman l' , li di : « Ban m' isit la sou yon plato tèt Yohanan (Jan) Batis. »<sup>9</sup>

Wa a te tris, men akòz sèman li yo ak sa yo ki te sou tab avèk li, li te bay lòd pou yo ba li l'.<sup>10</sup> E li voye koupe tèt Yohanan (Jan) nan prizon an.<sup>11</sup> Epi tèt li te mennen vini sou yon plato, epi yo bay fi a ki prezante l' bay manman l'.<sup>12</sup> Epi disip li yo vini, yo pran kò l', e

yo te antere l'. Epi yo te anonse Yéhoshoua sa.<sup>13</sup> Epi lè li apwann sa, Yéhoshoua te wete kò l' nan yon bato nan yon kote dezè, lwen. Epi lè foul yo te vin apwann sa, yo sòti nan lavil yo epi yo swiv li apye<sup>14</sup> Lè Yéhoshoua sòti, li wè yon gwo foul, epi li te touche ak konpasyon pou li, e li geri maladi yo.

## Premye miltiplikasyon pen pou senkmil monm

<sup>15</sup> Kòm li te kòmanse fè ta, disip li yo vin jwenn li e yo di l': « Isit la se yon kote ki dezè epi lè a déjà avanse, voye foul yo pou yo ale nan vilaj yo, pou achte manje.<sup>16</sup> Men Yéhoshoua di yo : « Yo pa bezwen ale. Ba yo nou memm manje.<sup>17</sup> Men

## Matye

yo di l' : « Nou gen isit la ke senk pen ak de pwason. »<sup>18</sup> E li di : « Pote yo ban mwen isit la. »<sup>19</sup> Apre li bay foul la lòd pou chita sou zèb la, li pran senk pen yo ak de pwason yo, lè li leve je l' nan syèl la, li pwononse laprye benediksyon an. Lè li kase pen an, li bay disip yo, epi disip yo bay foul yo.<sup>20</sup> Yo tout te manje e yo te rasazye, epi yo mennen douz panyen plen moso ki te rete.<sup>21</sup> Sa yo ki te manje te anviwon 5 000 nonm, san konte fanm yo ak timoun yo.

### **Yéhoshoua mache sou dyo**

<sup>22</sup> Touswit apre, Yéhoshoua te oblige disip li yo monte nan bato a epi ale anvan l'

lòt kote a, pendan li t'ap ranvwaye foul la.<sup>23</sup> Lè li fin ranvwaye foul la, li monte sou yon mòn lan pou li te apa pou li lapriyè epi, lè aswè vini, li te la pou kont li.<sup>24</sup> Bato a, déjà nan mitan lanmè a, te bat pa vag yo, paske van an te kontré.<sup>25</sup> Lè katriyèm vèy lannwit lan, Yéhoshoua ale jwenn yo, li t'ap mache sou lanmè a.<sup>26</sup> Epi disip li yo lè yo te wè l' ap mache sou lanmè a, yo te trouble, e yo di : « Se yon zonbi ! » Nan pè yo, yo t'ap pouse rèl.<sup>27</sup> Men Yéhoshoua di yo tousuit : « Asire nou, se mwen menm, pinga nou pè ! »<sup>28</sup> Epi Pyè reponn li di : « Senyè, si se ou, bay lòd pou m' vin jwenn ou

## Matye

sou dlo a.<sup>29</sup> E li di l' : « Vini ! » Epi Pyè sòti nan bato a, li mache sou dlo a pou ale jwenn Yéhoshoua.<sup>30</sup> Men, lè li wè van an te fò, li te pè, lè li te kòmanse koule, li pran rele li di : « Senyè sove m' ! »<sup>31</sup> Menm lè a, Yéhoshoua lonje men l'e li pran l', li di l' : « Nonm ki gen tikras fwa, poukisa ou doute ? »

### **Yéhoshoua adore pa disip li yo**

<sup>32</sup> Lè li monte nan bato a, van an te vin kalme.<sup>33</sup> Konsa, sa yo ki te nan bato a vini epi yo adore l', yo di l' : « Ou se vrèman pitit Bondye ! »

### **Yéhoshoua geri malad yo Jenezarèt**

<sup>34</sup> Apre yo fin travèse lanmè a, yo vini nan peyi Jenezarèt.<sup>35</sup> Lèzòm kote sa a te rekonèt li, yo te voye mesaje nan tout anviwon yo, epi yo mennen tout malad yo ba li.<sup>36</sup> Yo te sipliye l' pou li te lese yo manyen sèlman bò rad li. Tout sa yo ki te manyen l' te geri.

## **15 Yéhoshoua kondane tradisyon yo**

Lè sa a, kèk skrib ak farizyen sòti Yeroushalaim (Jerizalèm) pou vin toupre Yéhoshoua, yo di l' :<sup>2</sup> « Poukisa disip ou yo transgrese tradisyon ansyen yo ? Paske yo pa lave men yo lè yo pran pen. »<sup>3</sup> Men li reponn yo e li di : « E nou

## Matye

menm poukisa nou transgrese kòmandman Bondye akòz tradisyon nou yo ?<sup>4</sup> Paske Bondye komande, li di : « Onore papa ou ak manman ou. » E li di tou : « Moun k'ap modi papa l' oubyen manman l' ap fini nan lanmò. »<sup>5</sup> Men nou menm, nou di : « Moun k'ap di papa l' oubyen manman l' : « Tout sa m' ta gen pou m' ede ou se yon ofrann pou Bondye, pa koupab, byenke li pa onore papa l' oubyen manman l'. »<sup>6</sup> Nou anile konsa kòmandman Bondye akòz tradisyon nou yo.<sup>7</sup> Ipokrit ! Yesha'yah (Ezayi) te byen pwofetize sou nou, lè li te di :<sup>8</sup> « Pèp sa a pwoche bò kote m' 'ak

bouch li epi li onore m' ak lèv li, men kè li byen lwen m'.<sup>9</sup> Men, li onore m' pou granmèsi, lè li anseye doktrin ki se kòmandman moun. »

## Kè imen an

<sup>10</sup> Apre li rele foul la, li di : « Koute, epi konprann sa :<sup>11</sup> « Se pa sa ki antre nan bouch la ki rann imen an enpi, men se sa ki sòti nan bouch li. Men sa ki rann yon imen enpi. »<sup>12</sup> Lè sa a, disip li yo pwoche bò kote l', yo di l' : « Ou kunnen farizyen yo te skandalize lè yo te tande pawòl sa a ? »<sup>13</sup> E li reponn, li di : « Tout plant ke Papa m' ki nan syèl la pa plante, ap derasin. »<sup>14</sup> Lese yo, se avèg k'ap kondui avèg ; si yon avèg

## Matye

ap kondui yon lòt avèg, y'ap tonbe tou de nan twou a. »<sup>15</sup> Lè sa a Pyè pran lapawòl, li di : « Esplike nou parabòl sa a. »<sup>16</sup> Epi Yéhoshoua di : « Nou menm tou, nou ankò san entèlijans ? »<sup>17</sup> Nou pokò janm konprann tout sa ki antre nan bouch la ale nan vant lan, apre sa li jete nan twalèt ?<sup>18</sup> Men, bagay ki sòti nan bouch la sòti nan kè a, epi bagay sa yo rann imen an enpi.<sup>19</sup> Paske se nan kè move panse yo sòti, touye, adiltè, relasyon seksyèl illicit, vòlò, fo temwayaj, tripotay.<sup>20</sup> Se bagay sa yo ki rann imen yo enpi ; men manje san men ou pa lave, sa pa rann imen an enpi. »

### **Fanm kananeyen nan adore Yéhoshoua**

<sup>21</sup> Lè sa a Yéhoshoua pati la, li ale nan teritwa Tir ak Sidon.<sup>22</sup> Se konsa, yon fanm kananeyen, ki t'ap viv nan zòn lan, pran rele li t'ap di l' : « Senyè pitit David la, gen pitye pou mwen ! Pitit fi m' lan toumante nan mizè avèk yon demon. »<sup>23</sup> Men, li pa te reponn li yon mo. E disip li yo pwoche bò kote l', yo prye l' yo di l' : « Ranvwaye l', paske l'ap krye dèyè nou. »<sup>24</sup> Li reponn li di : « Yo te voye m' sèlman pou brebi yo ki pèdi nan kay Izrayèl la. »<sup>25</sup> Men, li pwoche, li adore l' li di : « Senyè, ede m' ! »<sup>26</sup> Li reponn li, li di : « Sa pa bon pou pran pen timoun yo

## Matye

pou jete l' bay ti chen yo. »

<sup>27</sup> Men li di : « Se vre Senyè ! Men, ti chen yo manje myèt ki tonbe anba tab mèt yo. » <sup>28</sup> Lè sa a, Yéhoshoua reponn li di : « O fanm ! Lafwa ou gran. Se pou sa rive ou jan ou vle a ! » Menm lè a, pitit fi l' la te geri.

wè bèbè yo pale, enfim yo geri, bwete yo mache, avèg yo wè, e yo te glorifye Bondye Izrayèl la.

## Dezyèm miltiplikasyon pen yo

<sup>32</sup> Lè sa a Yéhoshoua rele disip li yo, li di : « Mwen touche ak konpasyon pou foul moun sa yo, sa fè twa jou yo rete la avè m' e yo pa gen anyen pou yo manje. Mwen pa vle ranvwaye yo san manje pou pè pou fòs pa manke yo nan chemen an. » <sup>33</sup> Disip li yo di l' : « Ki bò nou t'ap ka tire nan dezè sa a ase pen pou rasazyé yon si gran miltitud ? » <sup>34</sup> Epi Yéhoshoua di yo : « Konbyen pen nou

## Yéhoshoua geri anpil malad

<sup>29</sup> Yéhoshoua kite kote sa yo, e li te ale pre lanmè Galile a. Epi li monte sou yon mòn lan e li chita la. <sup>30</sup> Yon gwo foul te pwoche bò kote l', yo to te gen avèk yo bwete, avèg, bèbè, enfim ansanm ak anpil lòt. Yo te jete yo nan pye Yéhoshoua e li te geri yo. <sup>31</sup> Se konsa foul yo te nan admirasyon

## Matye

genyen ? » E yo di l' : « Sèt ak kèk ti pwason. »<sup>35</sup> Lè sa a, li kòmande foul yo pou l' chita atè.<sup>36</sup> Lè li pran sèt pen yo ak pwason yo, apre li fin rann gras, li kase yo epi li bay disip li yo, epi disip yo bay foul la.<sup>37</sup> Yo tout te manje e yo te rasazyé, e yo te pote sèt panyen plen ak moso ki te rete.<sup>38</sup> Sa yo ki te manje te gen 4 000 nonm, san konte fanm ak timoun yo.<sup>39</sup> Lè li te ranvwaye foul yo, li te monte sou yon bato e li te ale nan teritwa Magadan.

### 16 Farizyen yo ak sadiseyen yo : Yon generasyon mechan ak adiltè

Lè sa a farizyen yo ak

sadiseyen yo vini bò kote l' pou eprouve l', yo t'ap mande l' pou li fè yo wè yon siy ki sòti nan syèl la.<sup>2</sup> Men li reponn yo, li di yo : « Lè aswè rive, nou di : « Li pral fè yon bèl tan, paske syèl la wouj. »<sup>3</sup> Nan granmaten : « Ap gen loraj jòdi a, paske syèl la wouj sonm. » Ipokrit ! Vrèman vre nou konnen disène aspè syèl la epi nou pa ka disène siy tan yo.<sup>4</sup> Yon genreasyon mechan ak adiltè ap mande yon siy, men li pap jwenn lòt siy pase siy Yonah (Jonas), pwofèt la. » Lè li kite yo, li ale.

### Ledven farizyen yo ak sadiseyen yo

<sup>5</sup> E disip li yo, lè yo janbe

## Matye

lòt bò a, yo te blyie pran pen yo.<sup>6</sup> E Yéhoshoua di yo : « Atansyon ! Pran prekosyon nou avèk ledven farizyen yo ak sadiseyen yo. »<sup>7</sup> To t'ap rezone nan yo men, yo t'ap di : « Se paske nou pa pran pen. »<sup>8</sup> E Yéhoshoua te konnen sa, li di yo : « Moun ki gen ti kras fwa, poukisa n'ap rezone nan nou menm ke nou pa pran pen ? »<sup>9</sup> Nou pokonjam konprann ? Nou pa chonje senk pen yo pou 5 000 yo epi konbyen panyen nou te pote ?<sup>10</sup> Ni sèt pen yo pou 4 000 yo epi konbye panyen nou te pote ale ?<sup>11</sup> Ki jan nou fè pa konprann se pa sou pen an ke m' di nou pran prekosyon nou ak ledven

farizyen yo ak sadiseyen yo ? »<sup>12</sup> Lè sa a yo konprann ke se pa te ledven pen an ke li te di yo pran prekosyon yo, men se sou doktrin farizyen yo ak sadiseyen yo.

## Pyè rekònèt Yéhoshoua kòm Mesi a

<sup>13</sup> Yéhoshoua rive nan teritwa Sezare Filip, li mande disip li yo, li di : « Ki moun yo di m' ye, mwen menm, Pitit lèzòm nan ? »<sup>14</sup> Yo di l' : « Gen moun ki di ou se Yohanàn (Jan) Batis ; gen lòt, Eliyah (Eli), e lòt yo Yirmeyah (Jeremi) oubyen yon nan pwofèt yo. »<sup>15</sup> Li di yo : « E nou menm ki moun nou di ke m' ye ? »<sup>16</sup> Shim'ôn (Simon) Pyè

## Matye

reponn e li di : « Ou se Mashiah a.

Mashiah a, Pitit Bondye ki vivan an. »<sup>17</sup> E Yéhoshoua reponn li e li di : « Ou beni, Shim'ôn (Simon) pitit Yonah (Jonas), paske se pa lachè ak san ki te revele ou sa, men Papa m' ki nan syèl la. »

## Yéhoshoua bati legliz li a

<sup>18</sup> « E mwen menm, m' di ou ou se Pyè, epi sou Wòch sa a, m'ap bati legliz mwen an, epi pòt lanfè a pap ka domine kont li.<sup>19</sup> M'ap ba ou kle Wayòm syèl la ; epi tout sa w'ap mare sou latè a, ap mare nan syèl la, epi tout sa w'ap lage sou latè, ap lage nan syèl la. »<sup>20</sup> Lè sa a, li rekòmande avèk fòs disip li yo pou yo pa di pesonn ke li te Yéhoshoua,

## Yéhoshoua anonse lanmò li ak rezirèksyon li

<sup>21</sup> Depi lè sa a, Yéhoshoua te kòmanse deklare disip li yo ke li te dwe ale Yeroushalaim (Jerizalèm), ke l'ap soufri anpil nan men ansyen yo, chèf prèt yo ak skrib yo, ke y'ap fè l' mouri e l'ap resisite twazyèm jou a.<sup>22</sup> Men Pyè pran l' sou kote, li te reprann li, li di l' konsa : « Senyè, gen mizerikòd pou ou mem, sa pap rive ou ! »<sup>23</sup> Men, li menm li tounen, li di Pyè : « Wete kò ou deyè m' Satan ! Ou se yon eskandal pou mwen, paske ou pa panse ak bagay Bondye, men ak sa imen yo. »

## Matye

### Renonse ak ou menm

<sup>24</sup> Lè sa a, Yéhoshoua di disip li yo : « Si yon moun vle vini apre m', se pou li renonse ak li menm epi pou l' chaje kwa l', epi swiv mwen. <sup>25</sup> Paske, nenpòt moun ki vle sove lavi l' ap pèdi l', men nenpòt moun k'ap pèdi lavi l' poutèt lanmou pou mwen, l'ap jwenn li. <sup>26</sup> Kisa sa ta sèvi yon imen pou l' ta genyen lemonn antye, si l' pèdi lavi l' ? Oubyen kisa yon imen t'ap bay an echanj nanm li ? <sup>27</sup> Paske Pitit lèzòm lan dwe vini nan laglwa Papa l' avèk zanj li yo, e lè sa a l'ap bay chak moun dapre zèv yo. <sup>28</sup> Amen, m'ap di nou, kèk nan nou ki prezant isit la, pap janm goute

lanmò, non jouk yo wè Pitit lèzòm lan vini nan rèy li. »

### 17 Transfigurasyon

#### Yéhoshoua Mashiah

#### (Yéhoshouakri)

Sis jou apre sa, Yéhoshoua pran Pyè, Yaacov (Jak) ak frè li Yohanan (Jan), li te kondui yo sou kote sou yon mòn byen wo. <sup>2</sup> E li te transfigure devan yo, figi l' te klere tankou solèy la epi rad li te vin blan tankou limyè. <sup>3</sup> Epi Moshè (Moyiz) ak Eliyah (Eli) te parèt devan yo, yo t'ap pale avèk li. <sup>4</sup> Lè sa a Pyè pran lapawòl, li di Yéhoshoua : « Senyè, sa bon pou nou isit la. An nou fè si ou vle, twa tabènak, yonn pou ou, yonn

## Matye

pou Moshè (Moyiz) ak yon pou Eliyah (Eli). »<sup>5</sup> Antan li t'ap pale ankò, men yon nwaj byen klere vin kouvrì yo avèk lonbraj li. Epi yon vwa sòti nan nwaj la, li di pawòl sa yo : « Sa se ptit byenneme m' lan, nan ki m' pran bon plezi m' : Koute l' ! »<sup>6</sup> Lè disip yo tande vwa sa a, yo te tonbe figi fas atè e yo te sezi ak anpil pè.<sup>7</sup> Men, Yéhoshoua pwoche, li manyen yo e li di : « Leve, nou pa bezwen pè. »<sup>8</sup> Yo leve je yo, yo pa te wè pesonn eksepte Yéhoshoua pou kont li.<sup>9</sup> Antan yo t'ap desann mòn lan, Yéhoshoua te ba yo lòd sa a, li di : « Pa pale ak pesonn sou vizyon sa a, jouk Ptit lèzòm nan resisite

nan lanmò. »<sup>10</sup> Epi disip li yo poze l' kesyon, yo t'ap di : « Poukisa skrib yo di se pou Eliyah (Eli) vin premyèman ? »<sup>11</sup> Epi Yéhoshoua reponn e li di : « Se vre Eliyah (Eli) ap vini premyèman e l'ap restore nan leta inisyal tout bagay.<sup>12</sup> Men, m' di nou Eliyah (Eli) déjà vini e yo pa te rekonèt li, men yo te trete l' jan yo te vle. Se konsa, Ptit lèzòm nan dwe soufri nan men yo tout. »<sup>13</sup> Lè sa a, disip yo konprann ke se te sou Yohanan (Jan) Batis li t'ap pale yo.

## Enkredilité disip yo

<sup>14</sup> Lè yo te rive bò foul la, yon nonm pwoche bò kote l' e, li tonbe ajenou devan l',<sup>15</sup> li di : « Senyè, gen

## Matye

pitye pou pitit mwen an ki pa stab nan tanperaman l' e li aflije ak mizè, paske li tonbe souvan nan dife osinon nan dlo.<sup>16</sup> M' te prezante l' bay disip ou yo, men yo pa t' kapab geri l'. »

<sup>17</sup> Yéhoshoua reponn e li di : « O jenerasyon enkredil ak defòme ! Jouk kilè m'ap avek nou ? Jouk kilè m'ap sipòte nou ? Mennen l' isit la. »<sup>18</sup> Yéhoshoua pale sevè ak demon an, ki sòti nan li, epi menm lè a timoun lan geri.<sup>19</sup> Lè sa a, disip yo te pwoche bò kote Yéhoshoua, yo mande l' an patikilye : « Poukisa nou pa te kapab chase l' ? »<sup>20</sup> Yéhoshoua di yo : « Se akòz enkredilite nou. Amen m'ap di nou, si nou gen lafwa tankou yon

grenn moutad, n'ap di mòn sa a : « Transpòte ou isit la », e li t'ap transpòte tèt li ; epi anyen pa ta enposib pou nou.<sup>21</sup> Men ras sa a, sòti ke pa lapriyè epi jèn. »

## Yéhoshoua anonse ankò lanmò l' ak rezirèksyon l' pou disip li yo

<sup>22</sup> Kòm yo te nan peyi Galile, Yéhoshoua di yo : « L'ap rive ke Pitit lèzòm nan ap livre nan men lèzòm yo,<sup>23</sup> e l'ap fè l' mouri, men twazyèm jou a l'ap resisite. » E yo te tris anpil.

## Yon pyès lajan nan bouch yon pwason

<sup>24</sup> Lè yo rive Kapènawòm, sa yo ki t'ap ranmase pyès lajan an mande Pyè, e yo di l' : « Doktè nou an pa peye

## Matye

de pyès lajan an ? »<sup>25</sup> « Wi », li di. E lè li antre nan kay la, Yéhoshoua pran devan l', li di l' : « Shim'ôn (Simon) kisa ou panse ? Wa yo ki sou latè a, nan men ki moun yo jwenn kontribisyon yo ak enpo yo ? Èske se nan men ptit yo, osinon nan men etranje yo ? »<sup>26</sup> Pyè di l' : « Etranje yo. » Yéhoshoua di l' : « Timoun yo eggzante. »<sup>27</sup> Men, pou nou pa skandalize yo, ale nan lanmè a, jete zen an, epi pran premye pwason k'ap vini an ; louvri bouch li, w'ap jwenn yon pyès lajan. Pran l' epi bay li pou mwen ak ou. »

## 18 Imilite, sekrè vre

## grandè a

Lè sa a, disip yo pwoche bò kote Yéhoshoua, yo di l' : « Ki moun ki pi gran nan Wayòm syèl la ? »<sup>2</sup> E Yéhoshoua rele yon timoun, li mete l' nan mitan yo,<sup>3</sup> epi li di yo : « Amen, m'ap di nou, si nou pa konvèti epi si nou pa tounen tankou timoun piti yo, nou pap antre nan Wayòm syèl la.<sup>4</sup> Se poutèt sa, nenpòt moun ki va abese tèt li tankou timoun piti sa a, se li ki pi gran nan Wayòm syèl la.<sup>5</sup> Nenpòt moun ki resevwa nan Non m' yon timoun piti tankou sa a, li resevwa m'.

## Skandal yo ak okazyon chite yo

<sup>6</sup> « Si yon moun ta yon

## Matye

okazyon chite pou yon nan timoun piti sa yo ki kwè nan mwen, li ta pi avantaje pou li pou yo mare nan kou l' yon moulen bourik epi yo neye l' nan fon lanmè a.<sup>7</sup> Malè pou mond lan akòz skandal yo ! Paske li nesesè pou skandal yo rive, men malè pou moun pa ki eskandal la vini !<sup>8</sup> Si men ou oubyen pye ou se pou ou yon okazyon chite, koupe yo epi jete yo lwen ou. Paske li bi bon pou ou antre bwete oubyen enfim nan lavi a pase ou gen de pye oubyen de men ou, epi pou ou jete nan dife etènèl la.<sup>9</sup> Si je ou se pou ou se yon okazyon chite, rache l' epi jete l' lwen ou . Paske li bi bon pou ou antre nan lavi

a avèk yon sèl gress je, pase ou gen de je ou epi ou jete nan jeyèn lan.<sup>10</sup> Piga nou meprize yon sèl nan piti sa yo, paske m'ap di nou nan syèl la zanj pa yo wè toutan fas Papa m' ki nan syèl la.<sup>11</sup> Paske, Pitit lèzòm nan vini pou sove sa ki te pèdi. »

## Parabòl brebi pedi a

<sup>12</sup> « Sa nou panse ? Si yon nonm gen san brebi, epi yon ladan yo pedi, èske li pap kite katrevendiznèf yo sou mòn yo pou li ale chache sa ki pèdi a ?<sup>13</sup> Si l' rive li jwenn li, Amen, m'ap di nou, l'ap rejwi plis pase pou katrevendiznèf yo ki pa t' pèdi.<sup>14</sup> Konsa tou, se pa volonté Papa nou ki nan syèl la pou yon sèl nan pitit

## Matye

li yo peri. »

### Disiplin nan asanble yo

<sup>15</sup> « Si frè ou peche kont ou, ale epi reprenan l' ant ou menm ak li sèl. Si l' koute ou, ou genyen frè ou. <sup>16</sup> Men, si l' pa koute ou, pran ankò avèk ou yon osinon de pesonn, konsa nan bouch de oubyen twa temwen, tout pawòl ap fèm. <sup>17</sup> Si l' refize koute yo, di legliz la sa ; epi si l' refize koute legliz la, se pou l' pou ou kòm yon payen ak yon pibliken. <sup>18</sup> Amen, m'ap di nou, tout sa n'ap mare sou latè a, ap mare nan syèl la epi tou sa n'ap lage sou latè a, ap lage nan syèl la. <sup>19</sup> M'ap di nou ankò, si de nan nou mete nou dakò sou latè a, tout sa y'ap mande y'ap jwenn li

nan men Papa m' ki nan syèl la. <sup>20</sup> Paske, kote de ou twa rasanble nan Non m', mwen nan mitan yo. »

### Padonnen

<sup>21</sup> Lè sa a, Pyè pwoche li di l' : « Senyè, konbe fwa m'ap padonnen frè m', lè l'ap peche kont mwen ? Jouk sèt fwa ? » <sup>22</sup> Yéhoshoua di l': « Mwen pa di ou sèt fwa, men jouk swasanndis fwa sèt fwa. »

### Parabòl wa a ak mechan sèvitè a

<sup>23</sup> Wayòm syèl la sanble ak yon imen, yon wa ki te vle fè esklav li yo rann li kont.

<sup>24</sup> Lè li t'ap konte, yo te prezante l' yon ki te dwe l' 10 000 talan. <sup>25</sup> Paske l' pa t' gen kichòy pou peye, mèt

## Matye

li a te bay lòd pou yo vann li, li menm, madanm li, pitit li yo ak tout sa l' te genyen, epi pou dèt la peye.<sup>26</sup> Men esklav sa a jete l' nan pye l', li sipliye l', li di : « Senyè, gen pasyans pou mwen e m'a rann ou tout.<sup>27</sup> Lè sa a mèt esklav sa a, touche avèk konpasyon, lage l', epi li te remèt li dèt la.<sup>28</sup> Men esklav sa a sòti, li kontre yon nan konpayon sèvis li, ki te dwe l' 100 talan. Lè li kenbe l', li trangle l', li di l' : « Peye m' sa ou dwe m' lan. »<sup>29</sup> Men konpayon sèvis li a jete l' nan pye l', li sipliye l' li di l' : « Gen pasyans avè m' epi m'ap peye ou tout. »<sup>30</sup> Men, li menm li pa te vle, e li ale jete l' nan prizon, jouk

lè li fin peye dèt la.<sup>31</sup> Lòt konpayon sèvis li yo, lè yo wè sa ki te rive, yo te tris anpil e y'al rakonte mèt la tout sa ki te pase.<sup>32</sup> Lè sa a, mèt la fè l' vini, li di l' : « Mechan esklav ! Mwen te remèt ou dèt ou a an antye, paske ou te sipliye m' ;<sup>33</sup> èske ou pa te dwe gen pitye pou konpayon sèvis ou a, menm jan m' te gen pitye pou ou ? »<sup>34</sup> Epi mèt li a te kòlè, li livre l' bay bouro yo, jouk lè li fin peye tout sa l' te dwe a.<sup>35</sup> Se konsa Papa nou ap fè nou, si nou pa padonnen ak tout kè nou, chak frè nou fòt li yo. »

## 19 Yéhoshoua anseye sou maryaj ak divòs

Li rive lè Yéhoshoua te

## Matye

fin di diskou sa yo, li kite Galile e li ale nan teritwa Jide, ki lòt bò Yarden (Jouden) an.<sup>2</sup> E gwo foul t'ap swiv li, epi lè sa a li geri yo.<sup>3</sup> Lè sa a, farizyen yo te vin jwenn li pou yo te eprouve l', yo te di l' : « Èske li pèmèt pou yon nonm kite madanm li pou nenpòt ki kòz li ye ? »<sup>4</sup> E li reponn, li di yo : « Èske nou pa te li ke Moun ki te fè yo a depi kòmansman an, te fè yo mal ak femèl,<sup>5</sup> epi li te di : « Se poutèt sa, nonm lan ap kite papa l' ak manman l' l'ap kole ansanm ak madanm li, tout de pral yon sèl chè » ?<sup>6</sup> konsa yo pap de, men yon sèl chè. Se pou pesonn pa separe sa Bondye te mete ansanm anba yon jouk. »<sup>7</sup> Yo di l' : « Poukisa, Moshè (Moyiz) te kòmande pou bay yon lèt divòs epi kite l' ? »<sup>8</sup> Li di yo : « Se akòz kè nou di kifè Moshè (Moyiz) te pèmèt nou kite madanm nou, men depi nan konmansman an, li pa te konsa.<sup>9</sup> Men mwen menm, m' di nou, moun k'ap kite madanm li, si se pa pou relasyon seksyel illicit, epi ki marye ak yon lòt komèt yon adiltè, epi moun k'ap marye ak yon madanm yo kite komèt yon adiltè. »<sup>10</sup> Disip li yo di l' : « Si se kondisyon nonm lan envè madanm li, li pa bon nou marye. »<sup>11</sup> Men li reponn yo : « Tout moun pa resevwa pawòl sa a, men sa

## Matye

yo ki jwenn sa.<sup>12</sup> Paske, gen enik ki fêt konsa nan vant manman yo, epi gen enik ki fè tèt yo chatre pa imen yo akòz Wayòm syel la. Se pou moun ki kapab resevwa sa, resevwa l' ! »

### Yéhoshoua ak timoun yo

<sup>13</sup> Lè sa a, yo mennen bay li timoun piti, pou li te poze men l' sou yo epi lapriyè. Men, disip yo t'ap reprann yo.<sup>14</sup> E Yéhoshoua di yo : « Kite timoun piti yo, pa anpeche yo vin jwenn mwen, paske Wayòm syèl la se pou sa yo ki sanble yo. »<sup>15</sup>. Apre sa, li poze men l' sou yo, epi l' pati la.

### Jenn nonm rich la

<sup>16</sup> Epi konsa, yon moun pwoche bò kote l', li di l' :

« Bon Dòktè, kisa pou m' fè ki bon pou m' gen lavi etènèl ?<sup>17</sup> Li di l' : « Poukisa ou rele m' bon ? Pesonn bon si se Bondye sèl. Si ou vle antre nan lavi a, kenbe kòmandman yo. »<sup>18</sup> Li di l' : « Kilès ? » E Yéhoshoua reponn li : « Piga ou touye. Pinga ou kòmèt adiltè. Pinga ou pa volè. Pinga ou di fo temwayaj.<sup>19</sup> Onore papa ou ak manman ou. Epi w'ap renmen pwochen ou tankou tèt ou.<sup>20</sup> Jenn nonm nan di l' : « Mwen gade tout bagay sa yo depi nan jenès mwen. Kisa ki manke m' ankò ? »<sup>21</sup> Yéhoshoua di l' : « Si ou pafè, ale, vann sa ou genyen an, epi bay pòv yo, epi w'ap genyen yon trezò nan syèl

## Matye

la. Apre vini e swiv mwen. »<sup>22</sup> Men, lè jenn nonm lan tandé pawòl sa yo, li te ale tout tris, paske li te gen anpil pwopriyete.<sup>23</sup> Lè sa a, Yéhoshoua di disip li yo : « Amen, m'ap di nou, yon rich ap antre ak anpil difikilte nan Wayòm syèl la.<sup>24</sup> M'ap di nou ankò : Li pi fasil pou yon chamo pase nan yon je zegwi ke pou yon rich antre nan Wayòm Bondye a. »<sup>25</sup> Disip li yo, lè yo te tandé bagay sa yo, yo te choke anpil, yo t'ap di : « Ki moun ki kapab sove ? »<sup>26</sup> E Yéhoshoua gade yo, li di yo : « Pou imen yo li enposib, men pou Bondye tout bagay posib. »

<sup>27</sup> Pyè pran lapawòl, li di l' : « Gade, nou kite tout bagay e nou swiv ou. Kisa ki pral rive nou ? »<sup>28</sup> Yéhoshoua di yo : « Amen m'ap di nou, nou menm ki te swiv mwen : lè Nouvel Nesans lan, lè Ptit lèzòm nan, pral chita sou twòn glwa li, noun menm tout nou pral chita sou douz twòn, ap jiye douz tribi Izrayèl la.<sup>29</sup> Nenpòt moun k'ap kite oswa kay, oswa frè, oswa sè, oswa papa, oswa manman, oswa madanm, oswa pitit, oswa tè, poutèt Non m', l'ap resevwa san fwa parèy, e l'ap eritye lavi etènèl.<sup>30</sup> Men anpil premye yo ap dènye, epi anpil dènye yo, premye. »

## Reponpans disip Mesia a

## Matye

### 20 Parabòl ouvriye yo

« Paske Wayòm syèl la sanble se yon imen, yon mèt kay ki sòti depi granmaten pou l' lwe ouvriye pou jaden rezen li an.<sup>2</sup> Li antann li ak ouvriye yo pou yon denye pou yon jou, li voye yo nan jaden rezen li an.<sup>3</sup> Lè li sòti vè trwazyèm lè a, li te wè lòt ki te sou plas mache a, san travay.<sup>4</sup> Li di yo : « Ale nan jaden rezen m' lan e m'a bay nou sa ki jis. »<sup>5</sup> Epi yo te ale. Apre sa, li sòti ankò vè sisyèm lè a epi vè nevyèm lè a, e li te fè menm bagay la.<sup>6</sup> Lè li te sòti vè onzyèm lè a, li te jwenn lòt ki te la san travay e li di yo : « Poukisa nou rete tout jounen an isit la san

travay ? »<sup>7</sup> Yo di l' : « Paske pesonn pa te lwe nou. » E li di yo : « Ale, nou menm tou nan jaden rezen m' lan, e n'ap resevwa sa ki jis. »<sup>8</sup> Lè aswè vini, mèt jaden rezen an di jeran l' lan : « Rele ouvriye yo, peye yo salè yo, kòmanse pa dènye yo jouk sou premye yo. »<sup>9</sup> Lè sa a sa yo ki te lwe vè onzè vini, e yo resevwa yo chak yon denye.<sup>10</sup> Lè premye yo vin rive, yo te panse yo tapral resevwa plis, men yo te resevwa tou yo chak yon denye.<sup>11</sup> Lè yo resevwa l', yo te bougonnen kont mèt kay la,<sup>12</sup> yo t'ap di : « Dènye sa yo travay inè de tan, epi ou fè yo egal ak nou ki te sipòte pwa jou a ak

## Matye

chalè a. »<sup>13</sup> Li reponn yon nan yo e li di l' : « Zanmi m, m' pa fè ou tò. Èske ou pa te tonbe dakò avè m' pou yon denye ?<sup>14</sup> Pran sa ki pou ou epi ale. Men si m' vle bay dènye sa a menm valè avèk ou,<sup>15</sup> èske m' pa gen dwa fè sa m' vle ak byen m' yo ? Je ou move paske m' bon ? »<sup>16</sup> Konsa, dènye yo ap premye, epi premye yo ap dènye. Paske gen anpil yo rele, men yon ti kras ki eli. »

### **Yéhoshoua anonsé lanmò l' ankò ak rezirèksyon l' pou disip li yo**

<sup>17</sup> Pendan, Yéhoshoua t'ap monte Yeroushalaim (Jerizalèm), li pran apa douz disip li yo, e li di yo nan chemen an :<sup>18</sup> « Men,

n'ap monte Yeroushalaim (Jerizalèm), epi Pitit lèzòm nan pral livre nan men prensipal prêt yo ak eskrib yo. Epi y'ap kondannen l' amò.<sup>19</sup> Y'ap livre l' bay nasyon yo pou yo pase l' nan rizib, pou yo chatye l' ak fwèt, epi krisifye l', apre twa jou l'ap resisite. »

### **Yéhoshoua reponn kesyon manman Yaacov (Jak) ak Yohanan (Jan)**

<sup>20</sup> Lè sa a, manman pitit Zabdi (Zebede) yo pwoche bò kote l' ak pitit li yo, li adore l' li mande l' yon bagay.<sup>21</sup> E li di l' : « Kisa ou vle ? » Li di l' : « Bay lòd pou de pitit mwen yo, ki isit la, chita yon sou bò dwat ou lòt la sou bò gòch ou, nan Wayòm ou a. »<sup>22</sup>

## Matye

Epi Yéhoshoua reponn e li di : « Nou pa konnen sa n'ap mande. Èske nou kapab bwè koupe m' gen pou m' bwè a, epi batize avèk batèm m' dwe batize a ? » Yo di l' : « Nou kapab. »<sup>23</sup> Li di yo : « Se vre, n'ap bwè koupe mwen an epi n'ap baptize avèk batèm m' dwe batize a. Men, kanta pou chita sou bò dwat mwen osinon sou bò gòch mwen, mwen ka bay sa sèlman pou ki sa ta prepare pa Papa m'.<sup>24</sup> Dis yo lè yo tandé sa, yo te gen endiyasyon kont de frè yo.<sup>25</sup> Men Yéhoshoua rele yo, li di yo : « Nou konnen chèf nasyon yo domine sou yo tankou mèt epi gran yo fè yo santi otorite yo.<sup>26</sup> Men,

sa pap konsa nan mitan nou. Okontré, si yon moun vle vin gran nan mitan nou, se pou li sèvitè nou,<sup>27</sup> epi si yon moun vle premye nan mitan nou, se pou l' esklav nou.<sup>28</sup> Menm jan, ptit lézòm nan pa vini pou moun sèvi l', men pou sèvi epi bay lavi l' pou li yon ranson pou anpil. »

## Yéhoshoua te geri de avèg

<sup>29</sup> Kòm yo t'ap pati Yeriycho (Jeriko), yon gwo foul t'ap swiv li.<sup>30</sup> Te gen de avèg ki te chita bò chemen an, yo te tandé Yéhoshoua t'ap pase, yo te kriye yo t'ap di : « Senyè, ptit David la ! Gen pitye pou nou ! »<sup>31</sup> Epi foul la t'ap reprann yo pou fè yo pe bouch yo, men, yo t'ap rele

## Matye

pi fò : Senyè, ptit David la, gen pitye pou nou! <sup>32</sup> Lè li rete, Yéhoshoua rele yo e li di yo : « Kisa nou vle m' fè pou nou ? » <sup>33</sup> Yo di l' : « Senyè, ke je nou louvri ! » <sup>34</sup> Yéhoshoua te touche ak konpasyon, li touche je yo, menm lè a yo wè, epi yo swiv li.

### 21 Yéhoshoua antre nan Yeroushalaim (Jerizalèm)

Lè yo te pwoche Yeroushalaim (Jerizalèm), epi yo rive Betfaje, sou mòn Oliv la, Yéhoshoua te voye de disip, <sup>2</sup> li te di yo : « Ale nan vilaj ki devan nou an, epi menm lè a n'ap jwenn yon bourik mare, ak jenn ti bourik li a avè l'. Lage yo epi mennen yo ban mwen. <sup>3</sup>

E si yon moun di nou yon bagay, n'ap di yo Senyè a bezwen l'. Lamenm l'ap lese yo ale. » <sup>4</sup> Tout bagay sa yo rive konsa sa te akonpli sa ki te anonse pa pwofèt la, lè li te di : <sup>5</sup> « Di ptit fi Siyon an : « Gade, men Wa ou an ap vin jwenn ou, plen ak doucè epi li monte sou yon bourik, yon ti bourik, ptit yon jenn ti bourik. » <sup>6</sup> Epi disip yo ale, yo fè sa Yéhoshoua te bay yo lòd fè. <sup>7</sup> Yo te mennen bourik la ak jenn ti bourik la, epi yo mete rad yo sou yo, epi yo chita sou li. <sup>8</sup> Lè sa a pi fò nan foul la tann rad yo sou chemen an, pandan lòt yo t'ap koupe branch nan pye bwa yo epi yo t'ap etann yo sou

## Matye

chemen an.<sup>9</sup> Epi foul yo ki t'ap mache devan ak sa yo ki t'ap swiv, t'ap krye yo t'ap di : « Ozana pou Pitit David la ! Benediksyon pou moun ki vini nan Non Senyè a ! Ozana anwo nan syèl la ! »<sup>10</sup> Lè li antre nan Yeroushalaim (Jerizalèm), tout lavil la te touche, yo t'ap di : « Ki moun nonm sa a yè ? »<sup>11</sup> E foul yo t'ap di : « Se Yéhoshoua, pwofèt Nazarèt la, nan Galile. »

### **Yéhoshoua chase tout machann yo nan tanp lan**

<sup>12</sup> Epi Yéhoshoua te antre nan tanp Bondye a. E li chase deyò tout sa yo ki t'ap vann epi ki t'ap achte nan tanp lan, e li ranvèse tab chanjè yo epi chèz vandè pijon yo.<sup>13</sup> Epi li di yo :

« Li ekri : « Kay mwen an ap rele yon kay lapriyè. » Men nou menm nou fè l'tounen yon twou vòlè. »<sup>14</sup> Lè sa a, avèg yo ak bwete yo pwoche bò kote l' nan tanp lan. Epi li geri yo.<sup>15</sup> Men, chèf prêt yo ak skrib yo te nan kòlè lè yo te wè bagay mèveye li t'ap fè, ak timoun ki t'ap rele nan tanp lan e ki t'ap di : « Ozana pou pitit David la ! »<sup>16</sup> Epi yo t'ap di l' : « Èske ou tande sa y'ap di ? » « Wi », Yéhoshoua di yo. « Èske nou pa janm li : « Ou rale lwanj nan bouch timoun yo, ak sa yo ki nan tete » ? »<sup>17</sup> Lè li kite yo, li te sòti nan lavil la, pou li ale Betani, e li te pase lannwit lan.

## Matye

### Pye fig frans esteril la

<sup>18</sup> Nan maten, kòm li t'ap retounen lavil la, li te vin grangou.<sup>19</sup> Li te wè yon pye fig frans sou chemen an, li te pwoche l', men li te jwenn ke fèy yo, epi li di l' : « Se pou okenn fwi pa janm fêt nan ou, pou tout tan ! » Menm lè a, pye fig frans lan cheche.<sup>20</sup> Disip yo ki te wè sa te etone, yo di : « Kouman pye fig frans sa a fè vin chèch nan yon moman ? »<sup>21</sup> Yéhoshoua reponn yo : « Amen m'ap di nou, si nou te gen lafwa epi nou pa te ezite, non sèlman nou pral fè sa ki te fêt pou pye fig frans sa a, men lè n'ap di mòn sa a : « Wete kò ou la epi jete ou nan lanmè a, sa t'ap rive. »<sup>22</sup>

Tout sa n'ap mande nan lapriyè, si nou kwè n'ap resevwa l'. »

### Enkredilite chèf prêt yo ak ansyen yo

<sup>23</sup> Lè sa a, li te ale nan tanpan, chèf prêt yo ak ansyen pèp la vin jwenn li, pandan ke li t'ap anseye, e yo di l' : « Avèk ki otorite ou fè bagay sa yo epi ki moun ki ba ou otorite sa a ? »<sup>24</sup> Yéhoshoua reponn yo, li di : « Mwen menm tou m'ap poze nou kesyon : yon sèl pawòl ! Epi si nou reponn mwen, m'ap di nou avèk ki otorite m' fè bagay sa yo.<sup>25</sup> Batèm Yohanàn (Jan) an, kote li te sòti ? Nan syèl la, oubyen nan imen yo ? Men, yo t'ap rezone ant yo : « Si nou di :

## Matye

« Nan syèl la, l' ap di : « Poukisa nou pa te kwè l' ?  
<sup>26</sup> Epi si nou di : « Nan imen yo », nou dwe gen krentif pou foul la, paske tout pran Yohanan (Jan) pou yon pwofèt. » <sup>27</sup> konsa yo reponn Yéhoshoua, yo di : « Nou pa konnen ! » Epi li di yo : « Mwen menm tout, m' pap di nou avèk ki otorite m'ap fè bagay sa yo. »

## Parabòl de ptit gason yo

<sup>28</sup> « Men, kisa nou panse de sa ? Yon nonm te gen de timoun. Li pale ak premye a, li te di l' : « Ptit mwen, ale travay jodi nan pye rezen m' nan. » <sup>29</sup> Li te reponn e li di : « Mwen pa vle ale. » Apre sa, li te repanti epi li ale. <sup>30</sup> Li pale

ak lòt la, li di l' menm bagay la. Li reponn e li di : « Mwen vle Senyè ». Epi li pa te ale. <sup>31</sup> Kilès nan de yo te fè volonte papa a ? » Yo te di l' : « Premye a. » Yéhoshoua di yo : « Amen, m'ap di nou, piblik yo ak pwostitye yo ap devanse nou nan Wayòm Bondye a. <sup>32</sup> Paske Yohanan (Jan) Batis vin jwenn nou nan wout jistis la, epi nou pa te kwè l'. Men, piblik yo ak fanm nan debòch yo te kwè nan li. Epi nou menm, ki te wè sa, nou pa te repanti pou nou kwè nan li. »

## Parabòl kiltivatè rezen yo

<sup>33</sup> « Koute yon lòt parabòl : Te gen yon nonm, yon mèt kay, ki te plante yon jaden rezen, epi li te me mete

## Matye

otou l' yon kloti, epi li te fouye yon two pou yon près e li te bati yon gwo kay tout won. Epi li te lwe l' bay kiltivatè rezen yo, epi li te pati nan yon peyi byen lwen.<sup>34</sup> Lè tan fwi yo te pwoche, li te voye esklav li yo kote kiltivatè rezen yo, pou resevwa fwi l' yo.<sup>35</sup> Men, kiltivatè rezen yo te mete men sou esklav li yo, yo bay yon kout fwete, yo touye yon lòt, epi yon kalonnen ak wòch twazyèm lan.<sup>36</sup> Li te voye lòt esklav ankò, ki te plis pase premye yo, epi yo te fè yo menm jan.<sup>37</sup> Finalman, li te voye kote yo pitit gason l', li di : « Y'ap gen respè pou pitit gason m' nan. »<sup>38</sup> Men, lè kiltivatè rezen yo te wè pitit

gason an, yo te di ant yo : « Men eritye a. Vini ann nou touye l' epi ann pran eritaj li a ! »<sup>39</sup> Yo te mete men sou li, yo te jete l' deyò jaden rezen an, epi yo touye l'.<sup>40</sup> Lè mèt jaden rezen an ap vini, kisa l'ap fè kiltivatè rezen sa yo ? »<sup>41</sup> Yo te di l': « L'ap fè peri mechan sa yo, epi l'ap lwe jaden rezen an bay lòt kiltivatè rezen, ki pral rann li fwi yo nan sezon yo. »<sup>42</sup> Yéhoshoua di yo : « Èske nou pa janm li nan Ekriti yo : « Wòch ki te voye jete pa sa yo ki t'ap bati a, tounen wòch ki kenbe kay la. Se pa Senyè a ke li tounen l', e li se yon mèveye nan je nou. »<sup>43</sup> Se poutèt sa, m'ap di nou

## Matye

Wayòm Bondye a ap retire nan men nou, y'ap bay yon nasyon k'ap rann fwi yo.<sup>44</sup> Moun k'ap tonbe sou wòch sa a, ap kraze ladan l', epi sou moun l'ap tonbe ap kraze. »<sup>45</sup> Lè yo fin tandé parabòl sa yo, chèf prèt yo ak farizyen yo konprann ke li t'ap pale sou yo.<sup>46</sup> Epi yo t'ap chache mete men sou li, men yo te pè foul yo, paske l' te pran l' pou yon pwofèt.

## 22 Parabòl nòs la

Lè sa a Yéhoshoua pran lapawòl, li pale yo ankò an parabòl, epi li di :<sup>2</sup> « Wayòm syèl la sanble ak yon imen, yon wa ki te fè nòs pou pitit gason l'.<sup>3</sup> Li te voye esklav li yo pou rele

sa yo ki te envite nan nòs la, men yo pa te vle vini.<sup>4</sup> Li te voye lòt esklav, li di yo : « Di envite yo : Gade m' prepare festen m'; bèf mwen yo ak lòt bèt gra m' yo touye e tout bagay pare ; vini nan nòs la. »<sup>5</sup> Men, yo pa fè ka envitasyon an, yon ale, yon nan jaden l', lòt la nan trafik li.<sup>6</sup> Lòt yo te mete men sou esklav li yo, yo maltrete yo e yo touye yo.<sup>7</sup> Lè wa a tandé sa, li te fè kòlè ; li te voye twoup li yo, li fè peri asasen sa yo e li boule lavil yo a.<sup>8</sup> Epi li di esklav li yo : « Vrèman vre nòs la pare, men envite yo pa te merite sa.<sup>9</sup> Ale nan kafou yo, nan chemen yo, tout moun n'ap jwenn, rele yo nan nòs la. »<sup>10</sup> Konsa

## Matye

esklav yo ale nan chemen yo, epi yo rasanble tout sa yo te jwenn, move ak bon, epi nòs la te ranpli avèk moun ki te chita sou tab.<sup>11</sup> Epi wa a antre pou wè sa yo ki te chita sou tab, li te wè yon nonm ki pa te abiye ak rad nòs.<sup>12</sup> E li di l' : « Zanmi m', kouman ou fè antre isit la san ou pa genyen yon rad nòs ? Nonm sa a te gen bouch fèmen.<sup>13</sup> Lè sa a wa di sèvitè yo : « Mare pye l' yo ak men l' yo, mennen l' epi jete l' nan tenèb yo deyò a, kote k'ap gen kriye ak manje dan. »<sup>14</sup> Paske gen anpil yo rele, men tikras eli. »

## Taks bay Seza

<sup>15</sup> Lè sa a, farizyen yo t'ap

konsilte pou pran l' nan pyèj nan pwòp pawòl li yo.<sup>16</sup> E yo te voye bò kote l' disip yo ak patizan Ewòd yo, yo li : « Doktè, nou konnen ou vre epi w'ap anseye chemen Bondye nan verite a, epi ou pa konsidere pesonn paske, ou pa gade sou aparans moun.<sup>17</sup> Di nou sa ou panse : Èske li pèmèt pou nou peye taks bay Seza, ou non ?<sup>18</sup> Men, Yéhoshoua te konnen malis yo, li di : « Ipokrit ! Poukisa n'ap tante m' ?<sup>19</sup> Montre m' pyès lajan nou peye taks la. » Epi yo prezante l' yon pyès lajan.<sup>20</sup> Li mande yo : « Se ki moun pòtre ak enskripsyon ki sou li a ? »<sup>21</sup> « Se Seza », yo di l'. Lè sa a li di yo : « Bay Seza sa

## Matye

ki pou Seza, epi bay Bondye sa ki pou Bondye. »  
22 Lè yo te tandé sa, yo te nan admirasyon, epi yo kite l', yo ale.

### Ansèyman sou rezirèksyon an

23 Menm jou a, sadiseyen yo ki di pa gen rezirèksyon vini bò kot l' epi yo poze l' kesyon sa a: 24 yo di : « Doktè, Moshè (Moyiz) te di : « Si yon moun mouri san pitit, frè l' ap marye ak madanm li an e l'ap bay yon posterite pou frè l'. » 25 Te gen nan mitan nou sèt frè. Premye a marye, li mouri, e li pa te gen pitit, li lese madanm li pou frè l'. 26 Se te menm jan an pou dezyèm lan epi pou twazyèm lan, jouk sou

setyèm lan. 27 Apre yo tout, fanm lan mouri tou. 28 Lè rezirèksyon an, nan kilès nan sèt yo, l'ap madanm ? Paske yo tout te genyen l'. » 29 Men Yéhoshoua reponn, li di yo : « Nou egare, paske nou pa konnen ni Ekriti yo, ni pisans Bondye. 30 Paske lè rezirèksyon an lèzòm pap marye, yo pap bay fanm nan maryaj, men yo tankou zanj nan syèl la. 31 Pou rezirèksyon mò yo, èske nou pa li sa Bondye te deklare nou, lè li te di : 32 « Mwen se Bondye Abraram, Bondye Yitzhak (Izarak) ak Bondye Yaacov (Jakòb) ? » Bondye pa Bondye moun ki mouri, men moun ki vivan. » 33

## Matye

Foul yo ki t'ap koute te depann tou sa ki nan lalwa choke pa doktrin li an. ak pwofèt yo. »

### Pi gwo nan kèmandman yo

<sup>34</sup> Lè farizyen yo aprann ke Yéhoshoua te fèmen bouch sadiseyen yo, yo te sanble nan yon mem kote, <sup>35</sup> yon ladan yo ki te doktè lalwa, te poze l' kesyon pou eprouve l', li te di : <sup>36</sup> « Doktè, ki sa ki pi gran kèmandman nan lalwa a ? »

<sup>37</sup> Yéhoshoua di l' : « W'ap ou renmen Senyè a, Bondye ou ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout panse ou.

<sup>38</sup> Se premye a ak gran kèmandman an. <sup>39</sup> Men dezyèm lan ki sanble avèk li : W'ap renmen pwochen ou tankou ou renmen tèt ou.

<sup>40</sup> Nan de kèmandman sa yo

### Yéhoshoua poze farizyen yo kesyone sou Mesi a

<sup>41</sup> Antan farizyen yo te rasanble, Yéhoshoua te poze yo kesyon, <sup>42</sup> li di : « Kisa nou panse sou Mashiah a ? Pitit kilès li ye ? Yo di l' : « David. » <sup>43</sup> Li di yo : « Kòman David pa Lespri rele l' Senyè, lè li te di : <sup>44</sup> « Senyè a te di Senyè mwen an, chita sou bò dwat mwen, jouk tan m' mete lènmi ou yo pou marchepye anba pye ou » ? <sup>45</sup> Si David rele l' Senyè, kòman li se pitit li ? » <sup>46</sup> Pesonn pa t' kapab reponn li yon sèl mo. Depi jou sa a pesonn pa te oze poze l' kesyon.

## Matye

### 23 Yéhoshoua denonse skrib yo ak farizyen yo

Lè sa a Yéhoshoua pale ak foul la ansanm ak disip li yo,<sup>2</sup> li di : « Skrib yo ak farizyen yo chita nan chè Moshè (Moyiz).<sup>3</sup> Se pou nou fè epi obsève tout bagay yo di nou obsève, men, pa fè daprè zèv yo, paske y'ap di men yo pa fè.<sup>4</sup> Paske y'ap mare ansanm fado lou ak ensipòtab, epi yo mete l' sou zepòl moun, men yo pa vle brase yo ak ti pwent dwèt yo.<sup>5</sup> Yo fè tout zèv yo pou moun kapab wè yo. Konsa, yo pote gwo meday ki gen lalwa a make sou li ak long franj nan rad yo.<sup>6</sup> Yo renmen premye plas yo nan festen yo ak premye plas yo nan sinagòg

yo,<sup>7</sup> salitasyon yo sou plas mache epi pou moun rele yo : « Rabi ! Rabi ! »<sup>8</sup> Men nou memm, pa fè yo rele nou Rabi, paske se yon sèl ki gide nou, Mashiah a, epi nou tout se frè.<sup>9</sup> Pa rele pesonn sou latè « Papa nou », paske yon sèl se Papa nou, se sa ki nan syèl la.<sup>10</sup> Pa fè nonpli yo rele nou gide, paske Mesia sèl se gide nou.<sup>11</sup> Men moun ki pi gran nan mitan nou an, se pou li sèvitè nou.<sup>12</sup> Nenpòt moun ki leve tèt li, y'ap desann li e nenpòt moun ki desann tèt li, y'ap leve l'.<sup>13</sup> Men malè pou nou, skrib ak farizyen ipokrit ! Paske nou fèmen Wayòm syèl la pou moun yo ; nou pa antre nou

## Matye

menm, epi nou pa lese antre sa yo ki vle antre.<sup>14</sup> Malè pou nou, skrib ak farizyen ipokrit ! Paske n'ap devore kay vèv yo, pandan n'ap fè pretèks fè long priyè, se poutèt sa, n'ap resevwa yon pi gwo kondanasyon.<sup>15</sup> Malè pou nou menm, skrib ak farizyen ipokrit ! Paske n'ap kouri lanmè a ak latè a pou fè yon proselyte, epi lè li tounen yon, nou fè li yon ptit gason jeyèn lan, de fwa pi mal pase nou.<sup>16</sup> Malè pou nou kondiktè avèg k'ap di : « Si yon moun sèmante sou tanp lan, se pa anyen, men, si yon moun sèmante sou lò tanp lan, li angaje. »<sup>17</sup> Ensanse epi avèg ! Kisa ki pi gran, lò a, oubye tanp lan ki sanktifye lò a ?<sup>18</sup> « Si

yon moun sèmante sou lòtèl la, se pa anyen, men sa ki sèmante sou ofrann ki sou li a, li angaje. »<sup>19</sup> Ensanse epi avèg ! Kisa ki pi gran, ofrann lan, osinon lòtèl la ki sanktifye ofrann lan ?<sup>20</sup> Moun ki sèmante sou lòtèl la, sèmante sou lòtèl la ak tout sa yo ki sou li;<sup>21</sup> moun ki sèmante sou tanp lan, sèmante sou tanp lan epi pa sa yo ki rete ladan,<sup>22</sup> epi moun ki sèmante sou syèl la, sèmante sou twòn Bondye a epi pa moun ki chita sou li.<sup>23</sup> Malè pou nou, skrib ak farizyen ipokrit ! Paske nou paye ladim mant lan, lanni an ak kimen an ; epi nou lese bagay yo ki pi enpòtan nan lalwa a, ki vle di jistis,

## Matye

mizèrikòd ak fidelite. Fòk nou te pratike bagay sa yo, san neglige lòt bagay yo.<sup>24</sup> Kondiktè avèg ! Nou koule mouchron an epi nou vale chamo a !<sup>25</sup> Malè pou nou, skrib ak farizyen ipokrit ! Paske nou netwaye deyò koupe la ak deyò plat la ; men anndan an, yo plen avèk rapine ak entanperans.<sup>26</sup> Farizyen avèg ! Netwaye premyèman anndan koupe la ak plat la, pou deyò a vin pure tou.<sup>27</sup> Malè pou nou, skrib ak farizyen ipokrit ! Paske nou sanble avèk tonm blanchi, ki parèt bél deyò, epi anndan yo plen ak zosman mò ak tout kalite enpité.<sup>28</sup> Konsa sou deyò, nou sanble jis devan moun yo vre ; men anndan, nou

plen avèk ipokrizi epi inikite.<sup>29</sup> Malè pou nou skrib ak farizyen ipokrit ! Paske, n'ap bati tonm pwofèt yo epi nou dekore tonm jis yo ;<sup>30</sup> epi n'ap di : « Si nou te viv nan tan zansèt nou yo, nou pa t'ap asosye ak yo pou vèse san pwofèt yo. »<sup>31</sup> Konsa tou, nou temwaye kont nou mem, ke nou se ptit moun yo ki te fè asasiné pwofèt yo.<sup>32</sup> Epi, nou fin ranpli mezi zansèt nou yo.<sup>33</sup> Sèpen, ptit vipè ! Ki jan nou ta ka evite touman jeyèn lan ?<sup>34</sup> Kouman n'a fè chape anba chatiman jeyèn nan ?<sup>34</sup> Men mwen voye pou nou pwofèt, saj ak skrib. Epi nou touye ak krisifye kèk ladan yo, nou

## Matye

chatye ak fwèt lòt yo nan sinagòg nou yo epi nou pèsekite yo sòti yon lavil ale nan yon lòt,<sup>35</sup> konsa sa ap vini sou nou tout san inonsan ki te koule sou latè a, depi san Abèl, jouk san Zekaryah (Zakari), pitit Barachi, ke nou te asasine ant tanp lan ak lòtèl la.<sup>36</sup> Amen m'ap di nou, tout bagay sa yo ap vini sou jenerasyon sa a.

## Lamantasyon Yéhoshoua sou Yeroushalaim (Jerizalèm)

<sup>37</sup>« Yeroushalaim (Jerizalèm), Yeroushalaim (Jerizalèm), ki touye pwofèt yo, epi ki lapide sa yo te voye ba nou ; konbyen fwa m' te vle rasanble timoun ou yo tankou poul la

rasanble ti poul li yo anba zèl li, epi nou pa te vle !<sup>38</sup> Men, kay nou an rete tankou yon dezè.<sup>39</sup> Paske, m'ap di nou, nou pap janm wè m' ankò, jouk lè n'ap di : « Benediksyon pou moun ki vini nan Non Senyè a ! »

## 24 Pwofesi sou destriksyon tanp nan Yeroushalaim (Jerizalèm)

Lè Yéhoshoua t'ap sòti nan tanp lan pou li ale, disip li yo pwoche bò kote l' pou fè l' remarke batiman tanp lan.<sup>2</sup> Men Yéhoshoua di yo : « Nou byen wè tout bagay sa yo ? Amen m'ap di nou, li pap rete isit la wòch sou wòch ki pap demoli. »

## Matye

### Disip yo poze Yéhoshoua kesyon

<sup>3</sup> Epi li te chita sou mòn Oliv la, disip li yo vin jwenn li an patikilye, epi yo di l': « Di nou kilè bagay sa yo ap rive, e kisa ki ap siy lè w'ap vini ak fen laj la ? »

### Tan fen an

<sup>4</sup> Yéhoshoua reponn yo, li di : « Fè atansyon pou pesonn pa egare nou. <sup>5</sup> Paske, anpil ap vini sou Non m', y'ap di : « Mwen se Mashiah a. » Y'ap egare anpil moun. <sup>6</sup> N'ap tande pale sou lagè ak bri lagè : veye pou nou pa trouble, paske fòk tout bagay sa yo rive. Men, se pap ankò lafen an. <sup>7</sup> Paske yon nasyon ap leve kont yon lòt nasyon, yon Wayòm kont

yon lòt Wayòm ; epi ap genyen grangou, lapès ak tranblemanntè nan divès kote. <sup>8</sup> Men, tout bagay sa yo ap kòmansman doulè yo. <sup>9</sup> Lè sa a, y'ap livre nou nan tribilasyon e y'ap touye nou ; epi n'ap rayi nan tout nasyon yo akòz Non m'. <sup>10</sup> Lè sa a, anpil ap skandalize, y'ap trayi ak rayi youn lòt. <sup>11</sup> Epi anpil fo pwofèt ap leve epi y'ap egare anpil. <sup>12</sup> Epi, paske inikite a pral miltiplier, lanmou anpil ap refwadi. <sup>13</sup> Men, moun k'ap pèsevere jouk la fen ap sove. <sup>14</sup> Levanjil Wayòm nan ap preche sou tout latè ki abite, pou sèvi temwayaj pou tout nasyon yo, atò lafen an ap vini. »

### Abominasyon dezolasyon

## Matye

**an**

<sup>15</sup> « Lè n'ap wè abominasyon ki lakòz dezolasyon an, ki te predi pa Danyèl pwofèt la, vin etabli nan yon kote ki sen, se pou sa k'ap li konprann !

<sup>16</sup> Lè sa a, moun k'ap nan Jide sove nan mòn yo, <sup>17</sup> moun k'ap sou tèt kay la, pa desann pou pote anyen nan kay li, <sup>18</sup> moun k'ap nan jaden, pa tounen dèyè pou pran rad li yo. <sup>19</sup> Malè pou fanm ansent yo epi pou sa yo ki ap bay tête nan jou sa yo ! <sup>20</sup> Lapriyè pou fuit nou pa rive nan ivè, ni yon jou saba. »

### Gran tribilasyon an

<sup>21</sup> « Paske ap genyen yon gwo tribilasyon, kòm pokò janm te genyen depi

konmansman mond lan jouk jòdi a epi kòm pap janm genyen. <sup>22</sup> Si jou sa a yo pa te abreje, oken chè pa t'ap sove, menakoze eli yo, jou sa yo ap abreje. <sup>23</sup> Lè sa a, si yon moun di nou : « Gade, men Mashiah a isit la », oubyen : « Bò la ». Pa kwè l'. <sup>24</sup> Paske, ap leve fo Mesi yo ak fo pwofèt yo, e y'ap bay gran siy ak mirak pou egare si li te posib, mem eli yo. <sup>25</sup> Men m'predi nou. <sup>26</sup> Si yo di nou : « Men, li nan dezè a ! » pa ale ! « Men l' nan chanm yo ! » Pa kwè l'. <sup>27</sup> Menm jan zèklè a sòti bò oryan an, li montre l' jouk bò oksidan an, se pral menm jan an, lè Pitit lèzòm nan ap vini. <sup>28</sup> Paske kote kadav la ap ye a,

## Matye

se la rasanbleman èg yo ap fèt. »

### Retou Wa a sou latè a

<sup>29</sup> « Imedyatman apre jou tribilasyon sa yo, solèy la pral fènwa, lalin lan pap bay limyè l' ankò. Epi zetwal yo pral tonbe nan syèl la e pisans yo ki nan syèl la pral souke. <sup>30</sup> Lè sa a, siy Ptit lèzòm nan ap parèt nan syèl la, tout tribyo sou latè ap pran bat pwatrin yo ak chagren, y'ap wè Ptit lèzòm nan vini sou nwaj yo nan syèl la, avèk pisans epi yon gran glwa. <sup>31</sup> L'ap voye zanj li yo ak yon gwo son twonpèt, epi y'ap rasanble eli li yo, nan kat van yo, depi yon ekstremite jouk lòt bout la. »

### Parabòl fig la

<sup>32</sup> « Men aprann sou fig frans lan parabòl sa a. Depi jenn ti branch li yo vin boujonnen, epi li pouse fèy, nou konnen sezon lete a pwoch. <sup>33</sup> Menm jan an, lè n'ap wè tout bagay sa yo, nou mèt konnen li pwoch nan papòt la. <sup>34</sup> Amen, m'ap di nou, jenerasyon sa a pap gen tan pase jouk tout sa rive. <sup>35</sup> Syèl la ak tè a ap pase, men pawòl mwen yo pap pase. »

### Egzòtasyon pou vijilans

<sup>36</sup> « Pou sa ki sou jou a ak lè a, pesonn pa konnen, ni zanj yo ki nan syèl la, menm Papa m' sèl. <sup>37</sup> Men, tankou nan jou Noe, konsa vini Ptit lèzòm nan ap ye. <sup>38</sup> Kòm, nan jou yo anvan

## Matye

delij la, yo t'ap manje e yo t'ap bwè, yo t'ap marye oubyen yo t'ap bay marye jouk jou Noe te antre nan lach la ;<sup>39</sup> e yo pa t' konnen anyen jouk lè deluj la rive, e li pote yo tout. Se pral menm bagay la lè Ptit lèzòm nan ap vini.<sup>40</sup> Lè sa a, sou de nonm k'ap nan yon jaden, y'ap pran yon epi y'ap lese lòt la ;<sup>41</sup> sou de fanm k'ap moulen nan yon moulen, y'ap pran yon e y'ap lese lòt la.<sup>42</sup> Se pou nou veye paske nou pa konnen ki lè Senyè nou an ap vini.<sup>43</sup> Men konnen sa, si mèt kay la te konnen kilè nan lannwit la vòlò a dwe vini, li t'ap veye e li pa t'ap kite yo pèse kay li.<sup>44</sup> Se pou sa, nou menm tou fòk

nou tout pare, paske Ptit lèzòm nan ap vini lè nou pap panse a.<sup>45</sup> Ki esklav fidèl epi pridan, ke mèt li etabli sou tout sèvitè li yo, pou li bay yo nouriti nan tan konvnab ?<sup>46</sup> Benediksyon pou esklav sa a, sa ki mèt li a, lè l'ap rive, ap jwenn li ap aji jan sa a !<sup>47</sup> Amen, m'ap di nou l'ap etabli l'sou tout byen l' yo.<sup>48</sup> Men, si se yon mechan esklav, k'ap di nan kè l' : « Mèt mwen an fè reta pou l' vini. »<sup>49</sup> Epi si li kòmanse bat konpayon sèvis li yo, si l' manje ak bwè ak tafyatè yo,<sup>50</sup> mèt esklav sa a ap vini yon jou l' pa t'ap tann e pi nan lè li pa konnen.<sup>51</sup> Epi l'ap koupe l' an de epi l'ap bay li pòsyon l' avèk

## Matye

ipokrit yo : se la ap gen rèl ak manje dan. »

### 25 Parabòl dis vyèj yo

« Wayòm syèl la ap sanble ak dis vyèj ki pran lanp yo, yo ale kontre mari a. <sup>2</sup> Men, senk nan yo te saj epi senk nan yo te fou. <sup>3</sup> Fou yo, lè yo te pran lanp yo, yo pa te pran lwil ak yo ; <sup>4</sup> men saj yo te pran lwil nan vaz yo avèk lanp yo. <sup>5</sup> Kòm mari a te anreta pou l' vini, yo te kabicha epi yo tout dòmi. <sup>6</sup> Men nan mitan lannwit lan, te gen yon rel : « Men mari a vini, ale rankontre l' ! » <sup>7</sup> Lè sa a tout vyèj yo te reveye epi yo pare lanp yo. <sup>8</sup> Fou yo te di saj yo : « Ban nou nan lwil nou an, paske lanp nou

yo ap etenn. » <sup>9</sup> Men saj yo reponn, yo di : « Non, pou pè pou nou pa gen ase pou tèt nou epi pou nou ; men ale pito kap moun k'ap vann yo epi achte pou nou menm. » <sup>10</sup> Men pandan ke yo te ale achte, mari a rive. Sa yo ki te pare antre ansanm avè l' nan sal nòs la, epi pòt la te fèmen. <sup>11</sup> Apre sa, lòt vyèj yo vini tou e yo di : « Senyè, Senyè, louvri pou nou ! » <sup>12</sup> Men, li reponn yo e li di : « Amen, m'ap di nou, m' pa konnen nou ». <sup>13</sup> Veye, paske nou pa konnen ni jou, ni lè Pitit lèzòm nan ap vini. »

### Parabòl talan yo

<sup>14</sup> « Paske l'ap tankou yon nonm k'ap pati pou yon vwayaj, li rele esklav li yo e

## Matye

li renmèt yo byen l' yo.<sup>15</sup> Li bay yon senk talan, yon lòt de, e twazyèm lan yon, chak moun daprè kapasite pa l' ; epi imedyatman apre li pati.<sup>16</sup> Sa ki te resevwa senk talan an te ale, e li fè l' vin plis, e li te genyen senk lòt talan.<sup>17</sup> Menm jan an, sa ki te resevwa de talan an, genyen de lòt.<sup>18</sup> Men sa ki te resevwa youn, ale li fouye nan latè, epi li kache lajan mèt li a.<sup>19</sup> Lontan apre, mèt esklav sa yo vini epi li regle kont li yo avèk yo.<sup>20</sup> Lè sa a sa ki te resevwa senk talan yo, vini e li prezante senk lòt talan, li di : « Senyè, ou te konfye m' senk talan ; men, m' genyen senk lòt an plis ».<sup>21</sup> Senyè li a di l' : « Se byen !

Bon e fidèl esklav ! Ou te fidèl nan yon ti bagay, m'ap etabli ou sou anpil ; vini patisipe nan lajwa Senyè ou. »<sup>22</sup> Apre, sa ki te resevwa de talan an, vini e li di : « Senyè, ou te konfye m' de talan ; men, m' genyen de lòt an plis. »<sup>23</sup> Epi Senyè a di l' : « Se byen ! Bon e fidèl esklav ! Ou te fidèl nan ti bagay, m'ap etabli ou sou anpil ; vini patisipe nan lajwa Senyè ou. »<sup>24</sup> Men sa ki te resevwa yon talan, vini e li di : « Senyè, m' konnen ou se yon nonm ki di, ou rekolete kote ou pa t' simen epi ou ranmase kote ou pa t' vannen ;<sup>25</sup> se poutèt sa, m' te pè ou, m' te ale kache talan ou a nan latè a. Men,

## Matye

ou gen isit la sa ki pou ou. »

<sup>26</sup> Senyè li a reponn li di :

« Mechan epi parese esklav

! Ou te konnen m' rekolte

kote m' pa te simen, m'

ranmase kote m' pa vannen,

<sup>27</sup> se pou ou te remete lajan

m' nan bay bankye yo epi lè

m' ta tounen, m' t'ap wete

sa ki pou mwen ak yon

enterè. <sup>28</sup> Wete talan an nan

men l', bay sa ki gen dis

tanlan an ! <sup>29</sup> Paske, sa ki

genyen an, y'a bay li ankò ;

epi l'ap nan abondans, men

sa ki pa gen anyen, y'a wete

menm sa l' genyen an.

<sup>30</sup> Jete esklav initil la nan

tenèb yo deyò ; kote ki ap

gen krye ak manje dan. »

## Yéhoshoua jis jij la

<sup>31</sup> « Lè Pitit lèzòm nan ap

vini nan laglwa l' e

akonpaye ak tout sen zanj

yo, lè sa a l'ap chita sou

twòn laglwa li a. <sup>32</sup> Epi tout

nasyon yo ap rasanble

devan l' ; e l'ap separe yon

ak lòt, tankou bèje a separe

brebi yo ak kabrit yo.

<sup>33</sup> L'ap mete brebi yo sou bò

dwat li, epi kabrit yo sou bò

gòch li. <sup>34</sup> Lè sa a Wa a ap

di sa yo ki sou bò dwat li : «

Vini, nou menm ki beni pa

Papa m', resevwa pou eritaj

Wayòm lan ki te pare depi

fondasyon mond lan.

<sup>35</sup> Paske m' te grangou epi

nou te ban m' manje. M' te

swaf epi nou ban m' bwè.

M' te etranje epi nou te

resevwa m'. <sup>36</sup> M' te

toutouni epi nou te abiye

m'. M' te malad epi nou te

visite m'. M' te nan prizon

## Matye

epi nou vin jwenn mwen.

<sup>37</sup> Lè sa a jis yo ap reponn li : « Senyè, kilè nou te wè ou grangou, epi nou te ba ou manje, epi ou te swaf epi nou te ba ou bwè ? <sup>38</sup> Kilè nou te wè ou etranje, epi nou te resevwa ou, osinon toutouni epi pou nou te abiye ou ? <sup>39</sup> Kilè nou te wè ou malad, osinon nan prizon, epi nou vin jwenn ou ? <sup>40</sup> Wa a reponn, l'ap di yo : « Amen m'ap di nou, chak fwa nou te fè bagay sa yo pou yon nan pi piti frè m' yo, se mwen menm nou fè sa. » <sup>41</sup> Lè sa a, l'ap di sa yo ki sou bò gòch li : « Modi, wete kò nou sou mwen epi ale nan dife etenel la, ki te pare pou dyab la ak zanj li yo.

<sup>42</sup> Paske m' te grangou epi nou pa te ban m' manje. M' te swaf, e nou pa te ban m' bwè. <sup>43</sup> M' te yon etranje epi nou pa te resevwa m', m' te toutouni, nou pa t' abiye m', malade epi nan prizon, nou pa t' visite m'. »

<sup>44</sup> Lè sa a, y'ap reponn tout, y'ap di : « Senyè, kilè nou te wè ou grangou, osinon swaf, ousinon etranje, osinon toutouni, ousinon malad, osinon nan prizon, e nou pa te sevi ou ? » <sup>45</sup> Lè sa a l'ap reponn yo, l'ap di : « Amen m'ap di nou, chak fwa nou pa te fè bagay sa yo pou yon nan pi piti sa yo, se pou mwen nou pa te fè l'. » <sup>46</sup> Moun sa yo prale nan chatiman etenel la, men jis yo nan lavi etenel la. »

## Matye

### 26 Prèt yo, ansyen yo ak skrib yo konplete kont Yéhoshoua

Li rive, lè Yéhoshoua fini tout diskou sa yo, li di disip li yo :<sup>2</sup> « Nou konnen fêt pak la pral fêt nan de jou ; e Ptit lèzòm nan pral livre pou yo krisifye l' ». »<sup>3</sup> Lè sa a, chèf prèt yo, skrib yo ak ansyen pèp la te reyini nan lakou granprèt yo te rele Kaïaphas (Kayif) ;<sup>4</sup> yo te gen konsèy ansanm pou yo te mete men sou Yéhoshoua pa riz pou yo fè l' mouri.<sup>5</sup> Men yo te di : « Sa pa dwe fè pandan fêt la, pou pè sa pa fè dezòd nan mitan pèp la. »

### Myriam de Betani vide pafen sou Yéhoshoua

<sup>6</sup> Antan Yéhoshoua te Betani, lakay Shim'ôn (Simon) lepre a,<sup>7</sup> yon fanm te pwoche kote l', li te kenbe yon vaz an albat, plen ak yon pafen gwo pri, pandan li te chita bò tab la, li vide l' sou tèt li.<sup>8</sup> Men lè disip li yo wè sa, yo pa te kontan menm e yo di : « Pouki tout gaspiyaj sa a ?<sup>9</sup> Paske pafen sa a te ka vann byen chè pou bay pòv yo. »<sup>10</sup> Men Yéhoshoua vin konnen sa, li di yo : « Poukisa n'ap fè fanm sa a lapenn ? Paske li te fè yon bon aksyon pou mwen.<sup>11</sup> Vrèman vre, n'ap toujou gen pòv yo avèk nou ; men nou pap genyen m' toujou.<sup>12</sup> Lè li vide pafen sa a sou kò m', li fè li pou tonm

## Matye

mwen an.<sup>13</sup> Amen, m'ap di nou, toupatou kote Levanjil sa a ap preche nan lemond antye y'ap rakonte nan memwa l' sa li te fè. »

## Trayizon Yéhouda (Jida) Iskariòt

<sup>14</sup> Lè sa a, yon nan douz yo, ki rele Yéhouda (Jida) Iskariòt, te alt jwenn chèf prèt yo,<sup>15</sup> e li di yo : « Kisa nou vle ban mwen, epi m'ap livre nou li ? » Yo konte trant pyès lajan ba li.  
<sup>16</sup> Depi lè sa a, li t'ap chache yon okazyon favorab pou livre l'.

## Dènye pak la

<sup>17</sup> Premye jou pen san ledven yo, disip yo pwoche bò kote Yéhoshoua pou di l' : « Kibò ou vle nou

prepare manje pak la pou ou ?<sup>18</sup> E li di : « Ale lavil la, kay entèl epi di l' : « Doktè a di : « Tan m' pwoche. M'ap fè pak la lakay ou ak disip mwen yo. »<sup>19</sup> Disip yo fè jan Yéhoshoua te bay yo lòd fè epi yo prepare pak la.<sup>20</sup> Lè aswè vini, li chita sou tab ak douz yo.<sup>21</sup> Antan li t'ap manje, li di yo : « Amen, m'ap di nou, yon nan nou pral trayi m'. »<sup>22</sup> Yo te pwofondman tris, yo chak te kòmanse di l' : « Senyè èske se mwen menm ?<sup>23</sup> Men li te reponn yo : « Moun ki tranpe men l' nan plat la avèk mwen, moun sa a pral trayi m'.<sup>24</sup> Pitit lèzòm nan prale ale, jan sa te ekri sou li a, men,

## Matye

malè pou moun sa a ki trayi Pitit lèzòm nan ! Li ta pi bon pou monm sa a ke li pa te janm fêt.<sup>25</sup> Epi Yéhouda (Jida) ki tapral trayi l', pran lapawòl li di : « Rabi, èske se mwen menm ? » Yéhoshoua di l' : « Ou di li. »

### Manje pak la

<sup>26</sup> Antan yo t'ap manje, Yéhoshoua pran pen an, lè li pwononse benediksyon an, li kase l' e li bay disip yo, li di yo : « Pran, manje sa, se kò m'. <sup>27</sup> Apre sa, li pran gode a, li rann gras, li ba yo l', li di yo : « Se pou nou tout bwè, <sup>28</sup> paske sa se san m', sa novo alyans lan, ki koule pou anpil, pou padon peche yo. <sup>29</sup> M'ap di nou sa, depi lè sa a, m' pap

bwè fwi pye rezen an ankò jouk jou, m'a bwè l' ankò avèk nou nan Wayòm Papa m'. »

### Yéhoshoua anonse Pyè ke li t'ap nye li twa fwa

<sup>30</sup> Apre yo fin chante kantik la, yo ale sou mòn Oliv la. <sup>31</sup> Lè sa a, Yéhoshoua di yo : « Nou tout aswè a, nou pral skandalize akòz mwen ; paske li ekri : « M'ap frape gadò a epi brebi twoupo a pral dispèse. » <sup>32</sup> Men, apre m'ap resiste, m' pral anvan nou nan peyi Galile. » <sup>33</sup> E Pyè pran lapawòl, li di : « Menm lè tout moun t'ap skandalize akòz ou mwen menm, m' pap janm skandalize. » <sup>34</sup> Yéhoshoua di li : « Amen m'a di ou,

## Matye

aswè a menm, anvan kòk la chante, w'ap nye m' twa fwa. »<sup>35</sup> Pyè di l' : « Menm si m' ta dwe mouri avè ou, m' pap nye ou. » Epi tout disip yo te di menm bagay la tou.

### Jetsemane

<sup>36</sup> Lè sa a, Yéhoshoua ale ak yo yon kote yo rele Jetsemane ; e li di disip li yo : « Chita isit la, jouk mwen prye nan kote m' prale a. »<sup>37</sup> Li pran avek li Pyè ak de ptit Zabdi (Zebede) yo, e li te kòmanse sezi avèk tristes ak angwas.<sup>38</sup> Lè sa a li di yo : « Nanm mwen tout kote sezi ak tristès jouk tan m' ta mouri ; rete isit la epi veye avèk mwen. »

### Premye priyè Yéhoshoua

<sup>39</sup> Lè li te ale enpe pi devan, li tonbe fas atè, li lapriyè e li di : « Papa m', si sa posib, fè gode sa a pase lwen m'. Men, pa jan m' vle a men kòm ou vle. »<sup>40</sup> Epi li vini bò kote disip li yo, li te jwenn yo ap dòmi, e li di Pyè : « Nou pa te kapab veye inèdtan avèk mwen ?<sup>41</sup> Veye epi priyè, pou nou pa antre nan tantasyon ; lespri a byen dispoze, men lachè fèb. »

### Dezyèm lapriyè

#### Yéhoshoua

<sup>42</sup> Li te ale pi lwen ankò yon dezyèm fwa e li lapriyè, li di : « Papa m', si li pa posib pou gode sa a ale lwen m' san ke m' bwè l', se pou volonte ou fèt ! »<sup>43</sup>

## Matye

Li tounen apre, li jwenn yo  
ap dòmi ; paske je yo te lou.

### Twazyèm priyè

#### Yéhoshoua

<sup>44</sup> Lè li kite yo, li ale ankò,  
li lapriyè yon twazyèm fwa,  
li t'ap di menm pawòl.

<sup>45</sup> Apre sa, li ale bò kote  
disip li yo, li di yo : « Dòmi  
kounye a, repoze kò nou !  
Men lè a pwoche, Pitit  
lèzòm nan pral livre nan  
men pechè yo. <sup>46</sup> Leve, ann  
ale ! Men, moun k'ap trayi  
m' lan ap apwoche. »

#### Yéhoshoua, trayi, abandone epi arete

<sup>47</sup> Kòm li t'ap pale ankò,  
men Yéhouda (Jida), yon  
nan douz yo, vini e avèk li  
yon gwo foul avèk epe yo  
epi baton yo, yo te voye pa

chèf prêt yo ansanm ak  
ansyen pèp la. <sup>48</sup> Sa ki t'ap  
trayi li a te ba yo yon siy, li

te di : « Moun n'ap wè m'  
bo a, se li menm, pran l' ! »

<sup>49</sup> Tousuit lè li apwoche bò  
kote Yéhoshoua li di l' :  
« Rabi m' salye ou ! » Epi li

bo li avèk tandrè. <sup>50</sup> Epi  
Yéhoshoua di li : « Zanmi  
m' pou ki sijè ou isit la ? »

Lè yo te apwoche, yo te  
mete men sou Yéhoshoua  
epi yo pran l'. <sup>51</sup> Konsa, yon  
nan sa yo ki te avèk

Yéhoshoua, lonje men l' epi  
li rale epe li a ; li frape  
esklav granprèt la epi li

koupe zòrèy li. <sup>52</sup> Lè sa a  
Yéhoshoua di l' : « Remete  
epe ou nan plas li ; paske  
tout sa yo k'ap pran epe, ap  
peri avek epe. <sup>53</sup> Ou kwè m'

## Matye

pa ta ka kounye a priyè Papa m', ki t'ap ban m' menm lè a plis pase douz lejyon zanj ?<sup>54</sup> Men kòman t'ap akonpli Ekriti yo ki te di fòk sa rive konsa ? »<sup>55</sup> Lè sa a, Yéhoshoua di foul yo : « Nou vin avèk epe epi baton, tankou deyè yon brigan, pou pran m.' M' te toulejou chita nan mitan nou, m' t'ap anseye nan tanp lan, men nou pa te pran m'.<sup>56</sup> Men tout sa a rive pou Ekriti pwofèt yo akonpli. » Lè sa a, tout disip yo abandone l', yo chape.

### Yéhoshoua parèt devan Kaïaphas (Kayif) ak Sanedren an

<sup>57</sup> Sa yo ki te pran Yéhoshoua te mennen l' kay Kaïaphas (Kayif), granprèt

la, kote skrib yo ak ansyen yo te rasanble.<sup>58</sup> Epi Pyè t'ap swiv li lwen, jouk nan lakou kay granprèt la, li antre epi li chita ak ofisyé yo pou l' wè kouman sa ta pral fini.<sup>59</sup> Chèf prêt yo, ansyen yo ak tout sanedren an t'ap chache yon fo temwayaj kont Yéhoshoua, pou fe l' mouri.<sup>60</sup> Men yo pa te jwenn, byenke anpil fo temwen te prezante, yo pa te jwenn. Men nan fen an, de fo temwen pwoche,<sup>61</sup> yo te di : « Li te di : « M' kapab kraze tanp Bondye a, epi rebati l' nan twa jou. »<sup>62</sup> Lè sa a granprèt la leve, li di l' : « Ou pa reponn anyen ? Kisa sa yo depoze kont ou ? »<sup>63</sup> Men Yéhoshoua te gade silans. Epi granprèt la

## Matye

pran lapawòl li di l' : « Mwen kòmande ou pa Bondye ki vivan an, pou ou di nou si ou se Mashiah a, Pitit Bondye a. »<sup>64</sup>

Yéhoshoua di l' : « Ou di li. An plis m'ap di nou depi kounye a, n'ap wè Pitit lèzòm nan chita sou bò dwat pisans Bondye, epi l'ap vini sou nwaj yo nan syèl la. »<sup>65</sup> Lè sa a, granprèt la chire rad li, li di : « Li blasfème ! Sa nou bezwen temwen fè ankò ? Men nou tandé kounye a blasfème li a.<sup>66</sup> Kisa nou panse ? » Yo reponn li : « Li merite lanmò. »

## Yéhoshoua, maltrete pa Jwif yo

<sup>67</sup> Lè sa a, yo krache nan figi l', yo ba l' kout pwen.

Lòt t'ap frape l' ak kout baton,<sup>68</sup> yo t'ap di : « Mesi, pwofetize nou ki moun ki frape ou. »

## Pyè renye twa fwa

<sup>69</sup> Pyè te chita deyò nan lakou a. Yon sèvant te apwoche bò kote l' e li di l' : « Ou menm tou, ou te avèk Yéhoshoua, Galileyen an ». <sup>70</sup> Men, li te nye sa devan tout moun, li t'ap di : « Mwen pa konnen sa w'ap di a. »<sup>71</sup> Kòm li te sòti nan lakou a, yon lòt te wè l' e li di moun yo ki te la : « Li menm tou li te avèk Yéhoshoua, Nazareyen an. »<sup>72</sup> Li te nye l' ankò avek sèman : « M' pa konnen nonm sa a. »<sup>73</sup> Yon ti tan apre, sa yo ki te la apwoche e yo di Pyè :

## Matye

« Vrèman, ou menm tou ou se mem ak moun sa yo, paske langaj ou fè yo rekonèt ou. »<sup>74</sup> Lè sa a, li te kòmanse di malediksyon epi sèmante, li di yo : « M' pa konnen nonm sa a. » Menm lè a kòk la chante.<sup>75</sup> Epi Pyè te vin chonje pawòl Yéhoshoua te di l' la : « Anvan kòk la chante, w'ap renye m' twa fwa. » Lè li sòti deyò, li kriye avèk anpil regrè.

## 27 Sisid Yéhouda (Jida) Iskariòt

Lè maten te rive, tout chèf prèt yo ak ansyen pèp la, fè yon konsèy kont Yéhoshoua pou fè l' mouri.<sup>2</sup> Apre yo fin mare l', yo mennen l' e yo livre l' bay

Pons pilat, gouvènè a.<sup>3</sup> Lè sa a Yéhouda (Jida) ki te trayi la, lè li wè li te kondannen, li te repanti e li pote trant pyès lajan an bay chèf prèt yo ak ansyen yo,<sup>4</sup> li di yo : « M' peche, paske m' trayi san inosan an. » Men yo di l' : « Ki mele nou avèk sa ? Se zafè ki gade ou. »<sup>5</sup> Li jete pyès lajan yo nan tanp lan, li wete kò l' e li ale siside, li pann tèt li.<sup>6</sup> Men, chèf prèt yo pran pyès lajan yo, yo di : « Sa pa pèmèt pou mete yo nan trezò a, paske se pri san. »<sup>7</sup> E apre, yon te fin diskite, yo te achte ak lajan sa a tè yon potye pou antere etranje yo.<sup>8</sup> Se poutèt sa, tè sa a te rele jouk jounen jodi a, « tè san an ».<sup>9</sup> Konsa sa

## Matye

te akonpli sa ki te anonse pa Yirmeyah (Jeremi) pwofèt la, lè li te di : « Yo te pran trant pyès lajan yo, sa timoun pèp Izrayèl la te estime ; <sup>10</sup> epi yo te bay li pou achte tè yon potye, jan Senyè a te bay m' lòd ».

### **Yéhoshoua parèt devan Pilat**

<sup>11</sup> Yéhoshoua parèt devan gouvènè a. Epi gouvènè a mande l' : « Èske ou ki Wa Jwif yo ? » Yéhoshoua di li : « Ou di li. » <sup>12</sup> Men, li pa te reponn anyen sou akizasyon chèf prêt yo ak ansyen yo. <sup>13</sup> Lè sa a, Pilat di li : « Ou pa tande sou konbyen bagay yo akize ou ? » <sup>14</sup> Men, li pa te ba li repons sou okenn pawòl, sa ki etone anpil gouvènè a.

### **Yéhoshoua oubyen Barabas?**

<sup>15</sup> Gouvènè a te gen koutim lage yon prizonye pandan chak fèt, sa foul la te mande a. <sup>16</sup> Lè sa a, te gen yon prizonye degoutan ki te rele Barabas. <sup>17</sup> Kòm yo te rasanble, Pilat di yo : « Ki moun nou vle m' lage ban nou ? Barabas oubyen Yéhoshoua yo rele Mashiah a ? » <sup>18</sup> Paske li te konnen byen yo te livre l' pa jalouzi. <sup>19</sup> Epi pandan li te chita nan tribinal lan, madanm li voye yon moun pou di l' : « Pinga gen anyen ant ou menm ak jis sa a paske m' te soufwi anpil jodi a nan sonje akòz li. » <sup>20</sup> Men chèf prêt yo ak ansyen yo te pèsuade miltitud pèp la

## Matye

pou yo mande Barabas epi  
pou yo fè peri Yéhoshoua.  
<sup>21</sup> Gouvènè a pran lapawòl,  
li di yo : « Kilès nan de yo  
nou vle m' lage ba nou  
? » E yo di l' : « Barabas. »

<sup>22</sup> Pilat di yo : « Kisa m'ap  
fè ak Yéhoshoua yo rele  
Mashiah a ? » Yo tout te di  
l' : « Se pou l' krisifye ! »  
<sup>23</sup> Epi gouvènè a di yo :  
« Men, ki mal li fè ? » Epi  
yo t'ap krye pi fò ankò, yo  
t'ap di « Se pou l' krisifye  
! »  
<sup>24</sup> Lè Pilat wè li pa te  
genyen anyen, men dezòd  
la t'ap ogmante, li pran dlo  
e li lave men l' devan pèp  
la, li di : « Mwen  
inosan nan san jis sa a. Sa  
se zafè ki gade nou. »  
<sup>25</sup> Epi tout pèp la reponn li di :  
« Se pou san l' tonbe sou

nou ak sou tout pitit nou  
yo ! »  
<sup>26</sup> Lè sa a, li lage  
Barabas ba yo ; lè li fin fè  
yo bat Yéhoshoua ak kout  
fwèt, li te livre l' ba yo pou  
l' te krisifye.

## Wa a kouwone avèk epin

<sup>27</sup> Lè sa a sòlda gouvènè a  
te mennen Yéhoshoua nan  
tant jeneral la e yo te  
rasanble devan l' tout  
gwoup solda.  
<sup>28</sup> Apre yo te  
fin wete rad li, yo abiye l'  
ak yon manto wouj vif.  
<sup>29</sup> Apre yo te fè yon kouwòn  
epin trese, yo mete l' sou tèt  
li epi yo mete yon bwa  
wozo nan men dwat li ; epi  
yo t'ap ajenou devan l', yo  
t'ap pase l' nan rizib, yo  
t'ap di : « Nou salye ou Wa  
Jwif yo ! »

## Matye

### Sòlda yo maltrete

#### Yéhoshoua

<sup>30</sup> Apre sa, yo krache kont li, yo pran wozo a epi yo frape l' sou tèt li. <sup>31</sup> Apre yo fin pase l' nan rizib, yo wete manto a e yo remete sou li rad li yo, epi yo mennen l' pou krisifye l'.

#### Krisifiksyon Yéhoshoua

<sup>32</sup> Pandan yo t'ap sòti, yo te rankontre yon nonm peyi Sirèn, yo rele Shim'ôn (Simon), epi yo te fòse l' pote kwa li a. <sup>33</sup> Lè yo rive kote yo rele Gòlgota, ki vle di, « kote Zo tèt la », <sup>34</sup> yo te ba l' bwè vinèg melanje ak fyèl ; men lè li te goute l', li pa t' vle bwè. <sup>35</sup> Apre yo te krisifye l', yo te pataje rad li yo, yo tire osò, konsa sa te akonpli sa ki te

anonse pa pwofèt la : « Yo te pataje rad mwen yo, epi yo tire chemiz mwen osò. »

<sup>36</sup> Apre sa, yo te chita, yo t'ap gade l' la. <sup>37</sup> Yo te mete anlè tèt li yon ti pankat, kote kòz kondanasyon li te make nan mo sa yo : « SA A SE YÉHOSHOUA WA JWIF YO. » <sup>38</sup> Konsa de brigant te krisifye avèk li yon sou bò dwat li, lòt la sou bò gòch li. <sup>39</sup> Sa yo ki t'ap pase pa la t'ap blasfeme kont li epi souke tèt yo, <sup>40</sup> yo t'ap di : « Ou menm ki detwi tanp lan e ki rebati l' an twa jou, sove tèt ou ! Si ou se Pitit Bondye, desann sou kwa a ! » <sup>41</sup> Menm jan an tou, chèf prèt yo, ak skrib yo epi ansyen yo, t'ap pase l' nan rizib, yo t'ap di :

## Matye

<sup>42</sup> « Li sove lòt yo, e li pa kapab sove tèt pa l' ! Si li se Wa Izrayèl, se pou l' desann kounye a sou kwa a epi n'ap kwè nan li. <sup>43</sup> Li te mete konfyans li nan Bondye, se pou li delivre l' kounye a, si li renmen l' ! Paske li te di : « Mwen se Pitit Bondye ». <sup>44</sup> Brigan yo tou ki te krisifye avè l' te repwoche l' menm bagay la. <sup>45</sup> Konsa depi nan sisyèm lè a, jouk nan nevyèm lan, te gen tenèb sou tout latè a. <sup>46</sup>

Vè nevyèm lè a, Yéhoshoua rele ak von vwa fò : « Eli, Eli lema sabaktani ? » Ki vle di : « Bondye m', Bondye m', poukisa ou abandone m' ? » <sup>47</sup> Kèk nan sa yo ki te la prezant, lè yo te tandé sa, yo t'ap di :

« L'ap rele Eliyah (Eli) ! » <sup>48</sup> Menm lè a, yon nan yo kouri al pran yon eponj, e li plen l' ak vinèg e li fikse l' sou bout yon wozo, li te ba l' bwè. <sup>49</sup> Men lòt yo t'ap di : « Kite l' se pou wè si Eliyah (Eli) ap vin pou sove l' ». <sup>50</sup> Lè sa a, Yéhoshoua pouse ankò yon rèl byen fò epi li te remèt lespri l'.

## FEN LALWA MOZAYIK LA OSWA PREMYE ALYANS LAN

### Vwal la chire

<sup>51</sup> Epi men vwal tanp lan chire an de, depi anwo jouk anba ; e latè a tranble epi wòch yo te fann. <sup>52</sup> Epi tonm yo te louvwi, epi anpil kò sen yo ki te mò, yo te resisite. <sup>53</sup> Lè yo te sòti nan

## Matye

tonm yo apre rezirèksyon l', yo te antre nan lavil sen an epi yo te fè anpil moun wè yo.<sup>54</sup> Kaptenn lame an, ak moun yo ki te avè l' pou veye Yéhoshoua, lè yo te wè tranbleman tè a ak tout sa ki te rive, yo te pè anpil e yo di : « Sètènman li se vrèman Pitit Bondye a. »<sup>55</sup> Te gen la tou anpil fanm ki t'ap gade byen lwen, e yo te swiv Yéhoshoua depi Galile, pou sèvi l' ;<sup>56</sup> nan mitan yo te gen Myriam moun Magdala, Myriam, manman Yaacov (Jak) ak Yossef (Jozèf) ak manman pitit Zabdi (Zebede).<sup>57</sup>

### **Yossef (Jozèf) Arimate ale jwenn Pilat e li mande kò Yéhoshoua**

Lè aswè rive, yon nomm

rich ki moun Arimate, yo te rele Yossef (Jozèf), ki te yon disip Yéhoshoua tou,<sup>58</sup> te ale jwenn Pilat e li te mande kò Yéhoshoua. An menm tan Pilate te pase lòd pou yo remèt kò a.<sup>59</sup> Yossef (Jozèf) te pran kò a, li te anvelope l' nan yon twal pure,<sup>60</sup> epi li mete l' nan yon tonm nèf ke li te taye nan wòch la. Apre sa, li woule yon gwo wòch nan antre tonm lan epi li ale.<sup>61</sup> Myriam moun Magdala ak lòt Myriam a te la, chita an fas tonm lan.

### **Tonm lan sele epi siveye**

Nan denmen ki te preparasyon saba a, chèf prêt yo ak farizyen yo te ale ansanm jwenn Pilat,<sup>63</sup> yo te di : « Senyè, nou sonje ke

## Matye

twonpè sa a t'ap di, lè li te vivan toujou : « Apre twa jou m'ap resisite. »<sup>64</sup> Bay lòd pou yo veye tonm lan jouk nan twazyèm jou a, pou pè pou disip li yo pa vini nan nwit epi vòlè kò l', epi pou yo pa di pèp la : « Li resisite nan lanmò. » Dènye manti sa a t'ap pi mal pase premye a. »<sup>65</sup> Epi Pilat di yo : nou gen yon gad, ale, fè veye l' jan nou vle a. »<sup>66</sup> Konsa, yo te ale, yo te asire tonm lan, pa yon gad apre yo te sele wòch la.

## 28

### Rezirèksyon Yéhoshoua Mashiah (Jezikri) anonse pa yon zanj

Apre saba a, avanjou saba a, Myriam moun

Magdala a ak lòt Myriam a, te ale wè tonm lan.<sup>2</sup> Konsa tè genyen yon gran tranbleman tè, paske yon zanj Senyè a, te desann sòti nan syèl la, li vini e li woule wòch la sou kote antre a, epi li chita sou li.<sup>3</sup> Figi li te tankou yon zèklè epi rad li te blan tankou lanèj.<sup>4</sup> Gad yo te sitèlman sezi ak pè, yo tounen tankou moun ki mouri.<sup>5</sup> Men, zanj lan pran lapawòl, li di fanm yo : « Nou menm, nou pa bezwen pè, paske m' konnen n'ap chache Yéhoshoua, ki te krisifye.<sup>6</sup> Li pa isit la paske li resisite jan l' te di a. Vini epi wè kote Senyè a te kouche,<sup>7</sup> prese ale, epi di disip li yo li resisite nan lanmò. Men li

## Matye

ale anvan nou nan Galile.  
Se la n'ap wè l'. Men m' te  
di nou. »

### **Rezirèksyon Yéhoshoua Mashiah (Jezikri) anonse pa fanm yo**

<sup>8</sup> Lè yo sòti byen vit nan tonm lan ak krent epi yon gwo jwa, yo te kouri pote nouvèl la bay disip li yo. <sup>9</sup> Men pendan yo ta pral pote nouvèl la bay disip li yo, men Yéhoshoua te prezante devan yo e li di yo : « Rejwi ! » Lè yo te apwoche, yo te anbrase pye l' epi yo adore l'. <sup>10</sup> Lè sa a Yéhoshoua di yo : « Nou pa bezwen pè ! Ale epi di frè m' yo pou yo ale nan Galile. Se la y'ap wè m'. »

### **Sòlda yo kòronp pa prêt yo**

<sup>11</sup> Antan yo t'ap ale, men kèk nan gad yo te ale nan lavil la, yo te pote bay chèf prêt yo nouvèl tout sa ki te rive. <sup>12</sup> Lè sa a, yo te rasanble ak ansyen yo, epi yo te fè yon konsèy, yo te bay yon gwo sòm lajan bay sòlda yo, <sup>13</sup> yo t'ap di : « Se pou nou di disip li yo vini lannuit epi yo vòlò l' pandan nou t'ap dòmi. <sup>14</sup> Si gouvènè a aprann sa, n'ap konvenk li epi n'ap epanye nou tout traka. » <sup>15</sup> Sòlda yo te pran lajan an e yo te swiv enstriksyon yo te genyen. Se konsa, bri sa a te gaye nan mitan Jwif yo jouk jounen jòdi a.

### **Misyon disip yo**

<sup>16</sup> Men onze disip yo te ale nan peyi Galile, sou mòn

## Matye

kote Yéhoshoua te bay yo  
lòt ale a.<sup>17</sup> Lè yo te wè l',  
yo te adore l', men kèk  
ladan yo te gen dout.<sup>18</sup> Epi  
Yéhoshoua te apwoche, li  
pale yo, li t'ap di : « Mwen  
resevwa tout otorite nan  
syèl la ak sou tè a.<sup>19</sup> Ale fè  
tout nasyon yo tounen disip,  
n'ap batize yo nan Non  
Papa a, Pitit la ak Sentespri  
a,<sup>20</sup> anseye yo gade tout sa  
m' te ban nou lòd fè. Epi,  
mwen avèk nou toulejou  
jouk fen laj la. Amen ! »

## MARCOS (MAK)

### 1 Yohanan (Jan) Batis, anvwaye Bondye

Konmansman Levanjil Yéhoshoua Mashiah (Jezikri), Pitit Bondye a,<sup>2</sup> kòm li ekri nan pwofèt yo : « Men m'ap voye mesaje m' lan devan fas ou, l'ap prepare chemen an devan ou.<sup>3</sup> Vwa moun k'ap krye nan dezè a : « Prepare chemen Senyè a, plani santye li yo. »<sup>4</sup> Yohanan (Jan) vini, li t'ap batize nan dezè a, e li t'ap preche batèm repantans lan pou resevwa padon peche nou yo.<sup>5</sup> Tout peyi Jide a ak tout moun ki rete nan Yeroushalaim (Jerizalèm) te ale jwenn li, yo t'ap konfese peche yo, yo tout te fè li batize yo nan rivyè Yarden

(Joudén) an.<sup>6</sup> Yohanan (Jan) te abiye ak pwal chamo, li te gen yon sentiwon an kwi nan ren l', li t'ap manje krikèt ak myèl sovaj.<sup>7</sup> Li t'ap preche, li t'ap di : « L'ap vini apre m', moun ki gen plis pisans pase m' e m' pa merite pou m' ta demare lè m' bese lasèt sapat li.<sup>8</sup> Mwen menm, vrèman vre m' batize nou nan dlo, men li menm l'ap batize nou nan Sentespri a. »

### Batèm Yéhoshoua Mashiah (Jezikri)

<sup>9</sup> Li te rive nan tan sa a Yéhoshoua te sòti Nazarèt, yon lavil nan Galile, epi li te batize pa Yohanan (Jan) nan Yarden (Joudén) an.

## Markos (Mak)

<sup>10</sup> Antan li t'ap sòti nan dlo a, li wè syèl la louvri, epi Sentespri a desann sou li tankou yon kolonb. <sup>11</sup> Epi yon vwa sòti nan syèl la : « Ou se ptit byeneme m', nan ki m' pran plezi. »

akonpli epi Wayòm Bondye a apwoche. Repanti epi kwè Levanjil la. »

## Apèl a Shim'ôn (Simon) Pyè, Andreas (Andre), Yaacov ak Yohanan (Jak ak Jan)

<sup>12</sup> Imedyatman, Lespri a pouse l' nan yon dezè a. <sup>13</sup> Li te nan dezè a karant jou, li te tante pa Satan. Li te avèk bêt sovaj yo, epi zanj yo t'ap sèvi l'.

<sup>16</sup> Pandan li t'ap mache bò lanmè Galile a, li wè Shim'ôn (Simon) ak Andreas (Andre), frè li a, yo t'ap jete filè yo nan lanmè a, paske yo te pechè.

## Yéhoshoua nan Galile

<sup>14</sup> Apre yo te fin mete Yohanan (Jan) nan prizon, Yéhoshoua te ale nan Galile, li t'ap preche Levanjil Wayòm Bondye a, <sup>15</sup> li t'ap di : « Tan an

<sup>17</sup> Epi Yéhoshoua di yo : « Swiv mwen m'ap fè nou tounen pechè moun. »

<sup>18</sup> Lamenm, yo kite filè yo a, yo swiv li. <sup>19</sup> Lè li alé pi lwen, li wè Yaacov (Jak) piti Zabdi (Zebede) ak Yohanan (Jan), frè li, yo te nan yon bato tout, yo t'ap rapyese filè yo. <sup>20</sup> Lamenm

## Markos (Mak)

li rele yo epi, yo kite papa  
yo Zabdi (Zebede) nan bato  
a ak ouvrye yo, yo swiv li.

Bondye a. » <sup>25</sup> Men Yéhoshoua te menase l', li di li : « Bouche ou fèmen ! Epi sòti nan nonm sa a. » <sup>26</sup> Lespri enpi a sòti nan nonm lan, li fè l' souke epi li bay yon gwo rèl. <sup>27</sup> Yo tout te pè, konsa yon t'ap mande lòt, yo t'ap di : « Kisa sa ye ? Se kisa nouvo doktrin sa a ? Li kòmande avèk otorite menm lespri enpi yo, epi yo obeyi l'. » <sup>28</sup> Epi Non l' te nonmen imedyatman nan tout anviwon peyi Galile a.

## Yéhoshoua delivre yon demonyak

<sup>21</sup> Epi li antre nan Kapènawòm. Lè li antre imedyatman nan sinagòg la jou saba a, li t'ap anseye. <sup>22</sup> Yo te choke pa doktrin li a, paske li t'ap anseye yo tankou yon moun ki gen otorite, epi pa mem jan avèk skrib yo. <sup>23</sup> Te genyen nan sinagòg yo a, yon nonm ki te gen yon lespri enpi, li te krye : <sup>24</sup> li di : « Ah ! Kisa ki genyen ant ou menm avèk nou, Yéhoshoua moun Nazarèt la ? Eske ou vin isit la pou detwi nou ? M' konnen ki moun ou ye ! Ou se Sen

## Yéhoshoua te geri bèlmè Pye

<sup>29</sup> Epi imedyatman apre, lè yo sòti nan sinagòg la, yo te ale ak Yaacov (Jak) epi Yohanan (Jan) lakay Shim'ôn (Simon) ak

## Markos (Mak)

Andreas (Andre).<sup>30</sup> Bèlmè Shim'ôn (Simon) te kouche, li te gen lafyèv, nan mem lè a, yo pale Yéhoshoua de li.<sup>31</sup> Lè li apwoche, li fè l' leve li pran l' nan men l', epi latou lafyèv la kite l'. Epi li sèvi yo.

### Yéhoshoua geri malad yo epi li chase demon yo

<sup>32</sup> Lè aswè rive, lè solèy t'ap kouche, yo te mennen tout malad yo ak demonyak yo.

<sup>33</sup> Epi tout lavil la te sanble devan pòt la.<sup>34</sup> Epi li geri anpil malad ki te genyen divès maladi, li te chase anpil demon, e li pa t' pèmèt demon yo di ke yo te konnen l'.

### Lavi lapriyè Mèt la

<sup>35</sup> Nan granmaten, pandan li

te fè ankò nwit, li te leve, epi li sòti pou li ale nan yon kote ki dezè, kote li t'ap lapriyè.<sup>36</sup> Epi Shim'ôn (Simon) ak sa yo ki te avèk li t'ap chache l'.<sup>37</sup> Lè yo te jwenn li, yo te di l' : « Tout moun ap chache ou. »<sup>38</sup> Epi li di yo : « Ann ale nan vilaj vwazin yo, pou m' ka preche tou, paske se pou sa m' te vini. »<sup>39</sup> E li te toupatou nan Galile, li t'ap preche nan sinagòg yo a epi li t'ap chase demon yo.

### Yéhoshoua geri yon lepre

<sup>40</sup> Yon lepre vin jwenn li, li prye li e li mete ajenou devan l', e li di l' : « Si ou vle, ou kapab fè m' pure. »

<sup>41</sup> Yéhoshoua tè touche avek konpasyon, li lonje men l', li manyen l', li di li :

## Markos (Mak)

« Mwen vle sa, ou pure. »

<sup>42</sup> Imedyatman, lèp la kite nonm lan, li te pirifye.

<sup>43</sup> Apre li voye l' ale imedyatman li te bay li yon serye avètisman, <sup>44</sup> epi li di l' : « Atansyon ! Pa di pesonn anyen, men ale fè prêt la wè ou, epi prezante pou pirifikasyon ou bagay ke Moshè (Moyiz) te bay lòd, pou sa sèvi yo temwayaj. » <sup>45</sup> Men, lè li ale, li te kòmanse pibliye ouvètman anpil bagay epi li devwale sa ki te pase, sa ki fè Yéhoshoua pa t' kapab antre piblikman nan lavil la. Men li te rete deyò, nan yon kote dezè, epi yo te vin jwenn li moun sòti toupatou.

## 2 Yéhoshoua padonnen epi geri yon paralitik

Kèk jou apre, li te retounen nan Kapènawòm. E yo te apwann ke li te lakay, <sup>2</sup> imedyatman yon gwo kantite moun te rasanble, ke espas devan pòt la pa te kapab kenbe yo. Li t'ap anonse yo pawòl la. <sup>3</sup> Epi yo vini, yo mennen ba li yon paralitik ki te pote pa kat nonm. <sup>4</sup> Men, paske yo pa te kapab apwoche l' akòz foul la, yo te dekouvwi tèt kay kote li te ye a, yo te pèse l', yo te desann ti kabann lan kote paralitik la te kouche. <sup>5</sup> Yéhoshoua te wè fwa yo, li di paralitik la : « Pitit mwen peche ou yo padonnen. » <sup>6</sup> Kèk skrib ki te chita la, t'ap

## Markos (Mak)

rezone nan kè yo : <sup>7</sup>  
« Poukisa sa l'ap pale  
konsa ? L'ap fè  
blasfème ! Ki moun ki  
kapab padonnen peche  
eksepte Bondye sèl ? » <sup>8</sup> E

Yéhoshoua menm lè a te  
konnen nan lespri l' ke yo  
t'ap rezone konsa nan yo  
menm, li di yo : « Poukisa  
nou gen panse konsa nan kè  
nou ? <sup>9</sup> Kisa ki fasil ? Di  
paralitik la : « Peche ou yo  
padonnen, oswa di l' :  
« Leve, pran ti kabann ou  
epi mache » ? <sup>10</sup> Men, pou  
nou ka konnen ke Pitit  
lezòm nan gen otorite pou  
padonnen peche yo sou tè a,  
li di paralik la : <sup>11</sup> Mwen di  
ou : leve, pran kabann ou,  
epi ale lakay ou. » <sup>12</sup> Li te  
leve touswit, epi li pran

kabann li, li sòti nan  
 prezans tout moun, ke yo  
tout te etone, epi yo t'ap  
glorifye Bondye, yo t'ap di  
: « Nou pokò janm wè  
bagay konsa. »

## Apèl Levi

<sup>13</sup> Yéhoshoua sòti ankò bò  
kote lanmè a, epi tout foul  
la te vin jwenn li, epi li t'ap  
ansenye yo. <sup>14</sup> Lè li pase, li  
wè Levi, pitit Alfe a, chita  
nan biwo peyaj yo, epi li di  
l' : « Swiv mwen. » Epi  
Levi leve, li swiv li.

## Apèl pou pechè yo vini repanti

<sup>15</sup> Li te rive kòm  
Yéhoshoua te chita bò tab  
la nan kay Levi, anpil  
pibliken ak pechè te mete  
yo bò tab la tou avèk li epi

## Markos (Mak)

avèk disip li yo, paske te gen anpil moun ki te swiv li.<sup>16</sup> Men, skrib yo ak farizyen yo, lè yo te wè ke li t'ap manje avèk pibliken yo epi pechè yo, yo t'ap di disip li yo : « Poukisa l'ap manje epi l'ap bwè avèk pibliken yo epi pechè yo ? »<sup>17</sup> Lè Yéhoshoua te tande sa, li di yo : « Se pa sa yo ki pote yo byen ki bezwen doktè, men malad yo. Mwen pa vini rele nan repantans jis yo, men pechè yo. »

### **Farizyen yo ak disip Yohanàn (Jan) Batis te poze Yéhoshoua kesyon sou jèn**

<sup>18</sup> Epi disip Yohanàn (Jan) Batis yo ak farizyen yo t'ap fè jèn ; yo vin jwenn

Yéhoshoua, epi yo di l' : « Poukisa disip Yohanàn (Jan) yo ak farizyen yo ap fè jèn, epi disip ou yo pa fè jèn ? »<sup>19</sup> E Yéhoshoua reponn yo : « Zanmi nonm marye kapab fè jèn pandan ke nonm marye a la avèk yo ? Toutotan ke yo gen avèk yo nonm marye a, yo pap kapab fè jèn.<sup>20</sup> Men jou yo ap vini nonm marye a pral wete pou yo, lè sa a y'ap fè jèn nan jou sa a. »

### **Parabòl dra nèf la ak veso nèf yo**

<sup>21</sup> « Pesonn pa koud yon moso dra nèf sou yon vye rad ; osinon moso dra nèf la t'ap pran yon moso nan vye a, epi li t'ap chire pi mal.<sup>22</sup> Epi pesonn pa mete diven ki fenk fèt nan yon

## Markos (Mak)

veye vesò ; osinon, diven ki fenk fèt la t'ap fè vesò a pete epi diven an t'ap gaye, epi vesò yo t'ap pèdi. Men diven ki fenk fèt la dwe mete nan vesò nèf. »

### Yéhoshoua, Senyè saba a

<sup>23</sup> Li te rive yon jou saba li t'ap pase nan jaden ki te gen semans. Disip li yo lè yo t'ap mache, yo te kòmanse rache grap yo. <sup>24</sup> Epi farizyen yo di l' : « Gade, poukisa y'ap fè sa ki pa pèmèt jou saba a ? » <sup>25</sup> Men li di yo : « Èske nou pa janm li sa David te fè lè li te nan nesesite, e lè li te vin grangou, li menm ansanm ak moun yo ki te avè l' ? <sup>26</sup> Ki jan li te antre nan kay Bondye nan tan granprèt Abyata, epi li te manje pen

pwopozisyon yo, ke li pèmèt pou prêt yo sèlman manje, e li te bay menm moun yo ki te avè l' ? » <sup>27</sup> Epi li di yo : « Saba te fèt pou imen yo, e non imen yo akòz saba a ; <sup>28</sup> se konsa, Pitit lezòm nan se Senyè menm saba a.

### 3 Yéhoshoua geri nomm ki gen menm sèch la

E li antre ankò nan sinagòg la, e te gen la yon nomm ki te gen yon men sèch. <sup>2</sup> Epi yo t'ap obsève l', pou yo wè si li t'ap geri l' jou saba a, pou yo te akize l'. <sup>3</sup> Epi Yéhoshoua di nonm lan ki te gen men sèch la : « Leve epi kanpe la nan mitan. » <sup>4</sup> Epi li di to « Èske li pèmèt pou fè sa ki

## Markos (Mak)

byen jou saba yo, oubyen pou fè sa ki mal, pou sove yon moun, oubyen pou touye l' ? » Men yo te gade silans.<sup>5</sup> Lè sa a, li t'ap gade yo tout avèk kòlè, e li te gen anpil lapenn pou jan kè yo te di, li di nonm lan : « Lonje men ou. » Li lonje men l', epi men l' te retabli nan eta inisyal la tankou lòt la.

### Farizyen yo konplete kont Yéhoshoua

<sup>6</sup> Lè sa a farizyen yo sòti, epi lamenm, yo te konsilte kont li ak patizan Ewòd yo, sou kòman yo ta pral fè pou detwi l'.

### Yéhoshoua geri anpil malad

<sup>7</sup> Men Yéhoshoua te wete

kò l' li ale bò lanmè a avèk disip li yo. Yon gwo militid t'ap swiv li, sòti depi galile,<sup>8</sup> nan Jide, nan Yeroushalaim (Jerizalèm), nan Idime, lòt bò Yarden (Jouden) an, ak nan anviwon Tir ak Sidon, yon gwo militid, te tande pale sou gwo bagay yo ke li t'ap fè, te vin jwenn li yo te anpil.<sup>9</sup> Epi li di disip li yo pou yo toujou mete pou li yon ti bato pou foul la pa bourade l'.<sup>10</sup> Paske, li t'ap geri anpil moun, tout moun yo ki te gen maladi te vide sou li pou manyen l'.<sup>11</sup> Lespri enpi yo, lè yo te wè l', yo te pwostène devan l', e yo t'ap kriye, yo t'ap di : « Ou se pitit Bondye. »<sup>12</sup> Men li te defann yo ak gwo

## Markos (Mak)

menas pou yo pa fè konnèt li.

### Apèl douz apòt yo

<sup>13</sup> E li monte sou mòn lan, epi li rele pou jwenn li moun li te vle yo, epi yo te vin jwenn li. <sup>14</sup> Epi li etabli douz pou yo te avèk li, <sup>15</sup> epi pou voye yo preche avèk pouvwa pou geri maladi yo, epi pou chase demon yo. <sup>16</sup> Epi Shim'ôn (Simon) moun li te enpoze non Pyè, <sup>17</sup> Yaacov (Jak), pitit Zabdi (Zebede) a, e Yohanan (Jan), frè Yaacov (Jak) la, li te enpoze yo non Boanèj, ki vle di « Ptit loraj », <sup>18</sup> Andreas (Andre), Filip, Batèlmi, Matye, Toma, Yaacov (Jak), pitit Alfe a, Tade, Shim'ôn (Simon) Cananite la, <sup>19</sup> Ak

Yéhouda (Jida) Iskariòt ki te trayi l'. <sup>20</sup> E li te ale nan yon kay, epi yon miltitud te rasanble ankò, si tèlman ke yo pa te ka menm manje. <sup>21</sup> Lè paran li yo te tande sa, yo te sòti pou yo pran l'. Paske yo t'ap di : « Li san bon sans. »

### Blasfèm kont Sentespri a

<sup>22</sup> Epi skrib yo ki te desann Yeroushalaim (Jerizalèm), t'ap di ke li genyen Bèlzeboul epi se pa chèf demon yo ke li chase demon yo. <sup>23</sup> Epi li rele yo bò kote l', li di yo an parabòl : « Ki jan Satan kapab chase satan ? <sup>24</sup> Paske si yon Wayòm divize kont li menm, Wayòm sa a pap kapab rete, <sup>25</sup> si yon kay divize kont li menm, kay sa

## Markos (Mak)

a pap kapab rete.<sup>26</sup> Si Satan leve kont li menm, li divize, li pap kapab rete, men l'ap rive sou fin li.<sup>27</sup> Pesonn pa kapab antre lakay yon nonm vanyan epi piye byen li yo, san li pa mare nonm vanyan sa a anvan : lè sa a l'ap piye kay li.<sup>28</sup> Amen, m'ap di nou, tout kalite peche ap padonnen pou ptit imen yo, ak blasfèm yo te blasfeme.<sup>29</sup> Men nenpòt moun k'ap blasfème kont Sentespri a pa gen padon, men li merite yon jijman etènèl. »<sup>30</sup> Se paske yo t'ap di : « Li posede pa yon lespri enpi. »

### Fanmi spirityèl la

<sup>31</sup> Lè sa a rive manman l' ak frè l' yo, yo te kanpe deyò, yo te voye yon moun pou rele l'. Miltitud la te chita

otou l',<sup>32</sup> epi yo di l' : « Men, manman ou ak frè ou yo la deyò a e y'ap mande pou ou. »<sup>33</sup> Men li reponn yo, li di : « Kilès ki manamn m' e kilès ki frè m' ? »<sup>34</sup> Epi li voye je l' sou moun yo ki te chita otou l', li di : « Men manman m' ak frè m' yo. Paske nenpòt moun k'ap fè volonte Bondye, moun sa a se frè m', sè m' ak manman m'. »

### 4 Parabòl pou moun k'ap simen an ak kat teren yo

Li te kòmanse anseye bò lanmè a ankò. Epi yon gwo foul te rasanble bò kote l', sitelman ke li te monte nan yon bato, sou lanmè a epi li te chita. Tout foul la

## Markos (Mak)

te nan tè a bò lanmè a.<sup>2</sup>  
Apre sa, li t'ap anseye yo  
anpil bagay an parabòl, e li  
te di yo nan ansèyman li  
yo :<sup>3</sup> « Koute ! Yon nonm  
k'ap simen sòti pou simen.<sup>4</sup>  
Li rive lè li simen, semans  
lan tonbe bò chemen an, epi  
zwazo syel la vini epi yo  
manje l'.<sup>5</sup> Men yon lòt  
tonbe nan yon kote ki  
genyen wòch yo, kote ki pa  
te gen anpil tè, epi li te leve  
imedyatman paske li pa te  
antre pwofondeman nan tè  
a.<sup>6</sup> Men, lè solèy la leve, li  
te boule pa chalè a, epi  
paske li pa te gen rasin, li te  
cheche.<sup>7</sup> Epi yon lòt tonbe  
nan mitan pikan yo, epi  
pikan yo monte, yo toufe l',  
epi yo pa te bay okenn fwi.<sup>8</sup>  
Epi yon lòt tonbe nan yon

bon tè, epi li te bay fwi ki te  
monte epi grandi. Yon te  
pote 30, yon lòt 60 epi yon  
lòt 100. »<sup>9</sup> Epi li te di  
yo : « Moun ki gen zòrèy  
pou tandé, se pou l' tandé  
! »<sup>10</sup> Men lè li te pou kont  
li, sa yo ki te otou l' avèk  
douz yo, te poze l' kesyon  
sou parabòl sa a.<sup>11</sup> Epi li di  
yo : « Nou genyen pou  
konnen mistè Wayòm  
Bondye a, men pou sa yo ki  
deyò, tout bagay pase an  
parabòl,<sup>12</sup> konsa lè yo wè,  
yo wè men yo pa byen wè,  
epi lè yo tandé, yo tandé epi  
yo pa konprann, pou pè pou  
yo pa konvèti, epi pou  
peche yo pa padonnen. »

### Eksplikasyon parabòl moun ki t'ap simen an

<sup>13</sup> Epi li di yo : « Nou pa

## Markos (Mak)

konprann parabòl sa a ? Ki jan n'ap ka konprann tout parabòl yo ?<sup>14</sup> Nonm k'ap simen an se moun ki simen pawòl la.<sup>15</sup> Men, sa yo ki resevwa semans lan bò kote chemen an, se sa yo nan ki pawòl la simen. Men apre yo fin tande l', Satan vini imedyatman epi li wete pawòl la ki se simen nan kè yo.<sup>16</sup> Menm jan an, sa yo ki resevwa semans lan nan mitan kote ki genyen wòch yo, se sa yo ki tande pawòl la, yo resevwa l' imedyatman ak jwa,<sup>17</sup> men, yo pa gen rasin nan yo menm, yo kenbe ke yon ti tan, depi yon tribilasyon rive oswa yon pèsekisyon akòz pawòl la, yo imedyatman choké.<sup>18</sup> Lòt

resevwa semans lan nan mitan pikan yo : se sa yo ki tande pawòl la,<sup>19</sup> men nan ki traka laj sa a, seduksyon richès yo, ak konvwatiz yo sou lòt bagay yo antre epi yo toufe pawòl la, epi li vin esteril.<sup>20</sup> Men sa yo ki simen sou bon tè a, se sa yo ki tande pawòl la, yo resevwa l' epi yo donnen fwi : Yon 30, ak lòt la 60 , epi lòt la 100. »

## Parabòl lanp lan

<sup>21</sup> Li di yo tou : « Èske yo pote yon lanp pou yo mete l' anba yon mamit, osinon anba yon kabann ? Èske se pa pou mete l' sou yon chandelye ?<sup>22</sup> Paske pa gen anyen ki sekrè ki pa kapab manifeste epi anyen ki kache ki pap vin parèt aklè.

## Markos (Mak)

<sup>23</sup> Si yon moun gen zòrèy pou l' tandem se pou l' tandem ! <sup>24</sup> Li di yo ankò : « Pran prekosyon nou ak sa n'ap tandem. Avèk mezi n'ap mezire, y'ap mezire nou ; men pou nou menm k'ap tandem, y'ap ajoute pou nou. <sup>25</sup> Paske y'ap bay moun ki genyen an, men sa ki pa genyen an, y'ap wete menm sa li l' genyen an. »

## Parabòl semans l'an

<sup>26</sup> Li te di tou : « Wayòm Bondye a tankou lè yon imen jete samans lan nan tè a : <sup>27</sup> ke l'ap dòmi oswa ke l'ap veye, lannwit kou lajounen, semans lan pouse epi li grandi, san li pa konnen ki jan. <sup>28</sup> Paske tè a pwodui li menm tou sèl, premyeman zèb la, apre

grap la, apre gress lan fòme nan grap la, <sup>29</sup> epi lè fwi a mi, yo mete imedyatman kouto digo a, paske rekòt la pare. »

## Parabòl de gress moutad la

<sup>30</sup> E li di ankò : « Avèk kisa n'ap konpare Wayòm Bondye a, oubyen avèk ki parabòl nou kapab repwezante l' ? <sup>31</sup> Li tankou gress moutad la, lè yo simen l' nan tè, se pi piti nan tout semans ki sou latè. <sup>32</sup> Men, apre yo te simen l', li monte epi li vini pi gran pase tout lòt plant yo, epi li pouse gwo branch, si tèlman ke zwazo nan syel la kapab fè nich yo nan lonbraj li. <sup>33</sup> Konsa, se avèk anpil parabòl konsa ke li

## Markos (Mak)

t'ap anonse yo pawòl la, jan yo te kapab tandé l'.<sup>34</sup> Li pa te pale ba yo san parabòl, men an patikilye, li te esplike tout bagay pou disip li yo.

### Otorite Yéhoshoua sou van yo ak lanmè a

<sup>35</sup> Jou sa a, lè aswè vini, li te di yo : « An ale sou lòt bò a. »<sup>36</sup> Apre yo te fin voye foul la, yo te mennen l' nan bato a, kote li te ye a ; epi te gen tou lòt ti bato avèk li .<sup>37</sup> Epi, yon gwo tanpèt nan van vini, epi vag yo te antre nan bato a, ke li t'ap ranpli l'.<sup>38</sup> E li menm li t'ap dòmi nan dèyè bato a sou yon zòrye. Epi yo te reveye l' e yo di l' : « Doktè, ou pa enkyete ke n'ap peri ? »<sup>39</sup> Lè li vin

reveye, li te menase van an, epi li te di lanmè a : « Silans ! Bouch ou fèmen ! Epi van an te sispann, e li te gen yon gwo kalm.<sup>40</sup> Epi li di yo : « Poukisa nou pè konsa ? Nou pa gen fwa ? »<sup>41</sup> Epi yo te sezi avèk anpil krent, epi yon te di lòt konsa : « Ki moun sa a ke van an ak lanmè a obeyi l' ? »

### 5 Yéhoshoua Mashiah (Jezikri) delivre yon demonyak nan Gadara

Yo te rive sou bò lanmè a, nan peyi moun Gadara yo.<sup>2</sup> Yéhoshoua annik desann nan bato a, yon nonm sòti nan tonm yo, li te posede avèk yon lespri enpi li vin rankontre l'.<sup>3</sup> Nonm

## Markos (Mak)

sa a te gen kay li nan tonm yo, epi pesonn pa t' kapab mare l', pa menm avèk chenn.<sup>4</sup> Anpil fwa, il te genyen fè nan pye l', yo te mare l' ak chenn, men li te kase chenn yo, ak brize fè yo, epi pesonn pa t' kapab donte l'.<sup>5</sup> Li te tout tan, lannwit kou lajounen sou mòn yo epi nan tonm yo, li t'ap rele, li t'ap blese kò l' ak wòch yo.<sup>6</sup> Men lè li wè Yéhoshoua byen lwen, li kouri vini epi li adore l'.<sup>7</sup> Li krye byen fò, li di : « Kisa ki genyen ant ou menm avèk mwen, Yéhoshoua, pitit Bondye ki pi wo ? Tanpri couple, nan Non Bondye, pa toumante m' ».<sup>8</sup> Paske Yéhoshoua t'ap di l' : « Sòti nan nonm

sa a lespri enpi ! »<sup>9</sup> Lè sa a, li mande l' : « Ki non ou ? » « Lejyon se non m', li reponn li, paske nou anpil. »<sup>10</sup> Epi li t'ap sipliye l' avèk insistans, pou l' pa voye yo deyò peyi sa a.<sup>11</sup> Te genyen la sou mòn yo yon gwo twoupo kochon ki t'ap manje.<sup>12</sup> Tout demon yo t'ap sipliye l', yo t'ap di : « Voye nou nan kochon yo pou nou ka antre nan yo ».<sup>13</sup> Mem lè a Yéhoshoua te pèmèt yo. Lè sa a, lespri enpi sa yo sòti, yo antre nan kochon yo, epi twoupo a pran degrengole nan pant apik nan lanmè a. Te gen anviwon demil, epi yo te neye nan lanmè a.<sup>14</sup> Moun yo ki t'ap gade kochon yo te pran kouri, epi yo te gaye

## Markos (Mak)

nouvèl la nan lavil la epi nan kanpagn yo. Moun yo nan lavil la sòti pou wè sa ki te rive.<sup>15</sup> Yo te rive bò kote Yéhoshoua epi yo wè demonyak la, sa ki te genyen lejyon an, chita epi abiye avèk tout bon sans li sou li. Yo te sezi ak krent.<sup>16</sup> Moun yo ki te wè mirak la te rakonte sa ki te rive demonyak la ak kochon yo.<sup>17</sup> Lè sa a, yo te sipliye Yéhoshoua pou l' kite tèritwa yo a.<sup>18</sup> Antan Yéhoshoua t'ap monte nan bato a, nonm ki te demonyak la prye l' pou li pèmèt li rete ave l'.<sup>19</sup> Men Yéhoshoua pa t' pèmèt li men li di l' : « Ale nan kay ou, nan mitan moun ou yo, epi rakonte yo gwo bagay

yo ke Senyè a fè pou ou, epi kijan li te gen pitye pou ou. »<sup>20</sup> Li te pati, li piblye nan tout rejyon yo rele Dis Vil la gwo bagay Yéhoshoua te fè pou li. Epi tout moun te etone.

## Rezirèksyon pitit fi Yaïr (Jayiris) ak gerizon fanm lan ki te gen pèt san

<sup>21</sup> Epi Yéhoshoua te travèse ankò nan bato a bò lòt rivaj la, yon gwo foul te rasanble bò kote l' e li te bò lanmè a.<sup>22</sup> Konsa vini yon nan chèf sinagòg la, ki rele Yaïr (Jayiris), lè li te wè l', li te jete kò l' nan pye l',<sup>23</sup> li te sipliye l', li di : « Ti fi m' lan nan fen. Tanpri souple, vin mete men ou sou li pou l' ka sove, pou l' ka viv. »<sup>24</sup> Epi Yéhoshoua te ale avèk li.

## Markos (Mak)

Yon gwo foul moun t'ap swiv li epi yo t'ap sere l'.<sup>25</sup> Men te gen yon fanm ki te gen yon pèt san depi douzan,<sup>26</sup> li te soufri anpil nan men anpil dòktè. Li te gaspiye tout sa li te posede, san li pa t' jwenn okenn soulajman, men li te vin pi mal.<sup>27</sup> Li te tandem pale sou Yéhoshoua, li vini nan foul la pa dèyè, epi li manyen rad li.<sup>28</sup> Paske li t'ap di : « Si m' te kapab sèlman manyen rad li, m'ap geri. »<sup>29</sup> Menm lè a pèt san an rete, epi li santi nan kò l' ke mal li a te geri.<sup>30</sup> Latou, Yéhoshoua te konnen nan li mem ke yon fòs te sòti nan li, epi li vire bò foul la, li di : « Ki moun ki manyen rad mwen ? »<sup>31</sup> Epi disip li

yo di l' : « Ou wè foul la ap sere ou, epi w'ap di : « Ki moun ki manyen m' ? »<sup>32</sup> Men li t'ap gade otou l' pou wè moun ki te fè sa.<sup>33</sup> Lè sa a fanm lan te sezi ak krent epi li t'ap tranble, li te konnen sa ki te pase nan li, li vini e li lage kò l' nan pye l', e li te deklare l' tout verite a.<sup>34</sup> Yéhoshoua di l' : « Pitit fi m', lafwa ou sove ou. Ale ak lapè, epi ou geri ak mal ou a. »<sup>35</sup> Pandan li t'ap pale ankò, gen moun ki sòti kay chèf sinagòg la yo di : « Pitit fi ou la mouri, poukisa w'ap bay doktè a lapenn ankò ? »<sup>36</sup> Menm lè Yéhoshoua tandem sa, li di chèf sinagòg la : « Pa pè, kwè sèlman. »<sup>37</sup> Li pa t' pèmèt personn moun swiv li

## Markos (Mak)

sèlman Pyè, Yaacov (Jak) ak Yohanann (Jan), frè Yaacov (Jak) la.<sup>38</sup> Yo te rive kay chèf sinagòg la, yo te wè dezòd, moun ki t'ap kriye epi ki t'ap pouse gwo rele.<sup>39</sup> Epi lè li antre, li di yo : « Pouki n'ap fè tout bri sa a yo, epi poukisa n'ap krye ? Ti fi a pa mouri men l'ap dòmi. »<sup>40</sup> Epi yo t'ap pase l' nan rizib. Men Yéhoshoua fè yo tout sòti, li pran papa ak manman pitit la ansanm ak sa yo ki te avèk li, epi li antre kote ti fi a te kouche.<sup>41</sup> Li pran men timoun lan, li di l' : « Talita koum », sa ki vle di, lè li tradui : « Ti fi, mwen di ou leve ! »<sup>42</sup> Epi menm lè a, ti fi a leve, li pran mache, paske li te gen douzan. Yo

te nan gwo etonman.

<sup>43</sup> Men, li te bay yo lòd a plizyè reprize pou yo pa fè personn konn sa epi li di bay li manje.

## 6 Yéhoshoua nan Nazarèt

Li pati kote l' te ye a, li ale nan peyi l'. Epi disip li yo te swiv li.<sup>2</sup> Lè jou saba a rive, li te kòmanse anseye nan sinagòg la. Anpil lè yo te tande l' yo te choke, yo t'ap di : « Kote l' jwenn bagay sa yo ? Ki sajès sa l' jwenn, epi kouman tout pwodij sa yo fèt nan men l' ?<sup>3</sup> Èske se pa bòs chapant lan pitit Myriam, frè Yaacov (Jak), Yossef (Jozèf), Jid ak Shim'ôn (Simon) ? Sè l' yo pa isit la nan mitan nou ? » Yo te

## Markos (Mak)

skandalize akòz li. <sup>4</sup> Men Yéhoshoua di yo : « Yon pwofèt dezonore ke nan patri l', nan mitan paran li yo ak fanmi l'. » <sup>5</sup> Li pa t' kapab fè la okenn mirak, esepte li geri kek malad, li te mete men sou yo. <sup>6</sup> Li te etone wè enkredulite yo. Li t'ap vwayaje nan vilaj alantou yo li t'ap anseye.

## Misyon apòt yo

<sup>7</sup> Li rele douz yo, li te kòmanse voye yo de pa de, li te ba yo otorite sou lespri enpi yo. <sup>8</sup> Li òdone yo pa pran anyen pou chemen an, esepte yon baton, pou yo pa genyen ni sak, ni pen, ni monnen nan senti yo, <sup>9</sup> mete sapat nan pye yo, pa pran de rad. <sup>10</sup> Epi li di yo tou : « Kèlkeswa nan kay nou

antre, rete la jouk lè nou pati la. <sup>11</sup> Tout sa yo ki pap resevwa nou e ki pap koute nou, lè nap pati la souke pousyè nan pye nou, pou sa sèvi temwayaj kont yo. M'ap di nou sa an verite ka Sodòm ak Gomò ap ka pi sipòte jou jijman an, pase lavil sa a. » <sup>12</sup> Yo te pati yo preche repantans lan. <sup>13</sup> Yo te chase anpil demon epi yo te pase lwil sou anpil malad e yo te geri yo.

## Koupe tèt Yohanan (Jan) ki kon batize a

<sup>14</sup> Wa Ewòd te tandé pale sou Yéhoshoua, paske Non l' te vin selebre. E li t'ap di : « Yohanan (Jan) sa ki t'ap batize a resisite pamimò yo, se poutèt sa pisans pou fè mirak sa yo aji ak

## Markos (Mak)

pisans nan li. »<sup>15</sup> Lòt yo t'ap di : « Se Eliyah (Eli). » Epi lòt yo t'ap di : « Se yon pwofèt, oubyen tankou yon nan pwofèt yo. »<sup>16</sup> Men, lè Ewòd aprann sa, li di : « Se Yohanan (Jan) m' te fè koupe tèt li, li resisite pami mò yo. »<sup>17</sup> Vrèman vre Ewòd li menm te voye pran Yohanan (Jan), li te mare l' epi mete l' nan prizon, akòz Ewodya, fanm Filip, frè l' paske li te marye avèk li.<sup>18</sup> Paske Yohanan (Jan) t'ap di Ewòd : « Sa pa pèmèt pou ou pran madanm frè ou. »<sup>19</sup> Se poutèt sa Ewodyad te irite kont Yohanan (Jan), e li te vle fè l' mouri,<sup>20</sup> men li pa t' kapab, paske Ewòd te gen krentif pou Yohanan (Jan),

paske li te konnen se te yon nonm jis e sen epi li t'ap prezèv l'. Apre li te fin tande l', li t'ap fè anpil bagay dapre panse l', epi se te avèk plezi ke li t'ap koute l'.<sup>21</sup> Men yon jou favorab rive, lè Ewodyad, pou okazyon jou nesans li, te bay yon festen pou gran Senyè nan gouvènman l', pou chèf militè yo ak direktè nan Galile.<sup>22</sup> Pitit fi Ewodyad la antre nan sal la, li te danse e sa te fè Ewòd plezi ak sa yo ki te sou tab avè l'. Wa a di jèn fi a : « Mande m' nenpòt sa ou vle, m'ap ba ou li. »<sup>23</sup> Li te ajoute avèk sèman : « Tout sa w'ap mande m', m'ap ba ou l', li te mèt mwatye Wayòm mwen an. »<sup>24</sup> Lè li

## Markos (Mak)

sòti, li te di manman l' : « Kisa m' ta mande ? » Manman l' di l': « Tèt Yohanàn (Jan) ki kon batize a. »<sup>25</sup> Lè li tounen prese kote wa a, li te fè l' demann li a, li te di : « Mwen vle pou ou ban mwen kounye a sou yon plato tèt Yohanàn (Jan) Batis. »<sup>26</sup> Wa a te atriste, men akòz sèman li a ak envite yo, li pa t' vle refize.<sup>27</sup> Li te voye mem lè a yon nan gad li yo avèk lòd pou li mennen tèt Yohanàn (Jan) Batis pote vini.<sup>28</sup> Gad la te ale koupe tèt Yohanàn (Jan) Batis nan prizon an, e li pote tèt li vini nan yon plato, epi li bay jèn fi a. Epi jèn fi a menm l' pote bay manman l'.<sup>29</sup> Lè disip Yohanàn (Jan) yo aprann

sa, yo vini yo pran kò l' epi yo mete l' nan yon tonm.<sup>30</sup> Apòt yo te vin rasanble bò kote Yéhoshoua, e yo te rakonte l' tou sa yo te fè ak anseye.<sup>31</sup> Epi li di yo : « Vini aleka nan yon kote ki dezè, epi repoze enpe », paske te gen anpil moun ki t'ap ale vini, ke yo pa t' menm gen okasyon pou manje.

## Miltiplikasyon pen yo

<sup>32</sup> Epi, yo te pati nan yon bato, aleka nan yon kote dezè.<sup>33</sup> Men, pèp la wè yo t'ap ale, epi anpil te rekonèt li, yo te kouri a pye sòti nan tout lavil yo, yo te rive anvan yo, yo te rasanble bò kote l'.<sup>34</sup> Epi Yéhoshoua, lè li te sòti, li te wè yon gwo foul, li te touche avèk

## Markos (Mak)

konpasyon pou li, paske yo te tankou brebi ki pa gen pastè, e li t'ap ap anseye yo anpil bagay.<sup>35</sup> Kòm li te déjà ta, disip li yo te pwoche bò kote l', yo t'ap di : « Kote sa a dezè, epi li déjà ta,<sup>36</sup> voye yo pou yo ale nan kanpagn yo ak nan vilaj alantou yo pou achte pen, paske yo pa gen anyen pou manje. »<sup>37</sup> Men li reponn yo, e li di : « Ba yo nou menm manje. » E yo di l' : « Èske nou ta pral achte pen pou 200 denye, pou bay yo manje ? »<sup>38</sup> Epi li di yo : « Konbyen pen nou genyen ? Ale epi gade. » Lè yo te konnen sa, yo te di : « Senk, epi de pwason. »<sup>39</sup> Li te kòmande yo pou yo fè yo tout chita

pa gwoup sou zèb vèt la.<sup>40</sup> Epi yo te chita pa ranje san ak senkant moun.<sup>41</sup> Epi lè li pran senk pen yo ak de pwason yo, li leve je l' nan syèl la, li pwononse lapryè benediksyon an. Epi li te kase pen yo e li te bay disip li yo pou yo te mete l' devan yo. Li te pataje de pwason yo ant tout moun.<sup>42</sup> Yo tout te manje e yo te rasazyé.<sup>43</sup> Epi yo te mennen douz panyen plen ak moso pen epi sa ki te rete nan pwason yo.<sup>44</sup> Sa yo ki te manje pen yo te anviwon senkmil nonm.

### **Yéhoshoua mache sou lanmè a**

<sup>45</sup> Touswit apre sa, li te fose disip yo monte sou yon bato, pou yo ale devan l' lòt

## Markos (Mak)

bò a, kote Betsayda, pendan li t'ap voye foul la ale.<sup>46</sup> Lè li te fin ranvwaye l', li te ale sou mòn lan pou lapriyè.<sup>47</sup> Lè aswè rive, bato a te nan mitan lanmè a, epi Yéhoshoua te pou kont li atè.<sup>48</sup> E li te wè ke yo te gen anpil traka pou yo rame paske van an te kontré. Vè katriyèm vèy lannwit la, li te ale jwenn yo li t'ap mache sou lanmè a, e li te vle pran devan yo.<sup>49</sup> Men lè yo te wè l' ap mache sou lanmè a, yo te kwè ke se te yon zonbi, e yo te pouse rèl,<sup>50</sup> paske yo tout te wè l', yo te trouble. Men li te pale avèk yo lamenm e li di yo : « Rasire nou, se mwen menm. Nou pa bezwen pè. »<sup>51</sup> E li te monte bò

kote yo nan bato a, epi van an te rete. Yo te nan yo menm eksesivman etone epi ranpli ak admirasyon.<sup>52</sup> Paske yo pa t' konprann mirak pen yo, paske kè yo te di.

## Yéhoshoua geri malad Jenezarèt

<sup>53</sup> Lè yo te fin travèse a, yo te rive nan Jenezarèt kote yo te mare bato yo.<sup>54</sup> Lè yo te fin sòti nan bato a, moun yo te rekonèt Yéhoshoua,<sup>55</sup> yo te travèse tout anviwon yo, yo te pote sòti tout kote malad yo sou ti kabann, toupatou ke yo te aprann li te ye.<sup>56</sup> Toupatou kote li te antre, nan vilaj yo, nan lavil yo nan kanpagn yo, yo te mete malad yo sou plas

## Markos (Mak)

mache yo, e yo te prye l' pou li pèmèt yo sèlman manyen bò rad li. Tout moun ki te manyen l' te sove.

### 7 Yéhoshoua kondane tradisyon yo

Konsa farizyen yo ak kèk skrib ki te sòti Yeroushalaim (Jerizalèm), te rasanble bò kote l'.<sup>2</sup> Lè yo te wè kèk disip li yo t'ap pran manje yo avèk men yo enpi, ki vle di, san yo pa t' lave yo, epi yo te blame yo.<sup>3</sup> Paske farizyen yo ak tout jwif yo pa manje san yo pa lave men yo rive jis nan koud yo, anakò avèk tradisyon ansyen yo.<sup>4</sup> Epi lè yo te sòti nan plas mache a, yo pa manje san yo pa

plonje nan dlo. Gen tou anpil lòt pratik ke yo t'ap obsève pa tradisyon, kòm lave gode yo, krich yo, veso an kwiv yo, ak kabann yo.

<sup>5</sup> Sou sa, farizyen yo ak skrib yo te poze l' kesyon yo t'ap di : « Poukisa disip ou yo pa kondui yo daprè tradisyon ansyen yo, men y'ap pran manje yo san lave men yo. »<sup>6</sup> Men li menm li reponn yo, li di yo : « Yesha'yah (Ezayi) te byen pwofetize sou nou, ipokrit, kòm li te ekri : Pèp sa a onore m' ak lèv yo, men kè yo byen lwen m'.<sup>7</sup> Se pou gremesi ke y'ap onore m', lè y'ap anseye doktrin ki se kòmandman imen. »<sup>8</sup> Vrèman vre yo lese sou kote kòmandman

## Markos (Mak)

Bondye, yo kenbe tradisyon imen yo : lave krich yo ak gode yo, epi nou fè anpil lòt bagay sanblab. »<sup>9</sup> Li di yo tou : « Nou byen rejete kòmandman Bondye, pou nou ka kenbe tradisyon nou yo.<sup>10</sup> Paske Moshè (Moyiz) te di : « Onore papa ou ak manman ou ». Epi : « Moun k'ap modi papa l' ak manman l', se pou l' fini nan lanmò. »<sup>11</sup> Men nou menm, nou di : « Si yon moun di papa l' osinon manman l' : « Tout sa m' ta gen pou m' ede ou, li kòban, ki vle di yon ofrann pou Bondye, li pap koupab. »<sup>12</sup> E nou pa pèmèt li pou l' fè anyen pou papa l' osinon manman l',<sup>13</sup> nou anile pawòl Bondye pa tradisyon

nou yo ke nou te etabli. Epi nou fè ankò anpil lòt bagay sanblab. »

### Kè imen an

<sup>14</sup> Apre sa, li rele foul la, li di yo: « Koute m' nou tout, epi tandé m' !<sup>15</sup> Pa gen anyen ki an deyò yon imen ki kapab rann li enpi lè li antre anndan l'. Men, sa ki sòti nan yon imen, se sa ki rann li enpi.<sup>16</sup> Si yon moun gen zòrèy pou l' tandem, se pou l' tandem ! »<sup>17</sup> Epi lè li te antre nan kay la, lwen foul la, disip li yo te poze l' kesyon sou parabòl sa a.<sup>18</sup> Epi li di yo : « Nou menm tou, èske nou san entèlijans ? Nou pa konprann ke anyen ki an deyò ki antre nan yon imen pa kapab rann li enpi ?<sup>19</sup> Paske li pa antre

## Markos (Mak)

nan kè l', men nan vant li, anvan li ale nan twalèt ki purifye tout manje yo. »  
<sup>20</sup> Men li di yo : « Sa ki sòti nan imen yo, se sa ki rann imen yo an enpi. <sup>21</sup> Paske se anndan, sa vle di nan kè imen yo, ke move panse yo sòti, adiltè yo, relasyon seksyèl illicit, touye moun, <sup>22</sup> vòl yo, kupidite yo, mechanste yo, twonpri yo, lanvi san limite, rega mechan, diskou derespektan, ògèy, foli.  
<sup>23</sup> Tout bagay sa yo sòti anndan epi yo rann imen an enpi. »

### Yéhoshoua ak fanm syrophaenician lan

<sup>24</sup> Epi lè li pati la, li ale nan teritwa Tir ak Sidon. Li antre nan yon kay, li pa t'

vle pesonn konnen sa ; men li pa t' kapab rete kache. <sup>25</sup> Paske yon fanm, ki te gen yon ti fi ki te posede avèk yon lespri enpi, kòm li te tandem pale sou li, vini e li te jete kò l' nan pye l'. <sup>26</sup> Fanm sa a te grèk orijin syrophaenician. Li te prye l' chase demon an an deyò pitit fi li a. <sup>27</sup> Men Yéhoshoua te di l' : « Kite premyeman timoun yo rasazye, paske li pa rezonab pou pran pen timoun yo, pou jete l' bay ti chen yo. »  
<sup>28</sup> Men li reponn li, li di : « Se vre, Senyè ! Men, ti chen yo manje anba tab la ti kal timoun yo kite tonbe. »  
<sup>29</sup> Lè sa a li di l' : « Poutèt pawòl sa a, ale demon an sòti sou pitit fi ou la. » <sup>30</sup> Lè

## Markos (Mak)

li antre lakay li, li jwenn ptit fi li a kouche sou kabann lan demon an te sòti.

### Yéhoshoua geri yon soud-bèbè

<sup>31</sup> Epi Yéhoshoua kite teritwa Tir ak Sidon, epi li tounen lòt bò lanmè Galile a, li travèse peyi Dis Vil yo.

<sup>32</sup> Epi yo te mennen ba li yon soud ki pa t' pale byen, epi yo te prye l' pou li te mete men l' sou li. <sup>33</sup> Li te pran l' an deyò foul la, li te mete dwèt li nan zòrèy li, epi avèk krache l', li te manyen lang li. <sup>34</sup> Epi, li leve je l' nan syèl la, li te soupire e li di : « Efata. » Ki vle di : « Louvri. » <sup>35</sup> Latou, zòrèy li louvri, epi lyen lang li demare epi li

pale fasil. <sup>36</sup> E li te rekòmande yo pou yo pa t' di pesonn sa, men plis li te rekòmande yo, plis yo te pibliye l'. <sup>37</sup> Yo te ekstrèman choke, yo t'ap di : « Li fè tout bagay avèk mèvèy : li fè soud yo tandé, li fè bèbè yo pale ! »

## 8 Dezyèm miltiplikasyon pen yo

Nan jou sa yo, yon gwo foul te reyini ankò, yo pa t' gen anyen pou manje, Yéhoshoua te rele disip li yo, li di yo <sup>2</sup> « Mwen touche avèk konpasyon pou foul sa a, paske sa fè déjà twa jou yo rete bò kote m', e yo pa gen anyen pou manje. <sup>3</sup> Si m' voye yo al lakay yo san manje, y'ap

## Markos (Mak)

tonbe feblès nan chemen an paske gen ladan yo ki sòti byen lwen. »<sup>4</sup> Epi disip li di yo te reponn li : « ki jan nou ta kapab rasazye yo ak pen, isit la, nan yon dezè ? »<sup>5</sup> Epi li mande yo : « Konbyen pen nou genyen ? » « sèt » yo reponn li.<sup>6</sup> Lè sa a, li bay foul la lòd pou l' chita atè, lè li pran sèt pen yo, li rann gras, li kase yo epi li bay disip li yo pou yo te mete yo devan foul la. Epi li mete yo devan l'.<sup>7</sup> Te gen kèk ti pwason tou. Apre li fin pwononse lapryè benediksyon, li te bay lòd pou yo mete devan yo tou.<sup>8</sup> Epi yo te manje, yo te rasazye, epi yo te pote sèt pànye plen avèk moso ki te

rete.<sup>9</sup> Sa yo ki te manje te anviwon 4 000. Apre sa, Yéhoshoua te voye yo ale.

## Avètisman kont ansèyman farizyen yo

<sup>10</sup> Imedyatman, li monte nan bato a avèk disip li yo, li te ale nan teritwa Dalmanouta.

<sup>11</sup> Farizyen yo vini e yo t'ap diskite avèk li, yo t'ap mande l' pou tante l', yon siy ki sòti nan syel la.<sup>12</sup> Lè sa a Yéhoshoua bay yon gwo soupi nan lespri l', li di : « Poukisa jenerasyon sa a mande yon siy ? Amen, m'ap di nou pap gen siy k'ap bay pou jenerasyon sa a. »<sup>13</sup> Lè li kite yo, li remonte nan bato a, pou l' pase lòt bò rivaj la.<sup>14</sup> Epi disip yo te blyie pran pen an epi li te genyen yon sèl

## Markos (Mak)

avèk yo nan bato a.<sup>15</sup> Li te ba yo lòd li di : « Gade ! Pran prekosyon nou avèk ledven farizyen yo ek ledven Ewòd la. »<sup>16</sup> Yo t'ap rezone ant yo, yo t'ap di : « Se paske nou pa gen pen. »<sup>17</sup> Yéhoshoua te vin konnen sa, li di yo : « Poukisa n'ap fè diskou sou nou pa gen pen ? Nou pokò tande ankò, nou pokò konprann ? »<sup>18</sup> Èske nou genyen kè nou di ankò ? Nou gen je, nou pa wè ? Nou gen zòrèy, nou pa tande ? E pa gen memwa ?<sup>19</sup> Lè m' te kase senk pen yo bay 5 000 nonm yo, konbe panyen plen moso nou te pote ale ? » « Douz », yo te reponn li.<sup>20</sup> « Epi lè m' te kase sèt pen yo bay katmil

nonm yo, konbe panyen plen moso nou te pote ale ? » « Sèt », yo reponn li.<sup>21</sup> Li di yo : « Kòmen nou pa gen entèlijans ? »

## Yéhoshoua geri yon avèg

<sup>22</sup> Apre sa, yo te rive Betsayda e yo te mennen yon avèg bay li, yo te prye l' pou li touche l'.<sup>23</sup> Lè li te pran men avèg la, li te kondui l' deyò vilaj la. Apre li te fin mete krache sou je l' epi mete men l' sou li, li te mande l' si li te wè kichòy ?<sup>24</sup> Lè li te gade, li di : « Mwen wè moun, men m' wè yo tankou pyebwa k'ap mache. »<sup>25</sup> Epi li remete men l' ankò sou je l' e li te gade l'. Lè sa a li te retabli nan leta inisyal li, e li te wè yo tout byen lwen

## Markos (Mak)

epi klèman.<sup>26</sup> Apre sa li te voye l' nan kay li, li te di l' : « Pa antre nan vilaj la epi pa di pesonn sa. »

### Pyè rekònèt Yéhoshoua kòm Kris la

<sup>27</sup> Epi Yéhoshoua pati te pati avèk disip li yo nan vilaj yo ki nan Sezare nan Filip, epi nan chemen an li poze disip yo kesyon sa a, li di yo : « Ki moun yo di m' ye ? »<sup>28</sup> Epi li reponn yo : « Genyen ki di ou se Yohanan (Jan) ki kon batize a ; lòt yo Eliyah (Eli) ; lòt yo, yon nan pwofèt yo. »

<sup>29</sup> Lè sa a li di yo : « E nou menm, ki moun nou di m' ye ? » Pyè reponn li : « Ou se Kris la. »<sup>30</sup> Epi li te defann yo fason sevè pou yo pa di pesonn sa.<sup>31</sup> Epi, li

te kòmanse anseye yo, fòk ptit lezòm nan soufri anpil, epi fòk li rejte pa ansyen yo, pa chèf prêt yo epi skrib yo, epi y'ap fè l' mouri epi l'ap resisite twa jou apre.

<sup>32</sup> Li te kenbe yo diskou sa yo ouvètman. Epi Pyè te pran l' sou kote, li te kòmanse reprann li.<sup>33</sup> Men li menm, li te vire tèt li, li t'ap gade disip li yo, li te reprimande Pyè, li te di l' : « Al dèyè m', Satan ! Paske ou pa konprann bagay Bondye, men sa imen yo. »

### Renonsman ak nou mem

<sup>34</sup> Apre, li rele foul la avèk disip li yo, li di yo : « Si yon moun vle vini dèyè m', se pou l' renonse ak tèt li, se pou l' chaje kwa l' epi swiv mwen.<sup>35</sup> Paske, moun ki

## Markos (Mak)

vle sove nanm li, ap pèdi l', men nenpòt moun k'ap pèdi nanm li pou lanmou pou mwen epi pou Levanjil la, moun sa a ap sove l'.<sup>36</sup> Paske kisa sa ta sèvi yon imen pou l' ta genyen tout lemonn, si l' pèdi nanm li ?<sup>37</sup> Kisa yon nonm kapab bay an echanj nanm li ?<sup>38</sup> Paske nenpòt moun k'ap wont mwen ak pawòl mwen yo nan mitan jenerasyon adiltè ak pecheresse sa a, Pitit lèzòm nan ap wont li tou, lè l'ap tounen antoure avèk laglwa Papa l' avek sen zanj yo.»

## 9 Transfigirasyon

### Yéhoshoua Kris

Li di yo tou : « Amen, m'ap di nou, kèk nan sa yo

ki present isit la pap jan goute lanmò, non, jouk yo wè Wayòm Bondye a ki vini avèk pisans. »<sup>2</sup> Sis jou apre sa, Yéhoshoua pran Pyè avèk li, Yaacov (Jak) ak Yohanan (Jan) e li te mennen yo tout sèl aleka, sou yon mòn byen wo. Li te chanje devan yo,<sup>3</sup> epi rad li te vin klere epi blan tankou nèj, kòm pa gen lesivyèz sou latè ki kapab blanchi konsa.<sup>4</sup> Nan menm tan an parèt devan yo Moshè (Moyiz) ak Eliyah (Eli) ; yo t'ap pale avèk Yéhoshoua.<sup>5</sup> Lè sa a Pyè pran lapawòl, li di Yéhoshoua : « Rabi, li bon pou nou isit la. An nou fè twa tabènak, yon pou ou, yon pou Moshè (Moyiz), yon pou Eliyah (Eli). »<sup>6</sup> Li

## Markos (Mak)

pa t' konnen sa yo t'ap di paske li te pè. <sup>7</sup> Epi yon nwaj te vin kouvri l' ak lonbraj li, epi te genyen yon vwa ki sòti nan nwaj la : « Sa se pitit byenemé m' koute l' ! » <sup>8</sup> Menm kote a, yo gade otou yo, yo pa te wè pesonn ke Yéhoshoua sèl avèk yo. <sup>9</sup> Men antan yo t'ap desann mòn lan, li te rekòmande yo klèman pou yo pa di pesonn sa yo te wè, jouk Ptit lèzòm nan resisite nan lanmò. <sup>10</sup> Yo te kenbe pawòl sa a nan yo men, yon t'ap mande lòt kisa ki se resisite nan lanmò ? <sup>11</sup> Yo te poze l' kesyon, yo t'ap di : « Poukisa skrib yo t'ap di, fòk Eliyah (Eli) vin premyeman ? » <sup>12</sup> Li reponn yo, li di yo : « Vrèman vre,

Eliyah (Eli) ap vini premyeman e l'ap retabli nan eta inisyal tout bagay yo. Kòm il ekri pou Ptit lèzòm nan, fòk li soufri anpil, e pou l' trete avèk mepri. <sup>13</sup> Men m' di nou Eliyah (Eli) vrèman vre vini, e yo trete l' jan yo te vle, jan sa ekri sou li. »

## Enkredilate disip yo

<sup>14</sup> Lè li te rive bò disip yo, li te wè yon gwo foul otou yo, ak skrib ki t'ap diskite avèk yo. <sup>15</sup> Men lè a tout foul la te sezi epi etone anpil lè yo te wè l', epi, yo kouri vin jwenn li, yo te kòmanse salye l'. <sup>16</sup> Lè sa a li mande skrib yo, li di : « Sou kisa n'ap diskite ak yo ? » <sup>17</sup> Yon nonm nan foul la pran lapawòl li di : « Doktè, m'

## Markos (Mak)

te mennen ti gason m' lan ki te posede ak yon lespri bëbè. <sup>18</sup> Nan nenpòt kote li lese l', li jete l' atè ; timoun nan kimen, li manje dan, epi li vin tou rèd. M' prye disip ou yo pou chase demon sa a, men yo pa t' kapab. » <sup>19</sup> Lè sa a Yéhoshoua reponn yo, li di :

« O jenerasyon enkredil ! Jouk kilè m'ap avèk nou ? Jouk kilè m'ap sipòte nou ? Mennen l' ban mwen » Yo te mennen l'.

<sup>20</sup> Lè li te wè Yéhoshoua, menm lè a lespri a souke l' byen souke ak vyolans ; li tonbe atè, epi li te woule li t'ap kimen. <sup>21</sup> E li te mande papa timoun nan : « Depi konbyen tan sa ka rive l' ? » « Depi li timoun piti », li

reponn ; <sup>22</sup> « anpil fwa lespri a jete l' nan dife, osinon nan dlo pou fe l' peri. Men, si ou kapab fè kichòy, pote nou sekou, gen konpasyon pou nou ! » <sup>23</sup> Lè sa a Yéhoshoua di yo : « Si ou pe kwè l' tout bagay posib pou moun ki kwè. »

<sup>24</sup> Menm lè a, papa timoun nan kriye ak dlo nan je, li di : « Mwen kwè Senyè ! Vin pote m' sekou nan enkredilite m' ! » <sup>25</sup> Epi lè Yéhoshoua wè foul la kouri ansanm, li repran lespri enpi an sevè, li di l' : « Espri bëbè, espri soude, mwen bay ou lòd, sòti sou li, pa antre ankò ! » <sup>26</sup> Epi demon an sòti, li t'ap bay gwo rèl, epi li t'ap souke l' ak vyolans. Timoun nan te

## Markos (Mak)

tounen tankou si l' te mouri, kifè anpil moun t'ap di li mouri. <sup>27</sup> Men Yéhoshoua pran men l', li fè l' kanpe. E li te kanpe. <sup>28</sup> Lè li te antre nan kay la, disip li yo mande l' apa : « Poukisa nou pa t' kapab chase l' ? » <sup>29</sup> Li reponn yo : « Ras sa a kapab sòti ak lapriyè epi jenn. »

### **Yéhoshoua anonse lanmò li ak rezirèksyon l'**

<sup>30</sup> Lè yo te pati la, yo te travèse Galile. Li pa t' vle moun konnen sa. <sup>31</sup> Li t'ap anseye disip li yo, li t'ap di yo : « Ptit lèzòm nan pral livre nan men lèzòm yo, yo pral fe l' mouri, men apre yo pral fe l' mouri, l'ap resisite twazyèm jou a. » <sup>32</sup> Men, yo pa t' konprann

diskou sa a, epi yo te pè poze l' kesyon.

### **Imilite, sekrè vre grandè a**

<sup>33</sup> Apre bagay sa yo li rive Kapènawòm, lè li te rive lakay la, li te mande yo : « Sou kisa nou t'ap pale konsa nan chemen an ? »

<sup>34</sup> Men yo te gade silens, paske yo t'ap diskite ant yo nan chemen an sou kilès ki te pi gran. <sup>35</sup> Lè li te chita, li te rele douz yo vin jwenn li, li di yo : « Si yon moun vle premye nan mitan nou, l'ap denye nan nou tout, epi l'ap sèvitè nou tout. » <sup>36</sup> Epi lè li pran yon timoun piti, li te mete l' nan mitan yo, apre li te pran l' nan bra l', li di yo : <sup>37</sup> « Nenpòt moun ki resevwa nan Non m' yon nan timoun sa yo, li

## Markos (Mak)

resevwa m', epi nenpòt pèdi rekonpans li. »  
moun ki resevwa m', se pa  
mwen li resevwa, men  
moun ki voye m' lan. »

### Yéhoshoua condamne sèk

<sup>38</sup> Lè sa a Yohanan (Jan) pran lapawòl, li di : « Doktè, nou te wè yon moun ki chase demon yo nan Non ou poutan li pa swiv nou, e nou te anpeche l', paske li pa swiv nou. » <sup>39</sup> Men Yéhoshoua di yo : « Pa empeche l'; paske pa gen pesonn ki, fè yon mirak nan Non m' ki kapab lamem pale mal sou mwen. <sup>40</sup> Sa ki pa kont nou, se pou nou li ye. <sup>41</sup> Nenpòt moun ki va ban nou bwè yon gode dlo nan Non m' paske se moun Kris nou ye, amen, m'ap di nou li pap

### Eskandal yo ak okazyon chite

<sup>42</sup> « Nenpòt moun k'ap skandalize yon nan timoun piti sa yo ki kwè nan mwen, li ta pi bon pou li si yo te mare yon gwo wòl moulen nan kou l', epi yo voye l' jete nan lanmè. <sup>43</sup> Si men ou se pou ou yon okasyon chite, koupe l'. Pito ou antre enfim nan lavi a pase pou ou gen de men ou yo epi pou ou ale nan jeyèn lan, nan dife kip a janm etenn, <sup>44</sup> kote vè yo pap janm mouri, kote dife a pap janm etenn. <sup>45</sup> Si pye ou se pou ou yon okasyon chite, koupe l'. Pito ou antre bwete nan lavi a, pase ou gen de pye ou epi ou ale jete nan jeyèn lan,

## Markos (Mak)

nan dife ki pap etenn lan,  
<sup>46</sup> kote vè yo pap mouri,  
kote dife a pap etenn. <sup>47</sup> Si  
je ou se yon okazyon chite,  
rache l'. Pito ou antre nan  
Wayòm Bondye a ak yon  
sèl je, pase pou ou gen de je  
ou, epi pou ou ale jete nan  
dife jeyèn nan, <sup>48</sup> kote vè yo  
pap janm mouri, kote dife a  
pap janm etenn. <sup>49</sup> Paske,  
tout moun ap sale ak  
dife epi tout ofrann ap sale  
ak sèl. <sup>50</sup> Sèl se yon bon  
bagay; men si sèl la tounen  
san gou, ak kisa pou nou fè  
l' gen gou ? <sup>51</sup> Genyen sèl  
nan nou mem, se pou nou  
gen lapè yon ak lòt. »

### 10 Ansèyman Yéhoshoua sou maryaj ak divòs

Lè yo leve, yo te ye ale

nan teritwa Jide ki lòt bò<sup>2</sup>  
Yarden (Joudan) an. Foul la  
te sanble ankò bò kote l',  
ankò daprè koutim li, li  
kòmanse anseye l'.  
<sup>2</sup> Farizyen yo te pwoche, yo  
mande l', pou yo te tante l',  
si li te pèmèt pou yon nonm  
ranvwaye madanm li ? »  
<sup>3</sup> Men li menm, li reponn  
yo, li di : « Kisa Moshè  
(Moyiz) te rekòmande nou  
? » <sup>4</sup> Moshè (Moyiz), yo di  
te pèmèt pou ekri yon lèt  
divòs epi ranvwaye l'. <sup>5</sup> Epi  
Yéhoshoua reponn, li di  
yo : « Se paske kè nou di  
ke Moshè (Moyiz) te ban  
nou kòmandman sa a.  
<sup>6</sup> Men, nan konmansman  
kreyasyon an, Bondye te fè<sup>3</sup>  
yo mal ak femèl. <sup>7</sup> Se poutèt  
sa, nonm lan ap kite papa l'

## Markos (Mak)

ak manman l', pou l' kole ak madanm li,<sup>8</sup> tou de ap fè yon sèl chè. Konsa, yo pap de ankò, men y'ap fè yon sèl chè.<sup>9</sup> Se pou lèzòm pa separe sa Bondye mete ansanm anba yon jouk. »<sup>10</sup> Lè yo te nan kay la, disip yo te poze l' kesyon ankò sou mem sijè a.<sup>11</sup> Li di yo : « Moun k'ap ranvwaye madanm li pou li al marye ak yon lòt, li komèt yon adiltè kont li.<sup>12</sup> Si yon fanm ranvwaye mari l' pou li al marye ak yon lòt, li komèt yon adiltè. »

### Yéhoshoua ak timoun yo

<sup>13</sup> Yo te mennen timoun piti yo bay li pou l' te touche yo. Men disip yo te reprann sa yo ki te mennen yo.

<sup>14</sup> Men Yéhoshoua lè li te

wè sa, li te genyen endiyasyon, li di yo : « Kite timoun piti yo vin jwenn mwen, pa anpeche yo, paske Wayòm Bondye a se pou moun ki sanble yo.<sup>15</sup> Amen, m'ap di nou, nenpòt moun ki pa resevwa tankou yon timoun piti Wayòm Bondye a, li pap antre. »<sup>16</sup> Apre li pran yo nan bra l', li beni yo, li enpoze men l' sou yo.

### Jenn nonm rich la

<sup>17</sup> Antan li sòti sou wout la, yon nonm kouri vini, li mete l' ajenou devan l', li mande l' : « Bon doktè, kisa pou m' fè pou m' eritye lavi etènèl ? »<sup>18</sup> Yéhoshoua reponn li : « Poukisa w'ap rele m' bon ? Pèsòn bon, si se pa Bondye sèlman.<sup>19</sup> Ou

## Markos (Mak)

konn kòmandman yo : Pa komèt adiltè, pa touye moun, pa vòlè, pa fè fo temwayaj, pa fè pèsòn okenn tò, onore papa ou ak manman ou. »<sup>20</sup> Lè li reponn, li di : « Doktè, mwen kembe tout bagay sa yo depi jenès mwen. »<sup>21</sup> Yéhoshoua te gade l', li te renmen l', epi li di l' : « Li manke ou yon bagay : Ale epi vann tou sa ou genyen, epi bay pòv yo, epi wa gen yon trezò nan syèl la. Epi vini swiv mwen epi chaje kwa ou. »<sup>22</sup> Men li te mal ak pawòl sa a, li te ale ttris paske li te gen anpil byen.

### Anyen pa enposib pou Bondye

<sup>23</sup> Lè sa a Yéhoshoua, gade otou l', li di disip li yo : « Li

difisil pou sa yo ki gen richès pou yo antre nan Wayòm Bondye. »<sup>24</sup> Disip li yo te pè ak pawòl li yo. Men Yéhoshoua reprann lapawòl li di yo : « Timoun mwen yo, li difisil pou sa yo ki konfye yo nan riches yo pou yo antre nan Wayòm Bondye a !<sup>25</sup> Li pi fasil pou yon chamo pase nan yon je zegwi, pase pou yon rich antre nan Wayòm Bondye. »<sup>26</sup> Disip yo te pi choke, epi yon t'ap di lòt : « Ki moun ki ka sove ? »<sup>27</sup> Men Yéhoshoua gade yo, li di yo : « Pou imen yo sa enposib, men pa pou Bondye, paske tout bagay posib pou Bondye. »

### Rekonpans disip yo

<sup>28</sup> Lè sa a, Pyè di l' : « Men

## Markos (Mak)

nou kite tout bagay epi nou swiv ou. »<sup>29</sup> Li reponn, Yéhoshoua di : « Amen m'ap di nou, pa gen pèsòn ki kite akòz mwen epi Levanjil la, kay li, frè l', sè l', oubyen papa l', oubyen manman l', oubyen madam li, pitit li, oubyen tè l',<sup>30</sup> l'ap resevwa, san fwa plis depi kounye a, nan tan sa a, kay, frè, sè, manman, timoun, tè avèk pèsekisyon, epi nan laj k'ap vini an, lavi etènèl.<sup>31</sup> Men, anpil nan premye yo ap dènye, anpil dènye yo ap premye. »

### Yéhoshoua anonse lanmò l' ak rezirèksyon l'

<sup>32</sup> Lè sa a, yo te nan chemen, yo t'ap moute Yeroushalaim (Jerizalèm), epi Yéhoshoua te ale devan

yo. Yo te pè, epi antan yo t'ap swiv li, yo te pè. Epi Yéhoshoua te pran aleka douz yo, li te kòmanse deklare yo sa ki te gen pou rive l',<sup>33</sup> li t'ap di : « Men n'ap moute Yeroushalaim (Jerizalèm), epi Pitit lèzòm nan pral livre bay chèf prêt yo ak skrib yo. Yo pral kondannen l' amò, e y'ap livre l' bay nasyon yo<sup>34</sup> y'ap pase l' nan rizib, y'ap chatye l' ak fwèt, y'ap krache sou li, y'ap fè l' mouri, epi l'ap resisite twa jou apre. »

### Yéhoshoua reponn kesyon de Yaacov (Jak) ak

#### Yohanan (Jan)

<sup>35</sup> Apre sa, Yaacov (Jak) ak Yohanan (Jan), pitit Zabdi (Zebede) yo, pwoche bò kot

## Markos (Mak)

Yéhoshoua, yo di l' konsa:  
Doktè, nou ta renmen ou fè pou, sa nou pral mande ou la.<sup>36</sup> Li di yo: Kisa nou ta vle m' fè pou nou?<sup>37</sup> Yo di li: Fè nou chita yonn sou bò dwat ou, lòt la sou bò gòch ou, lè ou ap nan bèl laglwa ou.<sup>38</sup> Yéhoshoua reponn yo: Nou pa konnen sa n'ap mande la a. Eske nou ka bwè gode mwen pral bwè a epi batize nan batèm mwen pral batize a ?<sup>39</sup> Yo di li: Nou kapab. Yéhoshoua reponn yo: Se vre n'ap bwè gode mwen pral bwè a, epi n'ap batize nan batèm mwen pral batize a ;<sup>40</sup> men, kanta pou chita sou bò dwat epi sou bò gòch mwen an, se pa mwen ki bay sa ; men sa se pou moun li prepare.

<sup>41</sup> Dis lòt yo tandé sa, yo te kòmanse fache kont Yaacov (Jak) ak Yohanan (Jan).

<sup>42</sup> Yéhoshoua rele yo, li di yo: Nou konnen sa yo ki panse yo se chèf nasyon yo domine sou yo tankou mèt, grannèg yo fè moun santi otorite yo.<sup>43</sup> Men, se pa konsa sa ap yé nan mitan nou. Men, nenpòt moun ki vle pou pi gran nan mitan nou, se pou l' sèvitè nou la,<sup>44</sup> nenpòt nan nou ki ta vle premye nan mitan nou, se pou l' esklav nou tout.

<sup>45</sup> Paske, Pitit lèzòm nan vini, se pa pou yo sèvi l', men se pou l' sèvi epi bay lavi l' pou ranson plizyè moun.

## Yéhoshoua geri avèg Batime

## Markos (Mak)

<sup>46</sup> Yo te rive Yeriycho (Jeriko). Lè li te sòti Yeriycho (Jeriko) avèk disip li yo epi yon gwo foul, ptit Time, Batime avèg la te chita bò chemen an, li t'ap mande charite. <sup>47</sup> Lè li aprann ke se te Yéhoshoua, Nazareyen an, li te pran krye epi li t'ap di : « Yéhoshoua, ptit David la, gen pitye pou mwen ! »

<sup>48</sup> Anpil moun t'ap kouri dèyè l' pou te fè l' pe bouch li, men li t'ap krye pi fò : « Ptit David la, gen pitye pou mwen ! » <sup>49</sup> Epi Yéhoshoua kanpe, li di : « Rele l' ! » Yo rele avèg la, yo di l' : « Pran kouray ! Leve, l'ap rele ou. » <sup>50</sup> Lè li jete manto l', li leve li vin jwenn Yéhoshoua.

<sup>51</sup> Yéhoshoua pran lapawòl li di : « Kisa ou vle m' fè pou ou ? » Epi avèg la di l' : « Mèt, fè m' wè ankò. » <sup>52</sup> Epi Yéhoshoua di l' : « Ale lafwa ou sove ou. » <sup>53</sup> Menm lè a, li wè ankò, epi li swiv Yéhoshoua nan chemen an.

## 11 Yéhoshoua Mashiah (Jezikri) antre nan Yeroushalaim (Jerizalèm)

Lè yo apwoche Yeroushalaim (Jerizalèm), bò Betfaje ak Betani, bò mòn Oliv la, li te voye de nan disip li yo, <sup>2</sup> li t'ap di yo : « Ale nan vilaj la ki devan nou an. Depi n'ap antre, n'ap jwenn yon jenn ti bourik mare, pesonn pokonjanm moute sou li. Lage l',

## Markos (Mak)

mennen l'.<sup>3</sup> Si yon moun di nou : « Poukisa n'ap fè sa ? » Di Senyè a bezwen, touswit l'ap kite l' vini isit la. »<sup>4</sup> Yo pati, yo te jwenn jenn ti bourik la mare deyò, bò yon pòt, nan kontou yon chemen, epi yo lage l'.<sup>5</sup> Epi kèk nan sa yo ki te la di yo konsa : « Pouki n'ap lage ti bourik la ? »<sup>6</sup> Men yo te reponn jan Yéhoshoua te bay lòd fè; epi yo te kite yo fè.<sup>7</sup> Epi yo te mennen ti bourik la bay Yéhoshoua, yo te jete rad yo sou li, epi Yéhoshoua te chita sou li.<sup>8</sup> Anpil te tann rad yo sou chemen an, epi lòt branch ke yo te koupe nan jaden yo.<sup>9</sup> Sa yo ki t'ap mache devan yo, sa yo ki t'ap swiv, yo t'ap krye, yo t'ap

di : « Ozana ! Benediksyon pou moun ki vini nan Non Senyè a !<sup>10</sup> Beni Wayòm David, papa nou, ki vini nan Non Senyè a ! Hosanna nan kote ki pi wo a ! »<sup>11</sup> Epi Yéhoshoua te antre konsa nan Yeroushalaim (Jerizalèm), nan tanp lan. Aprè li te fin gade tout kote, kòm li te déjà ta, li sòti pou ale Betani avèk douz yo.

## Pye fig frans esteril la

<sup>12</sup> Nan denmen, apre yo fin sòti Betani, Yéhoshoua te grangou.<sup>13</sup> Li te wè byen lwen yon pye fig frans ki te gen fèy, li te ale wè si li t'ap jwenn yon bagay, men lè li te apwoche, li te jwenn ke fèy, paske se pa t' sezon fig yo.<sup>14</sup> Epi Yéhoshoua

## Markos (Mak)

pran lapawòl, li di pye fig  
frans la : « Se pou pesonn  
pa manje fwi ou, pou  
jamè ! » Epi disip yo te  
tande sa.

### Yéhoshoua chasse machann yo tanp lan

<sup>15</sup> Li te rive Yeroushalaim (Jerizalèm), Yéhoshoua te antre nan tanp lan. Li te kòmanse chase deyò sa yo ki t'ap vann ak sa yo ki t'ap achte nan tanp lan, e li te chavire tab moun yo ki t'ap chanje lajan yo ak chèz moun yo ki t'ap vann pijon yo. <sup>16</sup> Li pa t' lese pesonn pote okenn bagay nan tanp lan. <sup>17</sup> Li t'ap anseye yo, li t'ap di yo : « Èske li pa ekri : Kay mwen an ap rele yon kay lapriyè pou tout nasyon yo ? Men nou

menm, nou fè l' tounen yon gwòt vòlò. »

### Skrib yo ak prèt yo konplete kont Yéhoshoua

<sup>18</sup> Epi Skrib yo avèk chèf prèt lè yo tandé sa, yo t'ap chache yon jan pou detwi l', paske yo te gen krent pou li, paske tout foul la te choke pa doktrin li a. <sup>19</sup> Lè aswè vini, li sòti nan lavil la.

### Lapriyè avèk fwa

<sup>20</sup> Nan maten, antan yo t'ap pase disip yo wè pye fig frans la cheche jouk nan rasen. <sup>21</sup> Epi Pyè te vin chonje, li di : « Rabi, men pye fig frans ou te modi a li cheche. » <sup>22</sup> Yéhoshoua reponn, li di : « Gen lafwa nan Bondye. <sup>23</sup> Amen m'ap di nou, si yon moun di mòn

## Markos (Mak)

sa a : Kite plas ou a, epi ale jete ou nan lanmè a », epi si l' pa doute nan kè l', menm si l' kwè ke sa l' di a gen pou fèt, tout sa l'ap di y'ap fè l' pou li. <sup>24</sup> Se poutèt sa m'ap di nou : Tou sa n'ap mande nan lapriyè, kwè nou resevwa l', e n'ap wè l' akonpli. »

## Padon

<sup>25</sup> Lè nou presente poun lapriyè, si nou gen yon bagay kont yon moun, padonnen l', konsa Papa nou ki nan syèl la va padonnen fòt nou yo tou. <sup>26</sup> Men, si nou pa padonnen lòt moun yo, Papa nou ki nan syèl la pap padonnen fòt nou yo tou.

## Orijin otorite Yéhoshoua

### Kris

<sup>27</sup> Li tounen ankò Yeroushalaim (Jerizalèm). Pandan li t'ap mache nan tanp lan, chèf prèt yo, skrib yo ak ansyen yo vin jwenn li, <sup>28</sup> epi yo di l' : « Avèk ki otorite w'ap fè bagay sa yo, epi kilès ki ba ou otorite sa a pou ou fè bagay w'ap fè yo ? » <sup>29</sup> Men Yéhoshoua reponn yo, li di yo : « M'ap mande nou yon bagay tout, epi reponn mwen, epi m'ap di nou avèk ki otorite m'ap fè bagay sa yo. <sup>30</sup> Batèm Yohanàn (Jan) te sòti nan syèl la oubyen nan imen yo ? Reponn mwen. » <sup>31</sup> Epi yo t'ap rezone ant yo, yo t'ap di : « Si nou di : Nan syèl la, l'ap di

## Markos (Mak)

nou : Poukisa nou pa t' kwè l' ? <sup>32</sup> Epi si nou di : Nan imen yo, nou gen pou gen krent pou pèp la, paske tout moun te konsidere vrèman vre Yohanan (Jan) tankou yon pwofèt. » <sup>33</sup> Yo reponn Yéhoshoua yo di : « Nou pa konnen. ». Epi Yéhoshoua reponn yo li di : « Mwen menm tou, m' pap di nou avèk ki otorite m'ap fè bagay sa yo. »

### 12 Parabò kiltivatè rezen yo

Yéhoshoua yo te kòmanse pale avèk yo an parabòl : « Yon nonm te plante yon jaden rezen, epi li te me mete otou l' yon kloti, epi li te fouye yon twou pou yon près e li te

bati yon gwo kay tout won. Epi li te lwe l' bay kiltivatè rezen yo, epi li te pati nan yon peyi byen lwen. <sup>2</sup> Lè tan rekòlt la, li te voye yon esklav kote kiltivatè rezen yo pou li resevwa nan men yo fwi jaden rezen an. <sup>3</sup> Yo te pran l', yo te bat li, epi yo te ranvwaye l' men vid. <sup>4</sup> Li te voye yon lòt èsklav ankò kote yo. Yo te jete wòch sou li, yo te frape l' nan tèt epi yo te ranvwaye l' ale apre yo te fin dezonore l'. <sup>5</sup> Epi li te voye ankò yon twazyèm ke yo te touye vrèman vre, avèk anpil lòt, epi yo bat kèk ladan yo, yo te touye lòt yo. <sup>6</sup> Men, li te gen yon ptit gason, byeneme l', li te voye dènye an li t'ap di : « Y'ap gen

## Markos (Mak)

respè pou pitit gason m' nan.<sup>7</sup> Men, kiltivatè rezen sa yo t'ap di ant yo : « Men eritye a, an touye l', epi eritaj la ap pou nou.<sup>8</sup> Epi yo te pran l', yo te touye l' epi yo te jete l' deyò jaden rezen an.<sup>9</sup> Kisa mèt jaden rezen an ap fè ? L'ap vini epi l'ap fè peri kiltivatè rezen sa yo, epi l'ap bay jaden rezen an bay lòt moun.<sup>10</sup> Èske nou pa te li pawòl sa a nan Ekriti a ? Wòch la ki te rejte pa moun yo ki t'ap bati a, tounen wòch ki kenbe kay la.<sup>11</sup> Se Senyè a ki fè sa, epi se yon bagay mèveye nan je nou ».<sup>12</sup> Epi yo t'ap chèche pran l', men yo te gen krent pou foul la .Yo te konprann ke se te kont yo ke li te di

parabòl sa a. Epi yo kite l', yo pati.

## Taks bay Seza

<sup>13</sup> Epi yo te voye kèk farizyen ak patizan Ewòd yo bò kote l' pou yo te kenbe l' avèk diskou l' yo.

<sup>14</sup> Epi yo vin di l' : « Doktè, nou konnen se ou menm ki vre epi ou pa gen sousi pou pesonn, paske ou pa konsidere aparans moun, men ou anseye vwa Bondye daprè verite a. Èske li pèmèt pou peye taks la pou Seza oubyen non ? Eske nou dwe peye oubyen pa peye ?<sup>15</sup> Men, li men li te konnen ipokrizi yo, li di yo : « Poukisa n'ap tante m' ? Pote ban mwen yon pyès lajan pou m' wè l'. »<sup>16</sup> Epi yo te pote yon ba li. Lè sa a,

## Markos (Mak)

li di yo : « Kilès li pote imaj ak enskrypsyon ? » « Se Seza », yo reponn li. <sup>17</sup> Epi Yéhoshoua reponn yo, li di yo : « Rann Seza sa ki pou Seza, epi bay Bondye sa ki pou Bondye. » Epi yo te ranpli avèk admirasyon pou li.

### Anseyman sou rezirèksyon an

<sup>18</sup> Epi sadiseyen yo, ki t'ap di pa gen rezirèksyon, te vin jwenn li. Yo t'ap poze l' kesyon yo t'ap di : <sup>19</sup> « Doktè, men sa Moshè (Moyiz) te preskri nou : Si frè yon moun mouri epi li kite madanm li san li pa te gen timoun, frè l' ap marye avèk vèv li a epi l'ap bay yon posterite bay frè l'. <sup>20</sup> Te gen sèt frè premye a te

pran yon madanm epi li mouri san li pa kite pitit. <sup>21</sup> Dezyèm lan pran vèv la pou madanm, epi li te mouri san lese yon posterite. Se te menm bagay la pou twazyèm lan, <sup>22</sup> epi sèt yo te marye avèk li san lese yon posterite. Apre yo tout, fanm lan te mouri tou. <sup>23</sup>

Nan rezirèksyon an, lè y'ap resisite, nan kilès nan yo li pral madanm ? Paske sèt yo te genyen l' pou madanm. »

<sup>24</sup> Epi Yéhoshoua reponn yo : « Rezon pouki nou egare se paske nou pa konnen ni Ekriti yo ni pisans Bondye.

<sup>25</sup> Paske lè nou resisite nan mitan mò yo, nou pa pran ni fanm ni mari, men nou tankou zanj yo ki nan syèl la. <sup>26</sup> Epi pou mò yo, ak sou

## Markos (Mak)

sa y'ap resisite, èske nou pa te li nan liv Moshè (Moyiz) la, ki jan Bondye te pale avè l' nan ti touf bwa a, li te di : « Mwen se Bondye Abraram ak Bondye Yitzhak (Izarak), ak Bondye Yaacov (Jakòb) » ?<sup>27</sup> Men li pa Bondye mò yo men Bondye moun yo ki vivan. Nou menm nou egare. »

### Pi gwo kòmandman an

<sup>28</sup> Yon nan skrib yo, ki te tande y'ap diskite, lè li te wè li te byen reponn yo, li te apwoche l', e li te mande l' : « Kisa ki premye nan tout kòmandman yo ? »<sup>29</sup> Men Yéhoshoua reponn li : « Premye nan tout kòmandman yo se : « Koute Israel, Senyè a, Bondye nou

an, Senyè a se youn.<sup>30</sup> Epi w'ap renmen Senyè a Bondye ou, ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout panse ou, ak tout fòs ou. » Sa la pwemye kòmandman an.<sup>31</sup> Epi dezyèm lan ki sanble ak premye a se : « Se pou ou renmen pwochen ou tankou ou menm. » Pa gen lòt kòmandman pi gran pase sa a. »<sup>32</sup> Epi skrib la di l' : « Doktè, ou byen di daprè verite a, ke Bondye se yon epi pa gen lòt pase l',<sup>33</sup> epi renmen l' ak tout kè nou, ak tout entèlijans nou, ak tout nanm nou, ak tout fòs nou, epi renmen prochen nou tankou nou menm, se plis pase tout olokos yo ak sakrifis yo. »<sup>34</sup> Epi

## Markos (Mak)

Yéhoshoua te wè li te reponn avèk pridans, li te di l' : « Ou pa lwen Wayòm Bondye a. » Epi pesonn pa te te oze poze l' kesyon.<sup>35</sup> Epi Yéhoshoua, te anseye nan tanp lan, li te pran lapawòl e li di : « Ki jan skrib yo ap di ke Kris la se ptit David la ?<sup>36</sup> Paske David li menm te di pa Sentespri a : « Senyè a di Senyè mwen an : « Chita sou bò dwat mwen, jouk m' mete lènmi ou yo pou machpye pye ou. »<sup>37</sup> David li menm te rele l' Senyè, ki jan li se ptit gason l' ? » Epi yon gwo foul t'ap koute l' avèk plezi.

### Yéhoshoua denonse skrib yo

<sup>38</sup> Li t'ap di yo nan

anseymen li a : « Pran prekosyon nou ak skrib yo, ki pran plezi pwomne avèk ròb long epi ki renmen salitasyon sou plas mache yo,<sup>39</sup> k'ap chèche premye syèj yo nan sinagòg yo, ak premye plas yo nan festen yo,<sup>40</sup> y'ap devore antyèman kay vèv yo, menm sou pretèks fè long lapriyè. Y'ap jije plis sevèman. »

### Ofrann pòv vèv la

<sup>41</sup> Yéhoshoua te chita vizavi trezò a, li t'ap gade ki jan foul la t'ap mete monnen. Anpil rich t'ap mete anpil.<sup>42</sup> Epi yon pòv vèv vini, li te mete de ti pyès, ki te fè yon ka nan yon pyès lajan.<sup>43</sup> Epi Yéhoshoua te rele disip li yo, li di yo : « Amen m'ap

## Markos (Mak)

di nou, pòv vèv sa a mete plis nan trezò a pase tout moun yo ki mete.<sup>44</sup> Paske, yo tout te mete sa yo gen anplis, men li menm li mete sa ki nesesè pou li, tout sa li te posede, tout sa li te genyen pou viv. »

### 13 Pwofesi sou detwi tanpan lan

Kòm li t'ap sòti nan tanpan lan, yon nan disip li yo te di l': « Doktè, gade ala wòch epi ala gwo batiman ! »<sup>2</sup> Epi Yéhoshoua reponn li di : « Èske ou wè gwo batisman sa yo ? Pap rete wòch sou wòch ki pap pa detwi. »

#### Tan fen an

<sup>3</sup> Kòm li te chita sou mòn Oliv la, an fas tanpan lan, Pyè,

Yaacov (Jak), Yohanan (Jan) ak Andreas (Andre), te poze l' kesyon an patikilye :<sup>4</sup> « Di nou : « Kilè bagay sa yo ap rive, epi kisa k'ap siy la lè tout bagay sa yo ap akonpli ? »<sup>5</sup> Epi Yéhoshoua reponn yo, li te kòmanse di yo : « Pran prekosyon pou pesonn pa egare nou.<sup>6</sup> Paske, anpil ap vini nan Non m', y'ap di : « Mwen se Kris la. Epi y'ap egare anpil moun.<sup>7</sup> Epi lè n'ap tande pale sou lagè ak bri lagè, se pou nou pa twouble, paske fòk bagay sa yo rive. Men se pap ankò lafen an.<sup>8</sup> Paske yon nasyon pral leve kont yon lòt nasyon, epi yon Wayòm kont yon lòt wayòm, epi ap gen tranblemann tè nan

## Markos (Mak)

divès kote, epi pral gen grangou ak twouble. Bagay sa yo pral premye doulè yo.

<sup>9</sup> Men, pran prekosyon nou nou menm. Paske, yo pral livre nou bay sanhedrin yo ak sinagòg yo, y'ap bat nou avèk baton epi yo pral prezante nou devan gouvènè yo ak devan wa yo akòz mwen, pou sèvi yo temwayaj. <sup>10</sup> Men fòk premyeman Levanjil la preche nan tout nasyon yo.

<sup>11</sup> Men lè yo pral kondui nou pou yo livre nou, pa enkyete alavans pou sa nou pral di, epi pa premedite l' nonplis, men di sa yo pral ban nou nan menm lè a. Paske se pa nou menm ki pral pale, men Sentespri a. <sup>12</sup> Epi frè a ap livre frè l'

pou lanmò, epi papa a pitit li ; epi timoun yo ap leve kont papa yo ak manman yo, epi y'ap fè yo mouri. <sup>13</sup> Epi n'ap rayi pa tout moun akòz Non m', men moun k'ap sipòte bravman epi avèk kalm move tretman yo jouk lafen, moun sa a ap sove. »

## Abominasyon dezolasyon an

<sup>14</sup> « Lè n'ap wè abominasyon an k'ap koze dezolasyon an ki te pwedi pa Danyèl, pwofèt la, etabli kote li pa dwe ye, se pou moun k'ap li a konprann ! Lè sa a, sa yo k'ap nan Jide sove nan mòn yo. <sup>15</sup> Moun k'ap sou tèt kay la pa desann nan kay la, epi pa antre pou pran anyen nan

## Markos (Mak)

kay li.<sup>16</sup> epi moun k'ap nan jaden pa retounen dèyè pou pran manto l'.<sup>17</sup> Men, malè pou sa yo k'ap ansent, epi sa yo k'ap bay tete nan jou sa yo.<sup>18</sup> Lapriyè pou lè n'ap kouri kite a pa rive ann ivè.<sup>19</sup> Paske tribilasyon an, nan jou sa yo, ap yon jan ki pa te genyen anyen sanblab depi kòmansman mond lan ke Bondye te kreye jouk kounye a, epi pap janm genyen anyen ki pral egal li.<sup>20</sup> Epi si Senyè a pa te diminye jou sa yo, pa t'ap gen pesonn ki t'ap sove, men li diminye jou sa yo akòz eli yo ke li chwazi.<sup>21</sup> Konsa, si yon moun di nou : « Men, Kris la isit la. » Oubyen : « Men li la. » Pa kwè.<sup>22</sup> Paske, pral leve fo

Kris ak fo pwofèt epi y'ap bay siy ak mirak pou egare, si li te posib menm eli yo.<sup>23</sup> Men, fè atansyon, m'anonse nou tout bagay davans. »

## Retou Mesi a sou latè

<sup>24</sup> « Men, nan jou sa yo, apre tribilasyon sa a, solèy la ap vin sonm, epi lalin lan pap klè ankò,<sup>25</sup> epi zetwal yo nan syèl la pral tonbe, epi pisans yo ki nan syèl la ap ebranle.<sup>26</sup> Lè sa a, y'ap wè pitit lezòm nan vini sou nyaj yo, avèk yon gwo pisans epi yon gwo glwa.<sup>27</sup> Epi l'ap voye zanj li yo, epi l'ap rasable eli li yo nan kat van yo, nan ekstremite latè a jouk nan ekstremite syèl la. »

## Markos (Mak)

### Parabòl pye fig frans lan

<sup>28</sup> « Men aprann lesон ki sòti nan parabòl pye fig frans lan. Depi jenn ti branch li yo vin boujonnen, epi fèy li pouse nou konnen lete a pwoche. <sup>29</sup> Konsa, lè n'ap wè bagay sa yo rive, konnen ke pitit lezòm nan pwoche, nan pòt la. <sup>30</sup> Amen m'ap di nou, jenerasyon sa a pap pase, ke tout bagay sa yo ap rive. <sup>31</sup> Syèl la ak latè a ap pase, men pawòl mwen yo pap pase. »

### Egzòtasyon Yéhoshoua pou vijilans

<sup>32</sup> « Men, pou sa ki pou jou a oubyen pou lè a, pesonn pa konnen, ni zanj yo nan syèl la, ni Pitit gason an, eksepte Papa a. <sup>33</sup> Fè

atansyon ! Veye epi priye paske nou pa konnen ki lè tan sa a ap vini. <sup>34</sup> L'ap tankou yon nonm ki ale aletranje, li kite kay li, li bay èsklav li yo otorite, chak moun travay li epi li bay gadyen pòt la lòd pou l'veye. <sup>35</sup> Veye, paske nou pa konnen ki lè mèt kay la ap vini, oswa aswè, oswa nan mitan lannwit la, oswa nan lè kòk chante, oswa nan maten. <sup>36</sup> Pè pou l' pa jwenn nou ap dòmi lè l'ap vini toudenkou. <sup>37</sup> Men sa m' di nou, m' di nou tout : Veye ! »

## 14 Konplò kont Yéhoshoua

Fèt pak la ak fèt pen san ledven an te dwe fèt de jou

## Markos (Mak)

apre. Chèf prêt yo ak skrib yo t'ap chache mwayen pou yo pran Yéhoshoua avèk riz, pou fè l' mouri. <sup>2</sup> Men yo t'ap di : « Sa pa dwe fêt pendan fêt la, pou pè pa gen dezòd nan mitan pèp la.

### **Myriam nan Betani vide pafen sou Yéhoshoua**

<sup>3</sup> Lè li te Betani, bò tab la, nan kay Shim'ôn (Simon) lepre a, yon fanm vin jwenn li avek yon vaz fêt an albat ranpli ak yon pafen na pure e ki vo yon gwo pri ; epi, lè li kraze vaz la, li te vide l' sou tèt li. <sup>4</sup> Kèk moun te endiye nan yo menm, epi yo t'ap di : « Kisa sa sèvi pèt pafen sa a ? » <sup>5</sup> Paske nou ta kapab vann li plis pase twasan denye, epi bay pòv yo. Epi yo t'ap menase l'.

<sup>6</sup> Men Yéhoshoua di : « Lese l'. Poukisa n'ap fè l' lapenn ? Li fè yon bon zèv pou mwen. <sup>7</sup> Paske nou toujou gen pòv yo avèk nou epi nou kapab fè yo byen lè nou vle, men nou pa genyen m' toujou. <sup>8</sup> Li fè sa l' te kapab, li davans anbome kò m' pou antèman. <sup>9</sup> Amen, m'ap di nou, toupatou kote Levanjil sa a ap preche, nan lemonn antye, y'ap rakonte nan memwa fanm sa a sa l' te fè a. »

### **Trayizon Yéhouda (Jida)**

<sup>10</sup> Epi Yéhouda (Jida) Iskariòt, yon nan douz yo, ale jwenn chèf prêt yo pou livre l'. <sup>11</sup> Lè yo tande l', yo te nan lajwa, epi yo pwomèt pou yo te ba l' lajan. Epi Yéhouda (Jida) t'ap chache

## Markos (Mak)

yon okazyon favorab pou la.<sup>17</sup> Lè aswè vini, Yéhoshoua te rive avèk douz yo. <sup>18</sup> Pandan yo sou tab epi y'ap manje, Yéhoshoua te di yo : « Amen, m'ap di nou, yon nan nou, k'ap manje avèk mwen pral trayi m'. » <sup>19</sup> Yo te kòmanse atriste, epi yo te di l' yon apre lòt : « Èske se mwen menm ? » Epi yon lòt : « Èske se mwen ?

### Dènye Pak la

<sup>12</sup> Premye jou fèt pen san ledven an, kote yo te touye Pak la, disip li yo di l': « Ki bò ou vle n' al prepare pou ou manje Pak la ? » <sup>13</sup> Epi li te voye de nan disip li yo, li di yo : « Ale nan lavil la, n'ap kontre yon moun k'ap pote yon krich dlo, swiv li. <sup>14</sup> Kote li antre, di mèt kay la : « Doktè a di : « Ki kote m'ap manje Pak la avèk disip mwen yo ? » <sup>15</sup> Epi l'ap montre nou yon gwo chanmòt, meble tou pare : Se la n'ap fè prepare pou nou. » <sup>16</sup> Epi disip li yo pati, yo te rive nan lavil la, epi yo te jwenn bagay yo jan li te di a epi yo te prepare Pak

la. <sup>17</sup> Lè aswè vini, Yéhoshoua te rive avèk douz yo. <sup>18</sup> Pandan yo sou tab epi y'ap manje, Yéhoshoua te di yo : « Amen, m'ap di nou, yon nan nou, k'ap manje avèk mwen pral trayi m'. » <sup>19</sup> Yo te kòmanse atriste, epi yo te di l' yon apre lòt : « Èske se mwen menm ? » Epi yon lòt : « Èske se mwen ?

<sup>20</sup> Men li reponn e li di yo : « Se yon nan nou douz yo ki tranpe avèk mwen nan plat la. <sup>21</sup> Vrèman vre Pitit lèzòm nan pral ale, jan sa ekri sou li, men malè pou nonm lan pa ki Pitit lèzòm nan trayi ! Li ta pi bon pou monm sa a ke li pa t' janm fèt. »

### Repa Pak la

## Markos (Mak)

<sup>22</sup> Pandan yo t'ap manje, Yéhoshoua pran pen an, epi li pwononse lapryè benediksyon an, li kase l' e li ba yo l', e li di : « Pran, manje, sa a se kò m'. »

<sup>23</sup> Apre sa, li pran gode a, apre li fin rann gras, li ba yo, yo epi yo tout bwè ladan. <sup>24</sup> Epi li di yo : « Sa se san m', san nouvèl alyans lan, ki koule pou anpil. <sup>25</sup> Amen m'ap di nou, mwen pap bwè fwi rezen an ankò jouk jou m'ap bwè l' ankò nan Wayòm Bondye a. »

### **Yéhoshoua anonse Pye li pral renye l' twa fwa**

<sup>26</sup> Apre yo fin chante im Paskal yo, yo te ale nan mòn Oliv la. <sup>27</sup> Yéhoshoua di yo : « Nou tout lannwit

sa a, nou pral skandalize nan mwen, paske li ekri : « M'ap frape bèje a, epi brebi yo pral gaye. » <sup>28</sup> Men apre m' resisite, m' prale avan nou nou nan Galile. » <sup>29</sup> Epi Pyè di l' : « Menm lè yo tout ta skandalize, mwen menm poutan m' pap konsa. » <sup>30</sup> Epi Yéhoshoua di l' : « Amen, m'ap di ou, jòdi a, lannwit sa a menm, anvan yon kòk chante de fwa, w'ap renye m' twa fwa. » <sup>31</sup> Men, Pyè t'ap di pi fò : « Menm lè m' ta dwe mouri avè ou, mwen pap renye ou. » Epi tout lòt yo te di l' menm bagay la.

### **Jetsemane**

<sup>32</sup> Yo te ale yon kote yo rele Jetsemane epi Yéhoshoua di disip li yo : « Chita isit la

## Markos (Mak)

jouk mwen lapriyè. »<sup>33</sup> Li pran avèk li Pyè, Yaacov (Jak) ak Yohanàn (Jan) e li te kòmanse sezi ak pè epi angwas. <sup>34</sup> Li di yo : « Nanm mwen sezi avèk tristès pou l' mouri, rete isit la epi veye. »

### Premye lapriyè Yéhoshoua

<sup>35</sup> Li ale yon ti kras pi devan, li lage kò l' atè, e li lapriyè ke si li te posib pou lè sa a ale lwen l'. <sup>36</sup> E li t'ap di : « Aba ! Papa, tout bagay possib pou ou, voye lwen m' gode sa a ! Men, pa sa mwen menm m' vle, men sa ou menm ou vle. »  
<sup>37</sup> Epi li vini li jwenn yo dòmi, epi li di Pyè : « Shim'òn (Simon), w'ap dòmi ! Ou pa t' kapab veye

inè de tan ! <sup>38</sup> Veye epi lapriyè pou nou pa antre nan tantasyon. Vrèman vre lespri a byen dispoze, men lachè fèb. »

### Dezyèm priyè Yéhoshoua

<sup>39</sup> Li te ale pi lwen yo ankò, li te fè mem priyè a, li t'ap di mem pawòl yo. <sup>40</sup> Lè li retounen, li te jwenn yo ap dòmi ankò, paske je yo te lou. Yo pa t' konn sa pou yo te reponn li.

### Trwazyèm priyè Yéhoshoua

<sup>41</sup> Epi li vini pou yon twazyèm fwa, li di yo : « Dòmi kounye a epi repoze nou ! Sa ase ! Lè a rive : men Pitit lèzòm nan pral livre nan men pechè yo.  
<sup>42</sup> Leve, ann ale ! Men sa

## Markos (Mak)

k'ap trayi m' lan ap e li pran zòrèy li.<sup>48</sup> Lè sa a Yéhoshoua pran lapawòl, li di yo : « Nou vin, tankou apre yon brigan avèk epe epi baton pou arete m'.

### Yéhoshoua trayi, abandone epi arete

<sup>43</sup> Menm lè a, pandan li t'ap pale ankò, Yéhouda (Jida), yon nan douz yo rive, epi avèk li yon gwo foul ki te gen epe ak baton, yo te voye pa chèf prêt yo, pa skrib yo ak ansyen yo.

<sup>44</sup> Moun ki t'ap trayi la, te ba yo siy sa a : « Moun m'ap bo a, se li menm. Pran l' epi mennen l' siman. »

<sup>45</sup> Depi l' rive, li te pwoche bò kote l', li te di : « Rabi, Rabi ! » Epi li te bo l' avèk tandrès. <sup>46</sup> Lè sa a, yo te mete men sou Yéhoshoua, epi yo pran l'. <sup>47</sup> Yon nan sa yo ki te la prezan, li rale epe l', li frape esklav granprèt la

e li pran zòrèy li.<sup>48</sup> Lè sa a Yéhoshoua pran lapawòl, li di yo : « Nou vin, tankou apre yon brigan avèk epe epi baton pou arete m'.

<sup>49</sup> M' te toulèjou nan mitan nou, m' t'ap anseye nan tanp lan, e nou pa t' pran m'. Men se te pou Ekriti yo akonpli. » <sup>50</sup> Lè sa a tout disip li yo abandone l' e yo pran kouri. <sup>51</sup> Epi yon jenn gason t'ap swiv li, li te anvlope ak yon dra sou kò l' toutouni. Kèk jèn moun te pran l'. <sup>52</sup> Men li, li abandone dra l' e li chape toutouni.

### Yéhoshoua parèt devan Kayif ak sanedren an

<sup>53</sup> Yo te mennen Yéhoshoua kay granprèt la, kote tout

## Markos (Mak)

chèf prêt yo te rasanble, ansyen yo ak skrib yo.<sup>54</sup> Pyè t'ap swiv li yon ti jan lwen jouk nan lakou granprèt la. E li te chita avèk sèvitè yo, li t'ap chofe bò dife a.<sup>55</sup> Men chèf prêt yo ak tout sanedren an t'ap chache kèk temwayaj kont Yéhoshoua pou fè l' mouri, men li pa t' jwenn.<sup>56</sup> Paske anpil t'ap bay fo temwayaj kont li, men temwayaj yo pa t' vre.<sup>57</sup> Lè sa a, kèk moun te leve, yo tè fè fo temwayaj kont li, yo t'ap di :<sup>58</sup> Nou te tande l' di : « M'ap kraze tanp sa a ki fêt ak men, epi nan twa jou, m'ap rebati yon lòt ki pa fêt ak men lèzòm. »<sup>59</sup> Menm sou pwen sa a temwanyaj yo a pa t' konfòm.<sup>60</sup> Lè sa

a, granprèt la te leve nan mitan, li te poze Yéhoshoua kesyon, li di l' : « Ou pa reponn anyen ? Kisa ou di sou temwayaj sa yo moun yo di kont ou ? »<sup>61</sup> Men li te rete an silans, li pa te reponn anyen. Granprèt la te poze l' kesyon ankò, e li di l' : Èske ou se Kris la, Pitit sa ki beni an ? »<sup>62</sup> Epi Yéhoshoua reponn li : « Mwen mem mwen se. Epi n'ap wè piti lèzòm nan chita sou bò dwat pisans Bondye a, epi l'ap vini sou nwaj yo nan syèl la. »<sup>63</sup> Lè sa a, granprèt la chire rad li, e li di : « Sa nou bezwen temwen ankò ? »<sup>64</sup> Nou tande blasfèm lan. Sa nou di nan sa ? » Lè sa a yo tout te kondane l' kòm merite

## Markos (Mak)

lanmò.

### **Yéhoshoua maltrete pa Jwif yo**

<sup>65</sup> Kèk ladan yo te krache sou li, yo te vwale figil l', yo te frape l' avèk kout pwen kalòt, yo t'ap di l' : « Pwofetize ! » Epi sèvitè yo te ba li kou avèk baton yo.

### **Pye renye twa fwa**

<sup>66</sup> Pantan Pyè te anba nan lakou a, yon nan sèvant granprèt la vini. <sup>67</sup> Lè li wè Pyè ki t'ap chofe, epi li gade l' an fas, li di l' : « Ou menm tou, ou te avèk Yéhoshoua moun Nazarèt la. » <sup>68</sup> Men li te nye l', li te di : « M' pa konnen l', e m' pa konnen sa w'ap di a. » Epi li sòti deyò pou li ale

nan antre a. <sup>69</sup> Epi sèvant lan te wè l' ankò, li te pran di moun yo ki te la prezan : « Nonm sa a fè pati moun sa yo ». Epi li te nye li yon dezyèm fwa. <sup>70</sup> Yon ti tan apre, sa yo ki te la prezan di Pyè : « Sètènman, ou fè pati moun sa yo, paske ou se moun Galile, epi langaj ou sanble sa. » <sup>71</sup> Lè sa a, li te kòmanse di madichon sou li menm epi sèman, li t'ap di : « Mwen pa konnen nonm n'ap pale a. » <sup>72</sup> Epi kòk la chante yon dezyèm fwa. Epi Pyè te chonje pawòl sa a ke Yéhoshoua te di l' : « Anvan kòk la chante de fwa, w'ap renye m' twa fwa. » Epi li sòti rapid, li kriye.

## Markos (Mak)

### 15 Yéhoshoua parèt devan Pilat

Menm lè a, depi nan maten, chef prêt yo fè konsèy avèk ansyen yo epi skrib yo, epi tout sanedren an. Apre yo fin mare Yéhoshoua, yo te menmen l', e yo te livre l' bay Pilat.<sup>2</sup> Epi Pilat te poze l' kesyon, li te di : « Èske ou se wa Juif yo ? » Epi Yéhoshoua reponn li, li di l' : « Ou di l'. »<sup>3</sup> Epi pwensipal prêt yo te akize l' sou anpil bagay, men li pa te reponn anyen.<sup>4</sup> Men Pilat te poze l' krsyon ankò : « Ou pa reponn anyen ? Gade sou konbyen bagay yo akize ou.<sup>5</sup> Men Yéhoshoua pa te bay okenn repons ankò, sa te etone pilate.

### Yéhoshoua oubyen Barabas ?

<sup>6</sup> Chak fèt, li te lage yon prizonye, moun foul la te mande a.<sup>7</sup> E te gen yon, ki te rele Barabas, li te nan prizon ansanm ak konplis li yo pou yon konplo, kote li te komèt yon asasina.<sup>8</sup> Foul la te pran mande Pilat, avèk gran kri, sa li te gen koutim akòde yo.<sup>9</sup> Men Pilat te reponn yo, li te di : « Èske nou vle m' lage Wa Juif yo ban nou ? »<sup>10</sup> Paske li te konnen byen ke chèf prêt yo te te livre l' pa anvi.<sup>11</sup> Men chèf prêt yo te eksite foul la, pou Pilat lage Barabas pito.<sup>12</sup> Epi Pilat reprann lapawòl, li di yo : « Kisa nou vle m' fè avèk nonm nou rele Wa Jwif

## Markos (Mak)

yo ? »<sup>13</sup> Yo te krye ankò : « Krisifye l' ! ».<sup>14</sup> Lè sa Pilat di yo : « Men ki mal li fè ? » E yo te krye pi fò ankò : « Krisifye l' ! »<sup>15</sup> Men Pilat, te vle satisfè foul la, li lage Barabas ba yo. Apre li te fè yo bat Yéhoshoua ak baton, li te livre l' pou y'al krisifye l'.

### Wa a kouwone ak epin

<sup>16</sup> Lè sa a sòlda yo mennen l' anndan lakou a, sa vle di nan tant jeneral la, epi yo rasanble tout kòwòt la.<sup>17</sup> Epi yo te mete sou li yon ròb wouj violèt epi yo te mete sou tèt li yon kouwòn epin ke yo te trese.<sup>18</sup> Epi yo te pran salye l' yo t'ap di : « Nou salye ou, Wa Jwif yo ! »

### Yéhoshoua maltrete pa sòlda yo

<sup>19</sup> Yo te frape tèt li ak yon wozo, yo te krache sou li, e yo te mete ajenou yo atè yo adore l'.<sup>20</sup> Apre yo fin pase l' nan rizib, yo te wete sou li ròb wouj violèt la, yo te remèt li rad pa l' yo, epi yo te mennen l' deyò pou krisifye l'.<sup>21</sup> Epi yo te fòse yon Shim'ôn (Simon) moun peyi Sirèn, papa Aleksann ak Rifis ki t'ap pase bò la lè li t'ap sòti nan jaden, pou l' pote kwa Yéhoshoua.<sup>22</sup> Yo te konduit l' kote yo rele Gòlgota, ki vle di : « Kote Zo tèt la. »<sup>23</sup> Epi yo te ba li diven melanje ak lami, men li pa te pran l'.

### Krisifiksyon Yéhoshoua

<sup>24</sup> Epi yo te krisifye l', yo te

## Markos (Mak)

pataje rad li yo, yo te tire osò pou konnen kisa yo chak t'ap jwenn.<sup>25</sup> Se te twazyem lè a, lè yo te krisifye l'.<sup>26</sup> Pankat ki te endike kòz kondanasyon l' lan, te gen mò sa yo : « WA JWIF YO ».<sup>27</sup> Yo te krusifye avèk li tou de brigan, yon sou dwat li epi lòt la sou göch li.<sup>28</sup> Se konsa te akonpli Ekriti a, ki di : « Epi yo te mete l' nan ran moun enpi yo. »<sup>29</sup> Epi pasan yo t'ap blasfeme kont li, yo t'ap souke tèt yo, yo t'ap di : « Ey ! Ou menm k'ap kraze tanp lan epi rebati l' nan twa jou,<sup>30</sup> sove tèt ou ou menm, epi desann sou kwa a !<sup>31</sup> Konsa tou, chèf prèt yo t'ap pase l' nan rizib ant yo ak skrib yo, yo

t'ap di : « Li te sove lòt yo, epi li pa kapab sove tèt pa l' !<sup>32</sup> Se pou Kris la, Wa Izrayèl la, desann kounye a sou kwa a, konsa n'ap wè l' epi n'ap kwè l'. » Sa yo ki te krisifye avè l' t'ap joure l' tou.<sup>33</sup> Lè sisyèm lè a rive, te vin gen tenèb sou tout tè a, jouk nèvyèm lè a.<sup>34</sup> Lè nèvyèm lè a, Yéhoshoua te rele ak yon vwa fò : « Eloyi, Eloyi, lema sabaktani ? Ki vle di : « Bondye m' ! Bondye m' ! Poukisa ou abandone m' ? »<sup>35</sup> Kèk nan sa yo ki te prezan, lè yo te tande l' yo te di : « Men l'ap rele Eliyah (Eli). »<sup>36</sup> Yon nan yo kouri, ranpli yon eponj avèk vinèg, li fiske l' nan pwent yon wozo, li ba l'

## Markos (Mak)

bwè, li t'ap di : « Kite ! Ann wè si Eliyah (Eli) ap vin desann li sou kwa a. »<sup>37</sup> Men Yéhoshoua pouse yon gwo kri, epi li rann lespri.

## FEN LALWA MOZAYIK LA OSWA PREMYE ALYANS LAN

### Vwal la chire

<sup>38</sup> Epi vwal tanp lan chire an de, depi anwo jouk anba.  
<sup>39</sup> Epi kaptenn lame an ki te an fas li, lè li wè li rann lespri epi krye konsa, li di: « Nonm sa a te vrèman Piti Bondye a ». <sup>40</sup> Te gen fanm yo la tout yo t'ap gade antan yo te lwen. Nan mitan yo, te gen Myriam moun Magdala, Myriam, manman Yaacov (Jak) ki te minè ak

Jòz, ak Salome,<sup>41</sup> yo t'ap swiv li, epi yo t'ap sèvi l' lè li te Galile, epi anpil lòt ki te moute avèk li Yeroushalaim (Jerizalèm).

### Yossef (Jozèf) nan

Arimate mande kò

Yéhoshoua

<sup>42</sup> Lè aswè te rive, kòm se te preparasyon, ki vle di jou anvan saba a,<sup>43</sup> lè sa a te rive Yossef (Jozèf) moun Arimate, yon konseye onorab ki t'ap tann Wayòm Bondye a. Li te oze ale jwenn Pilat pou mande kò Yéhoshoua.<sup>44</sup> Epi, Pilat te etone ke li te déjà mouri; li tè fè vini kaptenn lame an, li mande l' si l' te mouri depi lontan.<sup>45</sup> Lè li te rasire pa kaptenn lame an, li te bay Yossef (Jozèf) kò a.<sup>46</sup>

## Markos (Mak)

Li te achte yon dra, li desann li sou kwa a, e li te vlope l' nan dra a, epi li te depoze l' nan yon tonm ki te taye nan wòch la. Apre, li woule yon wòch devan antre tonm lan.<sup>47</sup> Epi Myriam, moun Magdala a, ak Myriam, manman Jòz, t'ap gade kote yo te mete l'.

### **16 Myriam, moun Magdala, Myriam, manman Yaacov (Jak) ak Shelomit (Salome) te ale nan tonm lan**

Lè saba a te fin pase, Myriam moun Magdala, Myriam, manman Yaacov (Jak), ak Shelomit (Salome), te achte fèy santi bon pou y'al anbome l'.<sup>2</sup> Bonè nan gran maten, yon

saba, yo te ale nan tonm lan, kòm solèy la t'ap leve.<sup>3</sup> Yo t'ap di ant yo : « Ki moun k'ap woule pou nou wòch la ki nan antre tonm lan ? »<sup>4</sup> Lè yo leve je yo, yo te wè wòch la ki te gwo anpil te woule.

### **Rezirèksyon Yéhoshoua anonse pa zanj yo**

Yo te antre nan tonm lan, yo wè yon jenn gason chita sou bò dwat la, abiye avèk yon wòb blan, e yo te pè anpil.<sup>6</sup> Men li di yo : « Nou pa bezwen pè ! N'ap chache Yéhoshoua moun Nazarèt la ki te krisifye. Li resisite, li pa isit la ! Men kote yo te mete l'.<sup>7</sup> Men ale, epi di disip li yo, epi Pyè ke l'ap tann nou anvan nan Galile.

## Markos (Mak)

Se la n'ap wè l', jan l' te di nou an. »<sup>8</sup> Yo te sòti byen vit nan tonm lan, yo te chape paske twouble ak pè te sezi yo. Epi yo pa te di pesonn anyen, akòz pè.

### Rezirèksyon Yéhoshoua anonse pa Myriam, moun Magdala

<sup>9</sup> Li te resisite, nan maten premye saba a, li te parèt an premye devan Myriam moun Magdala, sou ki li te chase sèt demon. <sup>10</sup> Li te ale, li te pote nouvèl la bay sa yo ki te avèk li, e ki te andèye yo t'ap kriye. <sup>11</sup> Men yo menm, lè yo te tande l' di ke li te vivan, e ke li te parèt devan l', yo pa te kwè l'. <sup>12</sup> Apre sa, li te montre l' sou yon lòt fòm pou de nan yo, ki te nan

chemen pou ale andeyò. <sup>13</sup> Yo te tounen anonse lòt yo sa, men yo pa kwè yo nonplis. <sup>14</sup> Anfen, li te montre l' devan onz yo, ki te chita ansanm, e li te repwoche yo enkredulite yo ak kè di yo, paske yo pa te kwè sa yo ki te wè l' resisite.

### Misyon disip yo

<sup>15</sup> Epi li di yo : « Ale nan lemond antye epi preche Levanjil bay tout kreyati.

<sup>16</sup> Moun k'ap kwè epi k'ap batize ap sove, men sa ki pap kwè ap kondannen.

<sup>17</sup> Men siy yo k'ap swiv toupre sa yo k'ap kwè : Y'ap chase demon yo nan Non m', y'ap pale nouvo lang, <sup>18</sup> y'ap pran nan men yo sèpan yo, si yo bwè

## Markos (Mak)

yon bagay k'ap touye, li  
pap fè yo mal. Y'ap mete  
men yo sou malad yo, e  
y'ap geri. »

### **Yéhoshoua anlve nan syèl**

#### **la**

<sup>19</sup> Apre li te fin pale ak yo,  
Senyè a te anlve nan syèl la  
e li ale chita sou bò dwat  
Bondye. <sup>20</sup> Epi yo menm, yo  
te pati, yo te preche  
toupatou. Senyè a t'ap  
travay avèk yo, epi li  
t'ap konfime pawòl la ak  
siy yo ki t'ap akonpaye l'.

# **LOUKAS (Lik)**

## **1 Entwodiksyon**

Paske, anpil te aplike pou mete nan lòd yon resi evènman yo ki te konplètman sètifye nan mitan nou,<sup>2</sup> konfòmeman ak sa yo te transmèt nou moun yo ki, depi nan konmansman an, te tounen temwen ki wè ak je yo epi ki sèvitè pawòl la.<sup>3</sup> Li te sanble m' sa bon, pou mwen tou, ki te swiv egzakteman tout bagay sa yo depi nan origin lan, pou m' ekri yo pou ou nan lòd yo, trè ekselan Teofil,<sup>4</sup> pou ou ka konnen se sèten pawòl yo ke yo te anseye ou oralman.

### **Yon zanj anonse nesans**

#### **Yohanan (Jan) Batis**

<sup>5</sup> Nan jou yo Ewòd, te wa nan Jide, te gen yon prêt ki

te rele Zekaryah (Zakari), li te nan klas Abiya, epi madanm li te nan fi Arawon yo, e li te rele Élischéba (Elizabèt).<sup>6</sup> Epi yo tout de te jis devan Bondye, yo t'ap mache nan tout kòmandman li yo, ak nan tout òdonans Senyè a, san repwòch.<sup>7</sup> Yo pa t' gen pitit, paske Élischéba (Elizabèt) te esteril, yo tout de te trè avanse nan laj.<sup>8</sup> Li te rive pendan, li t'ap egzèse prètriz la devan Bondye, dapre lòd klas li a,<sup>9</sup> li te deziyen osò, dapre koutim prètriz la, pou li antre nan tanp Senyè a epi boule lanson.<sup>10</sup> Men tout miltitud pèp la te deyò li t'ap lapryè, nan lè lanson an.<sup>11</sup> Epi zanj Senyè a te parèt devan l', li te kanpe

## Loukas (Lik)

bò dwat lotèl lanson an.  
<sup>12</sup> Epi Zekaryah (Zakari) te trouble lè li te wè l', epi krent te tonbe sou li. <sup>13</sup> Men zanj lan di l' : « Zekaryah (Zakari) pa pè, paske demande ou an te tandé. Epi madanm ou Élischéba (Elizabèt), pral anfante ba ou yon pítit gason, epi w'ap rele l' ak non Yohanàn (Jan). <sup>14</sup> L'ap pou ou yon sijè gwo lajwa ak alegres, epi anpil ap rejwi pou nesans li, <sup>15</sup> paske l'ap gran devan Senyè a, li pap bwè ni diven, ni bwaso fò, e l'ap ranpli ak Sentespri depi nan vant manman l'. <sup>16</sup> Epi l'ap fè retounen anpil timoun pèp Izrayèl vin jwenn Senyè a, Bondye yo. <sup>17</sup> Paske l'ap mache devan l'

avèk lespri epi pisans Eli, pou l' fè retounen kè papa yo vin jwenn pítit yo, epi rebèl yo vin gen sajès jis yo, pou l' prepare yon pèp byen ekipe pou Senyè a. »  
<sup>18</sup> Lè sa Zekaryah (Zakari) di zanj lan : « Kisa k'ap fè m' rekonèt sa ? » Paske mwen se yon vye granmoun, epi madanm mwen avanse nan laj. »  
<sup>19</sup> Epi zanj lan reponn, li di l' : « Mwen se Gabriy'el, m' kanpe devan Bondye e yo te voye m' pou m' pale ou, epi pou m' anonse ou bon nouvèl sa a. <sup>20</sup> Men, ou pral bèbè, ou pap ka pale jouk jou bagay sa yo ap rive, paske ou pa kwè nan pawòl mwen yo k'ap akonpli nan tan yo. »<sup>21</sup> Pèp

## Loukas (Lik)

la t'ap tann Zekaryah (Zakari) e yo te etone paske li te mize nan tanp lan.<sup>22</sup> Men, lè li sòti, li pa t' kapab pale avèk yo, e yo te konprann ke li te gen yon vizyon nan tanp lan, paske li t'ap fè yo siy, e li te rete bèbè.<sup>23</sup> Li rive lè jou sèvis li a te fini, li te tounen nan kay li.<sup>24</sup> Apre jou sa yo, Élischéba (Elizabèt), madanm li, te vin ansent, e li te vin kache pendan senk mwa li t'ap di :<sup>25</sup> « Se sa Senyè a fè pou mwen jou li te gade m' pou l' te wete wont mwen man mitan imen yo. »

### Zanj Gabriyèl anonse nesans Yéhoshoua Mashiah (Jezikri)

<sup>26</sup> Nan sisyèm mwa, zanj

Gabriy'el te voye pa Bondye nan yon lavil Galile, yo rele Nazarèt,<sup>27</sup> bò kote yon vyèj fiyanse ak yon nonm yo rele Yossef (Jozèf), ki te moun kay David. Non vyèj la te Myriam.<sup>28</sup> Epi zanj lan antre kote li te ye a, di l' : « Mwen salye ou, ou menm ki resevwa yon gras, Senyè a avèk ou. Ou beni nan mitan fanm yo. »<sup>29</sup> Lè li te wè l', li te ajite anpil ak pawòl li a, e li t'ap mande l' kisa sa te vle di salitasyon sa a.<sup>30</sup> Epi zanj lan di l' : « Myriam pa pè, paske ou jwenn gras devan Bondye.<sup>31</sup> Men ou pral ansent, w'ap fè yon pitit gason, epi w'ap rele l' avèk Non Yéhoshoua.<sup>32</sup> L'ap gran,

## Loukas (Lik)

y'ap rele l' Ptit Sa ki anwo nan syèl la, Senyè a ap ba li, twòn David, papa l'.<sup>33</sup> E l'ap reye sou kay Yaacov (Jakòb) la etènèlman, epi Wayòm li a pap gen fen. »

## Nesans mirak Yéhoshoua

### Mashiah (Jezikri)

<sup>34</sup> Lè sa Myriam di zanj lan : « Ki jan sa pral fêt, paske mwen pa konnen nonm ? »<sup>35</sup> Epi zanj lan reponn li, li di l' : « Sentespri a pral vin sou ou, epi pisans Sa ki anwo nan syèl la pral kouvri ou ak lonbraj li. Se pou sa, Sen an ki pral fêt nan ou a y'ap rele l' Ptit Bondye.<sup>36</sup> Men Élischéba (Elizabèt), paran ou lan, fèk ansent tou, yon ptit gason nan vyeyès li. Ssa yo rele « esterile la »

nan sisyèm mwa l'.<sup>37</sup> Paske okenn pawòl pap enposib pou Bondye. »<sup>38</sup> Epi Myriam di : « Men esklav Senyè a. Se pou sa fêt dapre pawòl ou ! » Epi zanj lan kite l'.

## Myriam ale kay Élischéba (Elizabèt)

<sup>39</sup> Nan jou sa yo, Myriam te leve e li ale prese nan rejyon mòn yo, nan yon lavil Jide.<sup>40</sup> Li te antre nan kay Zekaryah (Zakari), e li te salye Élischéba (Elizabèt).<sup>41</sup> Li te rive, menm lè Élischéba (Elizabèt) tandem salitasyon Myriam, ptit la tresayi nan vant li. Epi Élischéba (Elizabèt) te ranpli ak Sentespri,<sup>42</sup> li te pran krye byen fò, li di : « Ou beni

## Loukas (Lik)

nan mitan fanm yo, epi beni fwi vant ou.<sup>43</sup> Kibò sa sòti pou mwen, pou manman Senyè m' vin wè m' ?<sup>44</sup> Men depi, vwa salitasyon ou an rive nan zòrèy mwen, timoun lan tresayi ak jwa nan vant mwen.<sup>45</sup> Beni sa ki te kwè, paske bagay yo ke Senyè a te di l' ap akonpli.»

## Kantik Myriam

<sup>46</sup> Myriam di : « Nanm mwen mayifye Senyè a,<sup>47</sup> epi lespri m' rejwi nan Bondye, sovè m'.<sup>48</sup> Paske li tounen je l' sou basès esklav li a. Men, depi kounye a, tout jenerasyon yo ap rele m' beni,<sup>49</sup> paske touapisan an fè gwo bagay pou mwen, e Non li sen,<sup>50</sup> epi mizèrikòd li etann de

jenerasyon an jenerasyon pou moun yo ki gen krentif pou li.<sup>51</sup> Li te egzèse fòs souveren li ak ponyèt li, li te dispèse sa yo ki te gen nan kè yo panse ògeye.<sup>52</sup> Li te ranvèse prens yo sou twòn yo epi li leve enb yo.<sup>53</sup> Li te rasazye ak byen moun grangou yo epi, li te voye tounen rich yo men vid.<sup>54</sup> Li te pran anba pwoteksyon l' Izrayèl, sèvitè l', e li te chonje mizèrikòd li,<sup>55</sup> jan li te di zansèt nou yo, Abraram ansanm ak posterite l', pou toujou. »<sup>56</sup> Epi Myriam te rete avèk li anviwon twa mwa. Apre sa, li tounen lakay li.

## Nesans Yohanàn (Jan)

<sup>57</sup> Men tan Élischéba

## Loukas (Lik)

(Elizabèt) te dwa akouche akonpli, li te anfante yon ptit gason.<sup>58</sup> Epi vwazen li yo ak paran l' yo vin aprann ke Senyè a te fè mayifye mizèrikòd li pou li, yo te rejwi avèk li.<sup>59</sup> Li te rive nan wityèm jou a, yo te vin pou sikonsi ti ptit la, epi yo te rele l' Zekaryah (Zakari), menm non ak papa l'.<sup>60</sup> Men, manman l' pran lapawòl, li di : « Non, l'ap rele Yohanan (Jan). »<sup>61</sup> Epi yo te di l' : « Pa gen pesonn nan paran ou ki rele ak non sa a. »<sup>62</sup> Lè sa a yo te mande papa l' pa siy kijan li te vle yo rele l'.<sup>63</sup> Li te mande yon ti tablo li ekri mò sa yo : « Yohanan (Jan) se non l'. » Yo tout te etone.<sup>64</sup> Menm lè a, bouch

li louvri epi lang li lage, li t'ap pale, li t'ap beni Bondye.<sup>65</sup> Epi krent te vini sous tout vwazen yo epi, nan tout rejyon mòn Jidè a, yo t'ap pale sou tout bagay sa yo.<sup>66</sup> Epi tout moun yo ki te aprann sa yo te kenbe sa yo nan kè yo, yo t'ap di : « Kisa ti ptit sa a pral ye menm ? » Epi men Senyè a te sou li.

## Kantik Zekaryah (Zakari)

<sup>67</sup> Lè sa Zekaryah (Zakari), papa l', te vin ranpli ak Sentespri li te pwòfètise ak mò sa yo :<sup>68</sup> « Beni Senyè a, Bondye Izrayèl la, paske l' vizite ak akonpli redanmsyon pèp li a,<sup>69</sup> epi paske li te fè pou nou kòn sali a nan kay David, sèvitè l',<sup>70</sup> jan l' te di nan bouch

## Loukas (Lik)

sen pwofèt li yo pou toujou.  
<sup>71</sup> Delivrans anba lènmi nou yo ak nan men tout moun yo ki rayi nou ! <sup>72</sup> Se konsa li manifeste mizèrikòd li pou zansèt nou yo, e li chonje sen alyans li a,  
<sup>73</sup> sèman li te sèmante bay Abraram, papa nou, <sup>74</sup> pou li te pèmèt apre nou fin delivre nou anba men lènmi nou yo, pou nou ba li yon kilt san krent, <sup>75</sup> nan sentete ak jistis devan l', tout jou lavi nou. <sup>76</sup> E ou menm, ti pitit, y'ap rele ou pwofèt Bondye ki anwo a, paske w'ap mache devan fas Senyè a pou ou prepare vwa l', <sup>77</sup> pou ou bay pèp li a konesans sali a pa padon peche li yo, <sup>78</sup> gras a zantray mizèrikòd Bondye nou an,

pouki solèy k'ap leve a vizite nou depi an wo,  
<sup>79</sup> pou li parèt sou sa yo ki chita nan tenèb yo ak nan lonbraj lanmò epi pou kondi pa nou nan chemen lapè a. » <sup>80</sup> Epi ti pitit la t'ap grandi e li t'ap vin pi fò nan lespri. E li te rete nan dezè yo jouk jou li te prezante l' devan Izrayèl.

## 2 Nesans Yéhoshoua nan Betleyèm

Li te rive nan jou sa yo, yon òdonans te pibliye pa Seza Ogis pou tout moun te ale anrejistre. <sup>2</sup> Premye anrejistreman sa a te fèt pendan ke Kireniyis te gouvènè Siri. <sup>3</sup> Konsa tout moun te ale fè yo anrejistre l', chak moun nan lavil li.

## Loukas (Lik)

<sup>4</sup> Epi Yossef (Jozèf) te monte tou nan Galile, nan lavil Nazarèt, pou li te ale nan Jide, nan lavil David, yo rele Betleyèm, paske li te moun kay fanmi David, <sup>5</sup> pou l' te fè yo anrejistre l' avèk Myriam, fiyanse l', ki te ansent. <sup>6</sup> Li te rive pendan ke yo te la, tan pou Myriam te dwe akouche a rive, <sup>7</sup> li te fè premye pitit li a. Li te vlope l', e li te kouche l' nan yon krèch, paske pa t' gen plas pou yo nan lotèl la.

### Zanj Senyè a anonse nesans Yéhoshoua

<sup>8</sup> Te genyen nan zòn sa a bèje yo k'ap viv nan jaden yo e k'ap gade twoupo yo pendan vèy lannwit. <sup>9</sup> Epi men zanj Senyè parèt devan

yo, epi laglwa Senyè a klere otou yo. Epi yo te sezi ak yon gwo pè. <sup>10</sup> Men zanj lan di yo : « Pa pè, paske m'ap anonse nou yon bon nouvèl, k'ap yon sijè lajwa pou tout pèp la : <sup>11</sup> Se jòdi a, nan lavil David la, nou gen yon Sovè ki fêt, ki se Kris la, Senyè a. <sup>12</sup> Men ak ki siy n'ap rekonèt li : N'ap jwenn timoun nan vlope epi kouche nan yon krèch. » <sup>13</sup> Menm lè a, te gen avèk zanj lan yon miltitud lame nan syèl la, ki t'ap louwe Bondye epi yo t'ap di : <sup>14</sup> « Glwa pou Bondye nan kote pi wo a, lapè sou latè a ak byenveyans nan mitan imen yo ! »

### Bèje Betleyèm yo

<sup>15</sup> Li te rive lè zanj yo te

## Loukas (Lik)

kite yo pou syèl la, lèzòm sa yo, sa vle bèje yo, yon te di lòt : « Ann ale jouk Betleyèm, epi ann wè bagay sa yo ki rive, sa Senyè a fè nou konnen. »<sup>16</sup> Yo te ale prese, e yo te jwenn Myriam ak Yossef (Jozèf), ak ti pitit la kouche nan yon krèch.<sup>17</sup> Apre yo te fin wè l', yo te rakonte sa yo te di yo sou ti pitit la.<sup>18</sup> Men tout sa yo ki te tande yo te etone sou sa bèje yo t'ap di yo.<sup>19</sup> Men Myriam te kenbe avèk swen tout bagay sa yo, e li t'ap repase yo nan kè l'.<sup>20</sup> Epi, bèje yo te retounen, yo t'ap glorifye epi yo t'ap louwe Bondye, pou tout sa yo te tande ak wè, epi ki te jan sa yo te anonse yo a.

**rezante nan tanp**

**Yeroushalaim (Jerizalèm)  
lan**

<sup>21</sup> Lè wit jou yo te fin akonpli, li te sikonsi epi yo rele l' ak Non Yéhoshoua, jan zanj lan te rele l' anvan l' te fêt nan vant manman l'.<sup>22</sup> Lè jou pirifikasyon yo te akonpli, dapre lalwa Moshè (Moyiz) la, Yossef (Jozèf) ak Myriam te pote l' vini Yeroushalaim (Jerizalèm) pou prezante l' bay Senyè a,<sup>23</sup> dapre sa ki ekri nan lalwa Senyè a : « Tout gason premye pitit yo ap konsakre pou Senyè a »,<sup>24</sup> epi pou yo ofri kòm sakrifis de toutrèl oubye de jenn pijon, jan sa preskri nan lalwa Senyè a.

## Yéhoshoua sikonsi api

## Loukas (Lik)

**Pwofesi**

**Shim'ôn (Simeyon)**

<sup>25</sup> Te gen nan Yeroushalaim (Jerizalèm) yon nonm yo te rele Shim'ôn (Simeyon). Nonm sa a te jis ak devwe, li t'ap tann konsolasyon Izrayèl la, epi Sentespri a te sou li. <sup>26</sup> Li te avèti divinman pa Sentespri a ke li pa t'ap mouri anvan l' te wè Kris la Senyè a. <sup>27</sup> Li te vini nan tanp lan pouse pa Lespri a. Pendan paran yo t'ap pote nan tanp lan timoun lan Yéhoshoua, pou yo te akonpli pou li, sa lalwa te bay lòd fè, <sup>28</sup> e li te pran l' nan bra l', li beni Bondye, e li di : <sup>29</sup> « Mèt, ou mèt kite kounye a esklav ou a ale ak lapè, dapre pawòl ou. <sup>30</sup> Paske je m' wè sali

ou, <sup>31</sup> ke ou te prepare fas tout pèp yo, <sup>32</sup> limyè a pou revelasyon pou nasyon yo e pou l' ka laglwa pèp ou a Izrayèl. » <sup>33</sup> Epi Josef ak manman l' te nan admirasyon sou sa ki t'ap di sou li. <sup>34</sup> Shim'ôn (Simeyon) beni yo, e li di Myriam, manman l' : « Men timoun sa a etabli pou chite ak rezirèksyon anpil moun nan Izrayèl, epi pou li ka yon siy k'ap pwovoke kontradiksyon, <sup>35</sup> konsa panse anpil kè ap dekouvèt. E pou ou menm yon epe pral pèse nanm ou. »

**An temwaye sou Mesi a**

<sup>36</sup> Te gen tou Àn, pwofètes la, pitit fi Fanwèl, nan tribi Asè. Li te déjà avanse nan

## Loukas (Lik)

laj. Li te viv avèk mari l'sètan depi vijinite l'.<sup>37</sup> Li te rete vèv, li te gen anviwon katrevéenkatran, li pa t' konn kite tanp lan, li t'ap bay yon kilt ak jèn epi siplikasyon nwit ak jou.<sup>38</sup> Lè te li vin rive menm lè sa a, li t'ap louwe Bondye tou, li t'ap pale sou li bay tout sa yo ki t'ap tann redanmsyon Yeroushalaim (Jerizalèm).

### Retounen Nazarèt

<sup>39</sup> Lè yo te fin akonpli tout sa ki òdone pa lalwa Senyè a, yo te tounen nan Galile, nan Nazarèt, lavil yo.<sup>40</sup> Ti pitit la t'ap grandi, lespri l' t'ap vin pi fò. Li te ranpli avèk sajès, epi lagras Bondye te sou li.

### Yéhoshoua nan tanp

**Yeroushalaim (Jerizalèm) lan, chita nan mitan dòktè yo**

<sup>41</sup> Epi paran li yo te konn ale chak lanne Yeroushalaim (Jerizalèm), nan fèt Pak la.<sup>42</sup> Lè li vin gen laj douzan, yo te monte Yeroushalaim (Jerizalèm) dapre koutim fèt la.<sup>43</sup> Epi lè jou yo te fin pase, epi yo t'ap retounen, timoun lan Yéhoshoua te rete Yeroushalaim (Jerizalèm). Epi Yossef (Jozèf) ak manman l' pa te wè sa.<sup>44</sup> Men yo te panse li te avèk konpayon vwayaje li yo, yo t'ap mache yon jounen, apre sa yo t'ap chache l' nan mitan paran yo epi nan mitan konesans yo.<sup>45</sup> Men yo pa te jwenn li, yo te

## Loukas (Lik)

retounen Yeroushalaim (Jerizalèm) pou ale chache l'.<sup>46</sup> Li te rive twa jou apre, yo te jwenn li nan tanp lan, li te chita nan mitan doktè yo, li t'ap koute yo e li t'ap poze yo kesyon.<sup>47</sup> Tout sa yo ki t'ap tandé l' te etone pou sajès li ak repons li yo.<sup>48</sup> Lè yo te wè l', yo te choke, epi manman l' di l' : « Ptit mwen, poukisa ou fè nou sa ? Men papa ou avè m' nou t'ap chache ou avèk angwas. »<sup>49</sup> Epi li di yo : « Poukisa n'ap chache m' ? Nou pa konnen fòk mwen okipe zafè papa m' ? »<sup>50</sup> Men yo pa t' konprann sa l' t'ap di yo.<sup>51</sup> Epi li te desann avèk yo e li vini Nazarèt, e li te soumèt devan yo. Epi manman l' te

kenbe tout pawòl sa yo nan kè l'.<sup>52</sup> Epi Yéhoshoua t'ap pwogrese avèk sajès epi wotè epi gras bò Bondye ak imen yo.

## 3 Yohanan (Jan) Batis, anvwaye Bondye

Nan kenzyèm ane rèy Tibè Seza, lè Pons Pilat te gouvènè peyi Jide, Ewòd, chèf Galile ak frè l' Filip, chèf Litoure ak teritwa Trakonit ak Lizanyas, chèf Labilèn,<sup>2</sup> nan tan granprèt Chananyah (An) ak Kaïaphas(Kayif), pawòl Bondye a te rive sou Yohanan (Jan), ptit Zekaryah (Zakari), nan dezè a.<sup>3</sup> Li te ale nan tout peyi anviwon Yarden (Jouden) an, li t'ap preche batèm

## Loukas (Lik)

repantans lan, pou padon peche li yo,<sup>4</sup> kòm li ekri nan liv pawòl Yesha'yah (Ezayi), pwofèt la, lè li te di : « Se vwa moun k'ap krye nan dezè a : « Prepare chemen Senyè a, plani sante li yo.<sup>5</sup> Tout vale pral konble, tout mòn, ak tout kolin pral bese, epi sa ki kwochi pral redrese, epi chemen yo ki douk yo pral plani.<sup>6</sup> Epi tout chè pral wè sali Bondye. »<sup>7</sup> Li t'ap di moun yo ki t'ap vin an foul pou yo te batize pa li : « Ptit vipè, ki moun ki aprann nou chape anba kòlè k'ap vini an ?<sup>8</sup> Pwodwi fwi diy repantans, epi pa kòmanse di nan nou menm : « Nou gen Abraram pou papa nou ! » Paske, m'ap di

nou Bondye kapab reveye menm nan wòch sa yo, pitit pou Abraram.<sup>9</sup> Rach la déjà nan rasin pyebwa yo : tout pyebwa ki pa bay bèl fwi, pral koupe epi jete nan dife. »<sup>10</sup> Lè sa a foul yo te poze l' kesyon, yo t'ap di : « Kisa pou nou fè ? »<sup>11</sup> Epi li reponn, li di : « Se pou moun ki gen de chemiz, pataje avèk sa ki pa genyen, sa ki gen manje pou l' manje, se pou l' fè menm jan an. »<sup>12</sup> Men te gen pibliken ki te vin jwenn li tou pou yo te batize, e yo te di l' : « Doktè, kisa pou nou fè ? »<sup>13</sup> Li di yo : « Pa egzije anyen plis pase sa yo te bay nou lòd. »<sup>14</sup> Epi sòlda yo te poze l' kesyon tou, yo t'ap di : « E nou

## Loukas (Lik)

menm, kisa pou nou fè ? » E li reponn yo : « Pa komèt ni brital, ni malonèt sou pesonn, men kontante nou ak sa yo peye nou an. »<sup>15</sup> Pèp la t'ap tann, epi yo tout mande nan kè yo sou Yohanan (Jan) : « Èske se pa li menm ki Kris la ? »<sup>16</sup> Yohanan (Jan) pran lapawòl e li di yo tout : « Vrèman vre, mwen, batize nou nan dlo. Men l'ap vini, sa ki pi pisan pase m', mwen pa merite pou m' demare kòd sandal li. Se li menm k'ap batize nou nan Sentespri a ak nan dife. »<sup>17</sup> Li genyen laye l' nan men l', epi l'ap netwaye antyèman glasi a, e l'ap ranmase ble a nan nan galata l', men l'ap boule pay la nan yon dife ki

pap janm etenn. »<sup>18</sup> Li t'ap fè konsa anpil lòt egzòtasyon, li t'ap evanjelize pèp la.<sup>19</sup> Men, Ewòd chèf la, te reprann pa Yohanan (Jan) poutèt Ewodyad, madanm Filip, frè l', epi akòz tout bagay mechan ke li te konn fè,<sup>20</sup> li te ajoute ankò sou tout lòt yo, li fè mete Yohanan (Jan) nan prizon.

## Batèm Yéhoshoua Mashiah (Jezikri)

Li te rive kòm tout pèp la te batize, Yéhoshoua te batize tou epi antan li t'ap lapriyè, syèl la louvri,<sup>22</sup> epi Sentespri a desann sou li sou fòm kò yon kolonb. Epi yon vwa sòti nan syèl la : « Ou se pitit byeneme m' ! Se nan ou menm m' pran

## Loukas (Lik)

plezi. »

### Jeneyaloji Yéhoshoua

#### Mashiah (Jezikri)

<sup>23</sup> Yéhoshoua te gen anviwon trantan lè l' te kòmanse sèvis li, li te jan yo te estime l', ptit Yossef (Jozèf), ptit Èli <sup>24</sup> ptit Matthat, ptit Lévi, ptit Melchi, ptit Yanah, ptit Yossef (Jozèf), <sup>25</sup> ptit Mattithyah, ptit Amos, ptit Nahoum, ptit Esli, ptit Naggaï, <sup>26</sup> ptit Maat, ptit Mattithyah, ptit Schimeï, ptit Yossef (Jozèf), ptit Yéhoyada (Joda), <sup>27</sup> ptit Yohanan, ptit Rhésa, ptit Zorobabel, ptit Schealthiel, ptit Neriyah, <sup>28</sup> ptit Melchi, ptit Addi, ptit Kosam, ptit Elmadam, ptit Er, <sup>29</sup> ptit Yéhoshoua, ptit Éliézer,

pitit Yorim, ptit Matthat, ptit Levi, <sup>30</sup> ptit Shim'ôn (Simeyon), ptit Yéhouda (Jida), ptit Yossef (Jozèf), ptit Jonam, ptit Élyakim, <sup>31</sup> ptit Méléa, ptit Menna, ptit Mattatha, ptit Nathan, ptit David, <sup>32</sup> ptit Isaï, ptit Obed, ptit Boaz, ptit Salmon, ptit Nahshôn, <sup>33</sup> ptit Amminadab, ptit Aram, ptit Hetsron, ptit Pérets, ptit Yéhouda (Jida), <sup>34</sup> ptit Yaacov (Jakòb), ptit Yitzhak (Izarak), ptit Abraham, ptit Térach, ptit Nachor, <sup>35</sup> ptit Seroug, ptit Réou, ptit Péleg, ptit Héber, ptit Schélah, <sup>36</sup> ptit Kénan, ptit Arpacshad, ptit Shem, ptit Noah, ptit Lémek, <sup>37</sup> ptit Metoushèlah, ptit Hénoc,

## Loukas (Lik)

pitit Yered, pitit Mahalal'el,  
pitit Kénan,<sup>38</sup> pitit  
d'Enowsh, pitit Sheth, pitit  
Adam, pitit Bondye.

### 4 Tantasyon Yéhoshoua Mashiah (Jezikri)

Yéhoshoua, ranpli ak Sentespri a, li te sòti nan Yarden (Jouden) an, e li te kondui pa Lespri a nan dezè a,<sup>2</sup> kote li te tante pa dyab la pandan 40 jou. E li pa t' manje anyen pandan jou sa yo, e apre yo fin pase, li te vin grangou.<sup>3</sup> Epi dyab la di l' : « Si ou se Ptit Bondye, òdone pou wòch sa a yo tounen pen. »<sup>4</sup> Epi Yéhoshoua reponn li, li di : « Li ekri ke imen an pap viv ak pen sèlman, men ak tout pawòl Bondye. »<sup>5</sup> Epi dyab

la te mennen l' sou yon mòn byen wo, li te montre l' nan yon moman, tout Wayòm tè a,<sup>6</sup> epi dyab la di l' : « M'ap ba ou tout otorite sa a ak laglwa Wayòm sa yo, paske yo livre pou mwen e m' bay moun mwen vle.<sup>7</sup> Si ou adore m', l'ap pou ou. »<sup>8</sup> Yéhoshoua reponn li : « Ale deyè m' Satan ! Paske li ekri : « W'ap adore Senyè a, Bondye ou, epi w'ap rann li kilt ou bay li menm sèl. »<sup>9</sup> Epi dyab la kondui l' ankò Yeroushalaim (Jerizalèm), e li mete l' anlè tèt tanp lan, e li di l' : « Si ou se Ptit Bondye, lage kò ou isit la anba,<sup>10</sup> paske, li ekri : « L'ap bay zanj li yo lòd pou ou pou yo gade ou.<sup>11</sup> Y'ap pote ou sou men yo,

## Loukas (Lik)

pou pè pou pye ou pa frape sou yon wòch. »<sup>12</sup> Men Yéhoshoua reponn li di : « Li ekri : « Ou pap tante Senyè a, Bondye ou. »<sup>13</sup> Apre li fin tante l' tout fason sa yo, dyab la ale lwen li pou yon tan.

### **Yéhoshoua Mashiah (Jezikri) retounen Galile**

<sup>14</sup> Yéhoshoua te retounen Galile nan pisans Lespri a, epi Non li t'ap nonmen nan tout peyi alantou yo.<sup>15</sup> Epi li t'ap anseye nan sinagòg yo a, li te glorifye pa tout moun.

### **Yéhoshoua li woulo Yesha'yah (Ezayi) a**

<sup>16</sup> Li te ale Nazarèt kote l' te leve a, epi dapre koutim li, li te antre nan sinagòg la jou

saba a. Epi li te leve pou l' fè lekti,<sup>17</sup> yo te bay li liv pwofèt Yesha'yah (Ezayi) a. Lè li dewoule l', li te jwenn pasaj kote li ekri :<sup>18</sup> « Lespri Senyè a sou mwen, paske li wen m' pou m' evanjelize pòv yo ; li voye m' pou m' geri sa yo ki gen kè brize,<sup>19</sup> pou pwoklame kaptif yo delivrans, ak avèg yo tounen wè ankò, pou bay libète pou sa yo ki oprime, pou pibliye yon ane favorab nan Senyè a. »<sup>20</sup> Lè li woule liv la, li te renmèt li bay sèvitè a, li te chita. Je tout moun yo ki te nan sinagòg la te fikse sou li.<sup>21</sup> Lè sa a li te kòmanse di yo : « Jòdi a, ekriti sa a akonpli nan zorèy nou ! »

## Loukas (Lik)

<sup>22</sup> Epi yo tout moun t'ap rann li temwaye, e yo te etone ak pawòl gras sa yo ki t'ap sòti nan bouch li, e yo t'ap di : « Se pa pitit Yossef (Jozèf) la sa ? » <sup>23</sup> Epi li di yo : « Sètènman n'ap di m' pwovèb sa a : « Dòktè, geri tèt ou, ou menm. » Epi fè isit la nan patri ou, tout sa nou aprann ke ou te fè Kapènawòm. » <sup>24</sup> Men li di yo : « Amen, m'ap di nou pa gen okenn pwofèt ki aksepte nan peyi l'. <sup>25</sup> An verite m'ap di nou : Te gen anpil vèv nan Izrayèl nan tan Eliyah (Eli), lè syel la te fèmen pandan 3 zan ak 6 mwa, epi te genyen yon gran grangou nan peyi a, <sup>26</sup> men yo pa t' voye Eliyah (Eli), lakay okenn nan yo,

men sèlman kote yon vèv nan Sarepta, nan peyi Sidon. <sup>27</sup> Te gen tou anpil lepre an Izrayèl nan tan (Elize), pwofèt la, men okenn nan yo pa t' pirifye, sèlman Naaman, siryen an. » <sup>28</sup> Epi yo tout te ranpli ak kòlè nan sinagòg la lè yo te tande bagay sa yo. <sup>29</sup> Yo te leve, yo te chase l' andeyò lavil la, yo te mennen l' jouk bò mòn lan kote lavil la te bati a, pou jete l' depi anwo a anba. <sup>30</sup> Men, li te pase nan mitan yo, li ale.

## Gerizon yon demonyak

<sup>31</sup> Li te desann Kapènawòm, yon lavil nan Galile, li t'ap anseye yo jou saba yo. <sup>32</sup> Yo te choke avèk doktrin li a, paske li t'ap pale avèk

## Loukas (Lik)

otorite. <sup>33</sup>Te gen nan sòti ! » <sup>37</sup>Epi Non li t'ap sinagòg la yon nonm ki te gen yon lespri demon enpi, li te krye byen fò, <sup>34</sup> li t'ap di : « A kisa ki genyen ant nou menm avèk ou, Yéhoshoua nonm Nazarèt la ? Èske ou vini pou detwi nou ? Mwen konnen ki moun ou ye ! Sen, Bondye. » <sup>35</sup>Epi Yéhoshoua te menase l', li te di l' : « Pe la, epi sòti nan nonm sa a ! » Epi demon an jete l' avèk viyolans nan mitan asanble a, li sòti nan nonm sa a, san li pa fè l' okenn mal. <sup>36</sup>Yo tout te sezi epi etone, e yo t'ap pale ant yo, e yo t'ap di : « Kisa pawòl sa a ? Paske li kèmande ak otorite epi pisans lespri enpi yo, epi yo

sòti ! » <sup>37</sup>Epi Non li t'ap nonmen nan tout kote alantou yo.

## Gerizon bèlmè Pyè ak anpil malad

<sup>38</sup>Lè li leve, li sòti nan sinagòg la e li antre lakay Shim'ôn (Simon). Epi bèlmè Shim'ôn (Simon) te gen yon vyolan lafyèv, e yo te prye l' pou li. <sup>39</sup>Li te panche sou li, li te menase lafyèv la, epi lafyèv la te kite l'. Menm lè a, li leve, e li sèvi yo. <sup>40</sup>Apre kouche solèy la, tout sa yo ki te gen moun malad ak tout kalite maladi, yo te mennen yo bay li. Li te poze men l' sou yo chak, e li geri yo. <sup>41</sup>Demon yo tout te sòti sou anpil moun, yo t'ap krye, yo t'ap di : « Ou se Kris la,

## Loukas (Lik)

pitit Bondye. » Men, li te menase yo fò, li pa t' pèmèt yo di, ke yo te konnen ke li te Kris la.<sup>42</sup> Depi jou a te parèt, li te sòti ale nan yon kote dezè. Foul yo t'ap chache l' epi, yo rive jouk kote li te ye a ; yo te vle kenbe l' pou l' pa t' kite yo.<sup>43</sup> Men li di yo : « Fòk mwen anonse lòt lavil yo Levanjil Wayòm Bondye a, paske se pou sa yo te voye m'. »<sup>44</sup> E li t'ap preche nan sinagòg yo nan Galile.

### 5 Apèl premye disip yo

Li te rive, kòm foul la te jete sou li pou tandé pawòl Bondye a, li te kanpe sou bò lak Jenezarèt la.<sup>2</sup> Lè li te wè bato a ki te bò lak la, pechè yo te desann, yo t'ap

lave filè yo, li te monte nan yon nan bato a, ki te pou Shim'òn (Simon), e li te mande l' pou l' te ale pi lwen tè. Apre, li te chita, epi nan bato a, li t'ap anseye foul la. Lè li te fini pale, li te di Shim'òn (Simon) : « Avanse nan dlo pi fon, epi jete filè nou pou peche. »<sup>5</sup> Epi Shim'òn (Simon) reponn li di l' : « Mèt, nou te travay di tout lannwit la epi nou pa te pran anyen, men sou pawòl ou m'ap jete filè yo. »<sup>6</sup> Apre, li fè sa, li te pran yo gwo kantite pwason ke filè yo t'ap chire.<sup>7</sup> Epi li te fè siy bay konpayon yo ki te nan lòt bato a pou li vin ede yo. Lè yo vini, yo te sitèlman plen de bato yo ke

## Loukas (Lik)

yo t'ap koule.<sup>8</sup> Lè Shim'ôn (Simon) Pyè te wè sa, li te jete l' ajenou nan pye Yéhoshoua, li di l' : « Senyè, wete ou kote m', paske mwen se yon nonm pechè »<sup>9</sup>. Paske l' te sezi ak etone, li menm avèk tout sa yo ki te avè l', akòz pwason yo te pran. Se te menm bagay pou Yaacov (Jak) ak Yohanan (Jan), ptit Zabdi (Zebede) yo, ki te konpayon Shim'ôn (Simon).<sup>10</sup> Lè sa a, Yéhoshoua di Shim'ôn (Simon) : « Pa pè ! Kounye a ou pral yon pechè imen. »<sup>11</sup> Lè yo te fin retounen bato yo atè, yo te abandone tout bagay, e yo swiv li.

### Gerizon yon lepre

<sup>12</sup> Li te rive, kòm li te nan yon nan lavil yo, men yon

nonm ki te plen ak lèp, lè li te wè Yéhoshoua e li te tonbe sou fas li, li t'ap sipliye l', li t'ap di : « Senyè, si ou vle, ou pe fè m' pure. »<sup>13</sup> Lè li lonje men l', li te manyen l', li te di : « Mwen vle l', se pou ou pure. » Imedyatman lèp la te kite l'.<sup>14</sup> E li te bay li lòd l' pou l' pa te di pesonn sa. « Men ale, li te di l', epi montre tèt ou bay prêt la, epi ofri pou pirifikasyon ou sa Moshè (Moyiz) te pweskri a pou sa sèvi yo temwayaj. »<sup>15</sup> Non l' t'ap nonmen de pli zan pli, epi gwo foul t'ap rasnable pou tande l', epi pou l' te geri maladi yo.<sup>16</sup> Men, li te wete kò l' nan dezè yo, li t'ap lapriyè.

## Loukas (Lik)

### Gerizon yon paralitik

<sup>17</sup> Li te rive yon nan jou yo, li t'ap anseye. Farizyen yo ak doktè lalwa, ki te sòti nan chak vilaj nan Galile, ak Jide epi Yeroushalaim (Jerizalèm), yo te chita la. Epi pisans Senyè a t'ap manifeste pa gerizon. <sup>18</sup> Epi men kèk nonm t'ap pote sou yon kabann yon nonm ki te paralitik, epi yo t'ap chache mwayen pou fè l'antre nan kay la epi mete l' devan l'. <sup>19</sup> Yo te pa jwenn kòman pou yo te fè l' antre, akòz foul la, yo te monte l' sou tèt kay la, epi yo te desann li nan yon ouvèti, avèk kabann li, nan mitan foul la, devan Yéhoshoua. <sup>20</sup> Lè li te wè fwa yo, li te di paralitik la :

« Nonm, peche ou yo padonnen. » <sup>21</sup> Lè sa a, skrib yo ak farizyen yo te kòmanse rezone nan yo menm, yo t'ap di : « Kilès moun sa a k'ap di blasfeme yo ? Ki moun ki kapab padonnen peche si pa Bondye sèlmen ? » <sup>22</sup> Men Yéhoshoua, te konnen panse yo, li pran lapawòl, e li di yo : « Poukisa n'ap rezone konsa nan nou menm ? <sup>23</sup> Kisa ki pi fasil ? Di : « Peche ou yo padonnen », oubyen di : « Leve epi mache » ? <sup>24</sup> Pou nou ka konnen Pitit lèzòm nan gen otorite sou latè pou l' padonnen peche yo, mwen òdone ou - li di paralitik la - leve, pran kabann ou epi antre lakay

## Loukas (Lik)

ou. »<sup>25</sup> E imedyatman, li kanpe devan yo, li pran kabann kote li te kouche a, e li te ale lakay li, li t'ap glorifye Bondye.<sup>26</sup> Yo tout te sezi etone, e yo t'ap glorifye Bondye. Yo te ranpli avèk krent, yo t'ap di : « Sètènman nou wè jòdi a bagay etranj.»

### Apèl Levi

<sup>27</sup> Apre sa, Yéhoshoua sòti, li wè yon Biblik yo te rele Levi ki te chita nan biwo taks la, li di l' konsa: Swiv mwen.<sup>28</sup> Li abandone tout bagay, li leve, li swiv Yéhoshoua.

### Yéhoshoua rele pechè yo nan repantans

<sup>29</sup> Epi Levi te fè yon gwo festen lakay li, e te gen yon

gwo foul biblik ak lòt moun ki te avèk yo nan tab la.<sup>30</sup> Farizyen yo ak skrib yo t'ap bougonnen kont disip yo, yo t'ap di : « Poukisa n'ap manje epi n'ap bwè avèk biblik yo epi pechè yo ? »<sup>31</sup> Men, Yéhoshoua pran lapawòl, li di yo : « Sa yo ki gen bonsante pa bezwen doktè, men sa yo ki pote yo mal.<sup>32</sup> Mwen pa vin rele nan repantans moun ki jis, men pechè yo. »<sup>33</sup> Men yo te di l' : « Poukisa disip Yohanan (Jan) Batis yo, tankou pa farizyen yo fè jèn souvan, epi y'ap priyè, pandan ke pa ou yo ap manje ak bwè »<sup>34</sup> Men li di yo : « Èske ou ka fè zanmi nonm k'ap marye a jene

## Loukas (Lik)

pandan nonm k'ap marye a « Vye a bon ».  
la avèk yo ? <sup>35</sup> Men jou yo  
pral vini kote mari a pral  
wete nan men yo lè sa a  
y'ap jene nan jou sa yo. »

### **Parabòl rad nèf la ak veso nèf yo**

<sup>36</sup> Li di yo parabòl sa a tou : « Pesonn pa mete yon moso yon rad nèf sou yon vye rad, otreman, nèf la ap chire vye a, epi moso nèf la pa akòde ak vye a. <sup>37</sup> Pesonn pa mete diven nouvo nan vye vesو, otreman, diven nouvo a fè vye vesو yo pete, epi li koule, epi vesو yo pèdi. <sup>38</sup> Men, diven nouvo a dwe mete nan vesو nèf yo, epi tout de konsève ansanm. <sup>39</sup> Epi pesonn apre li fin bwè vye diven an, pa vle nouvo a, paske li di :

### **6 Yéhoshoua, Senyè saba a**

Li te rive yon jou saba, ki rele dezyèm-premye, li t'ap pase bò jaden ki te gen semans, disip li yo t'ap rache kèk grap ble e yo t'ap chifone yo nan men yo, epi yo t'ap manje yo. <sup>2</sup> Kèk farizyen di yo : « Poukisa n'ap fè sa ki pa pèmèt jou saba a ? » <sup>3</sup> Epi Yéhoshoua pran lapawòl, li di yo : « Èske nou pa te li sa David te fè lè li te grangou, li menm ak sa yo ki te avèk li ; <sup>4</sup> kòman li antre nan kay Bondye, epi li pran pen yo ofri yo, e li te manje, e li te bay moun yo ki te avèk li, byenke li te pèmèt pou prêt

## Loukas (Lik)

yo sèlman manje l' ? »<sup>5</sup> E li di yo : « Piti lèzòm nan se Senyè saba a. »

### Gerizon nom ak menm sèch la

<sup>6</sup> Li te rive, yon lòt jou saba, li te antre nan sinagòg la pou anseye. Te gen la yon nonm ki te gen men dwat li sèch. <sup>7</sup> Skrib yo ak farizyen yo t'ap obsèvè l' pou wè si l' t'ap fè yon gerizon jou saba a, pou yo te jwenn kòz pou akize l'. <sup>8</sup> Men, li te konnen panse yo, e li di nonm ki te gen menm sèch la : « Leve epi kanpe la nan mitan. » E li te leve kanpe. <sup>9</sup> Epi Yéhoshoua di yo : « M'ap mande nou yon bagay : Èske li pèmèt pou nou fè byen jou saba a, oubyen fè mal, sove yon moun osinon

lese l' mouri ? »<sup>10</sup> Li te gade tout sa yo ki te otou l', li di nonm lan : « Lonje men ou ! » Li te fè l', epi men l' te retounen nan eta anvan tankou lòt la. <sup>11</sup> Yo te ranpli ak kòlè, yo t'ap diskite ansanm sou sa yo ta kapab fè Yéhoshoua.

### Chwa douz apòt yo

<sup>12</sup> Li te rive nan jou sa yo, li te ale sou mòn lan pou lapriyè, e li te pase tout lanwit la ap priye Bondye. <sup>13</sup> Lè jou a rive, li te rele disip li yo, li te chwazi douz nan mitan yo, li te bay yo non apòt : <sup>14</sup> Shim'ôn (Simon), ke li te rele Pyè tou, ak Andreas (Andre), frè l', Yaacov (Jak) ak Yohanàn (Jan), Filip ak Batèlmi; <sup>15</sup> Matye ak Toma,

## Loukas (Lik)

Yaacov (Jak), ptit Alfè, ak Shim'ôn (Simon) ke yo te rele zelòt,<sup>16</sup> Jid, frè Yaacov (Jak), ak Yéhouda (Jida) Iskariòt ki te tounen trèt.

### Anseymen Yéhoshoua sou mòn lan

<sup>17</sup> Epi li desann avèk yo, li te rete sou yon ti plèn ak foul disip li yo epi yon gwo miltitud pèp nan tout Jide, ak Yeroushalaim (Jerizalèm), ak nan peyi bò lanmè Tir ak Sidon, ki te vini pou tande l', epi pou yo te ka jwenn gerizon maladi yo.<sup>18</sup> Sa yo ki te toumante avèk lespri enpi yo te geri.<sup>19</sup> Epi tout foul la t'ap chache manyen l', paske yon fòs t'ap sòti nan li e li t'ap geri yo tout.<sup>20</sup> E li menm, li leve je l' bò disip

li yo, li di yo : « Nou beni nou menm ki pòv, paske Wayòm Bondye a, se pou nou li ye !<sup>21</sup> Nou beni nou menm ki grangou kounye a, paske n'ap rasazyé ! Nou beni nou menm k'ap kriye kounye a, paske n'ap nan lajwa !<sup>22</sup> N'ap beni lè moun yo ap rayi nou, e y'ap chase nou, e y'ap joure nou, epi y'ap rejte non nou tankou mepri, akòz Ptit Lèzòm nan !<sup>23</sup> Rejwi nan jou sa a, epi tresayi avèk alegres, paske rekompans nou ap gran nan syèl la. Paske zansèt yo te fè pwofèt yo menm jan.<sup>24</sup> Men, malè pou nou rich yo, paske nou genyen konsolasyon nou !<sup>25</sup> Malè pou nou menm ki rasazyé, paske nou pral

## Loukas (Lik)

grangou ! Malè pou nou menm k'ap ri kounye a, paske n'ap andèy ak dlo nan je !<sup>26</sup> Malè pou nou lè tout moun ap di byen sou nou, paske zansèt yo te konn fè menm jan pou fo pwofèt yo !<sup>27</sup> Men nou menm k'ap tandem', m'ap di nou : Renmen lènmi nou yo, fè byen pou moun ki rayi nou,<sup>28</sup> beni moun k'ap ban nou madichon, epi lapriyè pou sa yo k'ap fè fo akizasyon sou nou.<sup>29</sup> Si yon moun frape ou sou yon bò figi, prezante l' lòt la tou. Epi si yon moun pran manto ou, pa anpeche l' pran chemiz ou tou.<sup>30</sup> Bay nenpòt moun ki mande ou, epi pa reklame byen ou bay yon moun ki pran l'.<sup>31</sup> Sa

nou vle moun yo fè pou nou, fè menm jan an pou yo.<sup>32</sup> Men si nou renmen sèlman moun ki renmen nou, ki gras nou merite ? Pechè yo tou renmen sa yo ki renmen yo.<sup>33</sup> Si nou fè byen bay sa yo ki fè nou byen, ki gras nou merite ? Pechè yo tou fè menm jan.<sup>34</sup> Si nou prete bay sa yo sou ki nou espere resevwa, ki gras nou merite ? Pechè yo tou prete pechè yo, pou yo resevwa menm jan an.<sup>35</sup> Se poutèt sa renmen lènmi nou yo, epi fè yo byen, epi prete san nou pa espere anyen, epi rekompans nou ap gran, epi n'ap pitit Bondye ki anwo a, paske li bon pou engrà yo ak mechan yo.<sup>36</sup> Se pou nou gen mizèrikòd

## Loukas (Lik)

menm jan Papa nou, gen mizèrikòd.<sup>37</sup> Pa jije, e yo pap jije nou. Pa kondanne e yo pap kondanne nou. Padonnen e y'ap padonnen nou.<sup>38</sup> Bay e y'ap ban nou : y'ap lage nan sen nou yon bon mezi, sere, epi souke e k'ap debòde, paske y'ap mezire nou avèk mezi nou te sèvi a. »<sup>39</sup> Epi li te di yo parabòl sa a tou : « Èske yon avèg ka kondui yon avèg ? Èske yo pap tonbe tout de nan yon twou san fon ?<sup>40</sup> Disip la pa pi wo pase doktè l', men antyèman ekipe, l'ap tankou doktè l'.<sup>41</sup> Men poukisa w'ap gade pay ki nan je frè ou, epi ou pa wè gwo bout bwa a ki nan je pa ou la ?<sup>42</sup> Ki jan ou kapab di frè ou :

« Frè m' kite m' wete pay ki nan je ou la », ou menm ki pa wè gwo bout bwa ki na je ou la ? Ipokrit ! Wete premyeman gwo bout bwa a ki na je ou la, e apre sa, w'ap wè ki jan ou ka wete pay ki nan je frè ou la.<sup>43</sup> Paske se pa yon bon pyebwa k'ap pote yon fwi pouri, ni yon pyebwa pouri k'ap pote yon bon fwi.<sup>44</sup> Chak pye bwa rekonèt sou fwi l'. Nou pa keyi fig frans sou pye epine, epi nou pa rekòlte rezen sou branch epine.<sup>45</sup> Imen ki bon an rale bon bagay nan bon trezò ki nan kè l', epi imen ki move a rale move bagay nan move trezò ki nan kè l'. Paske se avèk abondans ki nan kè a bouch la pale. »

## Loukas (Lik)

### Parabòl de kay yo

<sup>46</sup> « Poukisa n'ap rele m' : « Senyè, Senyè ! » epi nou pa fè sa m' di nou ? <sup>47</sup> M'ap montre nou avèk kisa li sanble moun ki vin jwenn mwen, tande pawòl mwen yo, epi mete yo nan pratik. <sup>48</sup> Li sanble ak yon imen k'ap bati yon kay, li fouye, fouye fon, epi li mete fondman li sou wòch la. Men yon inondasyon vini, epi dlo desann kont kay sa a, men li pat kapab ebranle l', paske li te bati sou wòch la. <sup>49</sup> Men, moun ki tande, e ki pa mete nan pratik sanble ak yon imen ki bati kay li sou latè, san fondman. Dlo desann kont li, imedyatman li tonbe, epi destriksyon kay sa a te gran.

### 7 Gerizon sèvitè kaptenn lame an

E lè li te fini tout diskou sa a devan pèp la ki t'ap koute l', li te antre nan Kapènawòm. <sup>2</sup> Yon kaptenn lame te gen yon esklav, avèk ki li te atache anpil, e ki te malad, li te pre pou mouri. <sup>3</sup> Li tande pale sou Yéhoshoua, li voye kote l' kèk ansyen Jwif yo pou priyè l' vini geri esklav li a.

<sup>4</sup> Yo te vin jwenn Yéhoshoua, yo te sipliye l' ijan yo t'ap di : « Li merite ou akòde l' sa, <sup>5</sup> paske li renmen nasyon nou an e se li ki bati sinagòg nou an. » <sup>6</sup> Yéhoshoua te ale avèk yo, epi li pa t' lwen kay la ditou lè kaptenn lame an voye zanmi l' yo ale devan

## Loukas (Lik)

l' pou di l' : « Senyè, pa pran tout lapenn sa, paske m' pa merite pou ou antre nan kay mwen. <sup>7</sup> Se poutèt sa m' pa t' kwè mwen merite pou m' te ale mwen menm jwenn ou. Men di sèlman yon pawòl, epi sèvitè mwen an ap geri. <sup>8</sup> Paske mwen menm mwen se yon nonm ki plase sou yon otorite, m' gen sòlda sou zòd mwen, e m' di yon : « Ale! » e li ale, e yon lòt : « Vini ! » e li vini, epi esklav mwen an : « Fè sa ! » epi li fè l'. » <sup>9</sup> Epi Yéhoshoua tande pawòl sa yo, li te nan admirasyon, epi li tounen bò foul la ki t'ap siv li, li di : « M'ap di nou, m' pa jwenn, menm nan Izrayèl, yon si gran

fwa. » <sup>10</sup> Lè sa yo te voye yo te tounen lakay la, yo te jwenn esklav ki te malad la, te pote l' byen.

## Rezirèksyon, ptit gason vèv Nayin lan

<sup>11</sup> Jou apre sa, li te rive ke Yéhoshoua te ale nan yon lavil yo rele Nayin. Anpil nan disip li yo ak yon gwo foul te ale avè l'. <sup>12</sup> Kòm li t'ap apwoche bò pòt lavil la, men yo t'ap pote nan tè, yon mò, ki te sèl ptit gason manman l', ki te vèv. Epi yo yon gwo foul nan lavil la te avè l'. <sup>13</sup> Epi Senyè a, lè li te wè l', li te touche avèk konpasyon pou li, epi li di l': « Pa kriye ! » <sup>14</sup> Lè li te apwoche li manyen sèkèy la. E moun yo ki t'ap pote l' te kanpe. Epi li di :

## Loukas (Lik)

« Jennonm, m' di ou reveye ou ! »<sup>15</sup> Epi mò a te chita, epi li te kòmanse pale. Epi Yéhoshoua te renmèt li bay manman l'.<sup>16</sup> E yo tout te sezi avèk krent, epi yo t'ap glorifye Bondye, yo t'ap di : « Sètènman yon gran pwofèt parèt nan mitan nou epi Bondye vizite pèp li. »<sup>17</sup> Epi pawòl sa a te repann sou li nan tout Jide ak nan tout rejyon yo nan anviwon.

### **Yohanan (Jan) Batis, mesaje ki te voye pou prepare chemen Senyè a**

<sup>18</sup> Yohanan (Jan) te enfòme de tout bagay sa yo pa disip li yo.<sup>19</sup> Epi Yohanan (Jan), te rele vin jwenn li de nan disip li yo, li te voye yo bò kote Yéhoshoua pou l' di yo : « Èske se ou menm ki

te dwe vini an, oubyen èske nou dwe atann yon lòt ? »<sup>20</sup> Epi lè yo te vin jwenn li, yo di l' : « Yohanan (Jan) Batis te voye nou bò kote ou, pou di ou : « Èske ou se menm ki te dwe vini an, oubyen èske nou dwe tann yon lòt ? »<sup>21</sup> Menm lè sa a, li te geri anpil moun ki gen maladi, epi enfimite, ak lespri malen, e li te akòde anpil avèg favè pou yo wè.<sup>22</sup> Epi Yéhoshoua reponn yo, li di yo : « Ale rapòte bay Yohanan (Jan) sa nou te wè epi tande : avèg yo retounen wè, bwete yo mache, lepre yo pirifye, soud yo tande, mò yo resisite, Levanjil la anonse bay pòv yo.<sup>23</sup> Beni moun ki pa te skandalize akòz

## Loukas (Lik)

mwen. »<sup>24</sup> Men lè mesaje Yohanàn (Jan) yo te pati, li te kòmanse pale ak foul yo sou Yohanàn (Jan) : « Kisa nou te ale wè nan dezè a ? Yon wozo souke ak van ?<sup>25</sup> Men, kisa nou te ale wè ? Yon monm ki te abiye ak rad presye ? Men sa yo ki mete rad mayifik, epi k'ap viv nan liks, yo nan kay wa yo.<sup>26</sup> Men, kisa nou te ale wè ? Yon pwofèt ? Wi, m' di nou, plis pase yon pwofèt.<sup>27</sup> Se sou li ke li ekri : « Men m'ap voye mesaje m' lan devan fas ou, e l'ap prepare chemen an devan ou. »<sup>28</sup> Paske, m'ap di nou, nan mitan sa yo ki fèt nan fanm pa gen okenn pwofèt pi gran pase Yohanàn (Jan)

Batis. Sepandan, pi piti nan Wayòm Bondye a pi gran pase l'. »<sup>29</sup> Epi tout pèp la ki t'ap tandé sa, ak piblikén yo t'ap jistifye Bondye, yo te batize nan batèm Yohanàn (Jan) an.<sup>30</sup> Men, farizyen yo ak doktè lalwa yo, yo pa te fè l' batize yo, yo te rejte pwojè Bondye pou yo.<sup>31</sup> Lè sa a, Senyè a di : « Ak ki moun m' ta konpare moun jenerasyon sa a, ak kisa yo sanble ?<sup>32</sup> Yo sanble ak timoun yo ki chita sou plas mache, yon ap rele lòt pou di : « Nou te jwe flit e nou pa danse. Nou te chante chante tris epi nou pa te kriye. »<sup>33</sup> Paske Yohanàn (Jan) Batis Batis te vini li pa manje pen ni li pa bwè

## Loukas (Lik)

diven, epi n'ap di : « Li gen yon demon. »<sup>34</sup> Ptit lèzom nan vini, li manje ak bwè, e n'ap di : « Men yon nonm voras ak yon moun k'ap bwe diven, yon zanmi pibliken yo ak pechè yo. »<sup>35</sup> Men, lasajès te jistifye pa tout ptit li yo. »

### **Yon fanm pechè padonnen pa Yéhoshoua**

<sup>36</sup> Yon nan farizyen yo te prye l' pou l' manje avèk li. Lè li antre nan kay farizyen an, li te chita bò tab la.<sup>37</sup> Epi, te gen nan lavil la yon fanm pechè, ki, lè li te konnen Yéhoshoua te bò tab la nan kay farizyen an, li te pote yon vaz albat plen avèk yon pafen.<sup>38</sup> Li te mete l' dèyè pye l' yo li t'ap kriye, li te mouye yo ak

dlo nan je l' epi li te siye yo ak pwòp cheve l' epi li bo pye l' avèk tandrès, e li te wen l' ak pafen sa a.<sup>39</sup> Men farizyen an ki te envite l', lè li te wè sa, li te di nan li menm : « Si nonm sa a te vrèman vre yon pwofèt, li t'ap konnen kilès epi ki ras fanm k'ap manyen l', paske se yon fanm pechè. »

### **Parabòl de moun ki te gen dét**

<sup>40</sup> Epi Yéhoshoua pran lapawòl, li di l': « Shim'ôn (Simon), m' gen yon bagay pou di ou. » « Doktè, pale, li te reponn li. »<sup>41</sup> « Yon kreyansye te gen de moun ki te gen dét pou li : Yon te dwe l' 500 denye, epi lòt la 50.<sup>42</sup> Kòm yo pa t' gen dekwa peye, li te remèt yo

## Loukas (Lik)

tout de dèt yo. Ki moun k'ap renmen l' plis ? »<sup>43</sup> Epi Shim'ôn (Simon) reponn, li di l' : « Moun m' panse, ke li te remèt plis la. » Yéhoshoua te di l' : « Ou te jije dwat. »<sup>44</sup> Lè sa a li vire bò fanm lan, li di Shim'ôn (Simon) : « Ou wè fanm sa a ? Mwen antre nan kay ou, epi ou pa ban m' dlo pou lave pye m', men li menm, li mouye yo ak dlo nan je l' epi li siye yo ak pwòp cheve l'.<sup>45</sup> Ou pa ban m' yon bo, men li menm, depi m' te antre, li pa te sispann bo pye m' avèk tandrès.<sup>46</sup> Ou pa t' wen tèt mwen ak lwil men li menm, li te wen pye m' ak yon pafen.<sup>47</sup> Akòz sa, m'ap di ou, anpil peche l' yo

padonnen, paske li te renmen anpil. Moun yo padone ti kras renmen ti kras. »<sup>48</sup> Epi li di fanm lan : « Peche ou yo padonnen. »<sup>49</sup> Sa yo ki te chita bò tab la avè l' te kòmanse di ant yo : « Kilès moun sa a k'ap padonnen menm peche yo ? »<sup>50</sup> Men, li di fanm lan : « Fwa ou sove ou. Ale nan lapè. »

**8** Li te rive apre sa, li te sòti nan yon lavil ale nan yon lòt, ak sòti nan yon vilaj ale nan yon lòt vilaj, li t'ap preche ak anonse Levanjil Wayòm Bondye.<sup>2</sup> Douz disip yo te toupre l' avèk kèk fanm tou ke li te delivre anba lespri malen ak maladi : Myriam moun Magdala

## Loukas (Lik)

sou ki te sòti sèt demon,<sup>3</sup> ak Yohana (Jane), madanm Chouza, jeran Ewòd, Shoushan (Sizan) ak anpil lòt li t'ap ede l' ak byen yo.

### Parabòl moun k'ap simen an

<sup>4</sup> Yon gwo foul te vini ansanm sòti nan divès lavil te vwayaje vin jwenn li. Li di nan yon parabòl :<sup>5</sup> « Yon moum k'ap simen sòti pou simen semans li. Pandan l' t'ap simen, semans li tonbe bò chemen an, pye te pile l' epi zwazo nan syèl la te manje yo. <sup>6</sup> Epi yon lòt te tonbe sou wòch la : lè li te pouse, li te cheche paske li pa t' genyen imidite. <sup>7</sup> Yon lòt tonbe nan mitan pik'an yo, epi pik'an yo grandi

avèk li epi li toufe yo.<sup>8</sup> Yon lòt tonbe nan yon bon tè ; lè li te leve, li te bay fwi san fwa plis. » Lè l' te di bagay sa yo, Yéhoshoua te di byen fò : « Sa ki gen zòrèy pou tandé, se pou l' tandé ! »<sup>9</sup> Epi disip li yo poze l' kesyon pou konnen kisa parabòl sa a vle di.<sup>10</sup> Men li reponn yo : « Nou genyen pou konnen mistè Wayòm Bondye a, men pou lòt yo, yo di yo sa an parabòl, konsa lè yo wè, yo pa wè, konsa lè yo tandé, yo pa konprann.<sup>11</sup> Men kisa sa siyifi parabòl sa a : semans lan, se pawòl Bondye.<sup>12</sup> Sa yo ki bò chemen an, se sa yo ki tandé pawòl la, epi dyab la vini e li anlve pawòl la nan kè yo, pou pè pou yo

## Loukas (Lik)

pa kwè e pou yo pa sove.<sup>13</sup> Sa yo ki sou wòch la, se sa yo ki, lè yo tande pawòl la, yo resevwa l' avèk jwa, men yo pa gen rasin, yo kwè pou yon tan, men nan moman eprèv la, yo wete kò yo.<sup>14</sup> Epi sa yo ki tonbe nan mitan pikàn yo, se sa yo lè yo tande pawòl la, yo ale, yo kite l' toufe pa sousi yo, richès yo ak plezi lavi a, epi yo pa pote fwi ki rive nan matirite.<sup>15</sup> Men sa ki nan bon tè a, se sa yo ki tande pawòl la, yo kenbe l' nan yon kè konvnab ak bon, e yo pote fwi ak pèseverans. »

### Parabòl chandelye a

<sup>16</sup> « Men pesonn apre li fin limen yon lanp, li pa kouvri l' ak yon vaz, ni li pa mete l'

anba yon kabann, men li mete l' sou yon chandelye pou sa yo k'ap antre wè limyè a.<sup>17</sup> Nanpwen anyen ki sekrèt ki pap dekovèt, nanpwen anyen ki kache ki pap rive konnen e ki pap parèt aklè.<sup>18</sup> Fè atansyon jan n'ap koute, paske y'ap bay moun ki genyen, men moun ki pa genyen, y'ap wete menm sa l' kwè li te genyen an. »

### Fanmi espirityèl

<sup>19</sup> Lè sa a manman l' ak frè l' yo te vin jwenn li, men yo pa t' kapab abòde l' akòz foul la.<sup>20</sup> Epi yo vin di l' : « Manman ou ak frè ou yo deyò a, e yo vle wè ou ».<sup>21</sup> Men li reponn : « Manman m' ak frè m', se ya yo ki koute pawòl Bondye, epi ki

## Loukas (Lik)

mete l' an pratik. »

l' ? »

### Yéhoshoua kalme tanpèt la

<sup>22</sup> Li te rive yon nan jou sa yo, li te monte nan yon bato avèk disip li yo, e li di yo : « Ann pase lòt bò lak la ! » Epi yo pati. <sup>23</sup> Pandan yo t'ap navige, li te dòmi. Yon toubiyon van te leve sou lak la, bato a te ranpli ak dlo, e yo te an danje. <sup>24</sup> Yo te apwoche, yo te reveye l' yo t'ap di : « Mèt, Mèt ! N'ap peri ! » Lè li te reveye, li te menase van an ansanm ak gwo dlo yo ki te apeze, epi kalm la tounnen. <sup>25</sup> Men li di yo : « Kote fwa nou ? » Yo te sezi ak pè epi etone, yon t'ap di lòt : Kilès moun sa a, ki kòmande menm van yo ak dlo a, epi yo obeyi

### Demonyak ki te Gadara delivre

<sup>26</sup> Yo fè tè nan peyi a Gadarenyen yo ki te an fas Galile. <sup>27</sup> Lè li te desann atè, vin kontre l' yon nonm lavil la, ki depi lontan te posede ak anpil demon. Li pa t' mete rad, li te gen kote l' te abite, se pa te nan yon kay, men nan tonm yo. <sup>28</sup> Men lè l' te wè Yéhoshoua, li te bay yon rèl, li te mete l' ajenou devan l', li t'ap di l' byen fò : « Kisa ki genyen ant mwen menm avè ou, Yéhoshoua, Pitit Bondye ki anwo ? Tanpri, pa toumante m'. » <sup>29</sup> Paske Yéhoshoua te kòmande lespri enpi a pou l' sòti nan nonm sa a, ke li te mete men sou li depi

## Loukas (Lik)

lontan. Men si nonm sa a te konn mare nan chenn epi kenbe nan fè, li te konn pete lyen yo, epi demon yo te konn trennen l' nan dezè yo.<sup>30</sup> Men Yéhoshoua te mande l' : « Ki non ou ? » « Lejyon, li reponn. » Paske anpil demon te antre nan li.<sup>31</sup> E yo t'ap sipliye l' pou l' pa t' ba yo lòd ale nan abim lan.<sup>32</sup> Te genyen la, sou mòn lan, yon gwo twoupo kochon ki t'ap manje. Epi demon yo t'ap sipliye Yéhoshoua pou li te pèmèt yo antre nan kochon sa yo. Li te pèmèt yo.<sup>33</sup> Epi demon yo te sòti nan nonm sa a, yo te antre nan kochon yo, epi twoupo a te degrengole sou falèz apik la nan lak la, e yo neye.<sup>34</sup>

Men sa yo ki t'ap fè yo manje, lè yo wè sa ki te rive, yo te chape e yo te ale rakonte sa nan lavil la ak andeyò.<sup>35</sup> Epi moun yo sòti pou yo wè sa ki te rive. Yo te vini kote Yéhoshoua, e yo te jwenn nonm lan nan ki demon yo te sòti chita nan pye Yéhoshoua, abiye ak nan tout bon sans li, e yo te sezi ak pè.<sup>36</sup> Sa yo ki te wè sa ki te pase te rakonte yo kòman demonyak la te delivre.<sup>37</sup> Lè sa a tout miltitud la ki te sòti nan divès kote vwazen Gadarenyen yo, yo te prye l' pou li te wete kò l' lakay yo, paske yo te sezi ak yon gwo krent. E li menm, li te monte nan bato a, li retounen.<sup>38</sup> Nonm lan sou

## Loukas (Lik)

ki demon yo te sòti a mande l' pèmisyon pou li rete avèk li, men, Yéhoshoua voye l' ale, li di l' :<sup>39</sup> « Tounen nan kay ou, epi rakonte gwo bagay yo ke Bondye fè pou ou. » E li te ale, e li te pibliye nan tout lavil la tout sa Yéhoshoua te fè pou li.<sup>40</sup> Lè Yéhoshoua te tounen, li te rive foul la resevwa l', paske yo tout t'ap tann li.

### **Rezirèksyon pitit fi Yaïr (Jayiris) la, ak gerizon fanm ki te gen pèt san an**

<sup>41</sup> Lè sa a te rive yon nonm yo rele Yaïr (Jayiris), ki te chèf sinagòg la. Li te jete kò l' nan pye Yéhoshoua, li te sipliye l' antre lakay li,<sup>42</sup> paske li te gen yon sèl pitit fi ki te gen laj 12 zan, ki t'ap mouri. Pandan li t'ap

ale, foul la t'ap toufe l'.<sup>43</sup> Te gen yon fanm ki te genyen yon pèt san depi 12 zan e ki te depanse tout byen l' pou dòktè yo, san okenn nan yo pa t' kapab geri l'.<sup>44</sup> Li te apwoche pa dèyè l', li te manyen bò rad li. Menm lè a, pèt san an rete.<sup>45</sup> Epi Yéhoshoua di l': « Ki moun ki manyen m' ? » Kòm tout moun t'ap nye l', Pyè ak sa yo ki te avèk li yo di : « Mèt, foul la ki entoure ou la ap kwense ou epi w'ap di : « Ki moun ki manyen m' ».<sup>46</sup> Men, Yéhoshoua di : « Yon moun manyen m', paske m' konnen yon fòs sòti sou mwen. »<sup>47</sup> Epi fanm lan wè ke li pa t' rete kache, vini tout tranble, epi, li jete kò l'

## Loukas (Lik)

nan pye l', li te deklare l' devan tout pèp la pouki rezon li te manyen l', epi kòman li te geri menm lè a.<sup>48</sup> Men li di l' : « Piti fi m' rasire ou. La fwa ou sove ou. Ale ak lapè. »<sup>49</sup> Kòm li t'ap pale ankò, yon moun sòti lakay chèf sinagòg la e li di l' : « Tifi ou la mouri, poukisa w'ap bay Doktè a lapenn ankò ? »<sup>50</sup> Men, Yéhoshoua tande sa, li di papa tifi a: « Pinga ou pè, kwè sèlman, epi l'ap sòve. »<sup>51</sup> Lè li te rive lakay la, li pa te pemèt pesonn antre avèk li, sèlman Pyè, Yaacov (Jak) epi Yohanan (Jan), ak papa epi manman pitit fi a.<sup>52</sup> Yo tout t'ap kriye, yo t'ap bat pwatrin yo ak chagren pou li. Men li di

yo : « Pa kriye, li pa mouri, men l'ap dòmi. »<sup>53</sup> E yo t'ap pase l' nan rizib, yo te konnen byen li te mouri.<sup>54</sup> Men li fè yo tout sòti, li pran men pitit fi a, e li di ak yon vwa byen fò : « Timoun, leve ! »<sup>55</sup> Epi lespri l' tounen sou li, menm lè a li te leve. E li te òdone pou yo ba l' manje.<sup>56</sup> Epi paran tifi a te etone, e li te òdone yo pou yo pa di pesonn sa ki te rive.

## 9 Misyon douz apòt yo

Lè li konvoke douz yo, li te ba yo pisans ak otorite sou tout demon yo, e pou geri malad yo.<sup>2</sup> E li te voye yo preche Wayòm Bondye a epi geri malad yo.<sup>3</sup> E li di yo : « Pa pran anyen pou

## Loukas (Lik)

vwayaj la, ni baton, ni sak, ni pen, ni lajan, epi pa genyen de chemiz nou chak.<sup>4</sup> Kèlkeswa kay nou rantre, rete la jouk nou pati kite la.<sup>5</sup> Tout kote yo pap resevwa nou, lè n'ap pati kite lavil sa a, souke pousyè pye nou, an temwayaj kont yo ».<sup>6</sup> Lè yo pati, yo te ale de vilaj an vilaj, yo t'ap evanjelize, yo t'ap fè gerizon toupatou.<sup>7</sup> Ewòd chèf la te tandé pale sou tout bagay ke Yéhoshoua t'ap fè, e li pa t' konnen sa pou l' te panse. Paske kèk moun t'ap di ke Yohanan (Jan) te resisite nan mò yo ;<sup>8</sup> lòt ke Eliyah (Eli) te parèt, epi lòt yo, kèk nan ansyen pwofèt yo resisite.<sup>9</sup> Men Ewòd di : « Mwen te fè

koupe tèt Yohanan (Jan). Kilès li ye moun sa a ke m' tandem y'ap di bagay sa yo ? » Epi yo t'ap chache wè l'.<sup>10</sup> Epi apòt yo te tounen yo te rakonte l' tout bagay yo te fè. Yéhoshoua te pran yo avèk li, epi li te wete kò l' nan yon kote dezè, bò lavil yo rele Betsayda.<sup>11</sup> Men lè yo vin konn sa, foul yo te swiv li. Lè li akeyi yo, li te pale yo sou Wayòm Bondye e li te geri sa yo ki te bezwen gerizon.

## Miltiplikasyon pen yo pou 5 000 nomm

<sup>12</sup> Kòm jou a te kòmanse bese, douz disip yo apwoche l' e yo di l' : « Voye foul la, pou li ale nan vilaj yo ak nan kanpay yo nan anviwon yo, pou yo

## Loukas (Lik)

jwenn kay pou yo dòmi epi pou yo jwenn manje, paske nou isit la nan yon peyi dezè. »<sup>13</sup> E li di yo : « Ba yo nou menm manje ! » E yo di : « Nou gen ke senk pen ak de pwason, amwen ke nou ta ale nou menm achte manje pou tout pèp sa a ? »<sup>14</sup> Te gen anviwon 5 000 nonm. Yéhoshoua te di disip yo : « Fè yo chita pa ranje 50 yo chak ».<sup>15</sup> E yo te fè l' konsa, yo fè tout moun chita.<sup>16</sup> Epi li te pran senk pen yo ak de pwason yo, yo te leve je l' nan syèl la, li te pwononse lapriyè benediksyon an. Epi, li separe l', e li te bay disip li yo pou yo te mete l' devan foul la.<sup>17</sup> Yo tout te manje e yo te rasazye, e yo te pote

douz panyen plen moso ki te rete.

## Pye rekònèt Yéhoshoua kòm Mesi a

<sup>18</sup> Li te rive, kòm li te nan yon kote lwen pou lapriyè, epi disip li yo te avèk li, li te poze yo kesyon, li di : « Ki moun mwen ye nan sa foul yo di ? »<sup>19</sup> E yo reponn li : « Yohanan (Jan) Batis ; epi lòt yo Eliyah (Eli) ; epi lòt yo, ke yon nan ansyen pwofèt yo resisite. »<sup>20</sup> Men li di yo : « E nou menm, ki moun nou di m' ye ? » Epi Pyè reponn : « Ou se Kris Bondye a. »<sup>21</sup> Li te bay yo lòd sevè pou yo pa di pesonn sa.

## Yéhoshoua te anonse lanmò l' ak rezirèksyon l'

## Loukas (Lik)

<sup>22</sup> Li di yo : « Fòk piti lèzòm nan soufri anpil, fòk li rejte pa ansyen yo, pa chèf prèt yo, pa skrib yo, fòk yo fè l' mouri epi l'ap resisite sou twazyèm jou an. »

lè l'ap tounen nan laglwa l', ak nan pa Papa a, ak sen zanj li yo. <sup>27</sup> M'ap di nou an verite, kèk nan sa yo ki prezan isit la pap janm goute lanmò, non, jouk tan yo wè Wayòm Bondye a. »

## Renonse ak tèt ou

<sup>23</sup> E li di yo tout : « Si yon moun vle vin apre m', se pou l' renonse ak tèt li, se pou li chaje kwa l' chak jou, epi swiv mwen. <sup>24</sup> Paske, sa ki ta vle sove vi l' ap pèdi l', men sa k'ap pèdi lavil l' akòz mwen ap sove l'. <sup>25</sup> Kisa sa ta sèvi yon imen pou l' ta genyen lemonn, si l' te detwi l' ou byen si l' te pèdi l' li menm ? <sup>26</sup> Nenpòt moun k'ap wont mwen ak pawòl mwen yo, Pitit lèzòm nan ap wont li,

## Transfigirasyon an

<sup>28</sup> Li te rive anviwon wit jou apre pawòl sa yo, ke li te pran avèk li Pyè, Yohanan (Jan), ak Yaacov (Jak), e li te monte sou yon mòn pou lapriyè. <sup>29</sup> Li te rive antan li t'ap lapriyè, aspè figi l' chanje, epi rad li vin blan epi klere tankou zèklè. <sup>30</sup> Men de nonm, Moshè (Moyiz) ak Eliyah (Eli), yo t'ap pale avèk li, <sup>31</sup> yo te parèt nan laglwa, yo t'ap pale sou depa l' ke li t'ap akonpli Yeroushalaim

## Loukas (Lik)

(Jerizalèm). <sup>32</sup> Pyè ak sa yo ki te avè l' yo te akable ak somèy men, yo te rete reveye, yo te wè laglwa l' ansanm ak de nonm yo ki te avèk li. <sup>33</sup> Li te rive kòm yo t'ap separe avèk li, Pyè di Yéhoshoua : « Mèt, li bon pou nou isit la. Ann nou fè twa tabènak : yon pou ou, yon pou Moshè (Moyiz) ak yon pou Eliyah (Eli). » Yo pa t' konnen sa l' t'ap di. <sup>34</sup> Pandan li t'ap pale konsa, yon nwaj vin kouvri yo ak lonbraj li, epi disip yo te sezi ak pè lè yo te wè yo antre nan nwaj la. <sup>35</sup> Epi yon vwa sòti nan nwaj la, li di : « Moun sa a se Pitit byenneme m' : koute l' ! » <sup>36</sup> Lè vwa te fè yo tande l', Yéhoshoua te pou kont li.

Epi disip yo te gade silens, e yo pa te bay pesonn rapò sou sa yo te wè.

## Yon jenerasyon enkredil ak pèves

<sup>37</sup> Li te rive jou apre a, lè yo te desann sòti sou mòn lan, yon gwo foul te vin kontre l'. <sup>38</sup> Nan mitan foul la, yon nonm krye : « Doktè, tanpri, voye je ou sou pitit gason m' lan, paske se sèl pitit mwen. <sup>39</sup> Epi yon lespri sezi l', epi toudenkou li pran krye, li fè l' souke e li fè bouche li kimen, epi li wete kò l' sou li avèk difikilte apre l' fin brize l'. <sup>40</sup> Mwen te prye disip ou yo pou yo te chase l', men yo pa t' kapab. » <sup>41</sup> Men Yéhoshoua reponn : « O jenerasyon inkredule ak

## Loukas (Lik)

defòme, jouk kilè m'ap a.  
avèk nou, epi m'ap sipòte  
nou ? Mennen ptit gason  
ou lan isit la ! »<sup>42</sup> Men lè li  
te pwoche, demon an te  
souke l' ak anpil fòs, tankou  
si l' te vle chire l'. Men,  
Yéhoshoua te menase byen  
fò lespri enpi a, e li geri  
pitit la, e li renmèt li bay  
papa l'.<sup>43</sup> Yo tout te choke  
pa grandè Bondye. Kòm yo  
tout te nan admirasyon sou  
tout sa Yéhoshoua t'ap fè, li  
di disip li yo :<sup>44</sup> « Nou  
menm, koute byen pawòl sa  
yo, paske Ptit lèzòm nan  
pral livre nan men lèzòm  
yo. »<sup>45</sup> Men, disip yo pa t'  
konprann pawòl sa a. Li te  
gen vwal pou yo, pou yo pa  
t' gen sens li. Epi yo te pè  
poze l' kesyon sous sijè sa

## Imilite, sekrè vre Grandè a

<sup>46</sup> Apre sa, li te leve nan  
mitan yo yon panse : kilès  
nan yo ki te pi gran.<sup>47</sup> Men  
Yéhoshoua te wè panse ki  
te nan kè yo, li te pran yon  
timoun piti e li te mete l' bò  
kote l'.<sup>48</sup> Epi li di yo :  
« Nenpòt moun ki resevwa  
timoun sa a nan Non m' li  
resevwa m', epi nenpòt  
moun ki resevwa m',  
resevwa moun ki voye m'  
lan. Moun ki pi piti nan  
mitan nou, se li menm ki pi  
gran. »

## Yéhoshoua kondane fason sèk Yaacov (Jak) ak Yohanàn (Jan)

<sup>49</sup> Epi Yohanàn (Jan) pran

## Loukas (Lik)

lapawòl, li di : « Mèt, nou te wè yon moun ki chase demon yo nan Non ou e nou te anpeche l', paske li pa swiv nou. »<sup>50</sup> Men Yéhoshoua di l' : « Pa anpeche l', paske moun ki pa kont nou, se pa nou li ye. »

### Misyon Yéhoshoua : sove nanm yo

<sup>51</sup> Li te rive, kòm jou yo kote li dwe anlve te pre pou akonpli, li te afèmi figi l' pou l' ale Yeroushalaim (Jerizalèm). <sup>52</sup> Li te voye devan l' mesaje yo, ki te pran wout la, epi yo te antre nan yon vilaj Samariten, pou pare yon kay pou li.<sup>53</sup> Men, Samariten yo pa t' resevwa l', paske li t'ap dirije l' bò Yeroushalaim

(Jerizalèm).<sup>54</sup> Lè yo te wè sa, disip yo Yaacov (Jak) ak Yohanan (Jan) di : « Senyè, èske ou vle nou bay lòd pou dife desann nan syèl la epi boule yo menm jan Eliyah (Eli) te fè a ? »<sup>55</sup> Men Yéhoshoua, te tounen bò kote yo, li te reprimande yo avèk fòs, li te di yo : « Nou pa konnen avèk ki lespri nou anime.<sup>56</sup> Paske Pitit lèzòm nan pa vini pou pèdi nanm lèzòm yo men pou sove yo. » Konsa yo te ale nan yon lòt vilaj.

### Pri pou peye pou swiv Yéhoshoua

<sup>57</sup> Pandan yo t'ap ale nan chemen an, li rive yon nonm di l' : « Senyè m'ap swiv ou tout kote ou prale ». <sup>58</sup> Men Yéhoshoua

## Loukas (Lik)

reponn li : « Rena yo gen twou yo, zwazo nan syèl la gen nich yo, men Pitit lèzòm nan pa gen kote pou l' poze tèt li. »<sup>59</sup> Epi li di yon lòt : « Swiv mwen ! » E li reponn : « Pèmèt m' al antere papa m' anvan. »<sup>60</sup> Men, Yéhoshoua di l' : « Kite mò yo antere mò yo men ou menm, ale, epi anonse Wayòm Bondye a ! »<sup>61</sup> Epi yon lòt di l' tou : « Senyè m'ap swiv ou, men pèmèt mwen pran konje moun lakay mwen anvan. »<sup>62</sup> Men Yéhoshoua reponn li : « Nenpòt moun ki mete men l' nan chari a, epi gade dèyè pa genyen okenn itilite pou Wayòm Bondye a. »

## 10 70 disip yo voye nan misyon

Apre bagay sa yo, Senyè a te deziyen 70 lòt disip, e li te voye yo de pa de devan l', nan tout lavil yo ak nan tout kote li te dwe ale.<sup>2</sup> Li di yo : « Vrèman vre, rekòt la gran, men gen ti kras ouvrye. Prye mèt rekòt la pou l' voye ouvrye nan rekòt la.<sup>3</sup> Ale ! Men m'ap voye nou tankou ti mouton nan mitan lou yo.<sup>4</sup> Pa pote ni bous, ni sak, ni sandal, pa salye pesonn nan chemen an.<sup>5</sup> Nan tout kay n'ap antre di premyeman : « Se pou lapè sou kay sa a ! »<sup>6</sup> Si gen yon moun ki diy lapè, lapè nou an ap repoze sou li, sinon, l'ap retounen sou nou.<sup>7</sup> Rete nan kay sa

## Loukas (Lik)

a, manje epi bwè sa y'ap mete devan nou, paske ouvrye a merite salè l'. Pa ale de kay an kay.<sup>8</sup> Nan tout lavil n'ap antre, epi kote y'ap resevwa nou, manje sa y'ap mete devan nou,<sup>9</sup> geri malad yo k'ap la, epi di yo : « Wayòm Bondye a pwoche bò nou ! »<sup>10</sup> Men nan tout lavil kote n'ap antre, epi kote yo pa resevwa nou, sòti nan lari yo, epi di :<sup>11</sup> « Nou souke kont nou menm pousyè lavil nou an ki te tache sou nou. Sepandan, konnen Wayòm Bondye a te pwoche bò nou ! »<sup>12</sup> Men m'ap di nou nan jou sa a, sò Sodòm ap ka pi sipòte ke lavil sa a. »

### endiferan yo

<sup>13</sup> « Malè pou ou, Korazen ! Malè pou ou Betsayda ! Paske, si mirak ki te fèt nan mitan nou yo, te fèt nan mitan Tir ak Sidon, te gen lontan yo t'ap repanti, kouvè ak yon sak, epi chita sou sann dife.<sup>14</sup> Se poutèt sa, sò Tir ak Sidon ap ka pi sipòte nan jou jijman an pase nou.<sup>15</sup> E ou menm, Kapènawòm ki te leve jouk nan syèl la, y'ap fè ou desann jouk nan Adès (lanfè).<sup>16</sup> Moun ki koute nou, koute m', epi moun ki rejte nou rejte m'. Moun ki rejte m', rejte moun ki voye m' lan. »<sup>17</sup> 70 yo revini avèk jwa, yo t'ap di : « Senyè, demon yo menm soumèt devan nou

## Loukas (Lik)

nan Non ou. »<sup>18</sup> Men Yéhoshoua di yo : « M' te wè Satan tonbe sòti nan syèl la tankou yon zèklè.<sup>19</sup> Men, m' ban nou otorite pou mache sou sèpan ak sou eskòpyon yo, epi sou tout fos lenmi an, epi anyen pap kapab fè nou mal.<sup>20</sup> Sepandan pa rejwi paske lespri yo soumèt devan nou, men rejwi pito paske non nou ekri nan syèl la. »<sup>21</sup> Menm lè a, Yéhoshoua te rejwi nan lespri l', li di : « Mwen louwe ou, o Papa, Senyè syèl la ak tè a, paske ou te kache bagay sa yo bay saj yo ak entelijan yo, epi ou revele yo bay timoun piti yo. Wi, Papa paske se te konsa bon volonte ou te vle l'.<sup>22</sup> Tout bagay te livre pa

Papa m', epi pesonn pa konnen kilès ki ptit la, si se pa Papa a, ni kilès ki Papa a, si se pa Pitit la epi moun ak ki Pitit la vle revele l'. »<sup>23</sup> Epi, li tounen bò disip li yo, li di yo an patikilye : « Beni je yo k'ap wè sa n'ap wè a !<sup>24</sup> Paske, m'ap di nou ke anpil pwofèt ak wa te desire wè sa n'ap wè a, e yo pa wè l', epi tandé sa n'ap tandé a, epi yo pa t' tandé l'. »

## Yon doktè nan lalwa eseye eprouve Yéhoshoua

<sup>25</sup> Lè sa a yon doktè leve pou eprouve l', li di l': Doktè kisa pou m' fè pou m' genyen lavi k etènèl?<sup>26</sup> E di li: Kisa ki ekri nan lalwa? Kisa ou li?<sup>27</sup> Li reponn li: « Ou ap renmen Senyè a,

## Loukas (Lik)

Bondye ou, ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout fòs ou, ak tout panse ou, epi pwochen ou tankou ou menm. »<sup>28</sup> Yéhoshoua di li : « Ou byen reponn. Fè sa, e wap viv. »<sup>29</sup> Men li, li te vle jistifye tèt li, li di Yéhoshoua : « Ki moun ki se pwochen m' ? »

### Parabòl Samariten an

<sup>30</sup> Men Yéhoshoua pran lapawòl, li di : « Yon nonm te desann sòti Yeroushalaim (Jerizalèm), li tapral Yeriyocho (Jeriko). Li te tonbe nan men brigan yo ki te vòlò l', yo chaje l' ak anpil kou, epi yo te ale, yo lese l' demi mò. <sup>31</sup> Yon prêt pa aza t'ap desann sou menm chemen an, lè li te wè nonm sa a, li pa t' okipe

l'.<sup>32</sup> Menm jan an yon Levit te rive kote sa a, li te wè l', epi li pa t' okipe l'.<sup>33</sup> Men yon Samariten, ki t'ap vwayaje, lè li te vini la, li te touche avèk konpasyon lè l' te wè l'.<sup>34</sup> Li te apwoche, li te vlope blese l' yo li vide lwil ak diven, apre sa, li fè l' monte sou bét li a, li te kondi l' nan yon obèj e li pran swen l'.<sup>35</sup> Nan denmen, lè l'ap pati li rale nan bous li de denye, e li bay te moun obèj la, epi li di l' : « Pran swen l', epi tout sa w'ap depanse anplis, m'ap rann ou li lè m' retounen. »<sup>36</sup> Kilès nan twa sa yo, sanble te pwochen sa ki te tombe nan men brigan yo ? »<sup>37</sup> E li reponn : « Se sa ki te gen mizèrikòd pou

## Loukas (Lik)

li a. » Yéhoshoua di l' :

« Ale, ou menm tou, fè  
menm jan an. »

### Mat ak Myriam

<sup>38</sup> Lè li ale, li te rive li antre  
nan yon vilaj, yon fanm yo  
rele Mat te resevwa l' nan  
kay li. <sup>39</sup> Li te gen yon sè ki  
te rele Myriam, ki te chita  
nan pye Senyè a, li t'ap  
koute pawòl li. <sup>40</sup> Men Mat  
te distrè ak anpil sousi pou  
sèvis la. Li te vin vini, li di :  
« Senyè, ou pa fè sousi ke  
sè m' lan lese m' sèvi tout  
sèl ? Di l' ede m' bò kote  
l'. » <sup>41</sup> Men Senyè a reponn  
li, li di : « Mat, Mat, w'ap  
enkyete epi w'ap ajite pou  
anpil bagay. <sup>42</sup> Men, yon sèl  
bagay nesesè. Myriam  
chwazi bon pati a ki yo pap  
janm wete l'. »

### 11 Ansèyman Yéhoshoua sou lapriyè

Li te rive kòm li t'ap  
lapriyè yon kote, lè l' fini,  
yon nan disip li yo di l' :  
« Senyè anseye nou lapriyè,  
tankou Yohanan (Jan) te  
anseye disip li yo. » <sup>2</sup> Men  
li di yo : « Lè n'ap lapriyè  
di : « Papa nou ki nan syel  
la ! Se pou Non ou  
sanktifye, se pou Wayòm  
ou vini, se pou volonte ou  
fèt, tankou nan syèl la, sou  
tè a tout. <sup>3</sup> Ban nou jodi a  
pen kotidyen nou ki sifizan.  
<sup>4</sup> Epi remèt nou peche nou  
yo, paske nou menm tou,  
nou remèt dèt nou yo bay  
tout sa yo ki dwe nou. Pa fè  
nou antre nan tantasyon,  
men delivre nou anba sa ki

## Loukas (Lik)

mal. »

### **Parabòl twa zanmi yo ak lapriyè ki anbete**

<sup>5</sup> E li di yo : « Si yon nan nou gen yon zanmi, e li ale jwenn li nan mitan lannwit la pou di l' : « Zanmi m', prete m' twa pen, <sup>6</sup> paske yon nan zanmi m' yo rive sòt nan vwayaj lakay mwen, m' pa gen anyen pou m' ofri l' » <sup>7</sup> epi si anndan lakay li, zanmi sa a reponn li : « Pa anbete m', paske pòt mwen deja fèmen, timoun mwen yo ak mwen nou deja nan kabann, m' pa kapab leve pou m' ba ou l' ». <sup>8</sup> M'ap di nou, menm si li pa ta leve pou l' ba li l' paske se zanmi l', li t'ap leve paske l' anbete l', epi li t'ap bay li tout sa li

gen bezwen. <sup>9</sup> Konsa m' di nou : Mande, e y'ap ban nou ; chache, e n'ap jwenn ; frape, e y'ap louvri pou nou. <sup>10</sup> Paske, nenpòt moun ki mande resevwa, epi moun ki chache jwenn, epi yo louvri pou moun ki frape. »

### **Parabòl papa a**

<sup>11</sup> « Men ki papa nan mitan nou ta bay pitit li yon wòch, si li mande li yon pen ? Oubyen si li mande l' yon pwason, li ta bay li yon koulèv olye yon pwason ? <sup>12</sup> Oubyen si li mande yon ze, èske l'ap ba li yon èskòpyon ? <sup>13</sup> Si, move jan nou ye, nou konn bay don ki bon bay pitit nou yo, konbyen plis Papa a ki nan syèl la ap bay Lespri Sen

## Loukas (Lik)

pou sa yo ki mande l'. »

### **Yéhoshoua geri yon demonyak**

<sup>14</sup> Li te chase yon demon ki te bèbè. Li te rive lè demon an sòti, bèbè a pale e foul la te nan admirasyon.

### **Blasfeme kont Sentespri a**

<sup>15</sup> Men, kèk nan yo di : « Se ak Bèlzeboul, prens demon yo, ke li chase demon yo. »

<sup>16</sup> Men lòt yo pou eprouve l' te mande l' yon mirak ki sòti nan syel la. <sup>17</sup> Men li, li te konnen panse yo, li di yo : « Tout Wayòm ki divize kont li menm ap devaste. Epi tout kay ki divize kont li menm ap tonbe detwi. <sup>18</sup>

Si Satan divize kont li menm, komen Wayòm li a ap siviv ? Paske n'ap di m'

chase demon yo ak Bèlzeboul. <sup>19</sup> E si m' chase demon yo ak Bèlzeboul, ptit nou yo ak ki moun yo chase yo ? Se poutèt sa yo menm y'ap jij nou. <sup>20</sup> Men si m' chase demon yo avèk dwèt Bondye, lè sa a Wayòm Bondye a rive sou nou. <sup>21</sup> Lè yon nonm fò ak zam ap veye kay li, byen l' genyen yo an sekirite. <sup>22</sup> Men, si yon pi fò pase l' vini epi li bat li, li wete tout zam li yo nan ki li te konfye l', epi li pataje sa li pran yo. <sup>23</sup> Moun ki pa avèk mwen kont mwen epi sa ki pa asanble ak mwen ap dispèsé. »

### **Retou Lespri enpi a**

<sup>24</sup> « Lè yon lespri enpi sòti nan yon nonm, li pase nan

## Loukas (Lik)

yon kote san dlo, pou chache repo. Lè li pa jwenn, li di : « M'ap retounen nan kay mwen, kote m' sòti a »,<sup>25</sup> lè l' rive, li jwenn li byen bale epi byen ranje.<sup>26</sup> Lè sa a, li ale, e li pran avèk li sèt lòt lespri pi mechan pase l', epi yo antre e yo etabli yo, konsa denye kondisyon nonm sa a pi mal pase premye a. »<sup>27</sup> Li te rive kòm li t'ap di bagay sa yo, yon fanm leve vwa l' nan mitan foul la, li di : « Beni vant ki te pote ou, epi mamèl yo ke ou te tete a ! »<sup>28</sup> E li reponn : « Beni pito sa yo ki koute pawòl Bondye epi ki gade l'. »

### Mirak Yonah (Jonas), pwofèt la

<sup>29</sup> Antan foul yo t'ap reyni

ansanm an kantite, li te pran di : « Jenerasyon sa a mechan. L'ap mande yon mirak, men, li pap jwenn lòt mirak pase sa Yonah (Jonas) pwofèt la.<sup>30</sup> Paske menm jan Yonah (Jonas) te yon mirak pou moun Niniv yo, menm jan an Pitit lèzòm nan ap yon pou jenerasyon sa a.<sup>31</sup> Larenn peyi ki nan sid la ap leve, nan jou jijman an, kont lèzòm jenerasyon sa a epi l'ap kondane yo, paske l' te sòti nan dènye bout latè a, pou l' te tande sajès Salomon, men gen isit la, plis pase Salomon.<sup>32</sup> Monm Niniv yo ap leve, nan jou jijman an, kont jenerasyon sa a epi y'ap kondane l', paske yo te repanti sou predikasyon

## Loukas (Lik)

Yonah (Jonas) la, men, gen  
isit la, plis pase Yonah  
(Jonas). »

### Parabòl lanp lan

<sup>33</sup> « Pesonn pa limen yon lanp pou mete l' nan yon kote ki kache oubyen anba yon mamit, men sou yon chandelye, konsa sa yo k'ap antre wè limyè a. <sup>34</sup> Je a se lanp kò a. Si je ou senp, kò ou ap klere tou. Men, si li mechan, kò ou tou ap kouvri ak tenèb. <sup>35</sup> Fè atansyon pou limyè ki nan ou a pa tenèb. <sup>36</sup> Si kò ou klere, san genyen okenn pati kouvri ak tenèb, l'ap klere antyèman, tankou lè lanp lan klere ou ak limyè l'. »

### Yéhoshoua kritike

**farizyen yo ak doktè lalwa yo**

<sup>37</sup> Kòm li t'ap pale, yon farizyen te pye l' vin dine lakay li. Li te antre, e li te mete l' sou tab. <sup>38</sup> Men farizyen an te wè ak etone ke li pa t' premyeman batize anvan dine an. <sup>39</sup> Men, Senyè a di l' : « Nou menm farizyen, nou netwaye deyò gode a ak plat la, epi anndan nou plen ak vòl epi mechanste ! <sup>40</sup> Ensanse ! Sa ki fè deyò a, èske li pa fè anndan an tou ? <sup>41</sup> Bay pito pou lacharite sa ki anndan an, epi tout bagay ap pure pou nou. <sup>42</sup> Men malè pou nou, farizyen ! Paske nou paye ladim mant lan, pye bwa yo rele lari a, ak sou tout kalite zèb,

## Loukas (Lik)

epi nou neglige jistis ak lanmou Bondye. Se sa ki te dwe pratique, san neglige lòt bagay yo.<sup>43</sup> Malè pou nou farizyen, ki renmen premye plas yo nan sinagòg yo ak salitasyon yo sou plas mache !<sup>44</sup> Malè pou nou skrib ak farizyen ipokrit ! Paske nou tankou tonm ki pa sanble sa, epi sou ki moun ap mache san yo pa konnen sa. »<sup>45</sup> Lè sa a yon nan doktè lalwa a pran lapawòl, li di : « Doktè, lè w'ap di bagay sa yo, ou joure, nou menm tou ! »<sup>46</sup> Epi li di : « Malè pou nou tou, doktè lalwa ! Paske n'ap chaje moun yo ak fado ki difisil pou pote, epi nou menm nou pa manyen fado sa yo ak yon sèl nan dwèt

nou yo.<sup>47</sup> Malè pou nou ! Paske n'ap bati tonm pwofèt yo, ke zansèt nou yo touye.<sup>48</sup> Nou rann temwayaj pou zèv zansèt nou yo, epi nou pran plezi nan sa, paske yo menm, yo te vreman touye yo, epi nou menm n'ap bati tonm yo.<sup>49</sup> Se poutèt sa sajès Bondye a di : « M'ap voye yo pwofèt ak apòt, e y'ap touye kèk ladan yo, e y'ap pèsekite lòt yo,<sup>50</sup> konsa san tout pwofèt yo ki te koule depi fondasyon mond lan ap mande ankò bay jenerasyon sa a,<sup>51</sup> depi san Abèl jouk san Zekaryah (Zakari), ki te touye ant lotèl la ak tanp lan. » Wi m'ap di nou y'ap mande ankò jenerasyon sa a.<sup>52</sup> Malè pou nou doktè

## Loukas (Lik)

lalwa ! Paske nou te retire kle konesans lan ; nou pa antre nou nenm epi n'ap anpeche sa yo ki t'ap antre. »<sup>53</sup> Epi kòm li t'ap di yo bagay sa yo, skrib yo ak farizyen yo te kòmanse sere l' vyolaman, epi fè l' pale sou anpil bagay,<sup>54</sup> yo t'ap pare pèlen pou li, yo t'ap chache tire kèk bagay nan bouch li pou akize l'.

## 12 Divès ansèyman

### Yéhoshoua

Men, foul la te rasanble pa milye, sitèlman yon t'ap mache sou lòt, li te pran di disip li yo : « Premyeman, veye kò nou ak ledven farizyen yo, ki se ipokrizi.<sup>2</sup> Paske pa gen anyen ki kouvi tout kote ki pa dwe

dekouvri, ni ki sekrè ki pa dwe konnen.<sup>3</sup> Se poutèt sa, tout sa n'ap di nan tenèb, ap tande nan limyè epi sa n'ap di nan zòrèy anndan chanm yo pral preche sou do kay yo.<sup>4</sup> Men m'ap di nou nou menm ki zanmi m' : Pa gen krentif pou sa yo k'ap touye kò a, epi apre sa pa kapab fè anyen anplis.<sup>5</sup> Men m'ap montre nou pou ki moun nou dwe gen krent. Gen krent pou sa ki apre li fin touye, gen pouvwa pou l' jete nan jeyèn lan. Wi, m'ap di nou gen krent pou sa a.<sup>6</sup> Èske nou pa vann senk ti zwazo pou dè kòb ? Poutan, okenn nan yo pa bliye devan Bondye.<sup>7</sup> Menm cheve nan tèt nou, yo tout konte. Pa krent : nou vo plis

## Loukas (Lik)

pase anpil ti zwazo.<sup>8</sup> M'ap di nou, nenpòt moun k'ap konfese m' devan moun yo, Pitit lèzòm nan ap konfese l' devan zanj Bondye yo tou.<sup>9</sup> Men, nenpòt moun k'ap renye m' devan moun yo y'ap renye l' devan zanj Bondye yo.<sup>10</sup> Nenpòt moun k'ap pale kont Pitit lèzòm nan, y'ap padonnen l' ; men sa k'ap blasfeme kont Sentespri a, yo pap padonnen l'.<sup>11</sup> Men lè y'ap mennen nou devan sinagòg yo, majistra yo ak otorite yo, pa enkyete sou ki jan nou pral defann nou, ni kisa pou n' di,<sup>12</sup> paske, Sentespri a ap anseye nou menm lè a sa pou n' di. »

### Parabòl rich ensanse a

<sup>13</sup> Yon moun nan foul la di

l' : « Doktè, di frè m' lan pou l' pataje avèk mwen eritaj nou an. »<sup>14</sup> Men li reponn li : « O nomm ! Ki moun ki etabli m' sou nou pou m' ka jije nou, epi pou fè pataj nou yo ? »<sup>15</sup> Men li di yo : « Atansyon ! Pran prekosyon nou ak tout kupidite, paske mem si yon moun nan abondans, lavi li pa sòti nan byen li yo. »<sup>16</sup> Li di yo parabòl sa a : « Jaden yon nomm rich te rapòte anpil.<sup>17</sup> E li t'ap rezone nan li menm, li t'ap di : « Kisa m'ap fè, paske m' pa gen ase plas pou m' rekòlte fwi m' yo ? »<sup>18</sup> E li di tèt li : « Men sa m'ap fè : M'ap kraze grenye m' yo, m'ap bati pi gwo, m'ap ranmase tout fwi m' yo ki

## Loukas (Lik)

sòti nan latè ak tout bon bagay mwen yo.<sup>19</sup> Epi m'ap di nanm mwen : Nanm mwen, ou gen anpil bon bagay nan rezèv pou anpil lanne, reposze ou, manje, bwè epi rejwi ou ! »<sup>20</sup> Men, Bondye di l' : « Ensanse ! Nwit sa a memm yo pral reklame ou nanm ou ! Tout bagay sa yo ke ou prepare yo, pou ki moun y'ap ye ? »<sup>21</sup> Se konsa sa ye pou moun k'ap ranmase richès pou li men, epi ki pa rich nan Bondye. »

### Egzòtasyon pou konfye nan Bondye

<sup>22</sup> Epi Yéhoshoua di disip li yo : « Se poutèt sa m'ap di nou : Pa enkyete nou pou vi nou, ni sou sa n'ap manje, ni pou kò nou, ak kisa n'ap

abiye.<sup>23</sup> Lavi a plis pase manje, kò a plis pase rad la.<sup>24</sup> Konsidere zwazo yo, yo pa simen, yo pa rekòlte, yo pa gen ni depo ni galata, epoutan Bondye nouri yo. Konbyen nou pa vo pi plis pase zwazo yo ?<sup>25</sup> Kilès nan nou ak enkyetid li yo ka rajoute yon mezi sou nivo l' ?<sup>26</sup> Si nou pa ka fè bagay ki pi piti a, poukisa pou enkyete pou rès la ?<sup>27</sup> Konsidere kòmen lys yo pouse, yo pa travay, yo pa fè fil, epoutan, m'ap di nou Salomon nan tout glwa l', pa t' abiye tankou yon nan yo.<sup>28</sup> Men si Bondye abiye konsa zèb yo ki jòdi a nan jaden yo epi denmen pral jete nan fou, se ak plis rezon l'ap abiye nou, o

## Loukas (Lik)

moun ki gen yo ti kras  
lafwa ?<sup>29</sup> Epi pa di : « Kisa  
n'ap manje ak kisa n'ap  
bwè ? » Epi pa inkyete,<sup>30</sup>  
paske tout bagay sa yo, se  
nasyon yo nan mond lan  
k'ap chache yo. Papa nou  
konnen ke nou bezwen yo.  
<sup>31</sup> Men chache pito Wayòm  
Bondye a, epi tout bagay sa  
yo y'ap ban nou l' anplis.<sup>32</sup>  
Pa pè ti twoupo, paske sa fè  
Papa a plezi pou l' ban nou  
Wayòm lan.<sup>33</sup> Vann sa nou  
genyen, epi bay li pou  
lacharite. Fè bous ki pap  
ize, yon trezò nan syèl la ki  
pap janm fayi, kote vòlò a  
pap pwoche, kote mit pa ka  
detwi anyen.<sup>34</sup> Paske kote  
trezò nou ye, se la kè nou  
ap ye tou. »

### mèt la

<sup>35</sup> « Se pou ren nou mare,  
ak lanp nou yo limen.<sup>36</sup> Se  
pou nou sanble ak moun  
k'ap tann ke mèt yo tounen  
sòti nan nòs, pou louvri pou  
li depi l'ap frape.<sup>37</sup> Beni  
esklav sa yo ke mèt la, lè  
l'ap rive, l'ap jwenn yo ap  
veye ! Ame, m'ap di nou,  
l'ap mare ren l', l'ap fè yo  
chita sou tab epi l'ap  
apwoche yo pou l' sèvi yo.  
<sup>38</sup> Si li rive nan dezyèm vèy  
la, epi si li rive nan  
twazyèm vey la, e si li  
jwenn yo konsa, esklav sa  
yo beni !<sup>39</sup> Konnen si mèt  
kay la te konn kilè vòlò a te  
dwe vini, li t'ap veye, li pa  
t'ap kite yo pèse kay li.<sup>40</sup>  
Nou menm tou se pou n'  
pare, paske Pitit lèzòm nan

## Veye pandan nap atann

## Loukas (Lik)

ap vini lè nou pa ta  
panse ! »

ap vini yon jou l' pap tann  
epi yon lè li pap konnen,  
epi l'ap koupe l' an de, epi  
l'ap ba li pa l' avèk enkredil  
yo. <sup>47</sup> Esklav ki te konnen  
volonté mèt li, epi ki pa te  
pare e ki pa te aji daprè  
volonte l', ap bat avèk anpil  
kou. <sup>48</sup> Men, sa ki pa te  
konnen l' epi ki te fè bagay  
ki merite chatiman ap bat  
ak enpe kou. Y'ap mande  
anpil bay moun yo te bay  
anpil, y'ap egzije plis bay  
moun yo te konfye anpil. »

### Parabòl de sèvitè yo

<sup>41</sup> Pyè di l' : « Senyè, èske ou di parabòl sa a pou nou, oubyen pou tout moun ? <sup>42</sup> Men Senyè a di l' : « Kilès ki se yon jeran fidèl ak pridan, ke mèt la ap etabli sou domestik kay li pou l' bay yo nouriti nan tan konvnab ? <sup>43</sup> Esklav sa a beni, sa ki lè mèt li a ap rive, l'ap jwenn li ap fè konsa ! <sup>44</sup> M'ap di nou an verite, l'ap etabli l' sou tout byen l' yo. <sup>45</sup> Men, si esklav sa a di nan kè l' : « Mèt mwen fè reta pou l' vini », si li pran bat sèvitè yo ak sèvant yo, manje, ak bwè epi sou, <sup>46</sup> mèt esklav sa a

### Yéhoshoua lakòz divizyon

<sup>49</sup> « M' vini jete yon dife sou latè, kisa m' ta vle si l' déjà limen ? <sup>50</sup> Men gen yon batèm pou m' batize, konbyen m' prese jouk li akonpli. <sup>51</sup> Èske nou panse

## Loukas (Lik)

m' vin bay lapè sou latè ?  
Non m' di nou, men pito  
divizyon.<sup>52</sup> Depi kounye a,  
senk nan yon kay ap divize,  
twa kont de, epi de kont  
twa.<sup>53</sup> Papa a ap divize kont  
pítit gason an epi pítit gason  
an kont papa a, manman an  
kont pítit fi a, epi pítit fi a  
kont manman an, bélémè a  
kont bélifi a, epi bélifi a kont  
bélémè a. »<sup>54</sup> Epi li di foul  
yo ankò : « Lè nou wè yon  
nwaj leve bò kote lwès, nou  
di lamem : « Lapli a ap  
vini ! » Epi sa rive konsa.<sup>55</sup>  
Epi lè nou wè van nan sid  
lan soufle, nou di li pral fè  
cho. Epi sa rive.<sup>56</sup> Ipokrit !  
Nou konn disène aparans  
syèl la ak latè a ; men  
kòman nou pa disène tan sa  
a ?<sup>57</sup> Epi poukisa nou pa

jije pa nou menm sa ki jis ?  
<sup>58</sup> Lè ou prale ak advèsè ou  
devan majistra a, chache  
pandan ou nan chemen an  
pou delivre, pou pè pou l'  
pa trennen ou devan jij la,  
epi pou jij la pa livre ou nan  
men ofisyé jistis la, epi pou  
ofisyé jistis la pa jete ou  
nan prizon.<sup>59</sup> M'ap di ou,  
ou pap sòti tan ou pa peye  
dènye ti pyès la. »

## 13 Egzòtasyon pou repanti

Nan menm tan sa a,  
kèk nan sa yo ki te la  
prezan t'ap ba l' nouvèl  
sou Galileyen yo ke Pilat te  
melanje san yo ak sa  
sakrifis yo.<sup>2</sup> Epi Yéhoshoua  
reponn li di yo : « Èske nou  
kwè Galileyen sa yo te pi

## Loukas (Lik)

gwo pechè pase tout lòt Galileyen yo, paske yo te soufè konsa ?<sup>3</sup> Non, m' di nou. Men, si nou pa repanti, n'ap peri tout menm jan an.

<sup>4</sup> Oubyen 18 moun sa yo sou ki gwo kay won Siloe a te tonbe e ke li te touye, èske nou panse ke dét yo te pi gran pase sa tout imen yo ki rete Yeroushalaim (Jerizalèm) ?<sup>5</sup> Non, m' di nou. Men, si nou pa repanti, nou tout ap peri menm jan an. »

### Parabòl pye fig steril la

<sup>6</sup> Li t'ap di parabòl sa a : « Yon nonm te gen yon pye fig plante nan jaden rezen l', e li te vin pou l' chache fwi, men li pa te jwenn.<sup>7</sup> E li di kiltivatè diven an : « Sa fè twazan ke

m'ap vin chache fwi nan pye fig sa a, e m' pa jwenn. Koupe l' : poukisa l'ap rann tè a initil ? »<sup>8</sup> E kiltivatè diven an reponn, li di : « Senyè lese l' ankò pou lanne sa a, m'ap fouye tout otou l', epi m'ap mete fimye ladan l'.<sup>9</sup> Petèt l'ap pote fwi, sinon, w'ap koupe l' vrèman vre. »

### Gerizon fanm ki te koube a jou saba a

<sup>10</sup> Kòm li t'ap anseye nan yon sinagòg yon jou saba a,<sup>11</sup> men, te gen la yon fanm ki te gen yon lespri enfimite depi 18 ane : li te koube e li te kapab redrese l' konpletman.<sup>12</sup> Lè Yéhoshoua te wè l', li te rele l' e li di l' : « Fanm, ou delivre anba enfimite ou ! »

## Loukas (Lik)

<sup>13</sup> E li te mete men l' sou li, e imedyatman, li te redrese e li te glorifye Bondye. <sup>14</sup>

Men chèf sinagòg la, te indiye paske Yéhoshoua te fè gerizon yon jou saba, li te pran lapawòl, li di foul la : « Gen sis jou pou travay, se pou nou vin fè yo geri nou jou sa yo, e non jou saba a. » <sup>15</sup> Men, Senyè a reponn li, li di : « Ipokrit ! Jou saba a, èske nou chak pa lage bèf li oubyen bourik li nan krèch la pou mennen l' bwè ? <sup>16</sup> Epi li menm ki se yon ptit fi Abraram, ke Satan te mare depi 18 ane, li pa te dwe delivre nan lyen sa a yon jou saba ? » <sup>17</sup> Lè li t'ap pale sou bagay sa yo, tout advesè li yo te kouvè ak wont, men foul la tout

antye t'ap rejwi pou tout bagay glorye ke li t'ap opere.

## Parabòl ti grenn moutad la ak ledven an

<sup>18</sup> Men li t'ap di : « Ak kisa Wayòm Bondye a sanble, e ak kisa m' ta konpare l' ? <sup>19</sup> Li sanble ak yon grenn moutad ke yon imen te pran epi jete nan jaden l'. E li pouse, li tounen yon gwo pyebwa, epi zwazo syèl la fè nich yo nan branch li yo. » <sup>20</sup> E li di ankò : « Ak kisa m' ta konpare Wayòm Bondye a ? <sup>21</sup> Li sanble ak ledven yon fanm pran e li mete l' nan twa mezi farin, pou fè leve tout pat la. »

## Loukas (Lik)

### **Ansèyman Yéhoshoua sou chemen Yeroushalaim (Jerizalèm)**

<sup>22</sup> Li t'ap travèse laval yo ak vilaj yo, li t'ap anseye, e li t'ap fè wout pou Yeroushalaim (Jerizalèm).  
<sup>23</sup> Epi yon moun di l' : « Senyè, èske se tikras moun k'ap sove ? » Li reponn yo : <sup>24</sup> « Fè efò pou antre nan pòt etwat la. Paske, m'ap di nou anpil ap chache antre, e yo pap kapab. <sup>25</sup> Lè mèt kay la pral leve, e l'ap femen pòt la, epi nou menm nou deyò, nou pral frape nan pòt la, n'ap di : « Senyè, Senyè ! louvri pou nou ! » L'ap reponn nou, l'ap di : « Mwen pa konnen ki bò nou sòti. » <sup>26</sup> Lè sa a, nou

pral di : « Nou te manje ak bwè nan prezans ou, epi ou te anseye nan lari nou yo. »

<sup>27</sup> Men, l'ap di : « M'ap di nou, mwen pa konnen ki bò nou sòti. Wete nou sou mwen, nou tout ouvriye enjistis. » <sup>28</sup> Se la kote ki pral gen rèl, ak manje dan, lè n'ap wè Abraram, Yitzhak (Izarak) ak Yaacov (Jakòb), ak tout pwofèt yo nan Wayòm Bondye a epi nou pral jete deyò. <sup>29</sup> L'ap sòti nan lès ak lwès, nan nò ak sid, y'ap mete yo sou tab nan Wayòm Bondye a. <sup>30</sup> Men sa yo ki dènye y'ap premye, epi sa yo ki premye yo pral dènye. » <sup>31</sup> Nan menm jou sa a, kèk farizyen vin jwenn li, e yo di l' : « Wete ou isit la, paske

## Loukas (Lik)

Ewòd vle touye ou. »<sup>32</sup> E li reponn yo : « Ale epi di Rena sa a : « Men, m'ap chase demon yo epi m'ap fè gerizon jodi a ak demen, epi twazyèm jou a m'ap fini.<sup>33</sup> Me m' dwe mache jodi a ak demen, epi jou apre a, paske li pa akseptab pou yon pwofèt mouri andeyò Yeroushalaim (Jerizalèm) »

### **Lamantasyon Yéhoshoua sou Yeroushalaim (Jerizalèm)**

<sup>34</sup> « Yeroushalaim (Jerizalèm), Yeroushalaim (Jerizalèm), k'ap touye pwofèt yo epi k'ap lapide moun yo te voye ba ou, konbyen fwa m' te vle rasanble timoun ou yo, tankou poul la rasanble ti poul li yo anba zèl li, e nou

pa te vle l' !<sup>35</sup> Men, kay nou an rete dezè. Men, m'ap di nou, amen, nou pap wè m' jiskaske nou di : « Benediksyon pou moun ki vini nan Non Senyè a ! »

### **14 Yéhoshoua geri yon idropik jou saba a**

Li rive kòm li t'ap antre yon saba nan kay yon nan chèf farizyen yo pou l' pran yon repa, li te la li t'ap obsève l'.<sup>2</sup> Men, yon nonm idropik te la devan l'.<sup>3</sup> Epi Yéhoshoua te pran lapawòl, li te adrese l' ak doktè lalwa yo epi ak farizyen yo li te di : « Èske li pèmèt ou non pou fè yon gerizon jou saba a ? »<sup>4</sup> E yo te gade silens. Lè li te pran l', li te geri l', epi li te voye l' ale.<sup>5</sup> Li te

## Loukas (Lik)

di yo : « Kilès nan nou, si  
bourik li osinon bëf li tonbe  
nan yon pi, èske li pap wete  
l' tousuit jou saba a ? »<sup>6</sup> Yo  
pa t' kapab replike sou  
bagay sa yo.

### Parabòl envite a

<sup>7</sup> Li te di envite yo yon  
parabòl, lè li te remake  
kòman yo t'ap chwazi  
premye plas yo. Li di yo :<sup>8</sup>  
« Lè w'ap envite pa yon  
noum nan yon nòs, pa mete  
ou nan premye plas sou tab  
la, pou pè pou pa genyen  
pami envite yo moun ki pi  
onorab pase ou,<sup>9</sup> epi moun  
ki te envite nou yon ak lòt  
vin di ou : « Bay plas ou  
pou moun sa a ! » Lè sa a,  
w'ap kòmanse ak wont ale  
okipe dènye plas la.<sup>10</sup> Men,  
lè w'ap envite, ale mete ou

nan dènye plas la, pou lè  
moun ki te envite ou la vini,  
pou l' di ou : « Zanmi m',  
monte pi ro ! » Lè sa a, sa  
ap fè ou onè devan tout sa  
yo k'ap sou tab avèk ou.<sup>11</sup>  
Paske nenpòt moun ki leve  
tèt li y'ap besé l', nenpòt  
moun ki desann tèt li, y'ap  
leve l'. »<sup>12</sup> Li te di moun ki  
te envite l' la : « Lè w'ap fè  
yon dine oubyen yon soupe,  
pa envite zanmi ou yo, ni  
frè ou yo, ni paran ou yo, ni  
rich vwazen ou yo, pou pè  
pou yo pa envite ou lè y'ap  
fè tou, epi pou yo renmèt ou  
parey.<sup>13</sup> Men, lè w'ap bay  
yon festen, envite pòv yo,  
enfim yo, bwete yo ak avèg  
yo.<sup>14</sup> Epi w'ap beni paske  
yo pa gen kichòy pou rann  
ou. Paske y'ap renmèt ou sa

## Loukas (Lik)

lè rezirèksyon jis yo. »

### Parabòl gran festen an

<sup>15</sup> Men yon nan sa yo ki te sou tab la, lè l' tande pawòl sa yo, li di : « Beni moun k'ap manje pen nan Wayòm Bondye a ! » <sup>16</sup> Epi Yéhoshoua reponn li : « Yon nonm te fè yon gwo festen, e li te envite anpil moun. <sup>17</sup> Lè soupe a rive, li te voye esklav li a pou di envite yo : « Vini paske tout bagay déjà pare ». <sup>18</sup> Men, yo tout te kòmanse eskize yo. Premye a di l' : « Mwen achte yon tè, fòk mwen ale wè l', tanpri, pran m' pou eskize. » <sup>19</sup> Men yon lòt di : « Mwen achte senk pè bèf, mwen pral eseye yo, tanpri pran m' pou eskize. <sup>20</sup> Epi yon lòt di : « Mwen marye

ak yon fanm, se poutèt sa m' pa kapab vini. » <sup>21</sup> Epi esklav la tounen, li te rapòte bagay sa yo bay senyè li a. Lè sa a, mèt kay la te irite, li di esklav li a : « Ale rapidman sou plas yo ak nan lari lavil la, epi mennen isit la pòv yo, enfime yo, bwete yo ak avèg yo. » <sup>22</sup> Epi esklav la di : « Senyè, sa ou te komande a te fèt, epi gen plas ankò. » <sup>23</sup> Epi senyè a di esklav la : « Ale nan chemen yo ak tout bò kloti yo, ak sa yo w'ap jwenn, fòse yo antre, pou kay mwen an ka ranpli. » <sup>24</sup> Paske, m'ap di nou, okenn nan nonm sa yo ki te envite, pap goute soupe m' lan ».

### Renonsman ak pwòp tèt ou

## Loukas (Lik)

<sup>25</sup> Gwo foul t'ap fè wout avèk Yéhoshoua. Li te retounen, e li di yo : <sup>26</sup> « Si yon moun vin jwenn mwen, e li pa rayi papa l', manman l', madam li ak pitit li yo, frè l' yo, sè l' yo, epi menm pwòp vi l', li pap kapab disip mwen. <sup>27</sup> Nenpòt moun ki pa pote kwa l' lè li vini apre m' li pap kapab disip mwen. <sup>28</sup> Paske kiyès nan nou, ki ta vle bati yon batisman, pa chita premyeman pou l' fè kalkile depens lan, pou wè si li gen kichòy pou l' fini l', <sup>29</sup> pou pè apre li poze fondman an, li pap kapab fini l', epi tout sa yo k'ap wè l', pa kòmanse pase l' nan rizib, <sup>30</sup> lè y'ap di : « Nonm sa a kòmanse bati, e li pa te

kapab fini ? » <sup>31</sup> Oubyen ki wa, si li pral fè lagè ak yon lòt wa, pa chita premyeman pou l' eggaminen si li kapab avèk 10 000 nonm, ale rankontre sa k'ap vini kont li ak 20 000 ? <sup>32</sup> Osinon, pendan lòt wa sa lwen ankò, li voye yon anbasad pou mande l' lapè. <sup>33</sup> Konsa tout, nenpòt nan nou ki pa renonse ak tout sa l' genyen, pap kapab disip mwen. <sup>34</sup> Sèl la bon, men si sèl la pèdi fòs li ak gou l', avèk kisa n'ap sizonnen l' ? <sup>35</sup> Li pa bon ni pou tè a, ni pou fimye a ; men yo jete l' deyo. Sa ki gen zòrèy pou tande, se pou l' tandem ! »

## 15 Twa parabòl sou repantans

## Loukas (Lik)

Tout pibliken yo ak pechè yo t'ap pwoche bò Yéhoshoua pou tande l'.<sup>2</sup> Men farizyen yo ak skrib yo t'ap bougonnen, yo t'ap di : « Nonm sa a resevwa pechè yo, epi l' manje ak yo. »

### Parabòl brebi pèdi a

<sup>3</sup> Men li te propoze yo parabòl sa a, li di :<sup>4</sup> « Ki nonm pamì nou, si li gen 10 brebi e ke l' pèdi yon, li pa lese 99 yo nan dezè a, pou l' ale chache sak pèdi a, jouk li jwenn li ?<sup>5</sup> Lè l' jwenn li, li mete l' avèk jwa sou zepòl li,<sup>6</sup> epi lè l' tounen lakay li, li rele zanmi l' yo ak vwazen l' yo, e li di yo : « Rejwi avè m', paske m' jwenn brebi m' la ki te pèdi. »<sup>7</sup> Se konsa, m'ap di nou, ap gen

plis jwa nan syèl la pou yon sèl pechè ki repanti, pase pou 99 jis ki pa bezwen repantans. »

### Parabòl pyès lajan pèdi a

<sup>8</sup> « Osinon ki fanm, si li gen dis pyès lajan, epi li pèdi yon, li pa limen yon lanp, pa bale kay la, pa chache avèk swen jouk li jwenn li ?

<sup>9</sup> Lè l' jwenn li, li rele zanmi l' yo ak vwazen li yo, l'ap di yo : « Rejwi avè m', paske m' jwenn pyès lajan ke m' te pèdi a.<sup>10</sup> Se konsa, m'ap di nou, gen plis jwa devan zanj Bondye yo pou yon sèl pechè ki repanti. »

### Parabòl pitit gason pwodig la

<sup>11</sup> Li di : « Yon nonm te gen

## Loukas (Lik)

de pitit gason.<sup>12</sup> Pi jèn nan te di papa l' : « Papa, ban m' pa byen ki pou mwen an. » E, li te pataje yo byen l' yo.<sup>13</sup> Kèk jou apre, pi jèn nan, ranmase tout, li pati pou yon peyi byen lwen, kote li te gaspiye byen li a, nan viv nan banbòch.<sup>14</sup> Lè li fin gaspiye tout, yon gwo grangou vini nan peyi sa a, e li te kòmanse vin nan bezwen.<sup>15</sup> Lè sa a li te ale mete l' nan sèvis yon nan abitan yo nan peyi a, ki te voye l' nan byen l' yo pou ale fè kochon yo manje.<sup>16</sup> Li ta byen renmen rasazyé ak karouj yo ke kochon yo t'ap manje a, men pesonn pa t' ba li.<sup>17</sup> Lè li te rantre nan li menm li di : « Konbyen ouvriye lakay

papa m' gen pen an abondans, epi mwen menm m'ap mouri grangou !<sup>18</sup> M'ap leve, m' prale jwenn papa m', epi m'ap di l' : Papa m', mwen peche kont syel la epi devan ou,<sup>19</sup> m' pa merite pou rele pitit ou ankò, trete m' tankou yon nan ouvriye ou yo. »<sup>20</sup> Li te leve, li ale kay papa l'. Pendan li te lwen ankò, papa l' wè l', li te touche ak konpasyon, e li te kouri ale lage l' nan kou l', epi li bo l' ak tendres.<sup>21</sup> Men pitit gason an di l' : « Papa m' peche kont syèl la epi devan ou. M' pa merite pou ou rele m' pitit ou ankò. »<sup>22</sup> Epi Papa a di esklav li yo : « Pote ròb lonè an, epi mete l' sou li, epi mete yon bag

## Loukas (Lik)

nan dwèt li epi sandal nan pye l'.<sup>23</sup> Mennen pou mwen ti bèf angrese a, epi touye l' ! Ann manje epi ann rejwi,<sup>24</sup> paske, ptit gason m' lan ki te te mouri, men li resisite, li te pèdi, men yo jwenn li. » Epi yo te kòmanse rejwi.<sup>25</sup> Lè sa a, pi gran ptit gason an te nan jaden. Lè li tounen epi l' pwoche bò kay la, li te tandemizik la ak danse yo.<sup>26</sup> Li te rele yon nan sèvitè yo, e li mande l' kisa ki te genyen ?<sup>27</sup> Men sèvitè sa a te di l' : « Frè ou la tounen, epi papa ou touye ti bèf angrese a, paske li rejwenn li an sante. »<sup>28</sup> Men li te fè kòlè, li pa te vle antre. Papa l' sòti e li prye l' antre.<sup>29</sup> Men, li reponn e li di papa

l' : « Men depi tout lane sa yo m'ap sèvi ou, m' pa janm derespekte kòmandman ou, poutan, ou pa janm ban m' yon ti kabrit pou m' rejwi ak zanmi m' yo.<sup>30</sup> Men, lè ptit gason ou lan rive, li menm ki manje byen ou yo ak pwostitye yo, se pou li menm ou touye ti bèf angrese a ! »<sup>31</sup> Epi Papa a di l' : « Ptit mwen, ou toujou avè m', epi tout byen m' yo se pou ou.<sup>32</sup> Men, fòk kanmenm nou te kontan, epi rejwi, paske frè ou la te mouri e li resisite, paske li te pèdi, men li rejwenn. »

## 16 Parabòl jeran injis la

Li te di disip li yo tou :

## Loukas (Lik)

« Te gen yon nonm rich ki te gen yon jeran, yo te akize l' devan l' ke li t'ap gaspiye byen l' yo. <sup>2</sup> Li te rele l' e li di l' : « Kisa m' tandem sou ou konsa ? Rann kont sou administrasyon ou a, paske ou pap gen pouwwa ankò pou administre byen m' yo ». <sup>3</sup> Epi jeran an di nan li mem : « Kisa m' pral fè, paske mèt mwen an wete m' jesyon zafè l' ? Travay nan tè ? Mwen pap kapab. Mande charite ? Mwen wont ! <sup>4</sup> Mwen konn sa m' pral fè pou moun yo resevwa m' lakay yo, lè y'ap wete m' administrasyon m' nan. » <sup>5</sup> Li te rele chak moun ki te dwe mèt li a, e li di premye a : « Konbyen ou dwe mèt

mwen ? » <sup>6</sup> E li di : « 100 mezi lwil. » E li di l' : « Pran biyè ou la, chita vit, ekri 50. » <sup>7</sup> Apre sa, li di yon lòt : « E ou menm, konbyen ou dwe ? » Li di : « 100 mezi ble. » Li di l' : « Pran biyè ou la, ekri 80 ». <sup>8</sup> Epi mèt la louwe jeran injis la dapre li te aji avèk pridans. Konsa timoun yo nan laj sa a, yo pi pridan nan jenerasyon yo a, ke timoun yo ki gen limyè. <sup>9</sup> Mwern mem tou m'ap di nou : Fè zanmi ak mwayen Mamon (richès twonpè) ki injis, konsa, lè m'ap manke y'ap resevwa nou nan tabènak etènèl yo a. <sup>10</sup> Moun ki fidèl nan ti bagay, ap fidèl nan gwo bagay tou, moun ki injis nan ti bagay

## Loukas (Lik)

yo, ap injis nan gwo bagay tou. <sup>11</sup> Si nou pa te fidèl ak Mamon injis la (richès twonpè), ki moun k'ap ban nou sa ki veritab la ? <sup>12</sup> Si nou te fidèl nan sa ki pou lòt moun, ki moun k'ap ba nou sak pou nou ? <sup>13</sup> Okenn sèvitè pa ka esclav de senyè. Oswa l'ap rayi yon e l'ap renmen lòt la ; oswa l'ap atache ak yon, e l'ap meprize lòt la. Nou pa kapab esklav Bondye ak Mamon. »

### Evaris kondannen pa Yéhoshoua

<sup>14</sup> Farizyen yo tou ki te chich, lè yo t'ap tandem tout bagay sa yo, e yo t'ap pase l' nan rizib. <sup>15</sup> E li di yo : « Nou menm n'ap chache parèt jis devan moun yo,

men Bondye konnen kè nou. Se poutèt sa, sa ki leve nan je moun se yon abominasyon devan Bondye. <sup>16</sup> Lalwa ak pwofèt yo te ale jouk tan Yohanan (Jan) ; depi lè a, Wayòm Bondye a preche chak moun fè viyolans. <sup>17</sup> Li pi fasil pou syèl la ak tè a pase ke pou yon sèl tirè nan lalwa a tonbe. »

### Ansèyman Yéhoshoua sou divòs

<sup>18</sup> « Nenpòt moun ki divòse ak madanm li e ki ale marye ak yon lòt komèt yon adiltè, nenpòt moun ki pran sa ki te rejte pa mari l' komèt yon adiltè. »

### Istwa monm rich la ak Èl'azar (Laza)

## Loukas (Lik)

<sup>19</sup> « Men te gen yon nonm rich ki te abiye ak wouj violèt ak fen len, epi chak jou li t'ap rejwi nan yon lavi chè. <sup>20</sup> Te gen yon pòv tou, ki te rele Èl'azar (Laza), li te kouche nan papòt nonm rich la, li te kouvri ak malenng, <sup>21</sup> e li te vle rasazye ak miyèt moso yo ki t'ap tonbe anba tab nonm rich la, menm chen yo t'ap vin niche malenng li yo. <sup>22</sup> Li te rive pòv la te vin mouri, zanj yo te pote l' nan sen Abraram. Rich la te mouri tou, yo te antere l'. <sup>23</sup> Epi nan Adès (lanfè), li te leve je l', pendan li te nan touman yo, li te wè byen lwen Abraram ak Èl'azar (Laza) nan sen l'. <sup>24</sup> Li te rele, li di : « Papa Abraram,

gen pitye pou mwen, voye Èl'azar (Laza), pou li tranpe bout dwèt li nan dlò pou l' rafrechi lang mwen, paske m' toumante nan flanm sa a. » <sup>25</sup> Men Abraram reponn li : « Pitit mwen, chonje pendan lavi ou, ou te resevwa bon bagay e Èl'azar (Laza) te jwenn move bagay yo pendan vi pa l'. Men kounye a, li konsole isit la, e ou menm ou toumante. <sup>26</sup> Anplis tout sa, yon gwo twou te byen plase ant nou menm avè ou, konsa pou sa yo ki ta vle pase isit la pou vin jwenn nou pap kapab fè l', epi pou nou pa travèse sòti lòt kote a pou vini bò kote nou ye a. » <sup>27</sup> Men li di : « Tanpri, papa, voye l' nan kay papa

## Loukas (Lik)

m',<sup>28</sup> paske mwen gen senk frè, pou l' ka rann temwayaj, pou pè pou yo tou pa vin nan kote touman sa a. »<sup>29</sup> Abraram reponn li : « Yo gen Moshè (Moyiz) ak pwofèt yo, se pou yo koute yo ! »<sup>30</sup> Men li di l' : « Non, papa Abraram, men, si yon moun mouri ale jwenn yo, y'ap repanti. »<sup>31</sup> Men li di l' : « Si yo pa koute Moshè (Moyiz) ak pwofèt yo, yo pap kite yo konvenk menm lè yon moun mouri ta resisite. »

### **17 Ansèyman Yéhoshoua sou sijè eskandal yo, padon ak lafwa**

Li di disip li yo : « Li enposib pou eskandal pa

rive, men malè pou moun ki fè l' rive.<sup>2</sup> Li ta gen plis avantaj pou li pou yo ta mare sou li yon gwo wòl moulen nan kou l' epi yo jete l' nan lanmè, pito pou ta skandalize yon sèl nan piti sa yo.<sup>3</sup> Pran prekosyon nou. Si frè ou peche kont ou, reprann li, si l' repanti, padonnen l'.<sup>4</sup> Si li peche kont ou 7 fwa yon jou li tounen vin jwenn ou, e li di : « Mwen repanti », w'ap padonnen l'.<sup>5</sup> Lè sa a apòt yo di Senyè a : « Ogmante lafwa nou ».<sup>6</sup> E Senyè a di : « Si nou te gen lafwa tankou yon grenn moutad, nou t'ap di pe sikomò sa a : « Derasinen ou, epi plante ou nan lanmè a. » E li ta obeyi nou ! »

## Loukas (Lik)

### Esklav initil yo

<sup>7</sup> « Men kilès nan nou, ki genyen yon esklav k'ap laboure oubyen fè twoupo a manje, ap di l', lè li sòti nan jaden : « Apwoche vit, epi vin chita sou tab » ? <sup>8</sup> Èske li pap di l' pito : « Pare soupe pou mwen, mare ren ou epi sèvi m' jouk m' manje ak bwè, apre sa a, w'ap manje ak bwè ? <sup>9</sup> Èske l' gen pou rann gras pou esklav sa a paske li te fè sa yo te odone l' fè a ? Mwen pa panse. <sup>10</sup> Nou menm tou, menm jan an, lè n'ap fè tout sa yo te odone nou, di : « Nou se esklav initil, nou fè sa nou te oblige fè. »

### Gerizon dis lepre yo

<sup>11</sup> Li te rive pandan li t'ap ale Yeroushalaim

(Jerizalèm), li t'ap pase nan mitan Samari ak Galile. <sup>12</sup> Antan l' t'ap antre nan yon vilaj, dis nonm lepre vin kontre l'. Yo te kanpe nan yon distans, <sup>13</sup> yo te leve vwa yo, yo di : « Yéhoshoua, Mèt, gen pitye pou nou ! » <sup>14</sup> Lè li te wè yo, li di yo : « Ale montre nou bay prêt yo ! » Pandan yo taprale, yo te pirifye. <sup>15</sup> Men yon ladan yo ki wè l' te geri, tounen sou wout li, li t'ap glorifye Bondye ak yon vwa fò. <sup>16</sup> Li te jete l' nan pye Yéhoshoua, fas atè li t'ap rann li gras. E se a te yon Samariten. <sup>17</sup> Lè sa a Yéhoshoua pran lapawòl, li di : « Èske dis yo pa te pirifye ? Nèf lòt yo, kote yo

## Loukas (Lik)

ye ? <sup>18</sup> Se etranje sa a sèlman ki te tounen pou bay Bondye glwa. » <sup>19</sup> Epi li di l' : « Leve, fwa ou sove ou. » <sup>20</sup> Farizyen yo t'ap mande Yéhoshoua : « Kilè Wayòm Bondye a ap vini ? » Li reponn yo e li di : « Wayòm Bondye a pa vini yon jan pou l' ka obsève. <sup>21</sup> E yo pap di : « Men li isit la ! » oubyen « Men li la ! » Paske, men Wayòm Bondye a nan nou. »

### Jou Ptit lèzòm nan

<sup>22</sup> Men li di disip li yo : « Jou yo ap vini, kote n'ap vle wè yon nan jou Ptit lèzòm nan, men nou pap wè l'. Y'ap di nou : <sup>23</sup> « Men l' isit la ! « Men l' bò la ! » Pa ale, epi pa swiv yo. <sup>24</sup> Paske

kòm zèklè a briye, epi li klere depi yon rejion anba syel la nan yon lòt rejion anba syel la, konsa Ptit lèzòm nan ap ye, nan jou pa l'. <sup>25</sup> Men, premyèman fòk li soufri anpil, epi li dwe rejte pa jenerasyon sa a. <sup>26</sup> Sa ki te rive nan jou Noe ap rive tou nan jou Ptit lèzòm nan. <sup>27</sup> Yo t'ap manje ak bwè, yo t'ap pran, yo t'ap bay fanm pou maryaj jouk jou Noe te antre nan lach la, lè sa a delij la te vini e li fè yo tout peri. <sup>28</sup> Li te rive menm bagay la nan jou Lòt : Yo t'ap manje, yo t'ap bwè, yo t'ap achte, yo t'ap plante e yo t'ap bati. <sup>29</sup> Men, jou Lòt sòti Sodòm, yon lapli dife ak souf tonbe sòti nan syèl la, e li fè yo tout

## Loukas (Lik)

peri.<sup>30</sup> Se pral menm jan an tou jou Pitit lèzòm nan ap revele.<sup>31</sup> Jou sa a, moun k'ap sou tèt kay e k'ap gen zafè l' nan kay la pa desann pou ale pran yo, moun k'ap nan jaden pa tounen nonplis pou sa ki rete dèyè.<sup>32</sup> Chonje madanm Lòt.<sup>33</sup> Nenpòt moun k'ap chache sove nanm li ap pèdi l', nenpòt moun k'ap pèdi l' ap rejwenn li.<sup>34</sup> M'ap di nou nan nwit sa a, sou de moun k'ap nan yon menm kabann : Y'ap pran yon, y'ap kite lòt la.<sup>35</sup> Sou de fanm k'ap pile grenn ansanm : Y'ap pran yon, y'ap kite lòt la. »<sup>36</sup> Sou de moun k'ap nan yon jaden : Y'ap pran yon, y'ap lese lòt la. »<sup>37</sup> Yo reponn yo di

l' : « Ki kote sa pral fèt, Senyè ? » E li di yo : « Kote kadav la ap ye, la ég yo ap sanble. »

## 18 Parabòl jij enjis la

E li te propoze yo yon parabòl, pou montre ke yo dwe toujou lapriyè epi pa lage,<sup>2</sup> li di : « Te gen yon nan yon lavil yon jij ki pa te gen krent pou Bondye epi ki pa t' respekte moun.<sup>3</sup> Nan menm lavil la, te gen yon vèv ki te konn vin di l' souvan : « Fè m' jistis kont pati advèsè mwen an ! »<sup>4</sup> Pandan lontan li pa te vle. Men apre sa li di nan li menm : « Menm si m' pa gen krent pou Bondye epi m' pa respekte moun,<sup>5</sup> men, paske vèv sa a ap

## Loukas (Lik)

anbete m' m'ap fè l' jistis, pou pè nan fen an li pa vin trete m' avèk durete. »<sup>6</sup> Epi Senyè a di : « Koute sa jij enjis la di.<sup>7</sup> Epi Bondye pa ta egzekite vanjans eli l' yo k'ap krye l' lajounen kou lannwit, byenke li itilize pasyans anvan li entèvni pou yo ?<sup>8</sup> M'ap di nou l'ap egzekite vanjans la pou yo rapidman. Men, lè ptit lèzòm nan ap vini, èske l'ap jwenn lafwa sou latè ? »

### Parabòl farizyen an ak piblikan an

<sup>9</sup> Men li te di parabòl sa a tou pou kèk moun ki te pèsuade yo ke yo te jis, epi ki pa te fè okenn ka lòt moun :<sup>10</sup> « De nonm te

monte nan tanp lan pou lapriyè, yon te yon farizyen, lòt la te piblikan.<sup>11</sup> Farizyen an, te kanpe, li t'ap priyè konsa nan li menm : « O Bondye, m' rann ou gras paske m' pa tankou rès imen yo, ki se vòlò, enjis, adiltè ; ni tankou piblikan sa a.<sup>12</sup> Mwen fè jèn de fwa lè saba, epi, m' bay ladim tout sa m' posede. »<sup>13</sup> Men piblikan an te rete lwen, li pa t' menm gen odas leve je l' nan syèl la, men li t'ap bat lestonmak li, li t'ap di : « O Bondye, gen pitye pou mwen ki yon pechè ! »<sup>14</sup> M'ap di nou, se li menm ki desann lakay li jistifye, pito lòt la. Paske, nenpòt moun ki leve tèt li, y'ap desann li,

## Loukas (Lik)

nepòt moun ki bese tèt li, y'ap leve l'. »

### **Yéhoshoua ak timoun yo**

<sup>15</sup> Moun yo te prezante l' timoun yo tou pou l' te touche yo, men disip yo lè yo wè sa, yo t'ap reprimande yo. <sup>16</sup> Men, Yéhoshoua te rele yo, li di : « Kite timoun yo vin jwenn mwen, pa anpeche yo, paske Wayòm Bondye a, se pou moun yo ki sanble yo. <sup>17</sup> Amen, m'ap di nou, nepòt moun ki pa resevwa tankou yon timoun Wayòm Bondye a pap antre. »

### **Yéhoshoua denonse attachman ak richès yo**

<sup>18</sup> Yon chèf poze Yéhoshoua kesyon, li di : « Doktè ki moun ki bon !

Kisa pou m' fè pou m' eritye lavi etènèl ? « <sup>19</sup> Men Yéhoshoua di l' : « Poukisa w'ap rele m' bon ? Yon sèl bon ki genyen se Bondye. <sup>20</sup> Ou konn kòmandman yo : Ou pap komèt adiltè. Ou pap touye. Ou pap vòlò. Ou pap di fo temwanyaj. Onore papa ou ak manman ou. » <sup>21</sup> E li di l' : « Mwen obsève tout bagay sa yo depi jenes mwen. » <sup>22</sup> Lè Yéhoshoua tandé sa, li di l' : « Ou manke ankò yon bagay : Vann tout sa ou genyen, epi distribye l' bay pòv yo, epi w'ap gen yon trezò nan syèl la. Epi vini, e swiv mwen ! » <sup>23</sup> Men lè li te tandé bagay sa yo, li te vin byen tris, paske li te rich anpil. <sup>24</sup> Men Yéhoshoua te wè li te

## Loukas (Lik)

vin byen tris, di : « Li difisil pou sa yo ki gen richès antre nan Wayòm Bondye !<sup>25</sup> Paske li pi fasil pou yon chamo pase nan trou yon zegwi, pase pou yon rich antre nan Wayòm Bondye. »<sup>26</sup> Men sa yo ki tandé di sa, di : « Ki moun ki kapab sove ? »<sup>27</sup> Men li di yo : « Bagay yo ki enposib pou imen yo posib pou Bondye. »

**Rekonpans disip**

**Yéhoshoua yo**

<sup>28</sup> Men Pyè di : « Men, nou kite tout sa nou te genyen, epi nou swiv ou. »<sup>29</sup> Li di yo : « Amen, m'ap di nou, pa gen okenn moun ki kite pou lanmou Wayòm Bondye a, kay li, oubyen

paran l' yo, ou frè l' yo, oubyen madanm li, oubyen pitit li yo,<sup>30</sup> pap pa resevwa plis nan tan sa a, epi nan laj k'ap vini an, lavi etènèl. »

**Yéhoshoua anonse lanmò l' ak rezirèksyon l'**

<sup>31</sup> Yéhoshoua te pran avèk li douz yo, li di yo : « Men n'ap monte Yeroushalaim (Jerizalèm), epi tout sa yo ki ekri pa pwofèt yo sou Ptit lèzòm nan pral akonpli.<sup>32</sup> Paske li pral livre nan men nasyon yo epi y'ap pase l' nan rizib, y'ap joure l' e y'ap krache nan figi l'.<sup>33</sup> apre yo fin chatye l' ak yon fwèt, y'ap fè l' mouri, men nan trwazyèm jou a l'ap resisite. »<sup>34</sup> Men, yo pa

## Loukas (Lik)

t' konprann anyen nan sa, epi diskou sa a pa te konpreyansib pou yo, ke yo pa t' konprann sa li t'ap di yo.

### **Gerizon Batime**

<sup>35</sup> Li te rive, kòm li t'ap apwoche Yeriycho (Jeriko), yon avèg te chita bò chemen an, li t'ap mande charite. <sup>36</sup> Lè l' te tandé foul la t'ap pase, li te mande sak genyen. <sup>37</sup> Epi yo di l' : « Se Yéhoshoua Nazareyen an k'ap pase ! » <sup>38</sup> Lè sa a li t'ap krye, li t'ap di : « Yéhoshoua, pitit David la, gen pitye pou mwen ! » <sup>39</sup> Moun yo ki t'ap mache devan yo t'ap reprann li pou te fè l' pe bouch li, men li t'ap krye pi fo : « Pitit David la, gen pitye pou

mwen ! » <sup>40</sup> Epi Yéhoshoua te rete, li te bay lòd pou yo te mennen l' ba li, lè li te apwoche, <sup>41</sup> li te mande l' : « Kisa ou vle m' fè pou ou ? » Li reponn li : « Senyè, fè m' wè ankò ! » <sup>42</sup> Epi Yéhoshoua di l' : « Wè ankò, lafwa ou sove ou ». <sup>43</sup> Menm lè a, li te wè, epi l' te swiv Yéhoshoua, li t'ap glorifye Bondye. Epi tout pèp la te wè sa, li t'ap bay Bondye lwanj.

## **19 Konvèsyon Zakkay (Zache)**

Li te antre nan Yeriycho (Jeriko), li t'ap pase pa lavil la. <sup>2</sup> Men, yon nonm rich, yo rele sou non Zakkay (Zache), chèf piblik yo, li t'ap chache

## Loukas (Lik)

wè ki moun Yéhoshoua ye,  
<sup>3</sup> men, li pa t' kapab akòz  
foul la, paske li te gen yon  
ti tay. <sup>4</sup> Li te pran kouri  
devan, li te monte sou yon  
sikomò pou wè l', paske li  
te dwe pase bò la. <sup>5</sup> Lè  
Yéhoshoua te rive kote sa a,  
li leve je l', li te wè l' e li di  
l': « Zakkay (Zache), fè vit  
desann, paske fòk m' rete  
jòdi a nan kay ou. » <sup>6</sup> E li te  
prese desann e li te resevwa  
l' ak lajwa. <sup>7</sup> Lè yo tout te  
wè sa, yo t'ap bougonnen  
yo t'ap di : « Li antre lakay  
yon nomm peche pou l'  
rete. » <sup>8</sup> Epi  
Zakkay (Zache), prezante l'  
devan Senyè a, li di l' :  
« Men, Senyè, m'ap bay  
mwatye byen m' yo bay  
pòv yo epi si m' te vòlè

lajan yon moun, m'ap rann  
li kat fwa plis. » <sup>9</sup> Epi  
Yéhoshoua di l' : « Jòdi a  
sali antre nan kay ou, paske  
nonm sa a tout se yon pitit  
Abraram. <sup>10</sup> Paske Pitit  
lèzom nan vini chache epi  
sove sa yo ki te pèdi. »

## Parabòl dis pyès yo

<sup>11</sup> Kòm yo t'ap tandé bagay  
sa yo, li te ajoute e li di yo  
yon parabòl, paske li te  
toupre Yeroushalaim  
(Jerizalèm), e yo te panse  
Wayòm Bondye a tapral  
parèt imedyatman. <sup>12</sup> Li di  
konsa : « Yon nomm nòb te  
ale nan yon peyi byen lwen,  
pou l' te pran posesyon yon  
Wayòm, epi tounen apre. <sup>13</sup>  
Li te rele dis nan esklav li  
yo, li te ba yo 10 pyès, e li  
di yo : « Fè yo gen valè

## Loukas (Lik)

jouk m' tounen. »<sup>14</sup> Men, sitwayen parèy li yo te rayi l', se poutèt sa yo te voye bò kote l' yon anbasad pou di : « Nou pa vle nonm sa a reye sou nou. »<sup>15</sup> Li te rive, apre l' fin tounen, e apre li fin pran posesyon Wayòm lan, li te fè rele bò kote l' esklav yo ke li te bay lajan, pou l' te konnen kòmen yo chak te fè li gen valè. <sup>16</sup> Lè sa premye a vini, li di : « Senyè, pyès ou an bay 10 lòt pyès. »<sup>17</sup> E li di : « Se byen bon esklav ! Paske ou te fidèl nan ti bagay, w'ap gen otorite sou 10 vil. »<sup>18</sup> Dezyèm lan vini, li di : « Senyè, pyès ou an bay 5 lòt pyès. »<sup>19</sup> Li di l' tou : « Ou menm tou, ou etabli sou 5 vil. »<sup>20</sup> Yon lòt

vini, li di : « Senyè, men pyès ou ke m' te kenbe vlope nan yon twal. »<sup>21</sup> Paske m' te pè ou, paske ou se yon nonm sevè : ou pran sa ou pa depoze, epi ou rekòlte sa ou pa simen. »<sup>22</sup> E li di l' : « Mechan esklav ! M'ap jije ou ak pwòp bouch ou. Ou te konnen m' se yon nonm ki sevè, mwen pran sa m' pa depoze, m' rekòlte sa m' pa simen. »<sup>23</sup> Poukisa ou pa t' mete lajan m' nan yon bank, pou lè m' tounen, pou m' ta wete l' ak yon enterè ? »<sup>24</sup> Lè sa a li di moun yo ki te prezan : « Wete pyès la nan men l', bay moun ki gen dis la ! »<sup>25</sup> E yo di l' : « Senyè, li gen 10 pyès ! »<sup>26</sup> Konsa m' di nou y'ap bay moun ki

## Loukas (Lik)

genyen an, men moun ki pa gen anyen an, y'ap wete menm sa l' genyen an.<sup>27</sup> Pou fini, mennen isit la lènmi m' yo ki pa t' vle m' reye sou yo, epi touye yo devan m'. »

### **Yéhoshoua fè antre l' nan Yeroushalaim (Jerizalèm)**

<sup>28</sup> Apre li fin di bagay sa yo, li te ale devan yo, li t'ap monte Yeroushalaim (Jerizalèm).<sup>29</sup> Li te rive lè li t'ap apwoche bò Betfaje ak Betani, bò mòn yo rele Oliv la, li te voye de nan disip li yo, li di :<sup>30</sup> « Ale nan vilaj ki an fas la. Lè n'ap antre n'ap jwenn yon jenn ti bourik mare, sou ki okenn imen pa kò monte. Lage l' epi mennen l' ban mwen.<sup>31</sup> Epi si yon moun mande

nou : « Poukisa n'ap lage l' ? » N'ap reponn li : « Paske Senyè a bezwen l'. »<sup>32</sup> Sa yo te voye yo te ale, e yo te jwenn li jan li te di yo.<sup>33</sup> Kòm yo t'ap lage l', mèt yo di yo : « Poukisa n'ap lage ti bourik sa a ? »<sup>34</sup> Yo te reponn li : « Paske Senyè a bezwen l'. »<sup>35</sup> Yo te mennen bay Yéhoshoua ti bourik la, sou ki yo te jete rad yo, e yo te fè Yéhoshoua moute sou li.<sup>36</sup> Lè li t'ap mache, moun yo te tann rad yo sou chemen an.<sup>37</sup> Yo t'ap apwoche desant mòn Oliv la, lè tout miltitiid disip yo, t'ap rejwi, yo t'ap fè lwanj Bondye byen fò pou tout mirak yo te wè.<sup>38</sup> Yo t'ap di : « Benediksyon pou moun ki

## Loukas (Lik)

vini nan Non Senyè a !  
Lapè nan syèl la, epi glwa  
nan kote ki pi wo a ! »<sup>39</sup>  
Kèk farizyen nan mitan foul  
la, di l' : « Doktè, reprann  
disip ou yo ! »<sup>40</sup> Epi  
Yéhoshoua reponn : « M'ap  
di nou sa, si yo pe bouch  
yo, wòch yo ap krye. »

ansèkle ou epi y'ap kwense  
sou tout kote,<sup>44</sup> e y'ap  
detwi ou, ou menm ak tout  
timoun ou yo ki nan mitan  
ou, epi yo pap kite sou ou  
wòch sou wòch, paske ou  
pa t' rekonèt tan vizit  
enspeksyon ou lan. »

### Nouvo lamantasyon

#### Yéhoshoua sou

**Yeroushalaim (Jerizalèm)**  
<sup>41</sup> Kòm li t'ap apwoche, lè li  
te wè lavil la, li te kriye sou  
li,<sup>42</sup> li t'ap di : « O, si ou  
menm tou, o mwenn nan  
jou sa yo ke yo bay ou, ou  
te konnen bagay sa yo ki  
pou lapè ou ! Men, kounye  
a, yo kache na je ou !<sup>43</sup>  
Paske gen jou yo k'ap vini  
sou ou, kote lènmi ou yo ap  
antoure ou ak tranche, y'ap

#### Yéhoshoua chasse

#### machann yo nan tanp lan

<sup>45</sup> Lè, yo te antre nan tanp  
lan, yo te pran chase deyò  
sa yo ki t'ap vann epi ki  
t'ap achte,<sup>46</sup> li t'ap di yo :  
« Li ekri : « Kay mwen an  
ap rele yon kay lapriyè.  
Men nou menm, nou fè l'  
tounen yon gwòt vòlè. »<sup>47</sup>  
E li t'ap anseye chak jou  
nan tanp lan. Chèf prêt yo  
ak skrib yo, ak chèf pèp la  
t'ap chache fè l' mouri.<sup>48</sup>  
Men yo pa t' konnen ki jan

## Loukas (Lik)

pou yo fè, paske tout pèp la te atache avèk li pou tande l'.

### **20 Otorite Yéhoshoua ak Yohanan (Jan) Batis**

Li te rive, yon nan jou sa yo, kòm li t'ap anseye pèp la nan tanp lan e li t'ap evanjelize, chèf prèt yo, skrib yo ak ansyen yo rive,<sup>2</sup> yo t'ap pale yo t'ap di : « Di nou ak ki otorite w'ap fè bagay sa yo, oubyen, kilès ki ba ou otorite sa a ? »<sup>3</sup> Epi Yéhoshoua reponn yo : « M'ap mande nou tout, mwen menm tou, yon bagay. Epi reponn menm :<sup>4</sup> batèm Yohanan (Jan) te sòti nan syel osinon nan imen yo ? »<sup>5</sup> Yo t'ap rezone ant yo, yo t'ap di : « Si nou

reponn : « Nan syel la », l'ap di : « Poukisa nou pa t' kwè l' ? »<sup>6</sup> Si nou reponn : « Nan imen yo », tout pèp la ap lapide nou, paske li pèsuade ke Yohanan (Jan) te yon pwofèt.<sup>7</sup> Yo te reponn li ke yo pa te konnen ki kote li te sòti.<sup>8</sup> Epi Yéhoshoua di yo : « Mwen menm tou, m' pap di nou avèk ki otorite m'ap fè bagay sa yo. »

### **Parabòl kiltivatè rezen yo**

<sup>9</sup> E li te pran di pèp la parabòl sa a : « Yon nonm te plante yon jaden rezen, e li te louwe l' bay kiltivatè rezen yo, epi li ale andeyò peyi a pou lontan.<sup>10</sup> Lè sezon rekòt la, li te voye yon esklav kote kiltivatè rezen yo, pou yo bay li fwi

## Loukas (Lik)

jaden rezen an. Kiltivatè rezen yo te bat li, epi yo te voye l' tounen men vid.<sup>11</sup> Li te voye yo ankò yon lòt esklav ; men yo te bat li tout epi yo dezonore l', yo te voye l' tounen men vid.<sup>12</sup> Li te voye yon twazyèm ankò, men yo te blese l' tout, epi yo jete l' deyò.<sup>13</sup> Men mèt jaden rezen an di : « Kisa m'ap fè ? M'ap voye ptit byenneme m' nan, petèt lè y'ap wè l' y'ap respè l'.»<sup>14</sup> Men, lè kiltivatè rezen yo wè l', yo te rezone ant yo, yo di : « Men eritye a. Vini, ann touye l', pou eritaj la ka pou nou. »<sup>15</sup> E yo te jete l' deyò jaden rezen an, epi yo touye l'. Kisa mèt jaden rezen an pral fè yo ?<sup>16</sup> L'ap vini, e

l'ap fè peri kiltivatè rezen sa yo, epi l'ap bay jaden rezen an bay lòt moun. » Lè yo te tandé sa, yo di : « Se pou sa pa janm rive ! »<sup>17</sup> Epi, li fiske rega l' sou yo, li di : « Kisa sa vle di sa ki ekri a : « Wòch moun yo ki t'ap bati te rejte a, se li menm ki tounen wòch ki kenbe kay la ? »<sup>18</sup> Nenpòt moun ki tonbe sou wòch sa a ap brize, epi l'ap kraze moun sou ki l'ap tonbe. »<sup>19</sup> Epi chèf prêt yo ak skrib yo t'ap chache mete men sou li menm lè a, men yo te gen krent pou pèp la. Yo te konprann se te pou yo ke Yéhoshoua te di parabòl sa a.

## Taks bay Seza

<sup>20</sup> Yo t'ap obsève l' avèk

## Loukas (Lik)

anpil atansyon, yo te voye espyon ki t'ap pran pòz yo jis, pou poze pelen pou li epi pou pran kèk pawòl pou livre l' bay majistra a epi bay otorite gouvènè a.<sup>21</sup> Epi yo t'ap poze l' kesyon, yo di : « Doktè, nou konnen w'ap pale epi w'ap anseye dapre lajistis, epi ou pa gade sou aparans moun, men ou anseye chemen Bondye dapre verite a.<sup>22</sup> Èske li pèmèt pou nou peye taks bay Seza, ou non ? »<sup>23</sup> Men li te konprann riz yo li di yo : « Poukisa n'ap tante m' ?<sup>24</sup> Montre m' yon pyès lajan. Se ki moun pòtre ak enskripsyon ki sou li a ? » Yo reponn li : « Se Seza. »<sup>25</sup> Lè sa a li di yo : « Rann Seza sa ki pou Seza, epi bay

Bondye sa ki pou Bondye. »

<sup>26</sup> Konsa yo pa t' kapab kenbe l' nan pawòl li yo devan pèp la epi, yo te etone ak repons li a, yo te gade silens.

## Ansèyeman sou rezirèksyon

<sup>27</sup> Kèk sadiseyen yo ki te nye resirèksyon an te apwoche, yo t'ap poze l' kesyon,<sup>28</sup> yo t'ap di : « Doktè, men sa Moshè (Moyiz) te kite pou nou pa ekri : « Si frè yon moun mouri, e li gen yon madanm epi li pa te gen pitit, frè l' ap marye avèk madanm lan epi l'ap bay frè l' yon posterite. »<sup>29</sup> Se konsa, te gen sèt frè. Premye a te marye, e li mouri san timoun.<sup>30</sup> Dezyèm lan

## Loukas (Lik)

marye ak madanm lan epi li  
mouri san timoun.<sup>31</sup> Epi  
twazyèm lan marye avè l'  
tou, epi sèt frè yo fè menm  
jan an : epi yo mouri san  
lese timoun.<sup>32</sup> Apre yo tout  
fanm lan mouri tou.<sup>33</sup> Nan  
kilès nan yo li pral madanm  
lè rezirèksyon an ? Paske  
sèt yo te genyen l' pou  
madanm. »<sup>34</sup> Epi  
Yéhoshoua reponn yo :  
« Timoun yo nan laj sa a  
(peryòd oubyen tan) pran  
madanm ak mari ;<sup>35</sup> men,  
sa yo k'ap merite pou yo  
gen pa nan laj k'ap vini an  
epi nan rezirèksyon mò yo  
pap pran ni fanm ni mari.<sup>36</sup>  
Paske yo pap kapab mouri  
ankò, paske y'ap sanble ak  
zanj yo, epi y'ap pitit  
Bondye, y'ap pitit

resirèksyon an.<sup>37</sup> Men mò  
yo resiste, se sa Moshè  
(Moyiz) te fè konnen lè, sou  
ti touf bwa a, li te rele  
Senyè a Bondye Abraram,  
Bondye Yitzhak (Izarak),  
ak Bondye Yaacov (Jakòb).  
<sup>38</sup> Li pa Bondye mò yo,  
men moun vivan yo, paske  
tout moun viv nan li.»

## Yéhoshoua denonse skrib yo

<sup>39</sup> Kèk skrib yo pran  
lapawòl, yo di : « Doktè, ou  
byen pale. »<sup>40</sup> Apre sa, yo  
pa t' gen odas poze l' okenn  
kesyon ankò.<sup>41</sup> Men li di  
yo : « Ki jan yo fè di Kris la  
se Ptit David ?<sup>42</sup> Paske  
David li menm di nan liv  
Sòm : « Senyè a te di Senyè  
mwen an : Chita sou bò  
dwat mwen,<sup>43</sup> jouk m' mete

## Loukas (Lik)

lènmi ou yo pou marchepye ou. »<sup>44</sup> David te rele l' Senyè l', kòman li se Ptit li ? »<sup>45</sup> Men kòm tout pèp la t'ap koute l', li di disip li yo :<sup>46</sup> « Pran prekosyon nou avèk skrib yo, ki renmen pwonmennen ak rad long yo, ki renmen salitasyon sou plas mache, ak premye chèz yo nan sinagòg yo, ak premye plas yo nan festen yo,<sup>47</sup> y'ap devore antyèman kay vèv yo, y'ap fè pou aparans lapriyè byen long. Y'ap resevwa yon pi gwo kondanasyon. »

## 21 Ofrann pòv vèv la

Lè li t'ap gade otou l', li te wè rich yo ki t'ap mete ofrann yo nan trezò a.<sup>2</sup> Men li wè tou yon pòv vèv tou ki

t'ap mete de ti pyès monnen.<sup>3</sup> E li di : « M'ap di nou an verite, pòv vèv sa a mete plis pase tout lòt yo.<sup>4</sup> Paske, tout sa yo mete nan ofrann Bondye a sa sa yo gen anplis, men li menm, li mete nan povrete l' tout sa l' te gen pou l' viv. »

## Anseyman sou mòn Oliv la

<sup>5</sup> Kèk moun t'ap pale sou tanp lan, ki te dekore avèk bèl wòch epi ofrann, li di :<sup>6</sup> « Èske sa gade nou ? Gen jou yo k'ap vini, kote pap rete wòch sou wòch ki pap pa detwi. »

## Disip yo poze Yéhoshoua de kesyon

<sup>7</sup> Yo te mande l' : « Doktè, kilè bagay sa yo ap rive,

## Loukas (Lik)

epi kisa k'ap siy la lè bagay  
sa yo pral rive ? »

### Fen tan an

<sup>8</sup> E li di: « Pran prekosyon nou pou nou pa egare. Paske anpil ap vin sou Non m', y'ap di : « Se mwen ! » epi « tan an apwoche ». Pa swiv yo. <sup>9</sup> Men lè n'ap tandem pale sou lagè ak dezòd, pa pè, paske fòk bagay sa yo rive premyeman. Men, se pap lafen ankò. » <sup>10</sup> Lè sa a li di yo : « Yon nasyon ap leve kont yon lòt nasyon, epi yon Wayòm kont yon lòt wayòm. <sup>11</sup> Ap gen gran tranblemann tè nan divès kote, famin ak lapès ; ap gen bagay k'ap fè latèrè ak gwo siy nan syèl la. »

### Soufrans kwayan yo

<sup>12</sup> « Men anvan tout bagay sa yo, y'ap mete men sou nou e y'ap pèsekite nou, y'ap livre nou nan sinagòg yo, epi y'ap mete nou nan prizon, y'ap mennen nou devan wa yo ak gouvènè yo, akòz Non m'. <sup>13</sup> Sa pral rive pou nou ka sa sèvi temwayaj. <sup>14</sup> Mete nan kè nou pou nou pa prevwa defans nou. <sup>15</sup> Paske m'ap ba nou yon bouch ak yon sajes ke advèsè nou yo pap kapab kontredi ni reziste. <sup>16</sup> Men n'ap livre pa paran nou yo tou, pa frè nou yo, pa pwoch nou yo ak pa zanmi nou yo, y'ap fè anpil nan nou mouri. <sup>17</sup> Tout moun pral rayi nou akòz Non m'. <sup>18</sup> Men, pa gen yon

## Loukas (Lik)

grenn cheve nan tèt nou k'ap pèdi.<sup>19</sup> Posede nanm nou pa pèseverans nou. »

### Destriksyon

#### Yeroushalaim (Jerizalèm)

##### pwofetize

<sup>20</sup> « Lè n'ap wè Yeroushalaim (Jerizalèm) ansèkle pa lame yo, konnen dezolasyon l' pwoch.<sup>21</sup> Lè sa a, moun yo k'ap nan Jide, fwi nan mòn yo, sa yo k'ap nan mitan Yeroushalaim (Jerizalèm) sòti, sa yo k'ap nan janden pa antre ladan l'.<sup>22</sup> Paske se pral jou vanjans yo, pou tout bagay yo ki ekri akonpli.<sup>23</sup> Men malè pou fanm yo k'ap ansent epi sa yo k'ap bay tête nan jou sa yo ! Paske ap genyen yon gran kalamite sou peyi a,

epi yon gwo kòlè kont pèp sa a.<sup>24</sup> Y'ap tonbe anba epe file a, y'ap mennen yo kaptif nan mitan tout nasyon yo, epi Yeroushalaim (Jerizalèm) ap foule anba pye nasyon yo, jouk tan nasyon yo akonpli. »

### Retournen Mesi a sou la tè a

<sup>25</sup> « Ap gen siy nan solèy la, nan lalin lan, ak nan zetwal yo epi yon detrès nan nasyon yo, ke yo pap konn sa y'ap tounen sou latè a, lè bri lanmè a ak vag yo,<sup>26</sup> moun yo ap mouri akòz pè, lè y'ap tann bagay yo ki pral rive sou tout latè a, paske pisans ki nan syèl yo ap tranble.<sup>27</sup> Lè sa a, y'ap wè Pitit lezòm nan ap

## Loukas (Lik)

vini sou yon nwaj avèk pisans epi yon gwo glwa.<sup>28</sup> Men lè bagay sa yo ap kòmanse rive, gade anwo epi leve tèt nou, paske redanmsyon nou ap apwoche. »

### Parabòl pye fig la

<sup>29</sup> Li te propoze yo parabòl sa a : « Gade pye fig frans lan ak tout lòt pyebwa yo.<sup>30</sup> Lè li kòmanse pouse, nou konnen nou mem, lè n'ap gade, ke lete a deja pwoche.<sup>31</sup> Nou menm tou menm jan an, lè n'ap wè bagay sa yo rive, konnen Wayòm Bondye a pwoche.<sup>32</sup> Amen, m'ap di nou, jenerasyon sa a pap pase, ke tout bagay sa yo ap rive.<sup>33</sup> Syèl la ak tè a ap pase, men pawòl mwen yo pap pase. »

### Egzòtasyon pou veye

<sup>34</sup> « Fè atansyon ak nou mem, pou pè pou kè nou pa trò chaje ak eksè diven oubyen bwè pou sou, epi ak sousi lavi sa a, epi pou jou sa a pa vin fè nou pantan toudenkou.<sup>35</sup> Paske, l'ap fè nou pantan tankou yon filè tout moun ki rete sou latè.<sup>36</sup> Veye epi lapriyè tout tan, pou nou ka merite chape anba tout bagay sa yo k'ap rive, epi pou nou ka kampe devan Pitit lèzòm nan. »<sup>37</sup> Pendan lajounen, li t'ap anseye nan tanp lan, epi li te konn sòti ale pase lannwit deyò sou mòn Oliv la.<sup>38</sup> Depi byen bonè, tout pèp la te konn ale jwenn li nan tanp lan pou tande l'.

## Loukas (Lik)

### 22 Trayizon Yéhouda (Jida)

Fèt pen san ledven yo, ke yo rele Pak, t'ap pwoche.<sup>2</sup> Chèf prèt yo ak skib yo t'ap chache kòman yo te ka touye l', paske yo te pè pep la.<sup>3</sup> Men, Satan te antre nan Yéhouda (Jida), yo te bay ti non Iskariòt, ki te nan douz yo.<sup>4</sup> E li te ale li pale ak chèf prèt yo e ak chèf gad yo sou ki jan yo ta ka livre l'.<sup>5</sup> Yo te rejwi, epi yo te dakò pou yo te ba l' lajan.<sup>6</sup> E li te promèt yo, li t'ap chache yon okazyon favorab pou l' te livre l' san foul la pa konnen.

### Dènye Pak la

<sup>7</sup> Jou fèt Pen san ledven an kote yo te dwe touye Pak la

te rive.<sup>8</sup> Li te voye Pyè ak Yohanàn (Jan), li t'ap di yo : « Ale pare Pak la pou nou manje l'. »<sup>9</sup> Men li di yo : « Ki bò ou vle nou pare l' ? »<sup>10</sup> Li di yo : « Men, lè n'ap antre nan lavil la, n'ap kontre yon nonm k'ap pote yon krich dlo, swiv li nan kay kote l'ap antre a.<sup>11</sup> Epi di mèt kay la : « Doktè a di ou : « Ki kote m' pral l' manje Pak la avèk disip mwen yo ? »<sup>12</sup> Lè sa a, l'ap montre nou yon gwo chanm anwo ki gen mèb : se la n'ap pare Pak la. »<sup>13</sup> Yo te pati, yo jwenn bagay yo jan yo te di l' epi yo te prepare Pak la.<sup>14</sup> Lè lè a te rive, li te chita sou tab la, epi douz apòt yo avèk li.<sup>15</sup> Li di yo : « Mwen te genyen yon gwo

## Loukas (Lik)

dezi manje Pak sa a avèk  
nou anvan m' soufri.<sup>16</sup>  
Paske, m'ap di nou, m' pap  
manje l' ankò jouk li  
akonpli nan Wayòm  
Bondye a.»<sup>17</sup> Apre sa, li  
pran gode a, li rann gras,  
epi l' di : « Pran gode sa a,  
distribye l' ant nou.<sup>18</sup>  
Paske, m'ap di nou, m' pap  
bwè diven ankò jouk lè  
Wayom Bondye an ap  
vini. »

## Repa Pak la

<sup>19</sup> Li te pran pen an, li rann  
gras, li te kase l', li te ba yo  
l' epi li di : « Sa se kò m' ki  
bay pou nou. » Fè sa pou  
nou ka chonje m'. »<sup>20</sup>

Menm jan an tou, li te pran  
gode a apre soupe a, li te ba  
yo l', li di : « Gode sa a, se

nouvo alyans lan avèk san  
m', ki koule pou nou. »

## Yéhoshoua anonse ke yo pral livre l'

<sup>21</sup> « Sepandan gade, men  
moun k'ap trayi m' lan avè  
m' sou tab sa a.<sup>22</sup> Vrèman  
vre, Piti lèzòm nan pral ale  
jan sa dekrete a, men, malè  
pou nonm sa a pa ki li trayi  
! »<sup>23</sup> E yo te kòmanse  
mande ant yo ki moun nan  
mitan yo ki te gen entasyon  
fè sa.

## Leson imilite

<sup>24</sup> Epi te leve nan mitan yo,  
yo diskisyon : « Ki moun  
nan yo te sanble pi gran ? »

<sup>25</sup> Men li di yo : « Wa  
nasyon yo domine sou yo, e  
sa yo ki egzèse otorite sou li  
yo rele byenfetè.<sup>26</sup> Men li

## Loukas (Lik)

pap konsa pou nou : Okontré, se pou pi gran nan mitan nou tounen kòm pi jèn nan, epi sa k'ap dirije a tankou sa k'ap sèvi a.<sup>27</sup> Paske kilès ki pi gran, moun ki sou tab la, oubyen moun k'ap sèvi a ? Se pa moun ki sou tab la ? Men m' nan mitan nou tankou moun k'ap sèvi a.<sup>28</sup> Men nou menm, nou se moun yo ki te pèsevere avè m' nan tantasyon m' yo.<sup>29</sup> E mwen menm m'ap fè nou yon testaman pou Wayòm lan, tankou Papa m' te fè m' yon testaman,<sup>30</sup> pou nou ka manje ak bwè sou tab mwen an nan Wayòm mwen an, epi pou nou chita sou twòn yo, pou jije douz tribi Izrayèl la. »

### **Yéhoshoua pwofetize Pye t'ap renye l' twa fwa**

<sup>31</sup> Men Senyè a di l' tou : « Shim'ôn (Simon), Shim'ôn (Simon), men Satan te reklame nou pou vannen nou tankou ble.<sup>32</sup> Men, m' lapriyè pou ou, pou lafwa ou pa rive manke. Ou menm, lè w'ap konvèti, rann frè ou yo stab. »<sup>33</sup> Pyè di l' : « Senyè, m' prè pou m' ale avè ou nan prizon, e nan lanmò. »<sup>34</sup> Men li di l' : « Pyè, m'ap di ou, kòk la pap chante jòdi a, ke premyeman w'ap nye twa fwa ke ou pa konnen m'. »

### **Rekòmandasyon pou disip yo**

<sup>35</sup> E li di yo : « Lè m' te voye nou san bous, san sak

## Loukas (Lik)

epi san sandal, èske nou te manke kichòy ? » Yo reponn : « Anyen. »<sup>36</sup> E li di yo : « Men kounye a, sa ki gen yon bous, se pou l' pran l', menm jan an sa ki gen yon sak, e sa ki pa gen epe vann rad li pou l' achte yon epe.<sup>37</sup> Paske, m'ap di nou, fòk sa ki ekri a akompli nan mwen : « Yo mete l' nan nonm enpi yo. » Epi sak konsènan m' pral pran fen. »<sup>38</sup> Li di yo : « Senyè men de epe. » E li di yo : « Se ase. »

### Jetsemane

<sup>39</sup> Apre yo sòti, li te ale, dapre koutim li, sou mòn Oliv la. Epi disip li yo te swiv li.<sup>40</sup> Lè l' te rive nan kote sa a, li di yo : « Lapriyè pou n' pa antre

nan tantasyon. »<sup>41</sup> Epi li te ale pi lwen yon distans anviwon yon wòch yo voye, epi li te mete l' ajenou, li lapriyè,<sup>42</sup> li di : « Papa, si ou te vle voye gode sa a lwen m' ! Sepandan, se pa volonte m' ki pou fêt, men pa ou. »<sup>43</sup> Epi yon zanj parèt sòti nan syèl la pou fòtifye l'.<sup>44</sup> Pendan li te nan agoni, li t'ap lapriyè ak plis atansyon epi swe l' tounen tankou gwo boul san ki t'ap tonbe atè.<sup>45</sup> Epi lè li leve apre li fin fè priyè l', li vin bò kote disip li yo e li jwenn yo ap dòmi avèk tristès.<sup>46</sup> Konsa li di yo : « Poukisa n'ap dòmi ? Leve, epi lapriyè pou n' pa antre nan tantasyon. »

**Trayizon Yéhouda (Jida)**

## Loukas (Lik)

### Iskariòt

<sup>47</sup> Pendan li t'ap pale ankò, men yon foul te rive. Sa yo rele Yéhouda (Jida), yon nan douz yo, t'ap mache devan l'. Li te pwoche bò Yéhoshoua pou l' ba l' yo bo. <sup>48</sup> Epi Yéhoshoua di l' : « Yéhouda (Jida), se avèk yon bo ke w'ap trayi piti lèzòm nan ? » <sup>49</sup> Men sa yo ki te outou l', lè yo te wè sak ta pral rive, yo di l' : « Senyè, èske n'ap frape ak epe ? » <sup>50</sup> Epi yon nan yo frape esklav granprèt la, e li pran zòrèy dwat li. <sup>51</sup> Men, Yéhoshoua pran lapawòl li di : « Lese yo fè jouk isit la. » Lè li manyen zorèy li, li geri l'. <sup>52</sup> Epi Yéhoshoua di chèf prèt yo, chèf gad tanp lan ak ansyen yo ki te

vin kont li : « Nou vini tankou kont yon brigan, ak epe epi baton.<sup>53</sup> M' te toulejou ak nou nan tanp lan, e nou pa t' mete men sou mwen. Men se kounye a lè pa nou, ak otorité ténèb yo. »

### Pyè renye Yéhoshoua

<sup>54</sup> Yo te pran l', yo te mennen l' e yo kondi l' nan kay granprèt la. Pyè t'ap swiv lwen. <sup>55</sup> Kòm yo te limen yon dife nan mitan lakou a, e yo te chita ansanm, Pyè te chita nan mitan yo. <sup>56</sup> Epi yon sèvant lè l' wè l' chita bò dife a, li fiske rega l' sou li, li di : « Li menm tou li te avèk li. » <sup>57</sup> Men li te nye l', li di : « Fanm, mwen pa konnen l'. » <sup>58</sup> Yon ti tan apre, yon

## Loukas (Lik)

lòt wè l', li di : « Ou menm tou, ou fè pati moun sa yo. » Men Pyè di : « O nonm ! Mwen pa fè pati yo. »<sup>59</sup> Anviwon inèdtan pita, yon lòt afime, epi l' di : « Se sèten, li menm tou li te avè l', paske li Galileyen. »<sup>60</sup> Men Pyè di : « O nonm ! M' pa konnen sa n'ap di a. » Imedyatman, kòm li t'ap pale ankò, kòk la chante.<sup>61</sup> Epi Senyè a vire, li gade Pyè. Epi Pyè vin chonje pawòl Senyè a te di l' : « Anvan kòk la chante, w'ap renye m' twa fwa. »<sup>62</sup> Epi Pyè sòti deyò, li kriye ak amètim.

## Yéhoshoua maltrete

<sup>63</sup> Nonm yo ki te kembe Yéhoshoua, yo t'ap pase l' nan rizib yo t'ap frape l'.<sup>64</sup>

Yo te bouche je l', yo t'ap bay li kou sou figi l', yo t'ap poze l' kesyon, yo t'ap di : « Devinien ki moun ki frape ou ? »<sup>65</sup> Epi yo t'ap di kont li anpil lòt blasfeme.

## Yéhoshoua deklare li se ptit Bondye

<sup>66</sup> Lè jou a rive, ansyen pèp la, chèf prêt yo ak skrib yo, te rasanble, yo fè mennen Yéhoshoua nan sanedren an.<sup>67</sup> Yo di : « Si ou se Kris la, di nou. » E li reponn yo : « Si m' di nou l', nou pap kwè.<sup>68</sup> Si m' poze nou kesyon, nou pap reponn mwen, epi nou pap lese m' ale.<sup>69</sup> Depi konye a, Piti lèzòm nan ap chita sou bò dwat pisans Bondye. »<sup>70</sup> Yo tout di : « Ou se ptit Bondye a vre ? » E li

## Loukas (Lik)

reponn yo : « Nou di l' nou menm, mwen se. »<sup>71</sup> E yo di l' : « Sa nou bezwen temwayaj ankò ? Nou tande l' nou menm nan bouch li. »

te ensiste ankò plis, yo di : « L'ap monte tèt pèp la, l'ap anseye nan tout Jide, depi Galile, kote li te kòmanse jouk isit la. »

### 23 Yéhoshoua parèt devan Pilat

Tout asanble a te leve, yo te mennen l' devan Pilat.<sup>2</sup> Yo te pran akize l', yo t'ap di : « Nou te jwenn li ap eksite nasyon nou an pou revòlte, e l'ap defen peye taks la bay Seza, l'ap di li menm li se Kris la, Wa a. »<sup>3</sup> Epi Pilat poze l' kesyon, li di : « Èske ou se Wa Jwif yo ? » E Yéhoshoua reponn li : « Ou di l'. »<sup>4</sup> Pilat di chèf prêt yo ak foul yo : « M' pa jwenn okenn fòt nan nonm sa a. »<sup>5</sup> Men, yo

### Yéhoshoua voye kote Ewòd

<sup>6</sup> Lè Pilat tande pale sou Galile, li te mande si nonm sa a te Galileyen,<sup>7</sup> epi, lè li aprann li te anba otorite Ewòd, li te voye l' bay Ewòd ki te Yeroushalaim (Jerizalèm) tou.<sup>8</sup> Lè Ewòd wè Yéhoshoua, li te gen yon gwo jwa, paske depi lontan li te vle wè l' akòz sa li te tande di sou li, e li te espere wè l' fè kèk siy.<sup>9</sup> Li te poze l' kesyon ak anpil diskou, men Yéhoshoua pa te reponn li anyen.<sup>10</sup> Chèf prêt yo ak skrib yo te la, yo

## Loukas (Lik)

t'ap akize l' ak vigè. <sup>11</sup> Men Ewòd ak gad li yo te trete l' avèk mepri, epi apre yo fin pase l' nan rizib epi mete yon rad klere sou li, yo te voye l' tounen bay Pilat. <sup>12</sup> Epi menm jou sa a, Pilat ak Ewòd te vin zanmi paske anvan yo te lènmi.

### Ewòd retounen

#### Yéhoshoua bay Pilat

<sup>13</sup> Lè sa a Pilat, te rasanble chèf prêt yo, majistra yo ak pèp la, li di yo : <sup>14</sup> « Nou prezante m' nonm sa a kòm si li t'ap monte tèt pèp la. Men, mwen poze l' kesyon devan nou, mwen pa jwenn anyen nan nonm sa a okenn fòt ke n'ap akize l'. <sup>15</sup> Ewòd nonplis, paske li voye l' tounen ban nou, men nonm sa a pa fè anyen ki merite

lanmò. <sup>16</sup> M'ap lage l', apre m' fin chatye l'. » <sup>17</sup> Li te oblige lage yon moun nan fèt la. <sup>18</sup> Men tout foul yo pran rele ansanm, yo t'ap di : « Retire nonm sa a, lage Barabas ban nou. » <sup>19</sup> Nonm sa a, akòz yon revòlte ki te fèt nan lavil la, epi yon moun li te touye, yo te jete l' nan prizon. <sup>20</sup> Pilate te pale yo ankò, li te vle lage Yéhoshoua. <sup>21</sup> Epi yo t'ap rele : « krisifye, krisifye l' ! » <sup>22</sup> E li di yo pou twazyèm fwa : « Men ki mal nonm sa a fè ? M' pa jwenn nan li okenn fòt ki merite lanmò. Apre li fè yo bat li ak baton, m'ap lage l'. » <sup>23</sup> Men, yo te ensiste avèk gwo rèl, yo t'ap mande pou l' krisifye. Rèl

## Loukas (Lik)

yo ak pa chèf prèt yo te genyen l'.<sup>24</sup> Epi Pilat te dekreté ke yo t'ap fè dapre rekèt yo a.<sup>25</sup> E li te lage moun pou yo moun ki te mete nan prizon pou revòlte ak touye moun, ke yo te mande a, e li livre Yéhoshoua dapre volonte yo.

### Sou chemen Gòlgota

<sup>26</sup> Antan yo t'ap mennen l', yo pran Shim'ôn (Simon) ki sòti peyi Sirèn, ki t'ap sòti nan jaden, yo te chaje l' kwa a pou l' pote l' dèyè Yéhoshoua.<sup>27</sup> Li te swiv pa yon miltitud moun pèp la ak fanm ki t'ap bat pwatrin yo ak chagren e ki t'ap plenn sou li.<sup>28</sup> Men Yéhoshoua te vire sou yo, li di yo : « Fi Yeroushalaim (Jerizalèm),

pa kriye sou mwen, men kriye sou nou menm, ak sou pitit nou yo. »<sup>29</sup> Paske men jou yo k'ap vini, kote y'ap di : « Ere steril yo, zantray yo ki pa fè pitit, ak mamèl yo ki bay tete ! »<sup>30</sup> Lè sa a, y'ap di mòn yo : « Tonbe sou nou ! » Epi kolin yo : « Kouvri nou ! »<sup>31</sup> Paske, si yo fè bagay sa yo pou bwa vèt la yo, kisa bwa chèch la ap tounen ? »<sup>32</sup> Epi de lòt tou, ki te malfektè, te mennen pou yo fè yo mouri ak li.

### Krisifiksyon Yéhoshoua

<sup>33</sup> Lè yo te rive kote yo rele « Zo Tèt la », yo te krisifye l' la ak malfektè yo, yon a dwat, lòt la a gòch.<sup>34</sup> Epi Yéhoshoua di : « Papa, padonnen yo, paske yo pa

## Loukas (Lik)

konnen sa y'ap fè. » Yo te pataje apre rad li yo, yo tire l' osò.<sup>35</sup> Pèp la te kanpe la, li t'ap gade. Majistra yo t'ap pase Yéhoshoua nan rizib, yo t'ap di : « Li te sove lòt yo, se pou l' sove tèt li, si li se Kris la, eli Bondye a ! »<sup>36</sup> Men sòlda yo tou t'ap pase l' nan rizib, yo t'ap pwoche e yo t'ap prezante l' venèg,<sup>37</sup> epi yo t'ap di : « Si ou se Wa jwif yo, sove tèt ou ou menm ! »<sup>38</sup> Te gen anwo li enskripsyon sa a nan lèt Grèk, ak Women e Ebre : « MOUN SA A SE WA JWIF YO. »

### Repantans malfektè a sou kwa a

<sup>39</sup> Yon nan malfektè yo ki te krisifye, t'ap blasfeme kont

li li t'ap di : « Si ou se Kris la, sove tèt ou menm, epi sove nou ! »<sup>40</sup> Men lòt la t'ap reprimande l' yon jan kategorik, li t'ap di : « Ou pa gen krentif pou Bondye, paske ou anba menm jijman an ? »<sup>41</sup> Pou nou menm vrèman vre se jis, paske nou resevwa sa ke merite bagay nou komèt yo, men li menm, li pa fè okenn mal. »<sup>42</sup> Epi li di Yéhoshoua : « Senyè chonje m' lè w'ap vini nan rèy ou a. »<sup>43</sup> Yéhoshoua di l' : « Amen, m'ap di ou, jòdi a w'ap avè m' nan paradi a. »

### Yéhoshoua remèt lespri l' bay papa l'

<sup>44</sup> Li te déjà anviwon sizyèm lè a, te vin gen tenèb sou tout latè jouk

## Loukas (Lik)

nevyèm lè a.<sup>45</sup> E solèy la te sonbre, epi vwal tanp lan chire nan mitan.<sup>46</sup> Epi Yéhoshoua rele byen fò, li di : « Papa, m' renmèt lespri m' nan men ou ! » Pendan l' di sa, li ekspire.

### FEN LALWA MOZAYIK LA OSWA PREMYE ALYANS LAN

<sup>47</sup> Men kaptenn lame an, lè l' wè sak te rive, li te glorifye Bondye, epi l' di : « Nonm sa a te vrèman jis ». <sup>48</sup> Epi tout foul yo ki te asanble pou espektak sa a, lè yo wè sak te rive, yo te tounen yo t'ap bat pwatin yo. <sup>49</sup> Epi tout sa yo ki te konnèt Yéhoshoua, ak fanm yo ki te swiv li depi Galile, yo te kanpe lwen e yo t'ap gade bagay sa yo.

### Tonm Yéhoshoua

<sup>50</sup> Men te gen yon konseye, ki rele Yossef (Jozèf), yon nonm bon e jis,<sup>51</sup> li pa t' patisipe nan konsey ak nan zak lòt yo. Li te moun Arimate, lavil Jwif yo, e li t'ap tann Wayòm Bondye a.<sup>52</sup> Li te ale toupre Pilat, li mande l' kò Yéhoshoua.<sup>53</sup> Lè li desann li, li te vlope l' nan yon dra, epi li mete l' nan yon tonm ki te taye nan wòch la, kote yo pa t' janm te mete pesonn.<sup>54</sup> Se te jou preparasyon an, saba a tapral kòmanse.<sup>55</sup> Fanm yo ki te vini depi Galile avèk Yéhoshoua, te akonpanye l', yo te wè tonm lan, epi kòman kò Yéhoshoua te depoze.<sup>56</sup> Apre sa, lè yo te tounen, yo te pare plant

## Loukas (Lik)

santi bon ak pafen. Epi, jou saba a yo te repoze vrèman vre dapre kòmandman an.

### 24 Resireksyon

#### Yéhoshoua

Men yon saba, yo te ale nan tonm nan maten bonè, yo te pote lwl santi bon ke yo te prepare.<sup>2</sup> Yo te jwenn wòch la woule bò kote tonm lan.<sup>3</sup> Lè yo te antre, yo pa te jwenn kò Senyè Yéhoshoua.<sup>4</sup> Li te rive pendan yo pa t' konn sa pou yo te panse sou sa, men de monm te prezante devan yo ak rad byen klere.<sup>5</sup> Sezi ak pè yo te bese figi yo atè, men li di yo : « Poukisa n'ap chache nan mitan mò yo moun ki vivan an ?<sup>6</sup> Li pa isit la, men li resisite.

Chonje ki jan l' te pale lè l' te Galile,<sup>7</sup> e li t'ap di : « Fòk piti lèzòm nan livre nan men nonm pechè yo, epi pou l' krisifye e pou l' resisite twazyèm jou a. »<sup>8</sup> E yo te vin chonje pawòl sa yo.<sup>9</sup> Lè yo te sòti kite tonm lan, yo t'ale anonse tout bagay sa yo bay onz disip yo, epi tout lòt yo.<sup>10</sup> Men se te Myriam, moun Magdala a, Yohanàn (Jan), Myriam, manman Yaacov (Jak) epi lòt yo ki te avèk yo, ki te di bagay sa yo bay apòt yo.<sup>11</sup> Men, pawòl fanm sa yo te sanble yo san sans, e yo pa t' kwè yo.<sup>12</sup> Men Pyè te leve, li kouri ale nan tonm lan. Lè l' te bese pou l' gade, li te wè ke ti twal an len yo ki te poze atè, sèl.

## Loukas (Lik)

Epi li te ale lakay li, nan admirasyon sak te rive a.

### **Yéhoshoua avèk de disip yo sou chemen Emayis**

<sup>13</sup> Men, de nan yo jou sa a te nan chemen, pou ale nan yon vilaj yo rele Emayis, adistans Yeroushalaim (Jerizalèm) de swasant stad.

<sup>14</sup> Yo t'ap koze ansanm sou tout bagay yo ki te rive. <sup>15</sup> Li te rive pendan yo t'ap koze, epi diskite ant yo, Yéhoshoua li menm apwoche, li te pran manche ak yo. <sup>16</sup> Men je yo te anpeche ke yo pa te rekonèt li. <sup>17</sup> E li di yo : « Ki diskou sa yo ke nou genyen ansanm pendan n'ap mache ? Epi poukisa nou byen tris ? » <sup>18</sup> Yon nan yo, ki rele Kleopas, reponn li di :

« Èske ou se sèl etranje nan Yeroushalaim (Jerizalèm) ki pa konn bagay yo ki te pase jou sa yo ? » <sup>19</sup> E li di yo : « Kisa ? » Yo reponn li : « Sa konsènan Yéhoshoua, Nazareyen an, ki te tounen yon pwofèt pisan ak zèv epi pawòl devan Bondye epi devan tout pèp la, <sup>20</sup> epi ki jan chèf prêt yo ak majistra yo livre l' pou yo kondannen l' amò, epi yo krisifye l'. <sup>21</sup> Nou te espere se li menm ki t'ap vin rachte pep Izrayèl la, men avèk tout sa, se jòdi a twazyème jou depi bagay sa yo rive. <sup>22</sup> Sepandan kèk fanm nan mitan nou, te etone nou anpil, paske yo te ale nan gran maten nan tonm lan, <sup>23</sup> yo pa te jwenn

## Loukas (Lik)

kò l', yo vini yo di ke yo te wè zanj parèt devan yo, ki te di yo ke li vivan.<sup>24</sup> Kèk nan nou te ale nan tonm lan, yo te jwenn bagay yo jan fanm yo te di l', men li menm, yo pa te wè l'. »<sup>25</sup> Epi Yéhoshoua di yo : « O moun san intèlijans, ki gen kè lan pou kwè tout sa pwofèt yo te anonse !<sup>26</sup> Èske se pa pou Kris la te soufri epi pou l' antre nan glwa l' ? »<sup>27</sup> Epi kòmanse pa Moshè (Moyiz) ak tout pwofèt yo, li te eksplike nan tout Ekriti yo sa ki te konsène l'.<sup>28</sup> Kòm yo te toupre vilaj kote yo t'ap ale a, yo te fè kòm si yo te vle ale pi lwen.<sup>29</sup> Men yo te fose l', yo di l' : « Rete avèk nou, paske aswè ap

apwoche epi jou a kòmanse bese.» Epi li te antre pou rete avèk yo.<sup>30</sup> Li te rive pandan li te sou tab avèk yo, li te pran pen an, e li te prononse yon benediksyon, epi li kase l', li ba yo l'.<sup>31</sup> Lè sa a, je yo louvri e yo te rekònèt li, men li te vin envizib devan yo.<sup>32</sup> Yon te di lòt : « Èske kè nou pa t'ap boule anndan nou lè l' t'ap pale ak nou nan chemen an epi l' t'ap louvri Ekriti yo pou nou ? »<sup>33</sup> E yo te leve latou epi yo te tounen Yeroushalaim (Jerizalèm), kote yo te jwenn onz yo, epi lòt yo ki te rasanble,<sup>34</sup> yo t'ap di : « Senyè a resisite vre e li parèt devan Shim'ôn (Simon). »<sup>35</sup> Rive sou yo,

## Loukas (Lik)

yo te rakonte sak te rive yo sou chemen an, epi ki jan yo te rekonèt li lè l' te kase pen an.<sup>36</sup> Pandan yo t'ap kenbe diskou sa yo, Yéhoshoua te prezante l' li menm nan mitan yo, li di yo : « Se pou lapè avèk nou ! »<sup>37</sup> Men yo menm, yo te pè epi efraye yo te kwè wè yon lespri.<sup>38</sup> E li di yo : « Poukisa nou trouble, epi poukisa panse yo monte nan kè nou ? »<sup>39</sup> Gade men m' yo ak pye m' yo, se mwen menm. Manyen m' epi gade m' : Paske yon lespri pa gen ni vyann ni zo, jan nou wè m' genyen an. »<sup>40</sup> Lè l' di sa, li montre yo men l' ak pye l' yo.<sup>41</sup> Men nan jwa yo, yo pa t' kwè ankò yo te etone, li di yo : « Èske nou

gen isit la kichòy pou manje ? »<sup>42</sup> E yo te prezante l' yon moso pwason boukannen avèk yon ti kras myèl.<sup>43</sup> Lè l' pran l', li manje l' devan yo.

## Nouvo misyon onz yo

<sup>44</sup> Epi li di yo : « Se pawòl sa yo m' t'ap di nou lè m' te la ankò avèk nou, fòk sa te akonpli tout sa ki te ekri sou mwen nan lalwa Moshè (Moyiz) la, nan pwofèt yo, e nan sòm yo. »<sup>45</sup> Lè sa a, li louvri lespri yo pou yo ka konprann Ekriti yo.<sup>46</sup> E li di yo : « Li ekri konsa, fòk Kris la te soufri epi pou l' resisite nan lanmò sou twazyèm jou a,<sup>47</sup> epi repantans ak padon peche

## Loukas (Lik)

yo gen pou l' preche nan Amen!  
Non m' pou tout nasyon yo,  
kòmanse pa Yeroushalaim  
(Jerizalèm).<sup>48</sup> Nou temwen  
bagay sa yo.<sup>49</sup> Men m'  
voye sou nou promès Papa  
m'. Nou menm, rete nan  
Yeroushalaim (Jerizalèm),  
jiskaske li desann sou nou  
pisans k'ap sòti anwo a. »

## Yéhoshoua anlve nan syèl la

<sup>50</sup> Li te kondui yo deyò jouk  
bò Betani, epi li leve men l'  
anwo, li beni yo.<sup>51</sup> Antan li  
t'ap beni yo, li te separe ak  
yo, e li te anlve nan syèl la.  
<sup>52</sup> Pou yo menm, apre yo fin  
adore l', yo te retounen  
Yeroushalaim (Jerizalèm)  
ak yon gwo jwa.<sup>53</sup> E yo te  
toujou nan tanp lan, yo t'ap  
louwe epi beni Bondye.

# **YOHANAN (JAN)**

## **1 Divinite Yéhoshoua Mashiah (Jezikri)**

Nan kòmansman Pawòl la te la e Pawòl la te tounen vè Bondye, e Bondye te Pawòl la. <sup>2</sup> Li te nan kòmansman tounen vè Bondye.

## **Zèv Yéhoshoua anvan enkarnasyon l'**

<sup>3</sup> Tout bagay yo te fèt pa li, pa gen anyen ki te fèt ki te fèt san li. <sup>4</sup> Nan li te gen lavi, e lavi a te limyè imen yo. <sup>5</sup> Limyè a klere nan tenèb yo, men tenèb yo pa t' sezi l'.

## **Yohanan (Jan) Batis, anvwaye Bondye a**

<sup>6</sup> Te gen yon nonm ki te rele Yohanan (Jan) ke Bondye te voye. <sup>7</sup> Li te vin pou rann temwayaj, pou rann

temwayaj sou limyè a, pou tout moun te ka kwè pa li. <sup>8</sup> Li pa te limyè a, men li te temwen limyè a.

## **Yéhoshouakri veritab limyè a**

<sup>9</sup> Limyè sa a te veritab la ki, lè l' te vin nan mond lan, klere tout imen yo. <sup>10</sup> Li te nan lemonn, e lemonn te fèt pa li, men lemonn pa t' rekonèt li. <sup>11</sup> Li te vin kay moun li yo, men moun li yo pa t' resevwa l'. <sup>12</sup> Men tout sa yo ki te resevwa l', e sa yo ki te kwè nan Non l', li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye, <sup>13</sup> yo te fèt, pa ak san, ni ak volonte lachè, ni ak volonte lèzòm, men pa Bondye.

## **Pawòl la tounen chè**

## Yohanàn (Jan)

<sup>14</sup> Pawòl la te tounen chè, li te fikse tant li nan mitan nou, plen lagras ak verite, e nou te kontanple laglwa l', tankou laglwa sèl Pitit Papa a.

### Temwayaj Yohanàn (Jan) Batis

<sup>15</sup> Yohanàn (Jan) rann temwayaj sou li, e li te krye lè l' t'ap di : « Se moun m' te di a : « Moun ki vini apre m' lan li vini anvan m', paske li te anvan m'. » <sup>16</sup> Nou tout nou te resevwa nan plenitud li, e gras pou gras. <sup>17</sup> Paske lalwa a te ban nou pa Moshè (Moyiz), lagras ak verite a vini pa Yéhoshoua Mashiah (Jezikri). <sup>18</sup> Pesonn pa janm wè Bondye ; sèl Pitit la ki nan sen Papa a, se li ki

revele nou li. <sup>19</sup> E se isit la temwayaj Yohanàn (Jan), lè Jwif yo te voye depi Yeroushalaim (Jerizalèm) prèt yo ak Levite yo pou poze l' kesyon epi di l': « Ou menm ki moun ou ye ? » <sup>20</sup> Li te konfese l', li pa te nye l', li te deklare l', li di : « Se pa mwen menm ki se Kris la. » <sup>21</sup> Yo te mande l' : « Se kisa sa ? Èske ou se Eliyah (Eli) ? » E li te di : « Se pa mwen. » « Èske ou se pwofèt la ? » E li reponn : « Non. » <sup>22</sup> Li te yo : « Ki moun ou ye ? Pou nou ka bay yon repons bay moun ki voye nou yo. Kisa ou di sou ou mem ? » <sup>23</sup> Li di : « Mwen se vwa nonm k'ap krye nan dezè a : « Plani chemen Senyè a »,

## Yohanàn (Jan)

kòm te di Yesha'yah (Ezayi) pwofèt la. »<sup>24</sup> Tout sa yo te voye yo, te farizyen.<sup>25</sup> Yo te poze l' kesyon ankò, lè yo di l': « Poukisa w'ap batize si se pa ou Kris la, ni Eliyah (Eli), ni pwofèt la ? »<sup>26</sup> Yohanàn (Jan) reponn yo li di yo : « Mwen menm, m' batize nan dlo, men gen yon moun nan mitan nou, ke nou pa konnen ;<sup>27</sup> se li menm ki vini apre m', li te vini anvan m', e m' pa merite pou m' lage kòd sapat li. »<sup>28</sup> Bagay sa yo t'ap pase Betani, lòt bò Yarden (Joudèn) an kote Yohanàn (Jan) t'ap batize a.<sup>29</sup> Nan denmen, Yohanàn (Jan) te wè Yéhoshoua ki t'ap vin jwenn li, e li di :

« Men ti Agno Bondye a k'ap wete peche nan mond lan.<sup>30</sup> Se li menm m' di : « Apre m' vini yon nonm ki te la anvan m', paske li te la anvan m'. »<sup>31</sup> E pou mwen m' pa t' konnen l', men se pou l' te ka manifeste pou Izrayèl ke m' te vin batize nan dlo. »<sup>32</sup> Yohanàn (Jan) te rann temwayaj tou, lè l' te di : « Mwen te wè Lespri a desann sòti nan syèl la tankou yon kolonb, epi li te rete sou li.<sup>33</sup> E pou mwen m' pa t' konnen l', men sa ki te voye m' batize nan dlo a, te di m' : « Moun sou ki w'ap wè Lespri a desann epi rete, se li menm ki batize nan Sentespri a. »<sup>34</sup> E pou mwen, m' wè epi m'

## Yohanàn (Jan)

temwaye ke se li men ki se  
Pitit Bondye a. »

### Premye disip Yéhoshoua Mashiah (Jezikri)

<sup>35</sup> Nan denmen, Yohanàn (Jan) te la ankò ak de nan disip li yo; <sup>36</sup> e, lè li te gade Yéhoshoua ki t'ap mache, li di : « Men Agno Bondye a ! » <sup>37</sup> De disip yo tandé l' gen diskou sa a, epi yo swiv Yéhoshoua. <sup>38</sup> Epi Yéhoshoua te vire, lè li wè yo t'ap swiv li, li di yo : « Kisa n'ap chache ? » Yo reponn li : « Rabi, (lè l' entèprete, li siyifi Doktè ), ki kote ou rete ? <sup>39</sup> Li di yo : « Vini epi wè. » Yo te ale, epi yo te wè kote l' te rete epi yo rete bò kote l' jou sa a. Se te anviwon dizyèm lè a. <sup>40</sup> Andreas (Andre), frè

Shim'ôn (Simon) Pyè a, te yon nan yo ki te tandé pawòl Yohanàn (Jan) epi ki te swiv li. <sup>41</sup> Li te jwenn en premye Shim'ôn (Simon), frè l' epi li di l' : « Nou te jwenn Mesi a », ki te tradui pa « Wen an. » <sup>42</sup> E yo te mennen l' bò Yéhoshoua. Lè Yéhoshoua gade l', li di : « Ou se Shim'ôn (Simon), pitit Yonah (Jonas), y'ap rele ou Kephas (Sefas) (ki entèprete pa Wòch.) » <sup>43</sup> Nan denmen, Yéhoshoua te vle ale Galile, e li te jwenn Filip, e li di l' : « Swiv mwen ! » <sup>44</sup> Filip te moun Betsayda, lavil Andreas (Andre) ak Pyè. <sup>45</sup> Filip te jwenn Netanél (Natanayèl) e li di l' : « Moun sou ki Moshè (Moyiz) te ekri a,

## Yohanàn (Jan)

nan lalwa ak pwofèt yo, nou te jwenn li : Se Yéhoshoua moun Nazarèt la, pitit Yossef (Jozèf) la. »<sup>46</sup> Epi Netanél (Natanayèl) di l' : « Èske yon bon bagay ka sòti Nazarèt ? » Filip di l' : « Vini epi wè. »<sup>47</sup> Yéhoshoua te wè Netanél (Natanayèl) ap vini bò kote l', epi li di sou li : « Men vrèman vre yon Izrayelit nan ki pa gen twonpri. »<sup>48</sup> Netanél (Natanayèl) di l' : « Ki kote ou konnen m' ? » Yéhoshoua reponn e li di l' : « Anvan Filip te rele ou, lè ou te anba pye fig frans lan, m' te wè ou. »<sup>49</sup> Netanél (Natanayèl) reponn e li di : « Rabbi, ou se Pitit Bondye a, ou se Wa Izrayèl la ! »<sup>50</sup> Yéhoshoua reponn,

li di l' : « Paske m' te di ou m' te wè ou anba pye fig frans lan, ou kwè ? W'ap wè bagay pi gwo ankò ! »<sup>51</sup> Li di l' tou : « Amen, Amen, m'ap di nou : « Depi kounye a, n'ap wè syèl la louvri, epi zanj Bondye yo k'ap monte epi desann sou Pitit lèzòm nan. »

## 2 Mirak nan Kana

Nan twazyèm jou a, yo t'ap fè nòs Kana nan Galile, e manman Yéhoshoua te la.<sup>2</sup> Epi Yéhoshoua te envite nan nòs la tou avèk disip li yo.<sup>3</sup> Epi diven an vin manke,<sup>4</sup> manman Yéhoshoua te di l' : « Yo pa gen diven ankò. »<sup>4</sup> Men Yéhoshoua reponn li : « Kisa ki genyen ant mwen

## Yohanàn (Jan)

menm avè ou, fanm ? Lè pa m' poko rive. »<sup>5</sup> Manman l' di sèvitè yo : « Fè tout sa l'ap di nou. »<sup>6</sup> Te gen la sis vaz fêt an wòch ki te sèvi pou pirifikasyon Jwif yo, yo chak te gen de oubyen twa mezi. <sup>7</sup> Epi Yéhoshoua di yo : « Ranpli dlo nan vaz sa yo. » E yo te ranpli yo jouk anwo. <sup>8</sup> Epi li di yo : « Pran dlo kounye a epi pote bay mèt otèl la. » Epi yo te pote l' ba li. <sup>9</sup> Lè mèt otèl la goute dlo a ki te chanje an diven (Li pa t' konnen ki bò sa te sòti, men sèvitè yo ki te pran dlo a te konnen sa byen), li te pale avèk mari a,<sup>10</sup> e li di : « Tout imen sèvi dabò bon diven an, epi apre sa ki mwens bon an apre yo fin sou. Men ou

menm, ou te kenbe bon diven an jouk kounye a. »<sup>11</sup> Se te konsa kòmansman siy Yéhoshoua, sa li te fè Kana nan Galile. Li te manifeste glwa l', e disip li yo te kwè nan li. <sup>12</sup> Apre sa, li te desann Kapènawòm ak manman l' epi frè l' yo, epi disip li yo, men yo te rete sèlman kèk jou.

## Premye Pak la

<sup>13</sup> Paske Pak Jwif yo te pwoche, se pousa Yéhoshoua te monte Yeroushalaim (Jerizalèm).

<sup>14</sup> Li te jwenn nan tanp lan vandè bëf, brebi ak pijon, epi chanjè yo (lajan) ki te chita. <sup>15</sup> Li te fè yon fwèt avèk ti kòd, li te chase yo tout nan tanp lan ak brebi

## Yohanàn (Jan)

yo epi bèf yo. Li te gaye kòb chanjè yo, e li te chavire tab yo.<sup>16</sup> Li te di vandè pijon yo : « Wete bagay sa yo isit la ! Pa fè kay Papa m' lan tankou yon kay mache. »<sup>17</sup> Lè sa a disip li yo vin chonje ke li ekri : « Zèl kay ou a devore m'. »<sup>18</sup> Men Jwif yo pran lapawòl, yo di l' : « Ki siy w'ap montre nou, pou ou fè sa w'ap fè a ? »<sup>19</sup> Yéhoshoua reponn, e li di yo : « Detwi tanp sa a epi nan twa jou m'ap resisite l'. »<sup>20</sup> Epi Jwif yo di l' : « Sa te pran 46 zan pou bati tanp sa a, e ou menm, ou ta resisite l' sou 3 jou ! »<sup>21</sup> Men li t'ap pale sou tanp kò l'.<sup>22</sup> Se poutèt sa lè l' te resisite nan lanmò, disip li yo te vin

chonje ke li te di yo sa, epi yo te kwè Ekriti a ak pawòl ke Yéhoshoua te di a.<sup>23</sup> Kòm li te Yeroushalaim (Jerizalèm) jou fèt Pak la, anpil moun te kwè nan Non l', lè yo te wè siy li t'ap fè yo.<sup>24</sup> Men, Yéhoshoua pa t' fye nan yo, paske l' te konnen yo tout,<sup>25</sup> epi paske l' pa t' bezwen yo te rann li temwayaj sou imen yo, paske l' te konnen li menm sa ki te nan imen yo.

## 3 Nesans ki sòti anwo a

Te gen yon nonm nan mitan farizyen yo, ki te rele Nikodèm, li te yon nan chèf Jwif yo,<sup>2</sup> li vin lannwit jwenn Yéhoshoua, e li di l': « Rabbi, nou konnen ou se yon Doktè ki sòti nan

## Yohanàn (Jan)

Bondye, paske pesonn pa ka pwodui siy yo ke w'ap pwodui, si Bondye pa avèk li. »<sup>3</sup> Yéhoshoua reponn li e li di : « Amen, Amen, m'ap di ou : Si yon moun pa fêt anwo, li pap kapab wè Wayòm Bondye a. »<sup>4</sup> Nikodèm di l' : « Kòman yon nonm ka fêt lè li vye ? Èske li kapab antre yon dezyèm fwa nan vant manman l', pou l' fêt ? »<sup>5</sup> Yéhoshoua reponn li : « Amen, Amen, m'ap di ou : Si yon moun pa fêt ak dlo epi ak Lespri a, li pap kapab antre nan Wayòm Bondye a.<sup>6</sup> Sa ki fêt nan lachè se lachè, epi sa ki fêt nan Lespri se lespri.<sup>7</sup> Pa etonne paske m' di ou : Fòk nou fêt anwo.<sup>8</sup> Van an

soufle kote l' vle epi w'ap tande bri l', men ou pa konnen ki bò l' sòti, ni ki bò l' prale. Se menm jan an pou tout nonm ki fêt nan Lespri. »<sup>9</sup> Nikodèm reponn li di : « Kòman bagay sa yo ka fêt ? »<sup>10</sup> Yéhoshoua reponn e li di : « Ou se doktè nan Izrayèl epi ou pa konnen bagay sa yo ! »<sup>11</sup> Amen, Amen, a m'ap di nou, nou di sa nou konnen, epi nou temwaye sa nou wè, epi nou pa resevwa temwayaj nou.<sup>12</sup> Si m' te pale nou sou bagay terès epi nou pa kwè, kòman n'ap kwè si m' pale nou bagay selès ?<sup>13</sup> Paske pesonn pa monte nan syèl la, esepte sa ki desann sòti nan syèl la, Pitit lèzòm nan ki nan syel

## Yohanan (Jan)

la. <sup>14</sup> Menm jan Moshè (Moyiz) te leve sèpan an nan dezè a, konsa fòk Pitit lèzòm nan leve, <sup>15</sup> pou nenpòt moun ki kwè nan li pap peri, men l'ap gen lavi etènèl. <sup>16</sup> Paske Bondye sitèlman renmen lemond ke li bay sèl Pitit li a, konsa nenpòt moun ki kwè nan li pap peri men l'ap gen lavi etènèl. <sup>17</sup> Paske Bondye pa voye Pitit li nan lemond pou l' jije lemond, men pou lemond sove pa li. <sup>18</sup> Sa ki kwè nan li pa jije, men sa ki pa kwè déjà jije paske li pa te kwè nan Non sèl pitit Bondye a. <sup>19</sup> Men jijeman an : Limyè a te vini nan lemond men moun yo te renmen tenèb yo plis pase limyè a, paske zèv yo te move. <sup>20</sup> Nenpòt moun ki pratike sa ki mal, rayi limyè a, li pa vini nan limyè a, pou pè pou zèv li yo pa expoze. <sup>21</sup> Men sa ki aji dapre verite a vini nan limyè a, pou zèv li yo ka manifeste, paske yo fè dapre Bondye. »

## Nouvo temwayaj Yohanan (Jan) Batis

<sup>22</sup> Apre bagay sa yo, Yéhoshoua te vini avèk disip li yo nan peyi Jide. Se la li te rete ak yo e li t'ap batize. <sup>23</sup> Yohanan (Jan) t'ap batize Enon tou, toupre Salim, paske te gen anpil dlo, noum te konn vini pou yo te batize. <sup>24</sup> Paske Yohanan (Jan) pa t' ankò mete nan prizon. <sup>25</sup> Konsa te

## Yohanana (Jan)

gen yon deba ant disip Yohanana (Jan) yo ak Jwif yo sou pirifikasyon an.<sup>26</sup> E yo te ale jwenn Yohanana (Jan) yo di l' : « Rabbi, moun ki te avè ou la lòt bò Yarden (Jouden) an e sou ki ou te rann temwayaj, men l'ap batize, epi tout moun ale jwenn li. »<sup>27</sup> Yohanana (Jan) te reponn e li di yo : « Yon imen pa ka resewva anyen si se pa syèl la ki ba li l'.<sup>28</sup> Nou menm, nou temwen ke m' di : « Se pa mwen menm ki Kris la, men yo te voye m' devan l'. »<sup>29</sup> Moun ki posede lamarye a se mesye marye a, men zanmi mesye marye a k'ap asiste e k'ap tandé l', rejwi pa vwa mesye marye a. Se poutèt sa jwa sa m'

genyen an pafè.<sup>30</sup> Fòk li grandi epi m' diminye.<sup>31</sup> Moun ki sòti anwo a anlè tout moun. Moun ki sòti sou latè a, se sou latè li sòti e li pale tankou l' sòti sou latè. Moun ki sòti nan syel la anlè tout moun,<sup>32</sup> epi sa l' wè a epi tandé, li temwayne l', men pesonn pa resevwa temwayaj li.<sup>33</sup> Moun ki resewva temwayaj li sètifye ke Bondye vre.<sup>34</sup> Moun Bondye voye a, anonse pawòl Bondye, paske Bondye pa ba li Lespri ak mezi.<sup>35</sup> Papa a renmen Ptit la e li remèt tout bagay nan men l'.<sup>36</sup> Moun ki kwè nan Ptit la gen lavi etènèl, men sa ki rebèl kont Ptit la pap wè lavi men kòlè Bondye rete sou li. »

## Yohanàn (Jan)

### 4 Yéhoshoua ale Galile

Lè Senyè a te konnen farizyen yo te tandé di : « Yéhoshoua fè e li batize plis disip pase Yohanàn (Jan) »,<sup>2</sup> sepandan, Yéhoshoua pa t' batize li menm, men se te disip li yo,<sup>3</sup> li te kite Jide e li te retounen ankò nan Galile.

### Yéhoshoua ak fanm Samariten lan

<sup>4</sup> Fòk li te pase pa Samari.<sup>5</sup> Li te rive nan yon lavil Samari, yo rele Sika, toupre tè Yaacov (Jakòb) te bay Yossef (Jozèf), pitit gason l' lan.<sup>6</sup> La te gen fonten Yaacov (Jakòb) la. Yéhoshoua te fatige ak vwayaj la, li te chita sou fonten lan. Se te anviwon

sizyèm lè a.<sup>7</sup> Epi yon fanm Samariten vini pou pran dlo. Yéhoshoua te di l' « Ban m' bwè. »<sup>8</sup> Paske disip li yo te ale nan lavil la pou achte manje.<sup>9</sup> Men fanm Samariten lan di l' : « Kòman ou menm ki Jwif, w'ap mande m' bwè, mwen menm ki se yon fanm Samariten ? » Paske Jwif yo pa gen relasyon ak Samariten yo.<sup>10</sup> Yéhoshoua reponn, li di l' : « Si ou te konnen don Bondye epi ki moun ki te di ou : « Ban m' bwè », ou menm ou t'ap mande l' bwè, e li t'ap ba ou dlo viv la. »<sup>11</sup> Fanm lan di l' : « Senyè, ou pa gen anyen pou pran dlo a epi pi a fon. Ki bò ou t'apjwenn dlo viv sa a ?<sup>12</sup> Èske ou pi

## Yohanàn (Jan)

gran pase Yaacov (Jakòb),  
papa nou, ki te ban nou pi  
sa a, e te ki te bwè li menm,  
ak pitit li yo epi bêt li yo ? «  
<sup>13</sup> Yéhoshoua reponn, e li  
di : « Nenpòt moun ki bwè  
nan dlo sa a pral swaf ankò.  
<sup>14</sup> Men, moun k'ap bwè dlo  
a m'ap ba li a pap janm  
swaf ankò, men dlo m'ap ba  
li ap tounen nan li yon sous  
dlo k'ap koule jouk nan lavi  
etènèl. » <sup>15</sup> Fanm lan di l' :  
« Senyè, ban m' nan dlo sa  
a pou m' pa swaf ankò epi  
pou m' pa vini pran dlo isit  
la ankò. » <sup>16</sup> Yéhoshoua di  
l' : « Ale, rele mari ou la,  
epi vini isit la. » <sup>17</sup> Fanm  
lan reponn, e li di l' : « M'  
pa gen mari. » Yéhoshoua  
di l' : « Ou byen di : « M'  
pa gen mari. » <sup>18</sup> Paske ou te

gen senk mari epi sa ou gen  
kounye a se pa mari ou.  
Nan sa ou di verite a. » <sup>19</sup>  
Fanm lan di l' : « Senyè,  
m' wè ou se yon pwofèt. <sup>20</sup>  
Zansèt nou yo te adore sou  
montay sa a, e nou menm  
nou di kote nou dwe adore a  
se Yeroushalaim  
(Jerizalèm). » <sup>21</sup> Yéhoshoua  
di l' : « Fanm, kwè m' lè a  
ap vini se pap ni sou mòn sa  
a, ni Yeroushalaim  
(Jerizalèm) ke n'ap adore  
Papa a. <sup>22</sup> N'ap adore sa  
nou pa konnen ; nou menm  
nou adore sa nou konnen,  
paske sali a sòti nan Jwif  
yo. <sup>23</sup> Men, lè a ap vini e li  
deja vini, kote veritab  
adoratè yo ap adore Papa a,  
nan lespri e ak verite. Paske  
se adoratè sa yo ke Papa a

## Yohanah (Jan)

mande.<sup>24</sup> Bondye Lespri, e fòk sa yo k'ap adore l', adore l' nan Lespri e ak verite. »<sup>25</sup> Fanm lan reponn li : « Mwen konnen Mesi a ap vini, moun yo rele Wen an. Lè l' ap vini, l'ap anonse nou tout bagay. »<sup>26</sup> Yéhoshoua di l' : « Mwen, mwen se, k'ap pale ak ou la. »<sup>27</sup> Sou sa, disip li yo vinn rive, epi yo te etone paske li t'ap pale ak yon fanm. Men, pa gen okenn ki te di : « Kisa w'ap mande ? Oubyen : « Poukisa w'ap pale avè l' ? »<sup>28</sup> Fanm lan te kite krich li a, li te ale nan lavil la e li di moun yo :<sup>29</sup> « Vini wè yon nonm ki di m' tout sa l' te fè, èske se pa Kris la ? «<sup>30</sup> Yo te sòti nan lavil la epi yo te vin

jwenn li.<sup>31</sup> Sepandan, disip yo t'ap prie l', yo t'ap di : « Mèt, manje ! »<sup>32</sup> Men, li di yo : « Mwen gen pou m' manje yon manje nou pa konnen. »<sup>33</sup> Sou sa disip yo t'ap mande ant yo : « Èske yon moun te pote manje pou li ? »<sup>34</sup> Yéhoshoua di yo : « Manje m' se pou m' fè volonte moun ki voye m' lan e pou m' akonpli zèv li.<sup>35</sup> Èske nou pa di : « Kat mwa ankò, epi rekòt la ap vini » ? Men m'ap di nou, leve je nou epi gade jaden yo ki déjà blanchi pou rekòt la.<sup>36</sup> Moun k'ap rekòlte a resevwa yon salè epi li ranmase fwi pou lavi etènèl, konsa moun k'ap simen an ak sa k'ap ramase a ap rejwi ansanm.<sup>37</sup> Epi sa

## Yohanàn (Jan)

n'ap di òdinè vre nan sa : vrèman Kris la, Sovè mond  
« Yon simen, lòt la lan. »  
ranmase. » <sup>38</sup> M' voye nou  
rekòlte kote nou pa t' travay. Lòt travay e nou  
antre nan travay yo. »

## Yéhoshoua ak Samariten yo

<sup>39</sup> Anpil Samariten nan lavil sa a te kwè nan li akòz pawòl fanm sa a ki te rann temwayaj sa a : « Li te di m' tout sa m' te fè. » <sup>40</sup> Lè samariten yo vin jwenn li, yo te prye l' rete avèk yo. E, li te rete la de jou. <sup>41</sup> Epi anpil lòt moun te kwè akòz pawòl li a, <sup>42</sup> e yo te di fanm lan : « Se pa akòz pawòl a nou kwè ankò, paske nou tande l' nou menm e nou konnen ke li se

## Yéhoshoua geri ptit gason yon ofisye

<sup>43</sup> De jou apre, li te pati la e li te ale nan Galile. <sup>44</sup> Paske Yéhoshoua te rann temwayaj ke yon pwofèt pa onore nan pwòp peyi l' fèt. <sup>45</sup> Lè l' te rive Galile, Galileyen yo resevwa l', yo te wè tout bagay yo ke li te fè Yeroushalaim (Jerizalèm) jou fèt la, paske yo menm tou yo te ale nan fèt la. <sup>46</sup> Yéhoshoua te tounen ankò Kana nan Galile, kote l' te fè dlo a tounen diven. Te gen nan Kapènawòm yon ofisye wa a ki te gen ptit gason l' malad, <sup>47</sup> li te tande

## Yohanàn (Jan)

Yéhoshoua te sòti Jide vin Galile, li te ale jwenn li, e li te prye l' desann pou l' te geri ptit li a ki ta pral mouri.<sup>48</sup> Men Jésus te di l' : « Si nou pa wè siy ak pwodij, nou pap janm kwè ! »<sup>49</sup> Ofisyè wa a di l' : « Senyè, desann anvan ptit gason m' lan mouri. »<sup>50</sup> Yéhoshoua di l' : « Ale, ptit gason ou lan ap viv. » Nonm sa a te kwè pawòl Yéhoshoua te di l' la e li te ale.<sup>51</sup> Antan li t'ap desann déjà, èsklav li yo vinn devan l' e yo te pote nouvèl, yo di : « Ptit gason ou lan ap viv. »<sup>52</sup> Li te mande yo a ki lè li te refè e yo te di l' : « Yè, nan setyèm lè a, lafyèv la te kite l'. »<sup>53</sup> Papa a te rekonèt ke

se te nan lè sa a ke Yéhoshoua te di l' : « Ptit gason ou lan ap viv. » E li te kwè ak tout kay li.<sup>54</sup> Yéhoshoua te pwodwi ankò dezyèm siy sa a apre li vin sòti Jide vini Galile.

## 5 Gerizon yon paralitik nan pisin Betzata

Apre bagay sa yo, te gen yon fèt Jwif yo, epi Yéhoshoua te monte Yeroushalaim (Jerizalèm).<sup>2</sup> Yeroushalaim (Jerizalèm), bò pòt brebi yo te gen yon rezèvwa yo te rele nan ebre Betzata, ki gen senk pòt.<sup>3</sup> La te gen anpil malad ki te kouche, avèg yo, bwete yo, paralitik yo, ki t'ap tann mouvman dlo a.<sup>4</sup> Paske yon zanj te desann nan yon

## Yohanан (Jan)

sèten moman nan rezèvwa a e li te brase dlo a : lè sa a premye a ki te desann apre dlo a te fin brase te geri, kèlkeswa maladi li te soufri.  
<sup>5</sup> Te gen la yon nonm ki te malad depi trantwitan.<sup>6</sup> Lè Yéhoshoua te wè l' kouche atè a, e li te konnen ke li te déjà malad depi lontan, li di l' : « Èske ou vle geri ? »<sup>7</sup> Malad la reponn li : « Senyè, m' pa gen pesonn pou jete m' nan rezèvwa a lè dlo a brase, epi pendan m' prale, yon lòt desann anvan m'. »<sup>8</sup> Yéhoshoua di l' : « Leve, pran kabann ou epi mache ! »<sup>9</sup> Menm lè a, nonm lan te geri ; li te pran kabann li, e li te mache. Se te yon jou saba.<sup>10</sup> Jwif yo te di moun ki te geri a : « Se

saba ! Li pa pèmèt pou ou pran kabann ou. »<sup>11</sup> Li reponn yo : « Moun ki geri m' lan di m' : « Pran kabann ou epi mache ! »<sup>12</sup> Lè sa a, yo mande l' : « Kilès a ki te di ou : pran kabann epi mache ? »<sup>13</sup> Men, nonm ki te geri a pa t' konnen ki moun li te ye, paske Yéhoshoua te pati vit nan mitan foul la ki te nan kote sa a.<sup>14</sup> Apre sa, Yéhoshoua te jwenn li nan tanp lan e li di l' : « Men ou geri. Pa peche ankò depi kounye a, pou pè pou yon bagay pi mal pa rive ou. »<sup>15</sup> Nonm sa a te ale e li te rakonte Jwif yo ke se Yéhoshoua ki te geri l'.<sup>16</sup> Se poutèt sa Jwif yo t'ap pèsekite Yéhoshoua epi yo

## Yohanан (Jan)

t'ap chache fè l' mouri,  
paske li te fè bagay sa yo  
pendan saba a.

### Egalite Yéhoshoua avèk Papa a

<sup>17</sup> Men Yéhoshoua reponn yo : « Papa ap travay jouk kounye a, mwen menm tou, m'ap travay. » <sup>18</sup> Akòz sa, Jwif yo t'ap chache ankò plis fè l' mouri, pa sèlman paske l' te anile saba a, men paske li t'ap di ke Bondye se Papa l', li t'ap fè tèt li egal ak Bondye. <sup>19</sup> Men Yéhoshoua reponn yo e li di yo : « Amen, Amen, m'ap di nou, Ptit la pa ka fè anyen pou kont li, a mwens ke si l' wè Papa a fè. Paske bagay l'ap fè yo, Ptit la fè yo menm jan an tou. <sup>20</sup>

Paske Papa a renmen Ptit la e li montre l' tout bagay li fè yo, e l'ap montre l' pi gro zèv pase sa yo, pou nou ka nan admirasyon. <sup>21</sup> Paske kòm Papa a resisite mò yo, epi li bay lavi, menm jan an Ptit la bay lavi bay moun li vle yo. <sup>22</sup> Paske Papa a pa jije pesonn, men li bay Ptit la tout jijman, <sup>23</sup> pou tout moun onore Ptit la tankou yo onore Papa a. Moun ki pa onore Ptit la, pa onore Papa a ki voye l'. <sup>24</sup> Amen, Amen m'ap di nou : Moun ki tande pawòl mwen an, epi ki kwè nan moun ki voye m' lan, gen lavi etènèl e li pa vini nan jijman, men li sòti nan lanmò pou ale lavi.

## Yohanàn (Jan)

### Rezirèksyon an

<sup>25</sup> « Amen, Amen, m'ap di nou : Lè a rive, li déjà rive, kote mò yo pral tandé vwa Pitit Bondye a, epi sa yo k'ap tandé l' pral viv. <sup>26</sup> Kòm Papa a gen lavi nan li menm, konsa li bay Pitit la gen lavi nan li menm. <sup>27</sup> E li ba li pouwa pou jiye paske li se Piti lèzom nan. <sup>28</sup> Pa etone ak sa, paske lè a ap vini kote tout sa yo ki nan tonm yo pral tandé vwa l' epi y'ap sòti. <sup>29</sup> Sa yo ki te fè bon bagay pral resiste pou lavi, men sa yo ki te fè mal pral resiste pou kondannasyon. »

### Temwayaj an akò avèk pa Yéhoshoua

<sup>30</sup> « M' pa kapab fè anyen

pou kont mwen : M' jiye dapre sa m' tandé epi jijman m' lan jis paske m' pa chache volonte m', men volonte Papa a ki te voye m' lan. <sup>31</sup> Si m' rann temwayaj sou mwen menm, temwayaj mwen pa merite nou gen lafwa nan li. <sup>32</sup> Se yon lòt k'ap rann temwayaj sou mwen, e m' konnen temwayaj l'ap rann sou mwen an merite nou gen lafwa nan li.

### Temwayaj Yohanàn (Jan) Batis

<sup>33</sup> « Nou te voye nonm yo bò Yohanàn (Jan) e li te rann temwayaj sou verite a.

<sup>34</sup> Menm pa chache temwayaj imen yo, men m' di bagay sa yo, pou nou

## Yohanàn (Jan)

kapab sove.<sup>35</sup> Li te lanp ki t'ap boule a e ki t'ap klere a, e nou te vle rejwi inè nan limyè li a. » moun ki voye l' la. »

## Temwayaj zèv Yéhoshoua

<sup>36</sup> « Men, mwen menm, m' gen yon temwayaj pi gran pase pa Yohanàn (Jan), paske zèv yo ke Papa m' te ban m' akonpli, zèv sa yo ke m' fè, yo temwaye sou mwen ke se Papa m' ki te voye m'. »

## Temwayaj Papa a

<sup>37</sup> « Papa a ki te voye m', se li menm ki te rann temwayaj sou mwen. Nou pa janm tandem vwa l', nou pa janm wè fas li,<sup>38</sup> epi pawòl li pa rete nan nou, paske nou pa kwè nan

## Temwayaj Ekriti a

<sup>39</sup> « N'ap sonde Ekriti yo, paske nou panse jwenn ladan l' lavi etènèl, epi se yo menm ki rann temwayaj sou mwen.<sup>40</sup> Men, nou pa vle vin jwenn mwen pou nou ka gen lavi.<sup>41</sup> M' pa resewva glwa m' nan imen yo.<sup>42</sup> Men, m' konnen nou pa gen lanmou Bondye nan nou.<sup>43</sup> M' vini nan Non Papa m' e nou pa resewva m', si yon lòt vini nan non pa l' nou resewva l'.<sup>44</sup> Kòman pou nou kwè, nou menm ki resewva laglwa nou yon nan lòt epi nou pa chache laglwa ki sòti nan Bondye sèl ?<sup>45</sup> Pa kwè m'ap akize nou devan Papa

## Yohanàn (Jan)

m'. Moshè (Moyiz), nan ki nou espere, se li k'ap akize nou.<sup>46</sup> Men si nou te kwè Moshè (Moyiz), nou ta kwè m' tou, paske l' te ekri sou mwen.<sup>47</sup> Men, si nou pa kwè nan sa l' te ekri yo, kòman pou n' ta kwè nan pawòl mwen yo ? »

## 6 Miltiplikasyon pen yo

Apre bagay sa yo, Yéhoshoua te ale lòt bò lanmè Galile a, ki Tiberyad.<sup>2</sup> Yon gwo foul t'ap swiv li, paske l' te wè siy li t'ap pwodui sou malad yo.<sup>3</sup> Men Yéhoshoua te moute sou yon mòn, li te chita la ak disip li yo.<sup>4</sup> Fèt Pak Jwif yo te pwoche.<sup>5</sup> Lè Yéhoshoua leve je l', lè li wè yon gwo foul t'ap vin

jwenn li, li di Filip : « Ki bò n'ap achte pen pou moun sa yo jwenn manje ? »<sup>6</sup> Li t'ap di sa pou l' te eprouve l', paske l' te konnen byen sa li tapral fè.<sup>7</sup> Filip reponn li : « Pen nou ka gen pou 200 denye pap sifi pou chak moun jwenn ti kal. »<sup>8</sup> Yon nan disip li yo, Andreas (Andre), frè Shim'ôn (Simon) Pyè, di l' :<sup>9</sup> « Gen isit la yon ti gason ki gen senk pen fèt ak lòj ak de pwason, men, kisa sa ye pou tout moun sa yo ? »<sup>10</sup> Men Yéhoshoua di : « Fè moun yo chita. » Te gen anpil zèb nan kote sa a. Moun yo chita, te gen anviwon 5 000 nonm.<sup>11</sup> Yéhoshoua te pran pen yo, apre li fin rann gras, li te

## Yohanana (Jan)

bay disip yo, e disip yo te  
bay sa yo ki te chita, menm  
jan an pwason yo, nan  
kantite yo te vle a.<sup>12</sup> Après  
yo te fin rasazye, li di disip  
li yo : « Rasanble moso yo  
ki rete, pou anyen pa pèdi. »  
<sup>13</sup> Yo te rasanble yo e yo te  
ranpli douze panyen ak  
moso yo ki te rete nan senk  
pen lòj yo, apre yo tout te  
fin manje.<sup>14</sup> Men moun sa  
yo, lè yo te wè siy ke  
Yéhoshoua te fin pwodui,  
yo t'ap di : « Li se vrèman  
vre pwofèt la ki te vin nan  
mond lan. »<sup>15</sup> Men  
Yéhoshoua te konnen ke yo  
tapral anlve l' pou fè l' wa,  
li te wete kò l' ankò, tout  
sèl sou mòn lan.

yo

<sup>16</sup> Lè aswè fin vini, disip li  
yo te desann bò lanmè a.<sup>17</sup>  
Lè li te monte nan bato a,  
yo te travèse lanmè a pou  
yo te ale Kapènawòm. Li te  
fin fè nwit nèt, epi  
Yéhoshoua pa t' ko vin  
jwenn yo.<sup>18</sup> Yon gwo van  
te soufle epi lanmè a te  
ajite.<sup>19</sup> Apre yo te fin rame  
anviwon vennsenk oubyen  
trant stad, yo te wè  
Yéhoshoua t'ap mache sou  
lanmè a e li t'ap apwoche  
bò bato a, e li te vin pè.<sup>20</sup>  
Men, li di yo : « Se mwen  
menm, pa pè ! »<sup>21</sup> Yo te  
resewva l' avek plezi nan  
bato a, lamenm bato a  
touche tè, kote yo taprale a.

## Yéhoshoua mache sou dlo

## Yéhoshoua Pen lavi a

## Yohanàn (Jan)

<sup>22</sup> Nan denmen, foul la ki te rete lòt bò lanmè a, te wè ke se te yon sèl ti bato ki te la e Yéhoshoua pa t' monte avèk disip li yo, men li te pati pou kont li. <sup>23</sup> Men, lòt ti bato a te sòti Tiberyad bò kote yo te manje pen an, apre Senyè a te rann gras. <sup>24</sup> Lè foul la te wè ni Yéhoshoua, ni disip li yo pa t' la, moun yo te monte yo menm nan bato yo, yo te ale Kapènawòm chache Yéhoshoua. <sup>25</sup> Lè yo te jwenn li lòt bò lanmè a, yo di l' : « Rabi, kilè ou rive isit la ? » <sup>26</sup> Yéhoshoua reponn yo li di : « Amen, Amen, m'ap di nou : N'ap chache m' pa paske nou te wè siy, men paske nou te manje pen epi nou te

resazye. <sup>27</sup> Travay non pou nouriti k'ap peri a, men pou sa ki pèmanan an jouk nan lavi etènèl, ke Pitit lèzòm nan ap ban nou. Paske se li menm ke Papa a, ke Bondye make ak so l'. » <sup>28</sup> Yo di l' konsa : « Kisa pou nou fè pou n' akonpli zèv Bondye yo ? » <sup>29</sup> Yéhoshoua reponn e li di yo : « Se isit la zèv Bondye, ke nou kwè nan moun li voye a. » <sup>30</sup> Lè sa a yo di l' : « Ki siy ou pwodui konsa, pou n' ka wè epi pou n' kwè nan ou ? Ki zèv ou fè ? <sup>31</sup> Zansèt nou yo te manje laman nan dezè a, dapre sa ki ekri a : « Li te bay yo manje pen ki sòti nan syèl la. » <sup>32</sup> Men Yéhoshoua di yo : « Amen, Amen, m'ap

## Yohanàn (Jan)

di nou : Moshè (Moyiz) pa t' ban nou pen ki sòti nan syèl la. Men Papa m' ban nou vre pen ki sòti nan syèl la.<sup>33</sup> Paske pen Bondye a se sa ki desann sòti nan syèl la e ki bay mond lan lavi. »<sup>34</sup> Yo te di l' konsa : « Senyè, ban nou toujou pen sa a. »<sup>35</sup> Yéhoshoua di yo : MWEN SE pen ki bay lavi a. Moun ki vin jwenn mwen pap janm grangou, moun ki kwè nan mwen pap janm swaf.<sup>36</sup> Men, m' di nou, nou wè m', men nou pa kwè.<sup>37</sup> Tout sa yo ke Papa ban mwen ap vin jwenn mwen, e m' pap mete deyò sa ki vin jwenn mwen.<sup>38</sup> Paske m' desann sòti nan syel la, pa pou fè volonte m', men volonte moun ki

voye m' lan.<sup>39</sup> Se isit la volonte Papa a ki voye m', ke m' pa pèdi anyen nan tout sa li ban mwen yo, men pou m' resisite l' nan dènye jou a.<sup>40</sup> Se isit la volonte moun ki voye m' lan : nenpòt moun ki poze rega l' sou Pitit la epi ki kwè nan li gen lavi etènèl, e mwen menm, m'ap resiste l' nan dènye jou a.<sup>41</sup> Jwif yo t'ap bougonnen kont li paske l' te di : « Mwen se pen ki desann sòti nan syèl la. »<sup>42</sup> Paske yo t'ap di : « Se pa la Yéhoshoua, pitit gason Yossef (Jozèf) la, ke nou konnen papa l' ak manman l' ? Kòman li fè di : M' desann sòti nan syèl la ? »<sup>43</sup> Yéhoshoua reponn yo li di yo : Pa bougonnen ant

## Yohanàn (Jan)

nou.<sup>44</sup> Pesonn pa ka vin jwenn mwen, si Papa a ki voye m' lan pa tire l' e mwen menm m'ap resisite l' nan dènye jou a.<sup>45</sup> Li ekri nan pwofèt yo : « Yo tout ap anseye sou Bondye. » Se poutèt sa nenpòt moun ki tande Papa a e ki te anseye pa li menm, vin jwenn mwen.<sup>46</sup> Pesonn pa wè Papa a, si se pa moun ki sòti nan Bondye, moun sa a wè Papa a.<sup>47</sup> Amen, amen, m'ap di nou : Moun ki kwè nan mwen gen lavi etènèl.<sup>48</sup> Mwen se pen lavi a.<sup>49</sup> Zansèt nou yo te manje laman nan dezè a, e yo te mouri.<sup>50</sup> Se isit la pen an ki desann sòti nan syèl la, pou si yon moun manje l' li pap mouri.<sup>51</sup> Mwen se pen vivan an ki desann sòti nan syèl la. Si yon moun manje pen sa a, l'ap viv etènèlman, epi pen m'ap bay li a, se chè m' ke m'ap bay pou lavi mond lan.<sup>52</sup> Jwif yo t'ap diskite ant yo, yo t'ap di : « Kòman li kapab ban nou chè l' manje ? »<sup>53</sup> E Yéhoshoua di yo : « Amen, amen m'ap di nou : Si nou pa manje lachè Pitit lèzòm nan e si nou pa bwè san l', nou pap gen lavi nan nou menm.<sup>54</sup> Moun ki manje lachè m' e ki bwè san m' gen lavi etènèl, e m'ap resisite l' nan dènye jou a.<sup>55</sup> Paske chè m' se yon manje epi san m' se vrèman yon bwason.<sup>56</sup> Moun ki manje lachè m' e ki bwè san m' ap rete nan

## Yohanàn (Jan)

mwen, e mwen nan li.<sup>57</sup> Kòm Papa a ki vivan voye m', e m' vivan pa Papa a, konsa moun k'ap manje m' ap viv akòz mwen.<sup>58</sup> Se isit la pen ki desann sòti nan syèl la. Li pa tankou zansèt nou yo ki te manje laman nan epi ki te mouri. Moun k'ap manje pen sa a ap viv etènèlman. »<sup>59</sup> Li di bagay sa yo nan sinagòg la, li t'ap anseye Kapènawòm.<sup>60</sup> Apre yo te fin tande l', anpil nan disip li yo di : « Pawòl sa a rèd, ki moun ki ka koute l' ?<sup>61</sup> Men Yéhoshoua te konnen nan li menm kè disip li yo t'ap bougonnen sou sijè sa a, li di yo : « Èske sa skandalize nou ?<sup>62</sup> Kisa k'ap rive si nou wè Pitit lèzòm nan monte kote

l' te ye anvan an ?<sup>63</sup> Se Lespri a ki bay lavi, lachè pa sèvi anyen. Pawòl m' di nou yo Lespri ak lavi.<sup>64</sup> Men gen kèk pamì nou ki pa kwè. » Konsa, Yéhoshoua te konnen depi konmansman an moun yo ki pa t'ap kwè epi ki moun ki t'ap trayi l' la.<sup>65</sup> Li di yo konsa : « Se poutèt sa m' te di nou pesonn pa ka vin jwenn mwen, si se pa Papa m' ki bay li sa. »<sup>66</sup> Depi lè sa a, anpil nan disip li yo te abandone l' epi yo pa t'mache avè l' ankò.

## Pye rekònèt Yéhoshoua kòm Kris la

<sup>67</sup> E Yéhoshoua di douz yo : « E nou menm, nou pa vle ale tou ? »<sup>68</sup> Men Shim'ôn

## Yohanàn (Jan)

(Simon) Pyè reponn li : « Senyè, ki moun pou n' ale jwenn ? Ou gen pawòl lavi etènèl la.<sup>69</sup> E nou te kwè e nou te konnen ke ou se Kris la, Pitit Bondye vivan an. »<sup>70</sup> Yéhoshoua reponn yo : « Èske se pa mwen ki chwazi, nou douz ? Malgre sa, yon nan nou se yon dyab. »<sup>71</sup> Li t'ap pale sou Yéhouda (Jida) Iskariòt, pitit Shim'ôn (Simon) an, paske se li menm ki te dwe trayi l', menm si li te yon nan douz yo.

### 7 Enkredilité frè Yéhoshoua yo

Apre bagay sa yo, Yéhoshoua t'ap ale toupatou nan Galile, paske li pa t' vle ale toupatou nan

Jide, paske Jwif yo t'ap chache fè l' mouri.<sup>2</sup> Fèt Jwif yo, fèt tabènak la te pwoche.<sup>3</sup> E frè li yo te di l' : « Pati isit la ale nan Jide, pou disip ou yo wè zèv w'ap fè yo.<sup>4</sup> Pesonn pa agi an sekrèt, lè l'ap chache moun konnen l'. Si w'ap fè bagay sa yo, se pou ou montre ou bay mond lan. »<sup>5</sup> Paske frè l' yo nonplis pa t' kwè nan li.<sup>6</sup> E Yéhoshoua di yo : « Tan pa m' pokò vini, men tan pa nou toujou prè.<sup>7</sup> Lemonn pa ka rayi nou, men mwen menm, li rayi m' paske m' temwaye sou li ke zèv li yo move.<sup>8</sup> Nou menm, monte nan fèt sa a ! Pou mwen, m' pokò ap monte paske tan m' pokò akonpli. »<sup>9</sup> Apre li fin

## Yohanàn (Jan)

di yo bagay sa yo, li te rete  
nan Galile.

« Kòman li konnen Ekriti  
yo li menm ki pa etidye ? »

<sup>16</sup> Yéhoshoua reponn yo e li

### Yéhoshoua nan fèt Tabènak yo

di : « Doktrin mwen an, se  
pa nan mwen l' sòti, men  
nan moun ki voye m' lan. <sup>17</sup>

Si yon moun vle fè volonte  
l', l'ap konnen si doktrin  
mwen an se nan Bondye l'  
sòti oubyen si m'ap pale  
pou tèt mwen. <sup>18</sup> Moun k'ap  
pale pou tèt li, ap chache  
laglwa pa l'; men moun  
k'ap chache laglwa moun ki  
voye l' la vre, epi pa gen  
injistis nan li. <sup>19</sup> Èske

Moshè (Moyiz) pa te ban  
nou lalwa ? Poutan, okenn  
nan nou pa obsève lalwa.  
Poukisa n'ap chache fèm  
mouri ? <sup>20</sup> Foul la reponn li :  
« Ou gen yon demon ? Ki  
moun k'ap chache fè ou

<sup>10</sup> Lè frè l' yo te monte, lè  
sa a li te monte li menm  
tout, pa piblikman men an  
sekrèt. <sup>11</sup> Jwif yo t'ap  
chache l' pandan fèt la, e yo  
t'ap di : « Kote l' ye ? » <sup>12</sup>  
Te genyen yon gwo  
chuichui sou li nan mitan  
foul la. Yon t'ap di : « Se  
yon nonm bon. » Men lòt  
t'ap di : « Non, l'ap egare  
foul la. » <sup>13</sup> Men, pesonn pa  
t' pale franchman sou li  
akòz krent yo te gen pou  
Jwif yo. <sup>14</sup> Nan mitan fèt la,  
Yéhoshoua te monte nan  
tanp lan e li t'ap anseye. <sup>15</sup>  
Jwif yo te etone yo t'ap di :

## Yohanàn (Jan)

mouri ? »<sup>21</sup> Yéhoshoua reponn yo li di yo : « Mwen fè yon zèv epi nou tout te etone.<sup>22</sup> Moshè (Moyiz) te ban nou sikonsizyon, li pa te sòti nan Moshè (Moyiz), men nan zansèt yo, nou byen sikonsi yon nonm jou saba a.<sup>23</sup> Si yon nonm resewa sikonsizyon jou saba san ke lalwa Moshè (Moyiz) la pa ranvèse, poukisa nou fache kont mwen paske m' rann yon nonm tout sante l' jou saba a.<sup>24</sup> Pa jije sou laparans menn jije dapre yon jis jjiman. »<sup>25</sup> Lè sa a, kèk moun Yeroushalaim (Jerizalèm) t'ap di : « Se pa li menm yo t'ap chache fè mouri ? »<sup>26</sup> Poutan men l'ap pale librèman e yo pa

di l' anyen ! Èske vreman chèf yo rekonèt ke li se Kris la vre ?<sup>27</sup> Men, nou byen konnen ki kote l' sòti, men lè Kris la ap vini, pesonn pap konnen ki bò l' sòti. »<sup>28</sup> Yéhoshoua t'ap krye nan tanp lan li t'ap anseye, li t'ap di : « Nou konèt mwen e nou konnen ki bò m' sòti ! Mmwen pa vini de mwen menm, men moun ki voye m' lan, li veritab, e nou pa konnen l'.<sup>29</sup> Mwen menm, m' konnen l' paske se nan li m' sòti se li menm ki voye m'. »<sup>30</sup> Yo t'ap chache pran l', men pesonn pa t' mete men sou li paske lè l' pa t' ko rive.<sup>31</sup> Epi anpil pam foul la te kwè nan li, yo t'ap di : « Kris la, lè l'ap vini, èske l'ap prodwi plis siy

## Yohanjan (Jan)

pase sa li menm li te pwodui ?<sup>32</sup> Farizyen yo te tandé foule la t'ap chuichui bagay sa yo sou li. Epi farizyen yo ak chèf prêt yo te voye ofisyé yo pou pran l'.<sup>33</sup> Yéhoshoua di yo : « Mwen la ankò ak nou pou yon ti tan, epi m' prale jwenn moun ki voye m' lan.<sup>34</sup> N'ap chache m', men nou pap jwenn mwen, e nou pa kapab vini kote m' prale a. »<sup>35</sup> Jwif yo t'ap di ant yo : « Ki bò l' prale pou nou pa kapab jwenn li ? Èske li prale pami sa yo ki dispèse kay Greek yo epi èske l'ap anseye Greek yo ?<sup>36</sup> Se ki pawòl sa a li di : N'ap chache m', men nou pap jwenn mwen, nou pap kapab vini kote m'ap ye a

? »<sup>37</sup> Dènye jou a, gran jou fèt la, Yéhoshoua te kanpe li rele : « Si yon moun swaf, se pou l' vin jwenn mwen, epi vin bwè.<sup>38</sup> Moun ki kwè nan mwen, flèv dlo viv yo ap koule sòti nan vant li, kòm Ekriti a di. »<sup>39</sup> Li te di sa sou Lespri ke te dwe resevwa sa yo ki t'ap kwè nan li. Paske Sentespri a pa t' la ankò, paske Yéhoshoua pa t' ankò glorifye.

## Foul la divize akòz Yéhoshoua

<sup>40</sup> Nan foul la, anpil nan sa yo ki te tandé pawòl sa yo, yo t'ap di : « Moun sa a se vrèman Pwofèt la. »<sup>41</sup> Lòt yo t'ap di : « Moun sa a se Kris la. » Lòt yo t'ap di : « Men èske Kris la ap sòti

## Yohanàn (Jan)

nan Galile ? <sup>42</sup> Èske Ekiti a pa di ke Kris la dwe sòti nan posterite David la epi nan vilaj Betleyèm, kote David te sòti a ? » <sup>43</sup> Te vin gen divizyon pami foul la akòz li. <sup>44</sup> Kèk nan yo te vle pran l', men pesonn pa t' mete men sou li. <sup>45</sup> Konsa ofisyé yo te tounen bò chèf prêt yo ak farizyen yo, yo te di yo : « Poukisa nou pa mennen l' ? » <sup>46</sup> Ofisyé yo te reponn : « Janmen yon nonm pa te pale tankou nonm sa a ! » <sup>47</sup> Men farizyen yo reponn yo : Èske nou te egare nou menm tou ? <sup>48</sup> Èske gen yon moun nan chèf yo osinon nan farizyen yo ki te kwè nan li ? <sup>49</sup> Men foul sa a ki pa konnen lalwa a modi. »

<sup>50</sup> Nikodèm ki te vini bò Yéhoshoua nan nwit e ki te yon nan yo, li di yo : <sup>51</sup> Èske lwa nou an jije yon imen san nou pa tandé l' anvan, epi pou n' konnen sa l' fè ? » <sup>52</sup> Yo te reponn li : « Èske ou Galileyen tou ? Egzamine epi wa wè pa gen okenn pwofèt ki sòti nan Galile. <sup>53</sup> E chak moun te ale lakay li.

## 8 Fanm adiltè a

Men Yéhoshoua te ale sou mòn Oliv la. <sup>2</sup> Depi maten, li te ale nan tanpl lan ankò epi tout pep la vin jwenn li. Lè li te chita, li t'ap anseye yo. <sup>3</sup> Lè sa a skrib yo ak farizyen yo te mennen l' yon fanm ke yo te siprann nan fè adiltè, <sup>4</sup> epi

## Yohanàn (Jan)

lè yo mete l' nan mitan pèp la, yo te di l' : « Doktè, yo pran fanm sa a nan fè adiltè.<sup>5</sup> Moshè (Moyiz) te bay lòd nan lalwa a pou lapide sa yo ki nan ka sa ; ou menm kisa ou di nan sa ? »<sup>6</sup> Yo t'ap di sa, pou eprouve l' pou yo te ka akize l'. Men, Yéhoshoua te panche anba, li t'ap ekri avèk dwèt li sou latè a.<sup>7</sup> Epi kòm yo te continye poze l' kesyon, lè li leve, li di yo : « Se pou moun nan nou ki san peche, jete ròch la an premye kont li. »<sup>8</sup> Lè li te bese ankò, li te ekri sou latè a.<sup>9</sup> Men yo menm, lè yo te tandem sa, yo te kondane pa konsyans yo, yo te wete kò yo yon apre lòt, kòmanse pa depi pi aje a jouk dènye a, epi

Yéhoshoua te rete sèl, fanm lan te nan mitan.<sup>10</sup> Lè sa a Yéhoshoua te leve, li te wè ke fanm lan, li di l' : « Fanm, kote akizatè ou yo ? Pesonn pa kondannen ou ? »<sup>11</sup> Li reponn : « Pesonn Senyè. » E Yéhoshoua di l' : « Mwen pa kondannen ou nonplis : ale pa peche ankò. »

## Temwayaj Yéhoshoua

<sup>12</sup> E Yéhoshoua te pale yo ankò, li di : « MWEN SE limyè mond lan. Moun k'ap swiv mwen pap mache nan tenèb yo, men l'ap gen limyè lavi a. »<sup>13</sup> Lè sa a farizyen yo di l' : « Ou rann temwayaj sou ou menm, temwayaj ou pa merite fwa. »<sup>14</sup> Yéhoshoua reponn

## Yohanàn (Jan)

yo e li di yo : « Menm si mwen rann temwayaj sou mwen menm, temwayaj mwen an merite fwa, paske m' konnen ki bò m' sòti, epi ki bò m' prale. Men, nou menm, nou pa konnen ki bò m' sòti, ni ki bò m' prale. <sup>15</sup> Nou jije dapre lachè, men, mwen menm m' pa jije pesonn. <sup>16</sup> Epi si m' jije, jijman m' merite fwa, paske m' pa sèl, men avek mwen Papa a ki voye m'. <sup>17</sup> Li ekri nan lwa nou an ke temwayaj de nonm merite fwa. <sup>18</sup> Mwen rann temwayaj sou mwen menm, epi Papa a ki voye m' lan rann temwayaj sou mwen tou. » <sup>19</sup> Lè sa a li di yo : « Kote Papa ou ye ? » Yéhoshoua reponn : « Nou

pa konnen, ni mwen ni Papa m'. Si nou te konnen m', nou ta konnen Papa m' tou. » <sup>20</sup> Yéhoshoua di pawòl sa, kote yo te mete trezò a, li t'ap anseye nan tanp lan, men pesonn pa t' mete men sou li, paske lè l' pa t' ko rive. <sup>21</sup> Epi Yéhoshoua di yo ankò : « Mwen prale, e n'ap chache m' e n'ap mouri nan peche nou yo. Nou pa kapab ale kote m' prale a. » <sup>22</sup> Jwif yo t'ap di konsa : « Èske l'ap touye tèt li li menm, paske l' di : Nou pa kapab vini kote m' prale a ? » <sup>23</sup> Lè sa a li di yo : « Nou sòti anba, menm mwen sòti anwo. Nou nan moun mond sa a, menm mwen m' pa nan mond sa a.

## Yohanàn (Jan)

<sup>24</sup> Se poutèt sa m'ap di nou, n'ap mouri nan peche nou yo. Paske si nou pa kwè mwen se, n'ap mouri nan peche nou yo. » <sup>25</sup> Lè sa a yo di l' : « Ou menm, ki moun ou ye ? » Yéhoshoua di yo : « Sa m' di nou depi nan kommansman an. <sup>26</sup> M' gen anpil bagay pou m' di sou nou epi pou m' jije nan nou, men moun ki voye m' lan vre, e mwen menm, m' di mond lan sa m' tandé l' di. » <sup>27</sup> Yo pa t' konprann ke li t'ap pale yo sou Papa a. <sup>28</sup> Yéhoshoua di yo konsa : « Lè n'ap leve Pitit lèzòm nan, n'ap konnen ke menm se epi m' pa fè anyen pou kont mwen, men m' di bagay sa yo dapre sa Papa m' anseye m'. <sup>29</sup> Paske

moun ki voye m' lan avèk mwen ; Papa a pa kite m' sèl, paske m' toujou fè sak fè l' plezi. » <sup>30</sup> Pandan l' t'ap di bagay sa yo anpil moun kwè nan li. <sup>31</sup> Yéhoshoua te di Jwif yo ki te kwè nan li : « Si nou rete nan pawòl mwen yo, n'ap vrèman disip mwen. <sup>32</sup> N'ap konnen verite a, e verite a ap rann nou lib. » <sup>33</sup> Yo reponn li : « Nou se posterite Abraram e nou pa te janm esklav pesonn, ki jan ou fè di : N'ap vin lib ? » <sup>34</sup> Yéhoshoua reponn yo : « Amen, amen, m'ap di nou : moun ki pratike peche esklav peche. <sup>35</sup> Esklav la pa rete toujou nan kay la ; pitit la rete pou tout tan. <sup>36</sup> Si Pitit la afranchi nou, n'ap

## Yohanан (Jan)

vrèman lib. <sup>37</sup> Mwen Bondye. » <sup>42</sup> Men  
konnen nou se posterite Abraram, poutan n'ap chache fè m' mouri, paske nou pa resewa pawòl mwen nan kè nou. <sup>38</sup> M'ap di nou sa m' wè ka Papa m', e nou menm tou nou fè bagay ke nou wè ka papa nou. » <sup>39</sup> Yo reponn e yo di l' : « Papa nou se Abraram. » Yéhoshoua di yo : « Si nou te pitit Abraram, nou ta fè zèv Abraram yo. <sup>40</sup> Men kounye a, m'ap chache fèm mouri, mwen, yon nonm ki di nou verite a ke m' tande nan Bondye. Sa a, Abraram pa te fè l'. <sup>41</sup> N'ap fè zèv Papa nou. » E yo di l' : « Nou pa fèt nan yon relasyon seksyèl illicit ; nou gen yon sèl papa, se

Bondye. » <sup>42</sup> Men  
Yéhoshoua di yo : « Si  
Bondye te Papa nou,  
sètènman nou ta renmen  
m', paske se nan Bondye  
m' sòti e m'ap vini. Mwen  
pa vini pou kont mwen,  
men se li menm ki voye m'.  
<sup>43</sup> Poukisa nou pa konprann  
langaj mwen ? Se paske  
nou pa kapab koute pawòl  
mwen. <sup>44</sup> Papa kote nou sòti  
a se dyab la, e nou vle  
akonpli dezi papa nou. Li te  
yon ansasen depi  
konmansman an e li pa te  
pèsevere nan verite a, paske  
verite a pa nan li. Chak fwa  
l'ap bay menti, li pale de sa  
ki nan fon l', paske li se yon  
mantè e li se papa manti. <sup>45</sup>  
Men pou mwen, paske m'  
di verite a, nou pa kwè m'.

## Yohanàn (Jan)

<sup>46</sup> Kilès nan nou ap ka konvenk mwen ke m' peche ? Si m' di verite a, poukisa nou pa kwè m' ? <sup>47</sup> Sa ki moun Bondye, tande pawòl Bondye. Men nou menm, nou pa tande m' paske nou pa sòti nan Bondye. <sup>48</sup> Lè sa a Jwif yo reponn li, yo di l' : « Èske nou pa gen rezon di ou se yon Samariten e ou gen yon demon ? » <sup>49</sup> Yéhoshoua reponn : « Mwen pa gen demon, men m' onore Papa m' e nou menm, n'ap dezonore m'. <sup>50</sup> M' pap chache glwa pa m'. Gen yon k'ap chache l' e k'ap jije. <sup>51</sup> Amen, amen, m'ap di nou : Si yon moun kenbe pawòl mwen, li pap wè lanmò, pou tout tan. » <sup>52</sup> Jwif yo di l' konsa :

« Kounye a, nou konnen ou gen yon demon. Abraram mouri e pwofèt yo tou, epi ou w'ap di : Si yon moun kenbe pawòl mwen, li pap goute lanmò, pou tout tan ! <sup>53</sup> Èske ou pi gran pase Papa nou Abraram ki mouri ? Pwofèt yo tou mouri. Ki moun ou fè tèt ou ye ? » <sup>54</sup> Yéhoshoua reponn li : « Si m' glorifye tèt mwen, glwa pa m' pa anyen. Se Papa m' ki glorifye m', li menm ke nou di se Bondye nou an. <sup>55</sup> Sepandan nou pa konnen l', men mwen menm m' konnen l'. E si m' ta di m' pa konnen l', mwen t'ap sanble ak nou : yon mantè. Men, m' konnen l' epi m' kenbe pawòl li. <sup>56</sup> Abraram

## Yohanàn (Jan)

papa nou te tresayi ak jwa,  
paske li t'ap wè jou m' lan.  
Li te wè l' epi l' te rejwi. »  
<sup>57</sup> Sou sa Jwif yo di l' : « Ou  
poko gen senkantan, epi ou  
te wè Abraram ! » <sup>58</sup>  
Yéhoshoua di yo : « Amen,  
amen, m'ap di nou : Anvan  
Abraram vin egziste,  
MWEN SE. » <sup>59</sup> Lè sa a, yo  
pran wòch pou yo jete kont  
li, men Yéhoshoua te kache  
epi li sòti nan tanp lan, li te  
pase nan mitan yo. E se  
konsa l' te ale.

### 9 Yéhoshoua geri yon nonm fèt avèg

Lè li t'ap pase, li te wè  
yon nonm ki te fèt avèg. <sup>2</sup> E  
disip li yo poze l'kesyon, yo  
di l' : « Rabi, ki moun ki  
peche ? Se li menm oubye

papa l' oubyen manman l',  
pou l' ka fèt avèg ? » <sup>3</sup>  
Yéhoshoua reponn : « Ni li  
menm, ni papa l', ni  
manman pa peche, men se  
pou zèv Bondye yo ka  
manifeste nan li. <sup>4</sup> Fòk m' fè  
pendan l' fè jou, zèv moun  
ki voye m' lan. Lanwit ap  
vini, kote pesonn pap ka  
travay. <sup>5</sup> Pendan m' nan  
mond lan, m' se limyè  
mond lan. » <sup>6</sup> Lè li di pawòl  
sa yo, li krache atè, li fè  
labou ak krache l', e li mete  
labou sa a sou je avèg la. <sup>7</sup> E  
li di : « Ale epi lave ou nan  
rezèvwa Siloe a » (Sa ki  
entèprete pa voye). Li ale  
konsa, li te lave l' e l'  
tounen, li te wè klè. <sup>8</sup>  
Voizin yo ak sa yo ki te  
konn wè l' anvan lè l' te

## Yohanjan (Jan)

avèg, t'ap di : « Se pa li menm ki te avèg epi ki t'ap mande lacharite a ? »<sup>9</sup> Yon t'ap di : « Se li menm. » Lòt yo t'ap di : « Li sanble l'. » Men li menm li t'ap di : « Se mwen menm. »<sup>10</sup> Yo di l' konsa: « Kòman je ou yo fè louvri ? »<sup>11</sup> Li reponn e li di : « Nonm yo rele Yéhoshoua a, te fè labou e li mete l' sou je m', e li di m' : « Ale nan rezèvwa Siloe a epi lave ou. Mwen te ale, m' lave m' e m' wè. »<sup>12</sup> Lè sa a yo di l' : « Kote nonm sa a ye ? » Li reponn : « Mwen pa konnen. »<sup>13</sup> Yo te mennen bay farizyen yo moun ki anvan an te avèg.<sup>14</sup> Se te yon jou saba ke Yéhoshoua te fè labou e li te louvri je

l'.<sup>15</sup> Se poutèt sa farizyen yo te mande l' ankò, kòman li te fè wè. E li di yo : « Li mete labou sou je m' yo, e m' lave m' e m' wè. »<sup>16</sup> Sou sa kèk nan farizyen yo di : « Nonm sa a pa sòti nan Bondye paske li pa obsève saba a. » Men, lòt yo t'ap di : « Kòman yon nonm peche kapab pwodui siy konsa ? » Te vin gen divizyon pami yo.<sup>17</sup> Yo di avèg la ankò : « Ou menm, kisa ou di sou li, sou sa li louvri je ou ? Li reponn : « Se yon pwofèt. »<sup>18</sup> Men, Jwif yo pa t' kwè ke nonm sa a te avèg, e ke li te vin wè, jouk lè yo fè rele papa ak manman moun ki te wè a.<sup>19</sup> Yo te poze yo kesyon, yo di : « Èske se pitit gason

## Yohanjan (Jan)

nou an ke nou di li fêt avèg ? Ki jan li fè wè kounye a ? »<sup>20</sup> Papa l' a ak manman l' reponn e yo di : « Nou konnen ke se li ptit gason nou an e li fêt avèg. »<sup>21</sup> Men, kòmann l' fè wè kounye a, oubyen kimoun ki louvri je l', nou pa konnen. Li gen laj, poze l' kesyon, l'ap pale sou sa ki gade l'. »<sup>22</sup> Papa l' ak manman l' di bagay sa yo paske yo te gen krent pou Jwif yo. Vrèman vre, Jwif yo te déjà tonbe dakò ke si yon moun te konfese ke Yéhoshoua se Kris la, li t'ap eskli nan sinagòg la.<sup>23</sup> Pou rezon sa a papa l' ak manman l' te di : « Li gen laj poze l' kesyon li menm. »<sup>24</sup> Yo te rele yon

dezyèm fwa, nonm lan ki te avèg la, e yo di l' : « Bay Bondye glwa ! Nou konnen nonm sa a se yon pechè. »<sup>25</sup> Li reponn : « Mwen pa konnen si se yon pechè ; mwen konnen yon bagay, mwen te avèg e kounye a mwen wè. »<sup>26</sup> Yo te di ankò : « Kisa l' fè ou ? Kòman li louvri je ou yo ? »<sup>27</sup> Li reponn yo : « Mwen déjà di nou, e nou pa koute, poukisa nou vle tande l' ankò ? Nou vle disip li tou ? »<sup>28</sup> Lè sa a yo joure l', yo di l' : « Ou menm ou se disip li ! Nou menm, nou se disip Moshè (Moyiz). »<sup>29</sup> Nou konnen Bondye te pale Moshè (Moyiz), men li menm, nou pa konnen ki bò l' sòti. »<sup>30</sup> Nonm lan

## Yohanjan (Jan)

reponn, e li di : « Men sa ki etonan, ke nou pa konnen ki bò l' sòti, paske se li ki louvri je m' yo ! <sup>31</sup> Nou konnen Bondye pa egzose pechè yo, men si yon moun gen respekte pou Bondye, e li fè volonte l'ap egzose l'. <sup>32</sup> Nou poko janm tandem di yon moun louvri je yon moun ki fèt avèg. <sup>33</sup> Si li pa t' Bondye, li pa ta ka fè anyen. <sup>34</sup> Yo reponn li : « Ou fèt antyèman nan peche, epi ou w'ap anseye nou ! » Epi yo te jete l' deyò.

### Nonm fèt avèg la adore Yéhoshoua

<sup>35</sup> Yéhoshoua te aprann ke yo te chase l' deyò. Lè l' te renkontre l', li di l' : « Èske

ou kwè nan Pitit Bondye a ? » <sup>36</sup> Li reponn li di : « Ki moun li ye Senyè, pou m' ka kwè nan li ? » <sup>37</sup> Yéhoshoua di l' : « Ou wè l', e se li menm k'ap pale avèk ou la. » <sup>38</sup> Lè sa a li di : « Mwen kwè Senyè. » E li te adore l'. <sup>39</sup> E Yéhoshoua di : « Mwen te vin nan mond lan pou egzèse jijman an, pou moun yo ki pa wè wè, epi sa yo ki wè vin avèg. » <sup>40</sup> Kèk farizyen ki te avèk li, lè yo tandem pawòl sa a, yo di : « E nou menm, èske nou avèg tou ? » <sup>41</sup> Yéhoshoua reponn yo : « Si nou te avèg, nou pa ta gen peché. Men kounye a n'ap di : Nou wè. Se akòz sa peche nou yo rete. »

## Yohanan (Jan)

### 10 Yéhoshoua, Bon bèje a

« Amen, amen, m'ap di nou : Moun ki pa antre nan pòt la nan pak brebi yo, men ki monte yon lòt kote, se yon vòlè ak yon brigan.<sup>2</sup> Men, moun ki antre nan pòt la, se bèje brebi yo.<sup>3</sup> Gadyen pòt la louvri pou li, brebi yo tande vwa l', li rele pwòp brebi l' yo ak non pa yo, e li kondui yo deyò.<sup>4</sup> Lè l' fè sòti tout brebi l' yo, li mache devan yo e brebi yo swiv li paske yo konnen vwa l'.<sup>5</sup> Men, yo pap swiv yon etranje, okontré y'ap fui byen lwen l', paske yo pa konnen vwa etranje a. »<sup>6</sup> Yéhoshoua di yo parabòl sa a, men yo pa t' konprann sa l' te di yo.<sup>7</sup> Yéhoshoua di yo ankò : « Amen, amen,

m'ap di nou : MWEN SE pòt brebi yo.<sup>8</sup> Tout sa yo ki te vin anvan m', se brigan ak vòlè, men brebi yo pa t' koute yo.<sup>9</sup> Mwen se pòt la. Si yon moun antre pa mwen l'ap sove. L'ap antre e l'ap sòti, e l'ap jwenn patiraj.<sup>10</sup> Vòlè a vini, ke pou l' vòlè, touye, epi detwi. Mwen menm, mwen vini pou l' ka gen lavi, epi pou yo genyen l' an abondans.<sup>11</sup> MWEN SE bon bèje a. Bon bèje a bay vi li pou brebi l' yo.<sup>12</sup> Men mèsenè a ki pa bèje a, se pa pou li brebi yo ye, lè l' wè lou a vini, li abandone brebi yo e li pran fuit, epi lou a volè epi l' gaye brebi yo.<sup>13</sup> Konsa mèsenè pran fuit, paske li se yon mèsenè e li pa gen sousi brebi yo ?

## Yohanàn (Jan)

<sup>14</sup> Mwen se bon bèje a. Mwen konnen sa yo ki pou mwen yo e sa yo ki pou mwen yo konnen m', <sup>15</sup> kòm Papa a konnen m', mwen konnen Papa a tou, e mwen bay lavi m' pou brebi m' yo. <sup>16</sup> Mwen gen ankò lòt brebi ki poko nan pak sa a. Sa yo tou, fòk mwen mennen yo ; y'ap tande vwa m' y'ap tounen yon sèl twoupo, yon sèl bèje. <sup>17</sup> Papa a renmen m', paske m' bay lavi m' pou m' ka repran li. <sup>18</sup> Pesonn pap wete m' li, men mwen menm mwen bay li de mwen menm. Mwen gen pouvwa pou m' bay li, m' gen pouvwa reprann li. Mwen resevwa lòd sa de Papa m'. » <sup>19</sup> Te vin gen

divizion ankò nan mitan Jwif yo akòz diskou sa yo. <sup>20</sup> Paske anpil nan yo t'ap di : « Li gen yon demon, li fou ! Poukisa n'ap koute l' ? <sup>21</sup> Lòt yo t'ap di : « Se pa pawòl yon demonyak. Èske yon demon kapab louvri je avèg yo ? »

## Yéhoshoua afime divinite I'

<sup>22</sup> Yo t'ap fete fèt dedikas la nan Yeroushalaim (Jerizalèm), e se te ivè. <sup>23</sup> Yéhoshoua t'ap pwonmennen nan tanp lan nan pòt Salomon an. <sup>24</sup> Jwif yo te antoure l', e yo di l' : « Jouk kilè w'ap kenbe nanm nou nan suspens ? Si ou se Kris la, di l' franchman. » <sup>25</sup> Yéhoshoua

## Yohanàn (Jan)

reponn : « Mwen di nou l', e nou pa kwè l'. Zèv m' fè nan Non Papa m' rann temwayaj sou mwen. <sup>26</sup> Men, nou pa kwè paske nou pa nan brebi m' yo, kòm m' di nou. <sup>27</sup> Brebi m' yo tande vwa m', m' konnen yo epi yo swiv mwen. <sup>28</sup> E mwen menm m' ba yo lavi etènèl, yo pap janm peri, epi pesonn pap ka rache yo nan men m'. <sup>29</sup> Papa m' te ki ban mwen yo pi gran pase tout moun ; pesonn pa ka rache yo nan men Papa m'. <sup>30</sup> Mwen menm ak Papa a, nou fè yon. » <sup>31</sup> Lè sa a Jwif yo prann wòch ankò pou lapide l'. <sup>32</sup> E Yéhoshoua di yo : « Mwen fè nou wè anpil bon zèv Papa m' : Pou kilès ladan yo n'ap lapide m' ? » <sup>33</sup> Jwif yo reponn li, yo di l' : « Nou pa lapide ou pou kèk bon zèv, men pou yon blasfeme, e paske ou se yon nom epi w'ap fè tèt ou tounen Bondye. » <sup>34</sup> Yéhoshoua reponn yo : « Èske li pa ekri nan lwa nou an : Mwen di : Nou se bondye yo ? <sup>35</sup> Si yo te rele « bondye » sa yo pou ki pawòl la te bay, Ekriti a pa ka ranvèse, <sup>36</sup> poukisa n'ap di m' blasfeme, mwen menm, ke Papa a sanktifye epi voye nan mond lan, paske m' di : Mwen se ptit Bondye ? <sup>37</sup> Si m' pa te fè zèv Papa m', pa kwè m'. <sup>38</sup> Men, si m' fè yo, e si nou pa vle kwè m', kwè nan zèv sa yo, pou nou ka konnen e pou nou kwè ke Papa a nan

## Yohanàn (Jan)

mwen,e mwen nan li. »<sup>39</sup> Akòz sa, yo t'ap chache ankò pou yo te pran l', men li te chape anba men yo.<sup>40</sup> Li te ale ankò lòt bò Yarden (Jouden) an, kote Yohanàn (Jan) te konn batize a nan kòmansman an, e li te rete la.<sup>41</sup> Anpil moun te vin jwenn li, e yo t'ap di : « Se vre, Yohanàn (Jan) pa t' pwodui okenn siy, men tout sa Yohanàn (Jan) te di sou nonm sa a, se te vre. »<sup>42</sup> Nan kote sa a anpil te kwè nan li.

## 11 Rezireksyon Èl'azar (Laza) moun Betani

Te gen yon malad, Èl'azar (Èl'azar (Laza)), moun Betani, vilaj Myriam ak Mat, sè l'.<sup>2</sup> Se te

Myriam sa a ki te wen Senyè a ak yon pafen e ki te siye pye l' yo ak cheve l', e se te frè l' Èl'azar (Laza) ki te malad.<sup>3</sup> Sèl yo te voye yon moun di l': « Senyè, men moun ou renmen an malad. »<sup>4</sup> Apre l' fin tandé sa, Yéhoshoua di : « Maladi sa a se pa pou lanmò, men li pou laglwa Bondye, pou Pitit Bondye a glorifye nan li. »<sup>5</sup> Yéhoshoua te renmen Mat, sè l' la, ak Èl'azar (Laza).<sup>6</sup> Lè li fin aprann li te malad, li rete de jou ankò kote l' te ye a.<sup>7</sup> E Li di disip li yo : « Ann tounen Jide. »<sup>8</sup> Disip li yo di l': « Rabi pa gen lontan Jwif yo t'ap chache lapide ou, epi ou prale ankò ! »<sup>9</sup> Yéhoshoua reponn : « Èske

## Yohanàn (Jan)

pa gen douzè nan yon jou ? (Didim), di lòt disip yo :  
Si yon moun mache pandan jou a, li pap bite, paske li wè limyè mond lan.<sup>10</sup> Men, « Ann ale tou, pou nou ka mouri ak li. »<sup>17</sup> Yéhoshoua te rive, li te jwenn ke li te déjà depi kat jou nan tonbo a.<sup>18</sup> Betani te pre Yeroushalaim (Jerizalèm), kenz stad anviwon (twa kilomèt).<sup>19</sup> Anpil Jwif te vin jwenn Mat ak Myriam pou konsole yo pou frè yo a.<sup>20</sup> Lè Mat te aprann Yéhoshoua t'ap rive, li ale devan l', men Myriam te rete chita nan kay la.<sup>21</sup> Epi Mat di Yéhoshoua : « Senyè, si ou te isit la, frè m' la pa ta mouri.<sup>22</sup> Men kounye a m' konnen, tout sa w'ap mande Bondye, Bondye ap ba ou l'. »<sup>23</sup> Yéhoshoua di l' : « Frè ou la ap resisite. »<sup>24</sup> Mat di l':

Yéhoshoua te pale sou lanmò l', men yo te panse li t'ap pale sou repo somèy.<sup>14</sup>  
Lè sa a, Yéhoshoua di yo ouvètman : « Èl'azar (Laza) mouri.<sup>15</sup> E m' rejwi akòz nou, paske m' pa t' la, pou nou ka kwè. Men ann ale jwenn li. »<sup>16</sup> Lè sa a, Toma yo te rele Didymos

## Yohanan (Jan)

« M' konnen l'ap resisite lè rezireksyon an nan dènye jou a. »<sup>25</sup> Yéhoshoua di l': « MWEN SE rezireksyon an e lavi. Moun ki kwè nan mwen ap viv menm si l' mouri.<sup>26</sup> Nenpòt moun k'ap viv epi ki kwè nan mwen, pap mouri, janmè. Èske ou kwè sa ? »<sup>27</sup> Li di l': « Wi, Senyè, mwen kwè ou se Kris la, Pitit Bondye a, ki vin nan mond lan. »<sup>28</sup> Lè li fin pale konsa, li ale rele sekrètman Myriam, sè l' la, li di l' : « Doktè a isit la e l'ap rele ou. »<sup>29</sup> Menm lè li tandé sa, li leve byen vit, li ale jwenn li.<sup>30</sup> Yéhoshoua pa t' ankò antre nan vilaj la, men li te kote Mat te kontre l' la.<sup>31</sup> Lè Jwif yo ki te nan kay la avèk Myriam pou

konsole wè l' leve epi sòti rapidman, yo te swiv li, yo t'ap di : « Li pral bò tonm lan pou plere. »<sup>32</sup> Lè Myriam te rive kòte Yéhoshoua te ye a epi li wè l', li te lage kò l' nan pye l', li di l' : Senyè, si ou te isit la, frè m' lan pa ta mouri. »<sup>33</sup> Lè Yéhoshoua wè l' t'ap plere, ak Jwif yo ki te vin avè l', yo t'ap plere tou, li te bay yon serye avètisman nan lespri e li te trouble.<sup>34</sup> E li di : « Ki bò nou mete l' ? » Yo reponn li : « Senyè, vini epi wè. »<sup>35</sup> Epi Yéhoshoua plere.<sup>36</sup> Sou sa, Jwif yo di : « Gade jan li te renmen l'. »<sup>37</sup> Epi, kèk nan yo t'ap di : « Li menm ki te louvri je avèg la, èske li pa t' kapab fè tou ke nonm sa a

## Yohanana (Jan)

pa mouri ? »<sup>38</sup> Lè sa a Yéhoshoua te bay yon serye avètisman nan li menm, li te ale nan tonm lan. Se te yon gwòt te gen yon wòch devan l'.<sup>39</sup> Yéhoshoua di : « Wete wòch la ! » Men Mat, sè mò a, di l' : « Senyè, li santi deja, paske li la depi kat jou. »<sup>40</sup> Yéhoshoua di l' : « Èske m' pa di ou ke si ou kwè, w'ap wè laglwa Bondye ? »<sup>41</sup> Yo te wete wòch la kote mò a te kouche a. Epi Yéhoshoua leve je l' nan syel la, li di : « Papa, m' rann ou gras paske ou egzose m'.<sup>42</sup> Mwen, te konnen byen ou toujou egzose m', men m' di sa akòz foul la ki otou m' nan, pou l' ka kwè ou voye m'.

<sup>43</sup> Lè l' fin di bagay sa yo, li rele ak yon vwa fò : « Èl'azar (Laza), sòti deyò ! »<sup>44</sup> Lè sa a mò a sòti, ak men l' yo epi pye l' yo mare ak bann, epi figi l' te vlope nan yon twal. Yéhoshoua di yo : « Demare l', kite l' ale. »<sup>45</sup> Se pousa anpil Jwif ki te vin jwenn Myriam e ki te wè sa Yéhoshoua te fè a, te kwè nan li.<sup>46</sup> Men, gen ladan yo ki te ale jwenn farizyen yo e yo di yo bagay ke Yéhoshoua te fè.

### Chèf prèt yo ak farizyen yo konplete kont Yéhoshoua

<sup>47</sup> Lè sa a chèf prèt yo ak farizyen yo te rasanble sanedren an, e yo te di :

## Yohanан (Jan)

« Kisa n'ap fè ? Paske nonm sa a pwodui anpil siy.  
<sup>48</sup> Si nou lese l' fè tout moun ap kwè nan li epi Women yo ap vini y'ap detwi kote sa a epi nasyon nou an. »<sup>49</sup> Lè sa a yon ladan yo ki rele Kaiaphas (Kayif), ki te granprèt lanne sa a, di yo : « Nou pa konprann anyen,<sup>50</sup> e nou pa reflechi se nan interè nou ke yon nonm mouri pou pèp la, epi tout nasyon an pa peri. »<sup>51</sup> Li pa te di sa de li menm, men li te granprèt lanne sa a, li pwofetize ke Yéhoshoua te dwe mouri pou nasyon an.<sup>52</sup> Pa sèlman pou nasyon an, men pou l' te rasanble nan yon sèl kò tout pitit Bondye yo ki dispèse.<sup>53</sup> Depi jou sa a, yo

te mete tèt yo ansanm pou fè l' mouri.<sup>54</sup> Se poutèt sa Yéhoshoua te sispann manche ouvètman nan mitan Jwif yo, men li te wete kò l' nan yon rejyon vwazen nan dezè a, nan yon lavil yo rele Efrayim. E li te rete la ak disip li yo.<sup>55</sup> Pak Jwif yo te pwoche. Epi anpil moun nan peyi a te monte Yeroushalaim (Jerizalèm) anvan Pak la, pou yo te ka pirifye.<sup>56</sup> E yo t'ap chache Yéhoshoua, yon t'ap di lòt, pendan yo te nan tanp lan : « Ki sa nou panse ? Èske li pap vini nan fèt la ? »<sup>57</sup> Chèf prèt yo ak farizyen yo te bay lòd ke, si yon moun te konnen kote l' te ye, se pou l' te deklare l', pou yo pran l'.

## Yohanan (Jan)

### 12 Myriam moun Betani vide pafen sou Yéhoshoua

Sis jou anvan Pak la, Yéhoshoua te rive Betani kote Èl'azar (Laza) te ye a, mò li te resisite nan mitan mò yo.<sup>2</sup> Yo te fè la yon soupe pou li, epi Mat t'ap sèvi. Epi Èl'azar (Laza) te yon nan sa yo ki te sou tab avèk li.<sup>3</sup> Lè sa a, Myriam te pran yon liv yon pafen fèt ak na pure ki vo yon gran pri, li te wen pye Yéhoshoua epi l' te siye yo ak cheve l'; epi kay la te ranpli ak odè pafen an.<sup>4</sup> Lè sa a Yéhouda (Jida) Iskariòt, pitit Shim'ôn (Simon), yon nan disip li yo, ki tapral trayi l', di :<sup>5</sup> « Poukisa pafen sa a pa t' vann pou 300 denye epi bay

pòv yo ? »<sup>6</sup> Li te di sa, pa paske li te gen sousi pou pòv yo, men paske li te yon vòlè, se li ki te kenbe bous la, li te konn pran sa yo mete ladan l'.<sup>7</sup> Men, Yéhoshoua di l' : Kite l' ! Li konsève l' pou jou y'ap antere m'.<sup>8</sup> Paske n'ap toujou gen pòv yo avèk nou, men nou pap genyen m' tout tan. »<sup>9</sup> Epi yon gwo foul Jwif te vin konnen li te la, yo vini, pa sèlman akòz Yéhoshoua, men pou wè tou Èl'azar (Laza) ke li resisite nan mitan mò yo.<sup>10</sup> Sou sa chèf prêt yo pran desizyon pou yo fè mouri Èl'azar (Laza) tou,<sup>11</sup> paske anpil Jwif te lese yo, akòz li e yo te kwè nan Yéhoshoua.

## Yohanàn (Jan)

### Antre Yéhoshoua nan Jerizalem

<sup>12</sup> Nan denmen, yon gwo foul ki te vini nan fèt la lè yo te tandé Yéhoshoua t'ap ale Yeroushalaim (Jerizalèm), <sup>13</sup> yo te pran branch palmis, yo te sòti ale devan l', yo t'ap krye : « Hozana ! Benediksyon pou Wa Izrayèl la ki vini nan Non Senyè a ! » <sup>14</sup> Epi Yéhoshoua te jwenn yon ti bourik, li te chita sou li, jan li te ekri a : <sup>15</sup> « Pa pè, pitit fi Siyon ! Men Wa ou a k'ap vini, li chita sou pitit yon bourik. » <sup>16</sup> Disip li yo pa t' konprann tousuit bagay sa yo, men, lè Yéhoshoua te glorifye, yo te vin chonje ke li te ekri sou li, e li te akonpli pou li.

<sup>17</sup> Foul la ki te avèk li, lè l' te rele Èl'azar (Laza) sòti nan tonm lan e lè l' te resiste l' nan mitan mò yo, t'ap rann temwayaj. <sup>18</sup> Foul la te ale devan l', paske l' te tandé di li te pwodui siy sa a. <sup>19</sup> Sou sa farizyen yo di ant yo : « Ou pa wè ou pa genyen anyen ? Men moun pral ale apre l'. » <sup>20</sup> Te gen kèk Grèk nan sa yo ki te monte pou adore pandan fèt la, <sup>21</sup> yo t'ale jwenn Filip ki te moun Betsayda nan Galile, yo te priye l', yo di l' : « Senyè, nou dezire wè Yéhoshoua. » <sup>22</sup> Filip vini e li di Andreas (Andre) sa, epi Andreas (Andre) ak Filip te di Yéhoshoua sa.

## Yohanан (Jan)

### Yéhoshoua krusifiksyon l'

<sup>23</sup> Yéhoshoua reponn yo, li di : « Lè a rive kote Pitit lèzòm nan dwe glorifye. <sup>24</sup> Amen, amen, m'ap di nou : Si gress ble ki tonbe nan latè a pa mouri, l'ap rete sèl ; men si l' mouri, l'ap pote anpil fwi. <sup>25</sup> Moun ki renmen lavi l' ap pèdi l', epi moun ki rayi lavi l' nan mond sa a ap konsève l' pou lavi etènèl. <sup>26</sup> Si yon moun ap sèvi m', se pou l' swiv mwen epi kote m'ap ye a, se la tou sèvitè m' ap ye. Epi si yon moun ap sèvi m', Papa m' ap onore l'. <sup>27</sup> Kounye a, namm mwen trouble. Kisa pou m' di ? Papa, delivre m' anba lè sa a. Men, se pou sa m' vini

**anonse** jouk lè sa a. <sup>28</sup> Papa, glorifye Non ou ! » Lè sa a, yon vwa sòti nan syèl la : « Mwen te glorifye l' e m'ap glorifye l' ankò. » <sup>29</sup> Foul la ki te la e ki te tande t'ap di ke se te yon kout loraj ! Lòt t'ap di : « Yon zanj pale ak li. » <sup>30</sup> Yéhoshoua reponn e li di : « Vwa sa a pa vini pou mwen, men pou nou. <sup>31</sup> Se kounye a jijman mond sa a, kounye a chèf mond sa a ap jete deyò. <sup>32</sup> E mwen menm, lè y'ap leve anlè soutè a, m'ap rale tout moun vin jwenn mwen. » <sup>33</sup> Li t'ap di sa, pou l' te montre yo ki jan li t'ap mouri. <sup>34</sup> Foul la reponn li : « Non te aprann pa lalwa a ke Kris la demere etènèlman. Kòman

## Yohanàn (Jan)

ou ka di se pou Pitit lèzòm nan leve ? Kilès ki se Pitit lèzòm nan ? »<sup>35</sup> Lè sa a Yéhoshoua di yo : « Limyè a ankò avèk nou, pou yon titan : Mache pandan nou gen limyè, pou pè pou tenèb yo pa pran nou, paske moun k'ap mache nan tenèb yo pa konnen kote l' prale.<sup>36</sup> Pendan nou genyen limyè a, kwè nan limye a, pou nou ka timoun limyè. » Yéhoshoua di bagay sa yo, epi li ale e li kache li sòti devan yo.<sup>37</sup> Malgré tout valè siy li te pwodui devan yo, yo pa t' kwè nan li,<sup>38</sup> konsa sa te akonpli pawòl sa a ki te di pa Yesha'yah (Ezayi), pwofèt la : « Senyè, kilès ki te kwè nan predikasyon nou an ? Epi ki

moun ki te gen revelasyon ponyèt Senyè a ? »<sup>39</sup> Se poutèt sa yo pa t' kapab kwè, paske Yesha'yah (Ezayi) te di ankò :<sup>40</sup> « Li fè je yo avèg, li te andisi kè yo, pou pè pou yo pa wè nan je yo, pou yo pa konprann nan kè yo, pou yo pa konvèti epi pou m' pa geri yo. »<sup>41</sup> Yesha'yah (Ezayi) te di bagay sa yo lè l' te wè glwa l', epi l' te pale sou li.<sup>42</sup> Poutan, menm pami chèf yo, anpil te kwè nan li, men, akòz farizyen yo, yo pa t' konfese sa, pou pè pou yo pa eskli yo nan sinagòg la.<sup>43</sup> Paske yo te renmen laglwa imen yo plis pase laglwa Bondye.<sup>44</sup> Yéhoshoua te rele, li di : « Moun ki kwè nan mwen,

## Yohanàn (Jan)

se pa nan mwen l' kwè,  
men nan moun ki voye m'  
lan,<sup>45</sup> epi moun ki wè m',  
wè moun ki voye m' lan.<sup>46</sup>

Mwen menm, limyè a, m'  
vini nan mond lan pou  
nenpòt moun ki kwè nan  
mwen pa demere nan tenèb  
yo.<sup>47</sup> Si yon moun tande  
pawòl mwen yo, epi l' pa  
kwè yo, m' pa jije l', paske,  
m' pa vini pou jije mond  
lan, men pou sove mond  
lan.<sup>48</sup> Moun ki rejte m' e ki  
pa resevwa pawòl mwen  
yo, li gen jije li : pawòl ke  
m' te anonse a se li menm  
k'ap jije l' nan dènye jou a.  
<sup>49</sup> Paske m' pa pale pou  
kont mwen, men, Papa a ki  
te voye m', preskri m' sa  
m' dwe di ak anonse.<sup>50</sup> M'  
konnen kòmandman l' se

lavi etènèl. Bagay yo m'ap  
di nou, m' di yo jan Papa  
m' te di m'. »

## 13 Yéhoshoua lave pye disip li yo

Anvan fèt Pak la,  
Yéhoshoua, te konnen lè l'  
te rive pou l' sòti nan mond  
sa a pou l' ale jwenn Papa  
a, kòm li te renmen moun  
pa l' yo ki te nan mond lan,  
li te renmen yo jouk la fen.

<sup>2</sup> Apre soupe a, dyab la te  
deja mete nan kè Yéhouda  
(Jida) Iskariòt, pitit  
Shim'ôn (Simon) pou l' te  
trayi l',<sup>3</sup> Yéhoshoua te  
konnen Papa a te mete tout  
bagay nan men l', ke li te  
sòti nan Bondye e li t'ap  
tounen jwenn Bondye,<sup>4</sup> li te  
leve nan tab la, li depoze

## Yohanàn (Jan)

rad li yo, li te pran yon lenj, li mare l' nan ren l'.<sup>5</sup> Apre sa, li vide dlo nan yon kivèt, e li te lave pye disip li yo, e li te siye yo ak lenj li te mare nan ren l'.<sup>6</sup> Lè sa a, li rive sou Shim'ôn (Simon) Pyè ki di l' : « Ou menm, Senyè, w'ap lave pye m' ! »<sup>7</sup> Yéhoshoua reponn e li di : « Sa m'ap fè a, ou pa konnen l' kounye a, men w'ap konprann li apre. »<sup>8</sup> Pye di l' : « Ou pap janm lave pye m'. » Yéhoshoua reponn li : « Si m' pa lave ou, ou pap nan pataje avèk mwen. »<sup>9</sup> Shim'ôn (Simon) Pyè di l' : « Senyè pa sèlman pye m' yo, men men m' yo tou ak tèt mwen. »<sup>10</sup> Yéhoshoua di l' : « Moun ki benyen an, li bezwen lave

pye l' ase pou l' ka pure antyèman, e nou menm nou pure, men pa nou tout. »<sup>11</sup> Paske li te konnen moun ki t'ap trayi l' la. Se poutèt sa li te di : « Nou tout pa pure. »<sup>12</sup> Lè l' fin lave pye yo, e ke li reprann rad li yo, li chita nan tab la, li di yo : « Èske nou konprann sa m' fè nou an ? »<sup>13</sup> N'ap rele m' Doktè ak Senyè, e nou byen di, paske se sa m' ye.<sup>14</sup> Si mwen menm ki Senyè a ak Doktè a, m' lave pye nou yo, nou dwe lave pye yon lòt tou,<sup>15</sup> paske m' te ban nou yon egzanz pou nou ka aji menm jan m' te aji pou nou.<sup>16</sup> Amen, amen, m'ap di nou : Esklav la pa pi gran pase mèt li, ni apòt la pa pi gran pase moun ki voye l'

## Yohanàn (Jan)

la. <sup>17</sup> Si nou konnen bagay sa yo nou beni, si nou pratike yo. <sup>18</sup> Mwen pa pale pou nou tout : m' konnen sa yo ke m' chwazi. Men, fòk Ekriti a akonpli : Moun ki manje pen an avè m', leve talon l' kont mwen. <sup>19</sup> M'ap di nou déjà kounye a, anvan sa rive, pou lè sa ap rive nou ka kwè mwen se. <sup>20</sup> Amen, amen m'ap di nou : Moun ki resevwa moun mwen voye a resevwa m', e moun ki resevwa m', resevwa moun ki voye m' lan. »

nan lespri l', li rann temwayaj e li di : « Amen, amen m'ap di nou, yon nan nou pral trayi m'. » <sup>22</sup> Lè sa a disip yo, t'ap gade yo yon lòt, yo pa t' konnen sou ki moun li t'ap pale. <sup>23</sup> Yon nan disip yo, sa ke Yéhoshoua te renmen an, te sou tab la li te kouche sou pwatrin Yéhoshoua. <sup>24</sup> Shim'ôn (Simon) Pyè fè l' siy e li di : « Mande sou ki moun l'ap pale. » <sup>25</sup> Li menm, li te panche sou pwatrin Yéhoshoua, li di : « Senyè, kilès sa a ? » <sup>26</sup> Yéhoshoua reponn li : « Se moun m'ap bay moso ki tranpe a. » Lè li tranpe moso a, li bay Yéhouda (Jida) Iskariòt li, pitit Shim'ôn (Simon). <sup>27</sup> Apre

### Yéhoshoua anonse trayizon Yéhouda (Jida) ak Pyè ki renye l'

<sup>21</sup> Lè Yéhoshoua fin di bagay sa yo, li te touche

## Yohanana (Jan)

moso a Satan antre nan li. Yéhoshoua di l' : « Sa w'ap fè a, fè l' pi vit. »<sup>28</sup> Men okenn nan sa yo ki te sou tab la pa te konprann poukisa l' te di sa.<sup>29</sup> Kèk nan yo te panse ke kòm Yéhouda (Jida) te gen bous la, Yéhoshoua t'ap di l' : « Achte sa ki nesesè pou nou pou fèt la », oubyen : bay pòv yo kichòy. »<sup>30</sup> Lè li resevwa moso a, li sòti imedyatman. Se te lannwit.<sup>31</sup> Lè l' fin sòti, Yéhoshoua di : « Kounye a Pitit lèzòm nan glorifye, epi Bondye glorifye nan li.<sup>32</sup> Si Bondye glorifye nan li, Bondye tou ap glorifye l' nan li menm, e l'ap glorifye l' imedyatman.<sup>33</sup> Pitit mwen yo, mwen la pou yon ti tan

ankò avèk nou. N'ap chache m' ; men, kòm m' te di Jwif yo : Nou pa kapab vini kote m' pral a, m'ap di nou sa kounye a tou.<sup>34</sup> M'ap ban nou yon novo kòmandman : Renmen nou yon lòt. Kòm mwen renmen nou, nou menm tou, se pou nou renmen nou yon lòt.<sup>35</sup> Se konsa tout moun ap konnen nou se disip mwen, si nou gen lanmou yon pou lòt.<sup>36</sup> Shim'ôn (Simon) Pyè di l' : Senyè, ki bò ou prale ? » Yéhoshoua reponn li : « Kote m' prale a ou pa ka swiv mwen kounye a, men, w'ap swiv mwen pita. »<sup>37</sup> Pyè di l' : « Senyè, poukisa m' pap kapab swiv ou kounye a ? Mwen ta bay lavi m' pou ou. »<sup>38</sup>

## Yohanан (Jan)

Yéhoshoua reponn li : « Ou t'ap bay lavi ou pou mwen ? Amen, amen, m'ap di ou, kòk la pap chante, w'ap renye m' twa fwa. »

### 14 Yéhoshoua se Chemen an, Verite a ak Lavi a

« Se pou kè nou pa trouble. Nou kwè nan Bondye, kwè nan mwen tou. <sup>2</sup> Gen anpil kote pour rete nan kay Papa m'. Si se pa t' sa, m' ta di nou. Mwen pral prepare yon plas pou nou. <sup>3</sup> Lè m' fin ale e m' fin prepare yon plas pou nou, m'ap tounen ankò, e m'ap pran nou avè m', konsa, kote m' ye a n'ap la tou. <sup>4</sup> Nou konnen kote m' prale, e nou konnen chemen an. » <sup>5</sup> Toma di l' : « Senyè, nou

pa konnen kote ou prale, kòman nou ta ka konnen chemen an ? » <sup>6</sup> Yéhoshoua di l' : MWEN SE chemen an, verite a ak lavi a. Pesonn pa ka vin jwenn Papa a si li pa pase nan mwen. »

### Papa a ak Pitit la yon

<sup>7</sup> « Si nou te konnen m', nou ta konn Papa m' tou. Men, depi kounye a nou konnen l' e nou wè l'. » <sup>8</sup> Filip di l' : « Senyè, montre nou Papa a, sa ap sifi nou. » <sup>9</sup> Yéhoshoua reponn li : « Mwen depi si lontan avèk nou, epi ou pokonnan m' Filip ! Moun ki wè m', wè Papa a. Kòman ou di : Montre nou Papa a ? <sup>10</sup> Gen lè ou pa kwè m' nan Papa a

## Yohanàn (Jan)

epi Papa a nan mwen ? Pawòl m' di nou yo, m' pa di yo mwen menm menm ; men Papa a ki rete nan mwen se li menm ki fè zèv yo. <sup>11</sup> Kwè m' : M' nan Papa a epi Papa a nan mwen. Osinon, kwè nan mwen akòz zèv yo ! <sup>12</sup> Amen, amen, m'ap di nou : Moun ki kwè nan mwen ap fè zèv m'ap fè yo, e l'ap fè pi gwo pase sa yo, paske m' prale jwenn Papa m'. <sup>13</sup> Tout sa n'ap mande nan Non m', m'ap fè l' pou Papa a ka glorifye nan Pitit la. <sup>14</sup> Si nou mande nan Non m', m'ap fè l'. »

### Sentespri a, Defansè a

<sup>15</sup> « Si nou renmen m', kenbe kòmandman m' yo.

<sup>16</sup> E mwen men, m'ap prye Papa a e l'ap bay nou yon lòt Defansè, pou rete avèk nou etènèlman, <sup>17</sup> Lespri verite a ke lemonn pa ka resevwa paske l' pa wè l' e l' pa konnen l'. Men nou menm, nou konnen l' paske l' rete avèk nou epi l'ap nan nou. <sup>18</sup> Mwen pap kite nou òfelen, m'ap vin jwenn nou. <sup>19</sup> Nan yon ti tan ankò, lemonn pap wè m' ankò ; men nou menm, nou wè m' paske m'ap viv, nou menm tou n'ap viv. <sup>20</sup> Nan jou sa a, n'ap konnen ke m' nan Papa a, e nou menm nou nan mwen, epi mwen menm nan nou. <sup>21</sup> Moun ki gen kòmandman m' yo e ki kenbe yo, se moun ki renmen m' ; epi moun ki

## Yohanàn (Jan)

renmen m' Papa m' ap  
renmen l', m'ap renmen l',  
epi mwen men m'ap fè l'  
wè m'. »<sup>22</sup> Jid, se pa  
Iskariòt la, di l' : « Senyè,  
kisa ki rive pou ou vle fè  
nou wè ou e pa mond lan  
? »<sup>23</sup> Yéhoshoua reponn e li  
di : « Si yon moun renmen  
m', l'ap kenbe pawòl  
mwen, epi Papa m' ap  
renmen l', n'ap vin jwenn li  
e n'ap fè kay nou nan li.<sup>24</sup>  
Moun ki pa renmen m', pa  
kenbe pawòl mwen yo. Epi  
pawòl n'ap tande yo se pa  
pa m', men se pa Papa a ki  
voye m'.<sup>25</sup> Mwen di nou  
bagay sa yo pendan m' la  
avèk nou.<sup>26</sup> Men Defansè  
a, Sentespri a ke Papa a ap  
voye nan Non m', li menm,  
l'ap anseye nou tout bagay  
yo, l'ap fè nou chonje tout  
sa m' te di nou. »

## Mesi a bay lapè

<sup>27</sup> « M' lese nou lapè, m'  
bay nou lapè m'. Mwen pa  
bay nou jan lemonn bay la.  
Se pou kè nou pa trouble  
epi pa enkyete.<sup>28</sup> Nou te  
tande m' di nou : M' prale  
epi m'ap vin jwenn nou. Si  
nou renmen m', nou ta  
kontan paske m' di : M'  
prale jwenn Papa a, paske  
Papa a pi gran pase m'.<sup>29</sup>  
Kounye a m' di nou anvan  
sa a rive, pou lè l' rive, nou  
ka kwè.<sup>30</sup> M' pap pale anpil  
ankò avèk nou, paske chèf  
mond sa a ap vini, li pa gen  
anyen nan mwen.<sup>31</sup> Men,  
pou lemonn konnen ke m'  
renmen Papa a epi m' fè sa

## Yohanàn (Jan)

Papa m' te kòmande m', rezen an, nou se branch yo.  
ann leve, ann pati isit la. » Moun ki demere nan mwen,

### 15 Pye rezen an ak branch yo

« MWEN SE veritab  
pye rezen an, e Papa m' se kiltivatè jaden rezen an.<sup>2</sup> Tout branch yo ki, nan mwen, pa pote fwi, li weteyo ; epi tout sa yo ki pote fwi, li taye yo pou yo ka pote plis fwi ankò.<sup>3</sup> Nou dejà pure, akòz pawòl mwen te fè nou tandé a.<sup>4</sup> Demere nan mwen, e mwen menm nan nou. Kòm branch la pa ka bay fwi pou kont li, si li pa demere atache nan pye rezen an, konsa nou pap kapab nonplis, si nou pa demere nan mwen.<sup>5</sup> Mwen se pye rezen an, nou se branch yo.  
Moun ki demere nan mwen, e mwen menm nan li, moun sa a ap pote anpil fwi, paske san mwen nou pa kapab pwodui anyen.<sup>6</sup> Si yon moun pa demere nan mwen, li jete deyò, tankou branch yo epi l'ap cheche ; epi yo ranmase l', yo jete l' yo nan dife, e li boule.<sup>7</sup> Si nou demere nan mwen, epi pawòl mwen yo demere nan nou, n'ap mande sa nou vle epi sa ap rive nou.<sup>8</sup> Papa m' glorifye nan sa : se pou nou pote anpil fwi, e n'ap vin disip mwen lè sa a.<sup>9</sup> Kòm Papa a renmen m', konsa m' renmen nou. Demere nan lanmou m'.<sup>10</sup> Si nou kenbe kòmandman m' yo, n'ap demere nan

## Yohanан (Jan)

lanmou m', jan m' te kenbe kòmandman Papa m' e m' demere nan lanmou l'.<sup>11</sup> Mwen di nou bagay sa yo, pou lajwa m' demere nan nou epi pou lajwa nou ka pafè.<sup>12</sup> Men kòmandman m' : Se pou nou renmen nou yon lòt, jan m' te renmen nou.<sup>13</sup> Pesonn pa gen pi gran lanmou ke moun ki bay lavi l' pou zanmi l'.<sup>14</sup> Nou se zanmi m' si nou fè tout sa m' kòmande nou.<sup>15</sup> Mwen pa rele nou esklav ankò, paske esklav la pa konnen sa mèt li ap fè, men m' rele nou zanmi paske m' fè nou konnen tout sa m' aprann ak Papa m'.<sup>16</sup> Se pa nou menm ki chwazi m', men mwen menm, m' chwazi

nou, mwen etabli nou pou n' ka ale, pou n' ka pwodui fwi epi pou fwi nou demere, konsa, tout sa n'ap mande Papa a nan Non m', l'ap ban nou l'.<sup>17</sup> Sa m' kòmande nou, se pou nou renmen nou yon lòt. »

## Hèn mond lan anvè Kris ak disip li yo

<sup>18</sup> « Si lemonn rayi nou, konnen l' rayi m' anvan nou.<sup>19</sup> Si nou te moun mond lan, lemonn lan ta renmen sa ki pou li. Men, paske nou pa moun mond lan epi m' chwazi nou andeyò mond lan, akòz sa lemonn rayi nou.<sup>20</sup> Chonje pawòl m' te di nou an : Esklav la pa pi gran pase mèt li. Si yo pèsekite m',

## Yohanàn (Jan)

y'ap pèsekite nou tou ; si yo te kenbe pawòl mwen, y'ap kenbe pawòl nou yo tou.<sup>21</sup> Men, y'ap fè nou tout bagay sa yo akòz Non m', paske yo pa konnen moun ki voye m' lan.<sup>22</sup> Si m' pa t' vini, e m' pa t' pale yo, yo pa ta gen peché, men konye a yo pa gen pretèks pou peche yo.<sup>23</sup> Moun ki rayi m', rayi Papa m' tou.<sup>24</sup> Si m' pa t' fè nan mitan yo zèv ke okenn lòt pa t' fè, yo pa ta gen peche ; men kounye a, yo wè, e yo rayi e mwen menm, e Papa m'.<sup>25</sup> Men se te pou sa akonpli pawòl ki ekri nan lwa yo a : Yo rayi m'san kòz.<sup>26</sup> Men lè l'ap vini Defansè a ke m'ap voye nou ki sòti nan Papa a, Lespri verite a ki sòti nan

Papa a, l'a rann temwayaj sou mwen.<sup>27</sup> Nou menm tou, n'ap rann temwayaj, paske nou avè m' depi nan konmansman an. »

## 16 Yéhoshoua anonse pèsekisyon disip li yo

« M' di nou bagay sa yo, pou nou pa skandalize.<sup>2</sup> Y'ap chase nou nan sinagòg yo, epi lè a ap vini kote nenpòt moun k'ap touye nou ap panse li rann Bondye yon kilt.<sup>3</sup> Y'ap fè nou bagay sa yo paske yo pa konnen ni Papa a ni mwen.<sup>4</sup> Men, m' di nou bagay sa yo, pou lè lè a rive, pou nou chonje m' te di nou sa. E m' pa te pale nou depi nan kòmansman an, paske m' te avèk nou.<sup>5</sup>

## Yohanjan (Jan)

Men kounye a, m' prale jwenn moun ki te voye m' lan, epi okenn nan nou pa mande m' : « Kote ou prale ? »<sup>6</sup> Men, paske m' di nou bagay sa yo, tristès te ranpli kè nou. »

jijman an, paske chèf mond lan jije. »

## Lespri konvenk mond lan

<sup>7</sup> « Men, m'ap di nou verite a : Li gen plis avantaj pou nou ke m' ale. Paske si m' pa ale, Defansè a pap vin jwenn nou. Men, si m' ale, m'ap voye l' ban nou. <sup>8</sup> E lè l'ap vini, l'ap konvenk lemonn sou peche, sou jistis, sou jijman : <sup>9</sup> sou sijè peche a vrèman vre, paske li pa kwè nan mwen ; <sup>10</sup> sou sijè jistis la, paske m' prale jwenn Papa m' e nou pap wè m' ankò ; <sup>11</sup> sou sijè

## Lespri a ap revele verite a

<sup>12</sup> « Mwen gen ankò anpil bagay pou m' di nou, men nou pa kapab sipòte yo kounye a. <sup>13</sup> Men, lè l'ap vini, li menm, Lespri verite a, l'ap gide nou nan tout verite a, paske li pap pale pou kont li, men l'ap pale sou tout sa l'ap tandé, e l'ap anonse nou bagay yo ki gen pou rive. <sup>14</sup> L'ap glorifye m', paske l'ap pran sa ki pou mwen e l'ap anonse nou li. <sup>15</sup> Tout sa Papa a genyen se pou mwen. Se poutèt sa m' di l'ap pran sa ki pou mwen e l'ap anonse nou li. »

## Yohanàn (Jan)

### Yéhoshoua anonse lanmò l', rezirèksyon l' ak lè l'ap vini

<sup>16</sup> « Yon ti tan e nou pa wè m', epi ankò yon ti tan e n'ap wè m', paske m' prale jwenn Papa m'. » <sup>17</sup> Kèk nan disip li yo di ant yo : « Kisa w'ap di nou : Yon ti tan e nou pa wè, epi ankò yon ti tan e n'ap wè m', paske m' prale jwenn Papa m' ? <sup>18</sup> Yo t'ap di : « Kisa sa siyifi, yon ti tan, ke l'ap pale nou an ? Nou pa wè kisa l'ap pale ? <sup>19</sup>

Yéhoshoua te konnen yo te vle poze l' kesyon, li di yo : « N'ap mande ant nou, sou sa m' di a : Yon ti tan e nou pap wè m', epi ankò yon ti tan e n'ap wè m'. <sup>20</sup> Amen, amen, m'ap di nou : Nou

pral plere epi nou pral plenn, epi lemonn pral rejwi. Nou pral atriste, men tristès nou an pral chanje an jwa. <sup>21</sup> Lè yon fanm akouche, li gen doulè paske lè l' rive, men, lè ptit la fèt, li pa chonje tribilasyon li an ankò, akòz lajwa ke li genyen paske yon imen fèt nan mond lan. <sup>22</sup> Epi nou menm, kounye a nou nan tristès, men m'ap wè nou ankò vrèman vre, epi kè nou pral rejwi, epi pesonn pap wete jwa nou. <sup>23</sup> Nan jou sa a, nou pap poze m' kesyon sou anyen ankò. Amen, amen, m'ap di nou : Tout sa n'ap mande Papa a nan Non m', l'ap ban nou l'. <sup>24</sup> Jouk kounye a nou pokò janm mande anyen

## Yohanàn (Jan)

nan Non m'. Mande epi n'ap resevwa, pou jwa nou ka pafè.<sup>25</sup> M' di nou bagay sa yo an parabòl. Men lè a ap vini, m' pap pale nou ak parabòl ankò, men m'ap anonse nou ouvètman sa ki sou Papa a.<sup>26</sup> Nan jou sa a, n'ap mande nan Non m', e m' pa di ke m'ap lapriyè Papa a pou nou,<sup>27</sup> paske Papa a li menm, li renmen nou, paske nou renmen m' epi nou te kwè m' sòti nan Bondye a.<sup>28</sup> Mwen sòti nan Papa a, e m' vin nan mond lan. Kounye a, m'ap kite mond lan epi m' prale jwenn Papa a »<sup>29</sup> Disip li yo di l' : « Men kounye a, w'ap pale ouvètman e ou pa di anyen an parabòl.<sup>30</sup> Kounye a, nou konnen ou

konn tout bagay ou pa bezwen yon moun poze ou kesyon. Akòz sa, nou kwè ou sòti nan Bondye. »<sup>31</sup> Yéhoshoua reponn yo : « Nou kwè kounye a ? »<sup>32</sup> Men, lè a rive, li déjà rive, kote nou pral gaye, chak moun bò pa yo, e n'ap kite m' pou kont mwen. Men, m' pa pou kont mwen, paske Papa a avèk mwen.<sup>33</sup> M' di nou bagay sa yo, pou nou kapab gen lapè nan mwen. Nou gen tribilasyon nan mond lan. Men, gen kouraj ! Mwen, genyen mond lan. »

## 17 Entèsesyon Mesi a, granprèt la

Lè li fin pale konsa,  
Yéhoshoua te leve je l' nan

## Yohanàn (Jan)

syèl la, e li di : « Papa, lè a rive ! Glorifye Ptit ou, pou Ptit ou a ka glorifye ou,<sup>2</sup> jan ou te ba l' pouvwa sou tout chè, pou l' ka bay lavi etènèl pou tout moun ou te ba li yo.<sup>3</sup> Lavi etènèl, se pou yo konnen ou, ou menm sèl Veritab Bondye a, epi moun ou te voye a, Yéhoshoua Mashiah (Jezikri).<sup>4</sup> Mwen te glorifye ou sou latè a, mwen te fin fè zèv ou ou te ban m' fè a.<sup>5</sup> Kounye a, glorifye m', ou menm Papa, bò kote ou, ak laglwa m' te genyen bò kote ou anvan mond lan te kreye.<sup>6</sup> Mwen te manifeste Non ou bay lèzom yo ke ou te rale nan mond lan pou ban mwen yo. Yo te pou ou, e ou ban

mwen yo, e yo te kenbe pawòl ou.<sup>7</sup> Kounye a, yo konnen ke tout bagay ou te ban m' sòti nan ou.<sup>8</sup> Paske mwen te ba yo pawòl ou te ban mwen yo, yo te resevwa yo, e yo te konnen vrèman ke mwen te sòti nan ou, e yo te kwè ke ou te voye m'.<sup>9</sup> M'ap priye pou yo. Mwen pap priye pou lemonn, men pou sa yo ou te ban mwen, paske yo se pou ou.<sup>10</sup> Epi tout sa ki pou mwen se pou ou, e sa ki pou ou se pou mwen, e m' glorifye nan yo.<sup>11</sup> Epi m' pa nan mond lan ankò, men yo menm yo nan mond lan. Epi mwen menm mwen prale jwenn ou. Papa Sen, kenbe yo nan Non ou te ban mwen, pou yo ka fè yon sèl

## Yohanан (Jan)

tankou nou.<sup>12</sup> Lè m' te avèk yo nan mond lan, mwen te gade yo sètènman nan Non ou te ban mwen. Mwen te gade yo e okenn nan yo pa te pèdi, eksepte ptit pèdisyon an, pou Ekriti a akonpli.<sup>13</sup> Epi kounye a, m'ap vin jwenn ou, epi m' di bagay sa yo nan mond lan, pou yo ka gen lajwa pafè mwen nan yo menm.<sup>14</sup> Mwen te ba yo pawòl ou e mond lan te rayi yo paske yo pa moun mond lan, tankou mwen pa moun mond lan.<sup>15</sup> Mwen pa prye ou wete yo nan mond lan, men prezève yo anba sa ki mal.<sup>16</sup> Yo pa nan mond lan, menm jan mwen menm tou m' pa nan mond lan.<sup>17</sup> Sanktifye yo nan verite ou la ! Pawòl ou se verite.<sup>18</sup> Kòm ou te voye m' nan mond lan, mwen menm tou m' voye yo nan mond lan.<sup>19</sup> E m' sanktifye m' mwen menm pou yo, konsa pou yo menm tou yo ka sanktifye nan verite a.<sup>20</sup> Mwen pa priye sèlman pou yo, men pou sa yo k'ap kwè nan mwen nan Pawòl yo,<sup>21</sup> pou yo tout fè yon sèl, tankou ou menm, Papa, ou nan mwen, e mwen nan ou, pou yo menm tou ka fè yon nan nou, epi pou mond lan kwè se ou ki voye m'.<sup>22</sup> Mwen te ba yo laglwa ke ou te ban m' pou yo ka fè yon sèl menm jan nou fè yon sèl.<sup>23</sup> Mwen nan yo, e ou nan mwen, pou yo ka pafètman fè yon sèl, epi pou lemonn

## Yohanан (Jan)

konnen se ou ki voye m', li yo lòt bò kouran dlo epi ou renmen yo jan ou renmen m'.<sup>24</sup> Papa, dezi m' se pou moun ou ban mwen yo avèk mwen kote m' prale a, pou yo ka kontanple laglwa ou te ban mwen an, paske ou te renmen m' anvan fondasyon mond lan.<sup>25</sup> Papa ki jis, mond lan pa konnen ou, men mwen menm, m' konnen ou, e moun sa yo konnen se ou ki te voye m'.<sup>26</sup> E mwen fè yo konnen Non ou e m'ap fè yo konnen l', konsa pou lanmou ou te renmen m' lan ka nan yo e pou m' nan yo. »

## 18 Jetsemane

Lè li fin di sa,  
Yéhoshoua te ale avèk disip

## Arestasyon Yéhoshoua

<sup>2</sup> Yéhouda (Jida), ki t'ap trayi l', te konnen kote sa a tou, paske Yéhoshoua te konn reyini la souvan ak disip li yo. <sup>3</sup> Yéhouda (Jida) te pran yon gwop sòlda ansanm ak ofisyè yo, ki te voye pa chèf prêt yo ak farizyen yo, yo te rive ak tòch, lanp epi zam. <sup>4</sup> Yéhoshoua te konnen tout sa ki te t'ap rive l', li avanse e li di yo : « Ki moun n'ap chache ? » <sup>5</sup> Yo reponn li : « Yéhoshoua, Nazareyen an. » Yéhoshoua di yo : « Mwen menm, mwen se. »

## Yohanan (Jan)

Yéhouda (Jida), ki t'ap trayi l' la, te la avèk yo.<sup>6</sup> Apre Yéhoshoua fin di yo : « Mwen menm, mwen se », yo te fè bak, yo tonbe atè.<sup>7</sup> Li te mande yo yon dezyèm fwa : « Ki moun n'ap chache ? » E yo reponn li : « Yéhoshoua, Nazareyen an. »<sup>8</sup> Yéhoshoua reponn : « Mwen di nou mwen menm, mwen se. Si n'ap chache m', kite sa yo ale. »<sup>9</sup> Konsa te akonpli pawòl li te di : « M' pa pèdi okenn nan sa yo ke ou te ban mwen yo. »

## Pye frape Malkis

<sup>10</sup> Lè sa Shim'ôn (Simon) Pyè, ki te gen yon epe, li rale l', li frape yon esklav granprèt la e li koupe zòrèy

dwat li. Esklav sa a te rele Malkis.<sup>11</sup> Men, Yéhoshoua di Pyè konsa : « Remete epe ou la nan fouwo l'. Èske se pa pou m' bwè gode Papa a ban mwen an ? »

## Yéhoshoua devanvan granprèt la

<sup>12</sup> Gwoup sòlda a, kèmandan ak ofisyè Jwif yo te pran Yéhoshoua epi yo te mare l'.<sup>13</sup> Yo mennen l' premyeman kote Chananyah (An), paske li te bòpè Kaïaphas (Kayif) ki te granprèt la lanne sa a.<sup>14</sup> Kaïaphas (Kayif) se te moun ki te bay konsèy sa a bay Jwif yo : « Li gen plis avantaje pou yon sèl monm mouri pou pèp la. »

## Yohanàn (Jan)

### Pyè renye

<sup>15</sup> Shim'ôn (Simon) Pyè ak yon lòt disip t'ap swiv Yéhoshoua. Disip sa a te yon konesans granprèt la, e li te antre ak Yéhoshoua nan lakou granprèt la, <sup>16</sup> men Pyè te deyò nan pòt la. Epi lòt disip la, ki te yon konesans granprèt la, sòti deyò e li te pale ak fanm gadyen pòt la, e li fè Pyè antre. <sup>17</sup> Epi sèvante lan ki te gadyen pòt la di Pyè : « Èske ou pa yon disip nonm sa a tou ? » Li di : « Mwen pa disip li. » <sup>18</sup> Esklav yo ak ofisyè yo ki te la te fè yon pakèt chabon limen, paske li te fè frèt yo t'ap chofe kò yo. Men Pye te la tou ak yo e li t'ap chofe kò l'. <sup>19</sup> Epi granprèt

la te poze Yéhoshoua kesyon sou disip li yo ak sou doktrin li a. <sup>20</sup> Yéhoshoua reponn li : « Mwen te pale ouvètman pou mond lan. M' te toujou anseye nan sinagòg la ak nan tanp lan, kote tout Jwif yo te rasanble, e m' pa te di anyen an sekrèt. <sup>21</sup> Poukisa w'ap poze m' kesyon ? Poze kesyon bay moun yo ki te tande m' sou sa m' te di yo. Men yo menm yo konnen sa m' te di a. » <sup>22</sup> Lè l' di yo bagay sa yo, yon nan ofisyè yo ki te kanpe la, te bay Yéhoshoua yon kou ak baton li a, li di l' : « Èske se konsa w'ap reponn granprèt la ? » <sup>23</sup> Yéhoshoua reponn li : « Si m' pale mal, temwaye sou kisa ki mal.

## Yohanah (Jan)

Men si se byen, poukisa w'ap frape m' ? »<sup>24</sup> Chananyah (An) te voye l' tout mare bay Kaiaphas (Kayif), granprèt la.<sup>25</sup> Epi Shim'ôn (Simon) Pyè te kanpe la, li t'ap chofe. Lè sa a yo di l' : « Èske ou pa nan disip li yo tou ? » Li te nye l', li di : « Mwen pa disip li. »<sup>26</sup> Yon nan esklav granprèt la, ki te paran nonm Pyè te koupe zòrèy la, di : « Èske m' pa t' wè ou nan jaden an avè l' ? »<sup>27</sup> Men Pyè te nye l' ankò. Epi lamem kòk la chante.

## Yéhoshoua parèt devan Pilat

<sup>28</sup> Apre sa, yo te mennen Yéhoshoua sòti kay Kaiaphas (Kayif), nan tant

jeneral la ; se te nan maten. Men, yo pa t'antre yo menm nan tant jeneral la, pou yo pa t' soye pou yo te kapab manje Pak la.<sup>29</sup> Se poutèt sa, Pilat, te sòti vin jwenn yo e li di yo : « Ki akizasyon nou pote kont nonm sa a ? »<sup>30</sup> Yo reponn li, yo di l' : « Si se pa t' yon malfektè, nou pa t'ap livre ou li. »<sup>31</sup> Lè sa a Pilat di yo : « Pran l' nou menm, epi jije l' dapre lalwa pa nou an. » Lè sa a Jwif yo di l' : « Nou pa gen dwa touye yon moun. »<sup>32</sup> Konsa te akonpli pawòl Yéhoshoua a, sa l' te di pou montre ki lanmò li tapral mouri.<sup>33</sup> Pilat te antre ankò nan tant jeneral la a, li te rele Yéhoshoua, li di l' : « Èske

## Yohanàn (Jan)

se Wa Jwif yo ? »<sup>34</sup> temwayaj sou verite a.  
Yéhoshoua reponn li : « Èske se pou kont ou, ou di  
sa, osinon èske se lòt ki di  
ou sa sou mwen ? »<sup>35</sup> Pilat  
reponn li : « Èske m' se yon  
Jwif mwen menm ? Nasyon  
ou ak chèf prêt yo livre ou  
ban mwen ? Kisa ou fè ? »  
<sup>36</sup> Yéhoshoua reponn :  
« Wayòm mwen an pa nan  
mond sa a. Si Wayòm  
mwen an te nan mond sa a,  
sèvitè m' yo ta goumen pou  
mwen pou m' pa livre bay  
Jwif yo. Men kounye a  
Wayòm mwen an pa isit la  
anba. »<sup>37</sup> Lè sa a, Pilat di  
l' : « Èske ou se wa a ?  
Yéhoshoua reponn : « Ou di  
l', mwen Wa. Mwen fêt pou  
sa, e se pou sa m' vini nan  
mond lan, pou m' rann

Nenpòt moun ki nan verite  
tande vwa m'. »<sup>38</sup> Pilat di  
l' : « Kisa ki verite a ? » Lè  
l' fin di sa, li sòti ankò ale  
jwenn Jwif yo, e li di yo :  
« Mwen pa jwenn okenn  
krim nan li. »<sup>39</sup> Kòm nan  
mitan nou se yon koutim ke  
m' lage yon moun lè Pak la,  
èske nou vle m' lage Wa  
Jwif yo ban nou ? »<sup>40</sup> Yo  
tout te rele ankò, yo t'ap di :  
« Non pa li menm, men  
Barabas. » Men Barabas te  
yon gran brigana.

## 19 Yéhoshoua kouwone ak epin

Pilat pran Yéhoshoua e  
li chatye l' ak yon fwèt.<sup>2</sup>  
Sòlda yo te trese yon  
kouwòn epin ke yo te poze

## Yohanjan (Jan)

sou tèt li epi yo mete sou li yon rad wouj violèt violèt ;  
<sup>3</sup> epi yo di l' : « Wa Jwif yo, nou salye ou ! » Epi yo te bay li kou ak baton yo. <sup>4</sup> Lè sa a Pilat sòti deyò ankò, e li di yo : « Men, m' mennen l' deyò ban nou, pou nou ka konnen mwen pa jwenn okenn krim nan li. » <sup>5</sup> Yéhoshoua sòti, li te pote kouwòn epin nan ak rad wouj violèt la. E li di yo : « Men nonm lan ! » <sup>6</sup> Men lè chèf prêt yo ak ofisyè yo wè l', yo te rele, yo t'ap di : « Krisifye l', krisifye l' ! » Pilat di yo : « Pran l' nou mem, epi krisifye l', paske m' pa jwenn krim nan li. » <sup>7</sup> Jwif yo reponn li : « Nou gen yon lwa, dapre lwa nou an, li dwe mouri paske li fè

tèt li pase pou Pitit Bondye » <sup>8</sup> Lè Pilat tande pawòl sa a, li te vin de pli zan pli pè. <sup>9</sup> Epi li te antre nan palè a, li di Yéhoshoua : « Ki kote ou sòti ? » Men, Yéhoshoua pa te bay li repons. <sup>10</sup> Epi Pilat di l' : Èske se avè m' ou pa pale ? Ou pa konnen m' gen otorite pou krisifye ou, epi m' gen otorite pou m' lage ou ? » <sup>11</sup> Yéhoshoua reponn : « Ou pap gen okenn otorite sou mwen, si se pa t' anwo sa te ba ou. Se poutèt sa, moun ki livre m' nan men ou, li gen yon pli gwo peche. » <sup>12</sup> Depi momen sa a, Pilat t'ap chache lage l'. Men, Jwif yo t'ap rele, yo t'ap di : « Si ou lage l', ou pa zanmi Seza. Paske

## Yohanàn (Jan)

nèn pòt moun ki fè tèt li wa, opoze ak Seza. »<sup>13</sup> Lè Pilat tande pawòl sa yo, li mennen Yéhoshoua deyò e li te chita nan tribinal la, nan kote yo rele « Pave a », nan lang ebre « Gabbatha ». <sup>14</sup> Se te preparasyon Pak la, se te anviwon sisyèm lè a. E li di Jwif yo : « Men Wa nou an ! »<sup>15</sup> Men, yo t'ap rele : « Wete l', wete l' ! krisifye l' ! Pilat di yo : « Èske m'ap krisifye wa nou an ? » Chèf pret yo reponn : « Nou pa gen lòt wa pase Seza. »

### Yéhoshoua krisifye

<sup>16</sup> Lè sa a, li livre l' ba yo pou yo krisifye l'. Yo te pran Yéhoshoua, yo mennen l'.<sup>17</sup> Yéhoshoua

t'ap pote kwa l', li te rive kote yo rele Zo Tèt la, ke yo di an ebre Gòlgota,<sup>18</sup> kote yo te krisifye l', epi de lòt avèk li, yon chak kote, epi Yéhoshoua nan mitan.<sup>19</sup> Pilat te fè yon enskripsiyon ke li te mete sou kwa a. E li te ekri : « YÉHOSHOUA, NAZAREYEN AN, WA JWIF YO. »<sup>20</sup> Anpil Jwif te li enskripsiyon sa a, paske kote Yéhoshoua te krisifye a te toupre lavil la. E li te ekri an ebre, an grèk epi an laten.<sup>21</sup> Se poutèt sa chèf prêt Jwif yo di Pilat : « Pa ekri : Wa Jwif yo, men li di : Mwen se wa Jwif yo. »<sup>22</sup> Pilat reponn li : « Sa m' ekri a, mwen ekri l' ! »<sup>23</sup> Sòlda yo, apre yo fin krisisfyé Yéhoshoua, yo

## Yohanan (Jan)

pran rad li yo e yo te fè kat moso ak yo, yon moso pou chak sòlda, epi chemiz la. Chemiz la te san kouti, ak yon sèl twal depi anwo jouk anba.<sup>24</sup> Lè sa a yo t'ap di ant yo : « Ann pa chire l', men an nou tire osò pou kimoun l'ap ye. » Konsa pou Ekriti a akonpli : « Yo te pataje rad mwen yo epi yo tire osò rad mwen yo. » Men sa sòlda yo te fè vrèman vre.<sup>25</sup> Bò kwa Yéhoshoua a te gen manman l', sè manman l', Myriam, madann Kleopas la, ak Myriam, moun Magdala.<sup>26</sup> Lè Yéhoshoua te wè manman l' epi toupre l', disip li te renmen an, li di manman l' : « Fanm, men pitit ou. »<sup>27</sup> Epi li di

disip la : « Men manman ou. » Epi depi momen sa a, disip sa a pran l' lakay li.<sup>28</sup> Apre sa a, Yéhoshoua, te konnen ke tout bagay te déjà akonpli, li di, pou Ekriti a akonpli : « Mwen swaf. »<sup>29</sup> Te gen la yon vaz plen ak vinèg. E yo te ranpli ak vinèg yon eponj epi, yo te mete sou yon branch izòp, yo te prezante l' devan bouch li.<sup>30</sup> Lè Yéhoshoua te fin pran vinèg la, li di : « Tout bagay akonpli. » Lè li bese tèt li, li rann lespri.

## **FIN LALWA MOZAYIK LA OSWA PREMYE ALYANS LAN**

<sup>31</sup> Pou kò a pa te rete sou kwa a pandan saba a, paske se te preparasyon an - paske

## Yohanàn (Jan)

saba sa a te yon gran jou - Jwif yo te mande Pilat pou l' te fè brize janm yo epi pou l' te fè wete yo.<sup>32</sup> Sòlda yo te vini e yo kraze janm premye a, epi menm jan an pou lòt la ki te krisisfyé avè l'.<sup>33</sup> Lè yo te apwoche sou Yéhoshoua, e lè yo wè li te déjà mouri, yo pa t' kraze janm li yo.<sup>34</sup> Men, yon nan sòlda yo te pèse bò kote l' avèk yon lans, lamenn dlo ak san sòti.<sup>35</sup> Epi moun ki te wè l' la te rann temwayaj, e temwayaj li a veritab. E li menm, li konnen li di vre, pou nou ka kwè.<sup>36</sup> Paske bagay sa yo te rive pou Ekriti a akonpli : « Okenn nan zo li yo pap brize. »<sup>37</sup> Epi ankò yon lòt Ekriti ki

di : « Y'ap wè moun yo te pèse a. »

## **Yossef (Jozèf) moun Arimate mande kò Yéhoshoua**

<sup>38</sup> Apre bagay sa, Yossef (Jozèf), moun Arimate, ki te disip Yéhoshoua, men an sekrè paske li te gen krent Jwif yo, li te mande Pilat pèmisyon pou li te wete kò Yéhoshoua. Epi Pilat te pèmèt li. Konsa li te vini, li pran kò Yéhoshoua.<sup>39</sup> Men Nikodèm, ki anvan te ale pendan lannwit jwenn Yéhoshoua, te vini tou, li te pote yon melanj lami ak lalwa environ 100 liv.<sup>40</sup> E yo te pran kò Yéhoshoua e yo te vlope l' ak twal an len, ak lwil santi bon, jan

## Yohanàn (Jan)

Jwif yo gen koutim antere.  
<sup>41</sup> Te gen yon jaden kote l' te krisifye a, epi nan jaden an yon tonm nèf kote pesonn pa t' ko mete ladan l'.  
<sup>42</sup> Se te la yo te mete Yéhoshoua, akòz preparasyon Jwif yo, paske tonm lan te pwoche.

## 20 Disip yo ale nan tonm lan

Men, yon saba, Myriam, moun Magdala vini nan tonm lan maten bonè, pandan li te toujou fè nwa, e li te wè wòch la te wete nan tonm lan.  
<sup>2</sup> Li te kouri vinn jwenn Shim'ôn (Simon) Pyè ansanm ak lòt disip ke Yéhoshoua te renmen an, e li di yo : « Yo wete Senyè a nan tonm lan,

e nou pa konnen kote yo mete l'. »  
<sup>3</sup> Lè sa a, Pyè sòti ak lòt disip la, yo ale nan tonm lan.  
<sup>4</sup> Yo t'ap kouri tout de ansanm. Men lòt disip la t'ap kouri pi vit pase Pyè e li te rive an premye nan tonm lan.  
<sup>5</sup> Lè li te bese, li wè ti twal an len yo te poze la, men li pa t' antre.  
<sup>6</sup> Lè sa a tout Shim'ôn (Simon) Pyè vini rive, li t'ap swiv li. Li te antre nan tonm lan, epi li te wè twal an len yo poze la,  
<sup>7</sup> ak moso twal ki te mete sou tèt li e ki pa te poze ak ti twal an len yo, men ki te vlope apa nan yon kote.  
<sup>8</sup> Lè sa a, lòt disip la ki te rive an premye nan tonm lan, te rantre tou, li te wè e li kwè.  
<sup>9</sup> Paske yo pa t' ko

## Yohanàn (Jan)

konprann ke, dapre Ekriti a, li te dwe resiste nan mitan mò yo.<sup>10</sup> E disip yo te retounen lakay yo.

### **Yéhoshoua parèt devan Myriam moun Magdala epi disip yo**

<sup>11</sup> Men, Myriam te kanpe toupre tonm lan deyò, li t'ap kriye. E kòm li t'ap kriye, li te bese nan tonm lan,<sup>12</sup> e li te wè de zanj abiye tout an blan, chita nan plas kote kò Yéhoshoua te kouche a, yon nan tèt la, lòt la nan pye yo.

<sup>13</sup> Epi yo di l' : « Fanm, poukisa w'ap kriye ? » Li di yo : « Paske yo wete Senyè mwen an, e mwen pa konnen kote yo mete l'. »<sup>14</sup> Lè l' t'ap di sa, li te vire, e

li te wè Yéhoshoua kanpe, men li pa t' konnen ke se te Yéhoshoua.<sup>15</sup> Yéhoshoua te di l' : « Fanm, poukisa w'ap kriye ? Ki moun w'ap chache ? » Li menm li te panse se te jadinye a, li di l' : « Senyè, si se ou ki pran l', di m' ki kote ou mete l', epi m'ap pran l'. »<sup>16</sup> Yéhoshoua te di l' : « Myriam ! » E li menm, li te tounen e li di : « Rabouni ! » Sa vle di, Doktè m'.<sup>17</sup> Yéhoshoua te di l' : « Pa manyen m', paske m' pokò moute ale jwenn Papa m'. Men, ale jwenn frè m' yo epi di yo m'ap monte kote Papa m' e Papa nou, kote Bondye m' e Bondye nou. »<sup>18</sup> Myriam moun Magdala te ale

## Yohanjan (Jan)

anonse disip yo ke yo te wè Senyè a, e ke li te di l' bagay sa yo.<sup>19</sup> Konsa aswè jou sa a, ki te yon saba, pòt yo kote disip yo te rasanble, akòz krent yo te genyen pou Jwif yo, te fèmen. Yéhoshoua, te vini e li te kanpe nan mitan e li di yo : « Lapè avek nou ! »<sup>20</sup> Lè l' fin di yo sa, li te montre yo men l' ak bò kòt li. Lè sa a, disip yo te nan lajwa lè yo te wè Senyè a.<sup>21</sup> Lè sa a Yéhoshoua te di yo ankò : « Lapè pou nou ! Kòm Papa a te voye m', mwen menm tou m' voye nou. »<sup>22</sup> Apre pawòl sa yo, li te soufle sou yo, li di yo : « Resewva Sentespri a ! »<sup>23</sup> Moun n'ap remèt peche yo, l'ap remèt bay yo. Epi

moun yo pou ki n'ap kenbe yo, y'ap kenbe yo. »<sup>24</sup> Men, Toma, yo te rele Didymos, yon nan douz yo, pa t' avèk yo lè Yéhoshoua te vini an.<sup>25</sup> Lè sa a lòt disip yo te di l' : « Nou te wè Senyè a. » Men, li di yo : « Si m' pa wè mak klou yo nan men l' yo, epi si m' pa mete dwèt mwen nan mak klou yo, epi si m' pa mete men m' nan bò kòt li, mwen pap kwè. »<sup>26</sup> Epi uit jou apre, disip yo te ankò andedan epi Toma ak yo. Yéhoshoua vini, pòt yo te fèmen, li te kanpe nan mitan li di : « Lapè pou nou ! »<sup>27</sup> Epi li di Toma : « Mete dwèt ou isit la epi gade men m'. Lonje men ou tou epi mete l' nan bò kòt

## Yohanan (Jan)

mwen. Epi pa enkredil, men kwayan ! »<sup>28</sup> Epi Toma reponn li di : « Senyè m' epi Bondye m' ! »<sup>29</sup> Yéhoshoua di l' : « Paske ou wè m', Toma, ou kwè. Benediksyon pou moun yo ki pa wè e ki kwè. »<sup>30</sup> Vrèman vre, Yéhoshoua te fè ankò nan prezans disip li yo anpil lòt siy, ki pa ekri nan liv sa a.<sup>31</sup> Men bagay sa yo ekri, pou nou ka kwè ke Yéhoshoua se Mashiah a, Pitit Bondye a, lè nou kwè n'ap gen lavi nan Non l'.

### 21 Yéhoshoua parèt devan disip li yo

Apre sa, Yéhoshoua te manifeste l' ankò devan disip li yo, bò lanmè

Tiberyad la. Li te manifeste l' nan fason sa a.<sup>2</sup> Shim'ôn (Simon) Pyè, Toma, yo rele Didymos (Didim), Netanél (Natanayèl), moun Kana nan Galile, pitit Zabdi (Zebede), epi de lòt disip li yo ki te ansanm.<sup>3</sup> Shim'ôn (Simon) Pyè di yo : « Mwen pral lapèch. » Yo di l' : « Nou pral avèk ou tou. » Yo te pati e yo monte lamenm nan yon bato, men yo pa te pran anyen nwit sa a.<sup>4</sup> Lè maten rive, Yéhoshoua te kanpe la sou rivaj la, men disip yo pa t' konnen se te Yéhoshoua.<sup>5</sup> Yéhoshoua di yo : « Timoun, èske nou pa gen pwason bouyi oubyen griye ? » Yo reponn li : « Non. »<sup>6</sup> Epi li di yo : « Lage filè a

## Yohanàn (Jan)

sou bò dwat bato a, epi n'ap jwenn. » Yo te lage l' e yo pa t' kapab retire l' akòz gran kantite pwason yo.<sup>7</sup> Se pousa disip ke Yéhoshoua te renmen an di Pyè konsa : « Se Senyè a ! » Epi lè Shim'ôn (Simon) Pyè te tandem se te Senyè a, li te mete chemiz li a sou li, paske li te toutouni, epi li lage kò l' nan lanmè a.<sup>8</sup> Epi lòt disip yo te vini avèk ti bato a, paske yo pa t' lwen tè a, men sèlman anviwon desan koude, yo t'ap trennen filè pwason an.<sup>9</sup> Lè yo te desann atè, yo te wè yon pil chabon limen ak pwason poze sou li epi pen.<sup>10</sup> Yéhoshoua di yo : « Pote pwason yo nou fèk sot pran yo »<sup>11</sup> Shim'ôn (Simon)

Pyè monte e li rale filè a atè, plen ak 153 gran pwason, malgre te gen tousa, filè a pa t' chire.<sup>12</sup> Yéhoshoua di yo : « Vini dejene. » Men okenn nan disip li yo pa t' oze mande l' : « Ki moun ou ye ? » Yo te konnen se te Senyè a.<sup>13</sup> Yéhoshoua te vini e li pran pen an e li ba yo l' ak pwason an.<sup>14</sup> Se te déjà twazyèm fwa ke Yéhoshoua resiste nan lanmò, te manifeste l'devan disip li yo.<sup>15</sup> Apre yo fin dejene, Yéhoshoua di Shim'ôn (Simon) Pyè : « Shim'ôn (Simon), pitit Yonah (Jonas), èske ou renmen m' plis pase moun sa yo ? » Li reponn li : « Wi, Senyè, ou konnen m' renmen ou. » Li

## Yohanàn (Jan)

di l' : « Pran swen agno m' yo. »<sup>16</sup> Li di l' ankò : « Shim'ôn (Simon), pítit Yonah (Jonas), èske ou renmen m' ? » Li reponn li : « Wi, Senyè, ou konnen m' renmen ou. » Li di l' : « Pran swen brebi m' yo. »<sup>17</sup> Li di l' pou yon twazyèm fwa : « Shim'ôn (Simon), pítit Yonah (Jonas), èske ou renmen m' ? » Pye te atriste paske l' te di pou yon twazyèm fwa : « Èske ou renmen m' ? » Li reponn li : Senyè, ou konn tout bagay, ou konnen mwen renmen ou. » Yéhoshoua di l' : « Pran swen brebi m' yo. »

### Mèt la revele Pyè lanmò l' : konklyzon

<sup>18</sup> Amen, amen m'ap di ou,

lè ou te pi jenn, ou te konn mare ren ou ou menm e ou te konn ale kote ou vle, men lè w'ap vye, w'ap lonje men ou epi se yon lòt k'ap mare ren ou epi k'ap mennen ou kote ou pap vle. »<sup>19</sup> Li te di sa pou fè konnen avèk ki lanmò Pyè tapral glorifye Bondye. Apre li fin pale konsa, li di : « Swiv mwen ! »<sup>20</sup> Men lè Pyè vire, li wè disip ke Yéhoshoua te renmen an t'ap swiv yo, sa ki pendan soupe a, te panche sou pwatrin li e ki te di : « Senyè, kilès moun k'ap trayi ou ? »<sup>21</sup> Le li wè l', Pye di Yéhoshoua : « E li menm Senyè ? »<sup>22</sup> Yéhoshoua di l' : « Si m' vle li rete jouk lè m' vini, sa

## Yohanàn (Jan)

sa gade ou ? Ou menm,  
swiv mwen ! »<sup>23</sup> Pawòl sa a  
te gaye nan mitan frè yo ke  
disip sa a pa t'ap mouri.  
Men, Yéhoshoua pa t' di l'  
ke li pa t'ap mouri, men :  
« Si m' vle li rete jouk lè m'  
vini, sa sa gade ou ? »<sup>24</sup> Se  
disip sa a ki rann temwayaj  
sou bagay sa yo e ki ekri  
yo. E nou konnen temwayaj  
li a merite fwa.<sup>25</sup> Gen ankò  
anpil lòt bagay ke  
Yéhoshoua te fè. Si nou te  
ekri yo youn pa youn, m' pa  
panse ke lemonn ta ka  
kenbe liv yo ke nou ta ekri.  
Amen !